Jav. hs. K.B.G. 1020

Babad Kentaram

Uit Jav. Hss Bat. Gen. v. K. en W. nr. 118

K.B.G
1020

CARD 10

alb.id : 2557960
item.id : 21205/4236

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jav.

Bat.Geu

1

Kas

Toe

Par

ten

Jav.Hss.
Bat.Gen.van K.en W.
118.

Poenika
serat Babad Mentaram.

Kaserat dening tijang ing doesoen Sroewong,
kagoenganipoen
Toean J.Knebel, Adspirant Controleur ing
Karanganjar.

Panoeroenipoen wonten ing doesoen Sroewong
tenggal ping 4 Augustus 1874.-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1.
want
gal
poen
2.
wis,
loer
keke
3.
dadi
rit
waru
bahi
4.
warn
lan
ja s
5.
samy
dips
keng
6.
Soed
ri,
ngad
7.
soem
gani
poeh
8.
pan
nang

1. S I N O M.

1. Sinoerat ing dina Soma, Kaliwon noedjoe marengi, ing wantji petjat rakitan, Sawal poenika kang sasi, limalas tanggal nèki, anenggih ing tahoen Wawoe, sangkalanja ingétang, poenika sangkala Djawi, djanma mati kinoendjara ing pratala.

2. Kotjap poerwaning tjarita, doek kangdjeng Soeltan Mentawis, apan arsa ambedaha, dateng Madoera nagari, mila dipoen loeroegi, Madoera tan arsa noengkoel, poenggawa kang dinoeta, kekalih tetindihnèki, ingkang nama dipati Soedjanapoera.

3. Kalawan sang adipatya, nenggih Bragola ing Pati, kang dadi tjoetjoeking lampah, woes boedal saking negari, pradjoerit tanpa wilis, andendeng lir pèndan mendoeng, boesana warnawarna, ing marga datan kawarni, tjinarita woes samya noempak bahita.

4. Ing Madoera sampoen ngoengak, prapta pinggiring kekisik, warnanen nagri Madoera, woes remboeg pitoeng negari, Sampang lan Aribanggi, Soemenep Paléga waoe, Mekasan Pekatjangan, sedaja sampoen miarsi, jèn wong agoeng Mentaram kang lagya prapta.

5. Pan sampoen pepek sedaja, ing Madoera dènja baris, apan samya pagoeneman, pangéran Madoera angling, sagoeng kang pra dipati, dipoen sami sabijantoe, aprang lan wong Mantaram, nora kena ginegampil, jèn rijonna dadi toewas ing ngajoeda.

6. Ija gegaman Mentaram, wartané ingkang nindihi, dipati Soedjanapoera, dadi tetoenggoeling djoerit, pradangkara mendiri, Soedjanapoera ategoeh, taté amangoen joeda, gagah prajitna ngadjoerit, kawarnaha wong Mentaram sampoen prapta.

7. Gègèr ingkang kateradjang, woes prapta pinggir pasisir, soemrak samya bebarisan, boepatiné boedal sami, pra samya andjaga ni, wong Mentaram inggahipoen, sampoen ajoen-ajoenan, atjampoeh bedil binedil, raméning prang soeraké ambal-ambalan.

8. Wong Mentaram karépotan, gènira tjampoeh ing djoerit, pan akatah ingkang pedjah, ingkang moendoer nandang kanin, nanging meksa angoengkin, para pradjoerit Mentaroem, miwah

wadya Santenan, pan sampoen kasapoet wengi, sampoen moendoer wong Madoera pirembagan.

9. Adipati ing Madoera, Soemenep ing Ngaribanggi, ing Balé-ga Pekatjangan, pra samya goenem ing wengi, pangéran Balégа ngling, kados poendi karsanipoen, sedaja pra dipatya, djoerité wadya Mentawis, sampoen tita tan poeroen minggah daratan.

10. Oepami rembag poenika, lamoen minggah wong Mentawis, jèn woes minggah ing daratan, woes sedeng ingantep djoerit, jèn tan minggaha jekti, pesti leboer déning banjoe, poenika babarpisan, k kang nora mangsah malih,wong Mantaram mesti le-boer déning toja.

11. Sagoeng dipati woes rembag,noelya ingoendangan sami, sakatahé pra prawira, kinèn dedepa karijin,jèn moenggah wong Mentawis, sekatané batoeripoen,toemplek marang daratan,anoeli amoeken wani,pesti leboer wong Mantaram ting koerambang.

12. Jata waoe kawoewoesa,kang anèng tengah djaladri, dipati Soedjanapoera, miwah kang para dipati, toewin kang para mantri, pra samya goeneman remboeg, ki dipati angoetjap, hènta kantja kadospoendi, sakétjané inggih ing lampah poenika.

13. Aprakawis ing ngajoeda, kabèh soen atoeri mikir, lahta kadipoendi samya, tan ana wekasan djoerit, pradjoerit akèh mati, tan ana wekasanipoen, wingi anggèr Santenan, wadyané ka-tah kang mati, jèn namoengna mekaten mangsa rampoenga.

14. Miwah pangéran Soemedang, lah kadipoendi ing pikir, adipati ing Bragola, andika kakang roemijin, ing karsa dika jek-ti, kawoela darmi djoemoeroeng, déné para dipatya, sedaja sami nglampahi,langkoeng-langkoeng kakang rèhing djengandika.

15. Dipati Soedjanapoera, widjiling sabda amanis, jèn saking pikir kawoela, prajogi ing béndjing ngéndjing, sedaja pra dipa-ti, sami angantep prang poepoeh, sampoen mindoni karja, sedaja samya ngastoeti, tan kawarna ing daloe woewoesen éndjang.

16. Sagoeng wadya ing Mentaram, pan sampoen atata baris, gegaman awarna-warna, jèn dinoeloe angadjrihi, lir ombaking djaladri, pradjoerit kapang atepoeng, sedaja pra prawira, pan

sampoen

sampoen angati-ati, kawoewoesa ingkang wonten djroning kita.

17. Sang adipati Madoera, oetoesan mariksa aglis, kang doeta kagyat toemingal, jèn wong Mentaram woes prapti, sagoeng para dipati, sampoen tata barisipoen, miwah para poenggawa, gegaman sampoen andadi, toenggoeling prang angedangkrang pinajoengan.

18. Kang doeta atoer oeninga, marang waoe ki dipati, lamoen gegaman Mantaram, pan sampoen tata abaris, kagyat sang adipati, langkoeng mérang ing tyasipoen, dènira kadinginan, Mentaram woes patjak baris, sigra oendang mring wadya kinèn tengara.

19. Wong Madoera kagègèran, kadinginan papan nèki, wong ing Sampang apoejengan, kadya gaban dèn interi, tan njana kang pradjoerit, Mentaram woes minggah daloe, gagap goegoep tandangnja, pati-pati dèn tjandaki, wong Mentaram soeraké ambal-ambalan.

20. Wong Madoera sampoen medal, tatané pating belasik, agoegoep mengsah woes prapta, wong Mentaram ambedili, wong Sampang akèh keni, ing mimis katan kang lampoes, dènja woes kaprantènan, singa mara-mara mati, wong Madoera kang joeda lir binajangan.

21. Sagoeng kang para dipatya, Madoera arsa ngawaki, angres ningali kang wadya, arsa ngantep ing ngadjoerit, woes remboeg poenang pikir, sedaja pan sedya ngamoek, adipati Mekasan, remboeg ngantep ing ngadjoerit, samya nedya leboera anèng djron kita.

22. Woes remboeg sang Aribaja, Balégа Mekasan sami, ing Soemenep Pekatjangan, dipati Sampang noeroeti, rembagnja sampoen dadi, tanapi wong Madoera woes, soeraknja asahoeran, kadya karengèng wijati, andaledeg baroeng syaraning gamelan.

23. Kalataka asahoeran,marijem lir gelap moeni, goemroedoeg ingkang soenapan, sendawa kalawan mimis, wong Sampang akèh mati, wong Mentaram akèh lampoes, wong Sampang ting soelajah, ing Mekasan akèh mati,samya ngoengkih wong Sampang lan wong Mekasan.

24. Woes roesak pradjoeritira, boepati samya ngawaki, wong Mentaram bareng mara, nadahi wong Sampang sami, sagoeng wadya pasisir, Bragola tetindihipoen, sareng mangsah ing joeda, wong Madoera katah mati, meksa ngamoek tan sedya moendoer ing ngaprang.

2. DOERMA.

1. Wong Madoera pradjoerité kèh naradjang, aran poen Djagapati, polané lir matjan, sasoeta koerang mangan, wong Mentaram anadahi, pan sampoen pedjah, ana pradjoerit malih.

2. Djajèngrana waoe sampoen aneradjang, kalih poen Djajèngpati, lan Djajapawaka, papat Soerámibawa, tanapi poen Soerèngpati, lan Djajabrata, myang Rangga Soerapati.

3. Mahoedara lan ki demang Latah-latah, karoné soera sekti, lawan Danoekakan, lan demang Bergadjagan, sedaja pan soera sekti, ngabèhi Rengga, lan ki demang Pringori.

4. Miwah Rangga Danoemaja Peterongan, lan demang Gobanggandi, lan rangga Mantarang, miwah demang Pragota, sedaja lir matjan ngelih, apan mabyoengan, ingebyoek tan goemingsir.

5. Wong Madoera pradjoeritnja sami pedjah, pradjoerit samya ngisis, pan sampoen loemadjar, samya areboet gantjang, sedaja pan sampoen gendring, lan ing Balégа, pradjoerit soera sekti.

6. Wong Mentaram adjoené anglir denawa, memongsa oelih daging, miwah wong Santenan, lir bantèng nandang brana, kang katjandak akèn mati, mawoer sasaran, tebih sinipat bedil.

7. Pan kasapoet ing daloe moendoer kang joeda, amesanggrahan sami, sagoeng pra dipatya, dipati Djanapoera, ladjeng kasoekan ing wengi, samya bedjan, soeka-soeka nglangkoengi.

8. Djeng pangéran Soemedang lan ing Prijangan, daloe boedjana sami, anèng pasanggrahan, koempoel sarowangira, waoe adipati Pati, sawadyanira, langkoeng sajahirèki.

9. Adipati Santenan étja anèndra, jata ingkang winarni, ing Sampang Balégа, Soemenep Pamekasan, Pekatjangan Soerabanggi arerembagan, arsa ngamoek ing wengi.

i sanya ngawaki, wong
sami, sagoeng wadya
ngsah ing joeda, wong
ya moendoer ing nga-

jang, aran poen
rang mangan, wong Men-
adjoerit malih.
g, kalih poen Djajèng-
tanapi poen Soerèng-
ati.
h, karoné soera sekti,
sedaja pan soera sek-
i.
lan demang Gobanggan-
agota, sedaja lir ma-
an goemingsir.
djan, pradjoerit samya
bet gantjang, sedaja
djoerit soera sekti.
a, memongsa oelih
nandang brana, kang
n sinipat bedil.
ng joeda, amesanggra-
napoera, ladjeng ka-
eka nglangkoengi.
rijangan, daloe boe-
sarowangira, waoe
nirèki.
a ingkang winarni,
ekatjangan Soerabanggi

10. Adipati Pamekasan asroe ngoetjap, adja gawa wong tjilik, pada saseliran, pra mantri kang prawira, sok kenaha salah sidji, wong ing Mentaram, kang dadi sénapati.

11. Pondokipoen dipati Soedjanapoera, pajo djinoedjoeg wengi, sigra noelya mangkat, Mekasan lan Balégа, Soemenep lan Aribanggi, pan sampoen prapta, pondoké wong Mentawis.

12. Gya loemebet ing pondoké Djanapoera, sedaja ngamoek wani, gègèr wong Mentaram, dipati Djanapoera, maksih abedajan sami, kang ngamoek prapta, koemrojok anoembaki.

13. Adipati Pamekasan aneradjang, mring Soedjanapoerèki, sigra tinalempak, dipati Djanapoera, tinangkis anganggo keris, meksa deradag, goeloe iringé keni.

14. Pan abintoel Soedjanapoera aniba, anoelya dèn kakahi, mring sang adipatya, Pamekasan poenika, anoelya sinoedoek keni, djadjanja bentjah, koewat dènja ngakahi,

15. Gya loemadjar ki dipati Pamekasan, sarwi angamben kanin, angamoek woes boebar, dipati Pamekasan, pedjah nèng madyaning margi, Soedjanapoera, pedjah nèng pondoknèki.

16. Wong Mentaram miwah pra sentananira, tan wonten mirsa warti, myang Mantjanegara, pasisir parajangan, moeng kagyat miarsa tangis, oemyang woerahan, syaranja ting djalerit.

17. Pondokané Soedjanapoera goemerah, jata wong agoeng Pati, pra samya sijaga, miwah Mantjanegara, adipati ing Pasisir, nembang tengara, goemrah syaraning djanmi.

18. Woes misoewoer dipati Soedjanapoera, kamoek sampoen ngemasi, dipati Santenan, kalangkoeng ngoengoenira, wadya Mentaram awingwrin, tatoenggoeling prang, kamoek sampoen ngemasi.

19. Pra sentana prapta sedaja atandang, mring Soedjanapoera glis, dipati Santenan, adipati Soemedjang, dadya pirembagan sami, kang pra sentana, lan sagoeng pra dipati.

20. Sapedjahé dipati Soedjanapoera, kekes wadya Mentawis, dadya rembagira, sentana pra dipatya, sira adipati Pati, ingkang kinarja, oejoen-oejoening djoerit.

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

21. Woes misoewoer sang adipati Bragola, minongka sénapati, ing sapedjahira, dipati Djanapoera, samana wadya Mentawis, samya rerangkah, tan ana metoe djoerit.

22. Waoe kangdjeng pangéran Silarong noelya, kondoer dateng Mentawis, ngatoeri woeninga, marang raka djeng soeltan, pangéran Silorong aglis, noempak bahita, datan kawarnèng margi.

23. Rina wengi lampahé prapta Mentaram, ladjeng malebèng poeri, kang raka pemijat, raji Silorong prapta, ingawé goepoeh ngabekti, lah ariningwang, apa wartaning djoerit.

24. Atoer sembah poekoeloen ngatoerken tiwas, abdidalem Mentawis, kawon ing ngajoeda, wadya Mantjanagara, poen kakang sang adipati, Soedjanapoera, tinoekoep kala wengi.

25. Sapedjahé poen kakang Soedjanapoera, wingwrin tijang Mentawis, tan wonten medal prang, Madoera lan Mentaram, legeg sang nata Mentawis, ngoengoen mijarsa, wekasan ngandikaris.

26. Hèh Silorong kaja ngapa karepira, ing mengko ngong wetawis, jèn mangkana oega, apa kinèn moendoera, pangran Silorong toemjaris, anoewoen doeka, wonten boedi ing wingking.

27. Jèn soewawi ing karsa padoeka nata, poen kaki Djoeroe Kiting, toewan lampahena, dateng nagri Madoera, kagyat tyasira nerpati, pa meksih gesang, si kaki Djoeroe Kiting.

28. Jèn mangkana kaki Djoeroe timbalana, kinèn mangkata aglis, marang nagri Sampang, pangéran Adipatya, anoelya anoewoen midjil, medal sing poera, kebat dènja loemaris.

29. Tan antara dipati Silorong prapta, Pagambiran woes prapti, kelawan kang éjang, semana djeng pangéran, Silorong sigra ngoedjoengi, noelya sinapa, mring éjang Djoeroe Kiting.

30. Sapa iki noelya kang wajah toer sembah, wajah dika pribadi, Silorong kawoela, kagyat waoe pangéran, kadingarèn sira prapti, baja na karja, kaoetoes mring sang adji.

31. Pan kawoela kaoetoes wajah andika, kangdjeng soeltan Mantawis, éjang tinimbalan, dateng wajah sampéjan, joedané kawon Mentawis, lawan Madoera, poen Djanapoera mati.

32. Pan padoeka éjang kinèn toemindaka, ngedjoemi wong Mentawis, ki Djoeroe lon modjar, woes lali ingsoen aprang, lan loemakoe tan koewawi, matoer kang wajah, koela kang nandoe kaki.

33. Sigra mangkat ki djoeroe lawan kang wajah, anitih tandoe aglis, tan kawarna marga, woes panggih lan kang wajah, kangdjeng soeltan ngandikaris, éjang dèn inggal, djateng Madoera nagri.

34. Wajah dika Silorong dika bektaha, jaji dandana aglis, noeli amangkata, lan éjangira énggal, lawan kaki Djoeroe Kiting, sira karjaha, dadya djimating djoerit.

35. Sampoen nembah lèngsèr saking ngarsa nata, lan kaki Djoeroe Kiting, tan kawarnèng marga, woes prapta ing Madoera, warnanen wadya Mentawis, sarawoehira, pangéran lan Djoeroe Kiting.

36. Samya énggar manané para dipatya, sadaja angoedjoengi, miwah pra santana, adipati Santenan, angrahoep pada kekalih, jata ngandika, pangéran Djoeroe Kiting.

37. Sapatiné dipati Soedjanapoera, sénapatining baris, matoer pra boepatya, inggih wajah andika, ki adipati ing Pati, ingkang minangka, gagenti sénapati.

38. Kyahi Djoeroe gya ngliwet nèng kendilira, sawoesnja mateng noeli, sigra kinepelan, ki Djoeroe angandika, hèh djebèng mirsaha iki, pan sira doema, sagoeng kang pra dipati.

39. Sampoen dinoem saroepané pra dipatya, jata wadya Mentawis, kang pedjah ing ngrana, pan sampoen ginentènan, marang ing anakirèki, kang tanpa soeta, kaponakanirèki.

40. Kang sawenèh sadoeloeré kang goemantya, naksanak misannèki, kang ginentèkena, tan soeta tanpa kadang, patinggi désa kang dadi, sampoen warata, papoelih kang ngemasi.

41. Kyahi Djoeroe oetoesan kinèn ngliweta, ing kakendilé malih, pan woes mateng ika, dinoem mring wadya bala, saroepané kang pradjoerit, sampoen warata, noelya ambendé aglis,

42. Pan goemerah sawadya bala Mentaram, sijaga magoet djoerit, sagoeng pra dipatya, miwah para sentana, woes remboeg ngawaki djoerit, wadya Mentaram, kotboeta tandangnèki.

43. Kawarnaha dipati limang nagara, sijaga ing ngadjoerit,

dipati Madoera, Sampang lawan Balégа, Soemenep lan Aribanggi, ing Pekatjangan, sareng medal ing djoerit.

44. Woes atjampoen samya bedil binedilan, kotboeta wong Mentawis, sareng aneradjang, wong Pati wong Mentaram, wadya Madoera ningali, giris sedaja, tan wonten darbé galih.

45. Dadya boebar gegaman limang negara, loemajoe reboet dingin, wong Pati Mentaram, lir boeta amemangsa, kang katjandak akèh mati, gempang soeh sirna, dipati Sampang ngisis.

46. Woes arembag lan wadya arsa noengkoela, ngatoerken pati oerip, mring soeltan Mentaram, pan sampoen karja soerat, kang doeta sigra loemaris, mring sang dipatya, Soemedang lan ing Pati.

47. Sampoen katoer soeratnja marang pangéran, Soemedang lan ing Pati, temboengé kang soerat, kawoela tadah doeka, inggih marang sang dipati, toer pedjah gesang, marang goesti Mentawis.

48. Langkoeng soeka tyasnja pangéran Soemedang, toewin dipati Pati, sampoen ingaweran, waoeta koeta Sampang, kalamoen sang adipati, woes atoer soerat, panoengkoelnja pan manis.

3.DANDANGGOELA.

1. Jata waoe wadya ing Mentawis, pan angloeroeg dateng ing Balégа, sampoen andjarah koetané, dipatiné kapikoet, déning sira dipati Pati, dipati Ngaribaja, ngoengsi marang goenoeng, kadatoné pan djinaran, ing dalemé wongé pada dèn bojongi, toemenggoeng ing Balégа.

2. Waoe koeta ing Madoera enting, binojongan sarta donjanira, Pekatjangan gempoer kabèh, jata waoe Mentaroem, pan angloeroeg sagoenging baris, ing Soemenep woes prapta, djinarahan sampoen, binojongan djroning poera, ing Mekasan sedaja sampoen baresih, binojong djinarahan.

3. Nagri nenem sedaja baresih, binojongan lawan djinarahan, leboer saradja kajané, moeng nagri Sampang woetoeh, dènja sampoen teloek roemijin,dènja toer pedjah gesang, jata wong Mentároem

emenep lan Aribanggi,
t.
ilan, kotboeta wong
ong Mentaram, wadya
darbé galih.
ra, loemajoe reboet
emangsa, kang katjandak
npang ngisis.
gkoela, ngatoerken
sampoen karja soerat,
patya, Soemedang lan

angéran, Soemedang
ela tadah doeka, ing-
g, marang goesti Men-

Soemedang, toewin
eta Sampang, kalamoen
oelnja pan manis.

angloeroeg dateng ing
é kapikoet, déning
gsi marang goenoeng,
ada dèn bojongi, toe-

ojongan sarta donjani-
Mentaroem, pan angloe-
prapta, djinarahan
ekasan sedaja sampoen

ngan lawan djinarahan,
g woetoeh, dènja sam-
sang, jata wong Men-

taroem, samya andoem ing bojongan, tan winarna pan arsa moendoer toemoeli, wong agoeng ing Mentaram.

4. Adipati ing Sampang woes tjawis, pan binekta sowan ing Mentaram, bekta sèwoe praijoerité, noelya boedalan sampoen, saking Sampang wadya Mentawis, goemoeroeh ing moehara, adandan perahoe, sawoesnja samya alajar, tan adangoe sampoen prapta ing Garesik, adangoe entasira.

5. Adipati Soemedang lan Pati, para wadya pasisir sadaja, parajangan Mentaramé, ing mantja negarèkoe, milanipoen sedaja mampir, sarta wadya ing Sampang, ngalèntjèri ikoe, pan negari Soerabaja, tjinarita pitoeng dina nèng Garesik, semana sampoen boedal.

6. Sekatahé boepati pasisir, samya ladjeng dateng ing Mentaram, miwah mantja negarané, wadya Mentaram ngajoen,wingkingira Mantjanegari, noelya pangran Soemedang, sapanekaripoen, noelya dipati Santenan, amberanang pirang pandeleng ngebeki, wingking dipati Sampang.

7. Anèng tengan kang bojongan sami, myang dipati Balégа poenika, sinakitan ing lampahé, jata waoe ki Djoeroe, ing Soemedang lawan ing Pati, rembag atoer oeninga, marang ing Mentaroem, atoer oeninga mring soeltan, panoengkoelé adipati Sampang nenggih, lawan bandan Balégа.

8. Pan aneroes lampahé doeta tri, sampoen prapta negari Mentaram, ladjeng toemamèng poerané, woes katoer mring sang praboe, naranata andoeta mantri, Mertaloeloet gya mesat, lampahnja kapetoek, andjoedjoeg ing pamondokan, woes kapanggih lawan dipati ing Pati, noedjoe samya paséban.

9. Adipati Santenan pan aglis, kadjawoehan timbalan narèndra, poen dipati Balégané, kinèn njoedoeki sampoen, adipati Balégа mati, djisimnja woes pinetak, ing djoerang djro ikoe, makamé dadi keramat, adipati ing Sampang dipoen timbali, ladjoewa mring Mentaram.

10. Obahing dina tinata djalmi, doek bedjané nagri ing Madoera, sarta Balégа patiné, anoelya boedal sampoen, pan soemahab

CARD 10

lampahing baris, lawan dipati Sampang, samana woes rawoeh, djroné ing kita Mentaram, srinarèndra pan lagya mios tinangkil, kang saking ngloeroeg prapta.

11. Kyahi Djoeroe Kiting woes kapanggih, lan kang wajah soeltan ing Ngalaga, adipati Bragolané, pangran Soemedang waoe, apan sareng dènja wotsari, ngatoeraken bojongan, katoer ing sang praboe, troesta ing wardajanira, kangdjeng soeltan Ngalaga resep ningali, marang dipati Sampang.

12. Lon ngandika djeng srinarapati, hènta sira dipati ing Sampang, soen akoe anak jektiné, dipati Sampang noewoen, mangrepa soedjoed ing siti, ladjeng soeltan gegandjar, marang wadya agoeng, boepati para sentana, woes ginandjar sedaja sampoen weradin, miwah dipati Sampang.

13. Saboesananja pan adi linoewih, kasinoman lawan para poetra, pinarnah padalemané, pinoetra-poetra danoe, doek semana dipoen paringi, kang negari tetiga, Ngaribaja ikoe, Balégа lawan Madoera, sinoeng aran Tjakraningrat adipati, langkoeng sihira nata.

14. Sang dipati soedjoed kondjem siti, apan dangoe sang nata sinéba, goemer andoem gandjarané, semana sang apraboe, darbé abdi nenggih ing ngoeni, kang saking Kadjeragan, semana winoewoes, awasta poen Genaraga, kersanira waoeta srinarapati, pan kinarja wedana.

15. Apan sampoen djinoendjoeng lelinggih, pan kinarja pepatih djro ika, Endranata djedjoeloeké, soeltan djengkar ngedatoen tan winarna laminirèki, antara pitoeng tjandra djeng soeltan Mentaroem, sinéba para dipatya, pepek andèr satrija para pradjoerit, djedjel nèng penangkilan.

16. Prijantaka moenggèng ngarsa tebih, sarageni bandjeng woerinira, bandéra ngapit margané, nirbaja sisihipoen, pan asikep kerbin pan asri, sinoman sikepira, oemyang glatik moengoep, sanggragnjana mangoedara, pepek andèr sedaja samya anangkil, astrananggа woes séba.

mana woes rawoeh,
lagya mios tinangkil,

n, lan kang wajan
angran Soemedang waoe,
jongan, katoer ing
gdjeng soeltan Ngalaga

ènta sira dipati ing
ampang noewoen, mangre-
egandjar, marang wadya
jar sedaja sampoen we-

sinoman lawan para
tra danoe, doek semana
baja ikoe, Balega lawan
ti, langkoeng sihira

, apan dangoe sang nata
sang apraboe, darbé
eragan, semana winoe-
eta srinarapati, pan

gih, pan kinarja pepa-
ltan djengkar ngedatoen
andra djeng soeltan
ér satrija para pradjoe

, saragèni bandjeng
a sisihipoen, pan asi-
nyang glatik moengoep,
aja samya anangkil,

17. Namèngjoeda kanoman anangkil, kertajasa mandoeng sisihira, patrajoeda mijang gandèk, djemparing sikep toeloep, pan asisih singanegari, noetra lan tanoesetra, lan wong martaloeloet, samarta wisapratjanda, wong pinilih adjadjar kalawan midji, asikep waos soelam.

18. Djagasoera lawan djodipati, sampoen séba miwah wong Djakarta, patranala nirbitané, bradjanala soemamboeng, wirabradja ingkang nisihi, tjarikan soerenata, soerabaja ngajoen, galang golong moenggèng woentat, wong panekar sedaja samya anangkil, andèr ana ing ngarsa.

19. Pan adjadjar lan dipati Pati, atanapi pangéran Soemedang, pangran Tjarebon djadjaré, Mertalaja soemamboeng, Bahoreksa djadjarnja linggih, pangéran Lanang séba, Kerawang poenikoe, pangéran ing Derpajoeda, atanapi dipati Prijangan nangkil, toewin pasisir séba.

20. Pra sentana pinisepoeh nangkil, djeng pangéran Mangkoeboemi séba, djadjar lan Singasariné, pangéran Poerbajèkoe, Pringgalaja djadjarirèki, lan pangéran Djoeminah, Miramanggalèkoe, pangéran Poeger nèng ngarsa, myang Silorong dipati Pamenang nangkil, lan pangéran Madoera.

21. Lawan pangéran Tepasanèki, djadjarira lawan Tepasanta, Koesoemajoeda djadjaré, Tepèngsara poenikoe, adipati Balitar nangkil, myang Prawirataroena, Polangdjiwanipoen, Wiragari woes asséba, miwah wong kademangan Melaja nangkil, toewin para dipatya.

22. Ki Toemenggoeng Sindoepaja nangkil, adipati Kartadjiwa djadjar, toemenggoeng Katawengané, arja Panoelar ngajoen, kandoeroewan Wedi anangkil, toemenggoeng Alap-alap, myang rangga Pitoeroeh, ngabèhi Kertimenggala, Djawikrama lawan Soemitra nèng ngarsi, ngabèhi Prajadangsa.

23. Astrawedana sampoen anangkil, soemawana kang para leloerah, wong sèwoe noembak anjaré, wong Boemidja soemamboeng,

ARD 10

pan adjadjar lan Wiraboemi, boepati Parak séba, Prangwedanèkoe, sisih Dadaptoelis ika, Endranata Wiragoena anèng woeri, sedaja samya séba.

24. Radjaniti Radjamanggalèki, miwah dipati Sampang aséba, sagoeng mantja negarané, djeng pangéran Madioen, Ranamenggala djadjarnèki, lawan arja Prawira, Ranajoeda ngajoen, Ranapraja woes aséba, tan katjatoer para mantri agoeng alit, saking goengé kang séba.

25. Angandika djeng soeltan Mentawis, hèh toemenggoeng Mangoenoneng sira, lawan si Oedapranané, si Katawengan ikoe, pada sira dandana aglis, gitiken Soerabaja, katiga wotsantoen, kabèh wong Mantjanegara, nindihana anakingsoen ki dipati, Sampang sira oeroena.

26. Barisira ing Teroesan bèndjing, adja joeda jèn ora dèn larag, bebeken boeroenen bané, rampoeng weling sang praboe, moelya djengkar malebèng poeri, kotjapa penangkilan, sareng boebaripoen, kang tinoedoeh ing ngajoeda, ki toemenggoeng Mangoenoneng mepek baris, lawan ki Alap-alap.

27. Sampoen pepek kang Mantjanegari, djeng pangéran Madioen sijaga, myang arja Wiramantriné, pangéran Rangga ngajoen, lawan sira ki Wiraboemi, Wiroeng Wirakoesoema, Djipang ki Metahoen, sedaja ing Pasoeroean, wadya Sampang gegamané langkoeng asri, bandéra warna-warna.

28. Waos binang boeng ampèl lan djinggring, toemper ingas kang landéjan pontang, goemerah koeda limané, toembak poetih nèng poengkoer, sedajanja woes samya rakit, tetindihing ngajoeda, nenggih kang djedjoeloek, radèn Giri ingkang nama, gegoenoengan déning poenggawa kang ngiring, sedaja pra prawira.

29. Radèn demang Prawira djeladri, kalih rahadèn Mahésasoera, lan radèn Sindoepatiné, lan Pandji Matjanwoeloeng, lawan Dipaoengkara malih, Setrawidjaja rangga, radèn Tjoebring ikoe, Singadikrama adjadjar, lawan radèn Soeparta sisih ngembani, kabèh samya sentana.

séba, Prangwedanèkoe,
a anèng woeri, sedaja

dipati Sampang aséba,
adioen, Ranamenggala
a ngajoen, Ranapraja
eng alit, saking

hèh toemenggoeng Ma-
Katawengan ikoe, paja
tiga wotsantoen, ka-
oen ki dipati, Sampang

dja joeda jèn ora dèn
eling sang praboe,
enangkilan, sareng boe-
toemenggoeng Mangoen-

djeng pangéran Madioen
Rangga ngajoen, lawan
Djipang ki Metahoen,
mané langkoeng asri,

gring, toemper ingas
ané, toembak poetih
t, tetindihing ngajoe-
ingkang nama, gegoe-
daja pra prawira.
lih rahadèn Mahésa-
Matjanwoeloeng, la-
ga, radèn Tjoebring
Soeparta sisih ngemba-

30. Sagoeng boedal sagoenging kang baris, pan goemoeroeh syarané kang wadya, djaban Tadji prapta agé, tan kawarna ing ngenoe, nagri Djapan samana prapti, baris anèng Teroesan, bengawan binendoeng, rinadjegan binandangan, ing bebetang atanapi kolang-kaling, bebatang toempa-toempa.

31. Nora nana toja kang binoekti, ingkang ngombé jekti dadi lara, watoek lan lara wetengé, ana mantri anoengkoel, kang satengah angadjak djoerit, remboegé wong Soerabaja, dadya waoe katoer, mring pangéran Soerabaja, noelya siniwaka sagoeng para mantri, rangga ngabèhi demang.

32. Para mantri sedaja anangkil, para pandji lan para sentana, sedaja sareng atoeré, kang sapalih poenikoe, abdidalem angladjoer djoerit, sapalih ngadjak séba, kèmengan tyasipoen, djeng pangéran Soerabaja, Tambakbaja Koemitir bèr kadoek wani, loemakoe ingabena.

33. Wong ing Soerabaja samya angling, Tambakbaja apeksa loemantjang, koedoe ngadjak aprang bané, pan adjoewèh karoewoen, pesti madjoe prangé dingini, doek anèng nagri Padjang, basa oega ikoe, wong mati angadjak-adjak, Tambakbaja boeboehané wong Mentawis, ikoe ngadjak kalawan.

34. Tambakbaja tan darbé doedoegi, koedoe wani moengsoeh wong Mentaram, ing Djawa kakeloen kabèh, sapa ingadoe poepoen, para nata ing tanah Djawi, kang digdaja prakosa, kadjodi anoengkoel, sentana sekti sedaja, tjatjakané sang pangéran Djoeroe Kiting, bisa bedah Madoera.

35. Myarsa èmeng pra sentana nenggih, sampoen krasa bener wadyanira, sedaja tjinatoer kabèh, betjik pada anoengkoel, pan rinasa-rasa ing galih, langkoeng panas ing drija, agoeng doekanipoen, wong Soerabaja akatan, pan wadyané tan arsa ingadjak djoerit, nedya noengkoel sedaja.

36. Marang kangdjeng Soeltan ing Mantawis, dadya pangéran ing Soerabaja, kagègèran ing manahé, anoengkoel karsanipoen, anoeroeti kang para mantri, lah sira poetraningwang, sébaha karoewoen, ingsoen pan nora toemindak, anakingsoen ki Pekik

soen karja wakil, kèringa mantriningwang.

37. Para mantri Soerabaja angling, samya matoer marang goestinira, pangraos kawoela mangké, nak anggèr lampahipoen, kados boten mekasi kardi, jèn soewawi ing karsa, ngoer toewan poekoeloen, loemampah ingkang prajoga, kepanggija lan poetra toewan Mentawis, soepaja katrimaha.

38. Adipati Soerabaja angling, ingsoen weroeh kabèh karsanira, nanging ingsoen doeroeng sahé, katemoe anak praboe, nanging poetraningsoen poeniki, ki Pekik loemakoewa, dadi wakilingsoen, soen srahaken mring Hyang Soeksma, lara pati ingsoen pasrah mring Hyang Widi, mangsa bodowa sira.

39. Mangsa bodowa anak sang pekik, ngaterena marang ing Mantaram, ija dadya saranané, gawaha wadya sèwoe, sekatahé kang para mantri, lan gawa radja brana, iki lajangingsoen, tibakena ing ngoetoesan, kang abaris anèng djedjabaning kori, Mangoenoneng kang nama.

40. Sigra boedal waoe ki mas Pekik, woes ingiring marang wadyanira, sampoen moenggèng ing wingkingé, radja brana pinikoel, apan katah babektanèki, kinarja pratandanja, jèn temen angengkoel, sapraptanira ing djaba, dèn sasijoe marang wadya ing Mantawis, wong Soerabaja ébat.

41. Kyahi demang Ngoerawan kurijin, bekta soerat apan sampoen prapta, pasamoean baris gedé, sang Mangoenoneng metoe, ki Ngoerawan dipoen panggihi, woes sinoengken kang soerat, sinoekma ing kalboe, oeniné noewala patra, arsa noengkoel radja Soerabaja nangkil, poetranipoen kéwala.

42. Mangoenoneng soeka dènja angling, iki bener karepé dipatya, wong angéman negarané, nanging koetjiwanipoen, déné poetra kinarja wakil, mangsoeli pangandika, kaprijé kang remboeg, para mantri atoerira, Mangoenoneng pangandikanira aris, gegaman boebarena.

43. Kyahi demang Ngoerawan woes pamit, sigra matoer marang radèn poetra, sampoen katrima lampahé, noelya oetoesan sampoen, ija marang nagri Mentawis, angatoeri woeninga, Soerabaja noeng-

koel

nya matoer marang
anggèr lampahipoen,
karsa, ngoer toewan
panggija lan poetra

n weroeh kabèh karsa-
noe snak praboe, na-
emakoewa, dadi wakil-
n, lara pati ingsoen
ra.
aterena marang ing
sèwoe, sekatahé
ki lajangingsoen, ti-
djedjabaning kori,

oes ingiring marang
e, radja brana pini-
tandanja, jèn temen
asijoe marang wadya

ekta soerat apan sam-
ngoenoneng metoe,
gken kang soerat, si-
arsa noengkoel radja

iki bener karepé
oetjiwanipoen, déné
n, kaprijé kang rem-
pangandikanira aris,

sigra matoer marang
elya oetoesan sampoen,
inga, Soerabaja noeng-

koel

koel, kawarnaha kang loemampah, sigra toebar sagoengé bala Mentawis, miwah wong Soerabaja.

44. Tan winarna lampahirèng margi, apan sampoen prapta Panaraga, woes arereb sabalané, kawarnaha ing ngenoe, Mangoenoneng lawan ngabèhi, Katawengan samana, Joedaprana remboeg, katawengan sigra modjar, kados poendi pangéran Soerabajèki, teka toten loemampah.

45. Dèrèng étja raosé kang galih, bok menawa tyasé tan salomba, kinarja boedjoek poetrané, ki Mangoenoneng moewoes, jèn mekaten remboeg poeniki, soewawi ingoetoesan, prajoga linoeroeg, marang nagri Soerabaja, Mangoenoneng anoelya oetoesan mantri, kalih mring Soerabaja.

46. Pangran Pekik anggawani mantri, ki Ngoerawan kinèn oemantoeka, jèn sanget matoer ngramané, kang doeta mesat sampoen, anèng marga datan winarni, woes prapta Soerabaja, ki Ngoerawan matoer, sampéjan goesti ngatoeran, dateng poetra padoeka dateng Mnatawis, panggija lawan soeltan.

47. Noelya goepoeh waoe sang dipati, pan kadoewoeng waoe lampahira, dadya noetoeh sarirané, angrasa lamoen loepoet, jèn dahara atoering mantri, mangsata mangkénéja, karsané anglaloe, tinimbalan mring Mantaram, doewé wakil palamarta marang mami, tjoepet baliloeningwang.

48. Sigra mangkat radja Soerawèsti, kakebatan miwah Tambakbaja, semana tinekta agé, Djagaraga tan kantoen, lan dipati ing Padjang sami, pangéran Soerabaja lampahé sineroe, datan kawarna ing marga, sampoen prapta djeng pangéran Soerèngwèsti, ing nagri Panaraga.

49. Noedjoe sami pasèban dipati, Mangoenoneng lawan Katawengan, Joedaprana sakantjané, lawan Ranajoedèkoe, samya nganti karsa nerpati, tan antara gya prapta, oetoesan sang praboe, amoendi kang pangandika, woes kapanggih lawan Mangoenoneng nenggih, pangéran ingatoeran.

50

50. Adipati Soerapringga prapti, noelya ganiėk Mentaram anoelya, iawoenaken timbalané, pangéran kinèn wangsoel, toewin poetra sagarwa sami, dateng ing Soerabaja, karsané sang praboe, moeng poen arja Tambakbaja, kang pinoendoet binektaha mring Mentawis, lawan dipati Padjang.

51. Lan sapoetra garwa adja kari, lawan para dipati sedaja, kinèn bekta sarajaté, jata waoe winoewoes, doetanira srinarapakinèn bekta sarajaté, jata waoe winoewoes, doetanira srinarapati, nama Singanegara, toewin Martaloeloet, Mangoenoneng tampi soerat, woes binoeka sinoeksmèng galihirèki, toewin ki Alapalap.

52. Radèn arja sang prawira mantri, sinoeng wikan iawoené sang nata, toewin pangran Madijoené, Mangoenoneng sroe moewoes, hèh dipati Padjang sirèki, lan arja Tambakbaja, myang Djagaragèkoe, karsané srinaranata, pekenira nèng Padjang sakit poenapi, wani moengsoen djeng soeltan.

53. Anèng Soerabaja ngoengsi oerip, djeng pangéran lami tan kapanggya, dené sira pangakoené, katiga pan toemoengkoel, kadjineman toemandang aglis, toewin Singanegara, myang wong Martaloeloet, pangran Padjang Tambakbaja, Djagaraga sampoen sami dèn soedoeki, wangké binoewang sigra.

54. Anèng bengawan ing Panaragi, rajatira binekta sedaja, winor ing bojongan akèn, kang wanoedya poenikoe, para mantri ing Soerawèsti, samya dadi bebandan, sentana toemenggoeng, èstriné dadi bojongan, woes tinata dipati pinatah kari, boedal sing Panaraga.

55. Kantoen pangéran sing Soerawèsti, lan kang pra dipati Panaraga, prawira mantri wadyané, pangéran Rangga kantoen, lan dipati ki Wiraboemi, lawan Kertawedana, samantriné agoeng, Mangoenoneng pan sijaga, ngiringaken bojongan kang para mantri, binektèng mring Mentaram.

56. Lan sakèhé ingkang para mantri, Soerabaja pinoendoet sadaja, kinèn ladjenga samangké, poetra dika sang praboe, apan arsa mangké oedani, mring mantri Soerabaja, dipati tan éwoeh, tan koewasa lenggansha, para mantri toemenggoeng lan

pra-

va ganièk Mentaram
inèn wangsoel, toewin
, karsané sang praboe,
et binektaha mring

an para dipati sedaja,
, doetanira srinarapa-
, Mangoenonong tampi
ri, toewin ki Alap-

inoeng wikan jawoehé
penoneng sroe moewoes,
kbaja, myang Djagara-
Padjang sakit poenapi,

jeng pangéran lami tan
an toemoengkoel, ka-
gara, myang wong Marta-
araga sampoen sami

tira binekta sedaja,
enikoe, para mantri
ana toemenggoeng,
pinatah kari, boedal

lan kang pra dipati
n Rangga kantoen, lan
amantriné agoeng,
ngan kang para mantri,

oerabaja pinoendoet
ika sang praboe,
rabaja, dipati tan
i toemenggoeng lan

pra

pra dipati, rangga tanapi demang.

57. Tan kawarna lampahirèng margi, sampoen prapta negara Mentaram, woes katoer marang sang raijèng, sagoeng bojongan katoer, langkoeng toesta srinarapati, kotjapa lama-lama, waoe sang apraboe, kangdjeng soeltan ing Mantaram, apan arsa sang nata mios tinangkil, pepek wadya srinata.

4. SINOM.

1. Kotjapa ing dina Soma, sang nata mios tinangkil, kang wonten ing ngarsa nata, wong nirbaja sikep kerbin, oedaraga asisih, wong mijangga djadjaripoen, mandoeng myang kartijasa, wisapratjanda anangkil, kasinoman namèngjoeda sampoen séba.

2. Bradjanala sisinira, lawan wong wirabradjèki, atanapi wong kanoman, sisih ranapraja nangkil, miwah wong Djodipati, Djagasoera marta loeloet, miwah singanegara, wong nirbita sampoen nangkil, wong anggandèk lawan mantri moeda djadjar.

3. Tjarik lawan soeranata, demang Kertimenggalèki, sedaja samya aséba, gamel penandon serati, lawan nijaga sami, kabajan woes moenggèng ngajoen, sedaja samya séba, djeng pangéran Mangkoeboemi, djadjarira lan pangéran Singasekar.

4. Lan pangéran Tepasana, katiga kaprenah kaki, kelawan Soeltan Mentaram, pangéran Soerabajèki, semana woes anangkil, pangran Wiramenggalèkoe, kekalih pernah oewa, kaprenah paman sang adji, Pringgalaja lawan pangéran Djoeminah.

5. Myang pangeran Poeger ika, lan pangran Tepasanèki, poenika kaprenah paman, sadaja sampoen anangkil, pangéran Adipati, Silorong woes moenggèng ngajoen, miwah para sentana, djedjel nèng ngarsa nerpati, toewan goeroe galang golong sampoen séba.

6. Djadjar lan pangran Madoera, pangran Ranamenggalèki, lawan pangéran Balitar, miwah sira radèn Tjoebring, pra nijaka nèng ngarsi, dipati Mertalajèkoe, toemenggoeng Djagabaja, Alapalap sampoen nangkil, wong panekar wong sèwoe lan noembak anjar.

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7. Adipati ing Pamenang, lawan arja Dadaptoelis, ki toemenggoeng Katawengan, semana sampoen anangkil, Singadikrama nenggih, Ranajoeda djadjaripoen, lawan Koesoemajoeda, lan demang Mentalajèki, arja Pamot kelawan arja Panoelar.

8. Atanapi Poelangdjiwa, Radjamenggala anangkil, djadjar lan Mertadiwangsa, ki toemenggoeng Radjaniti, Prangwedana anangkil, Pasisingan ki toemenggoeng, toemenggoeng Sindoebaja, lawan pandji Wiraboemi, Oedaprana toemenggoeng Semarang dana.

9. Radèn Prawirataroena, adjadjar dènira linggih, lawan arja Kandoeroean, lawan Astrawedaneki, Patrabangsa ngabèhi, Kerandegan djadjaripoen, Soetadipa woes séba, Kertamenggala ngabèhi, djadjarira lan radèn Malangsoemirang.

10. Rangga Pitoeroeh woes séba, Djawikrama kang wewangi, lawan arja Endranata, Najahita sampoen nangkil, ing Djenar angabèhi, Pandjeroma djadjaripoen, pandji Singawidjaja, pepek nèng ngarsa nerpati, pangran Sampang lawan dipati Soemedang.

11. Adjadjar anèng ngajoenan, sagoeng dipati pasisir, sira pangéran Kerawang, pangéran Tjarebon nangkil, ing Djakarta ki Toemenggoeng, lawan pangéran Sanjang, dipati ing Sélamanik, wong Panjoemas miwah wadya ing tengahan.

12. Ki toemenggoeng ing Tjiantjang, Wiraoetama wewangi, adjadjar dènira lenggah, lan Wiratanoe Tjiamis, Sokapoera dipati, Samadinaja djoedjoeloek, Bandoeng Parakan Moentjang, Tjiblagoeng Gloenggoeng anangkil, ing Tjiandjoer Ngoengkoer ing Galoeh woes séba.

13. Ing Bogor rahadèn Pondan, apanta sampoen anangkil, lan dipati Bahoereksa, Pekalongan kang negari, kang poetra soenan Adi, djadjar lawan ki toemenggoeng, Madoeretna ing Batang, kabèh boepati pasisir, sampoen pepek boepati mantja negara.

14. Kang séba nèng ngarsa nata, boekoeh kondjem ing pratiwi, sirep swaraning djalma, lawan syaraning toerangga, dedep tana koemlisik, amoeng kari manoek engkoek, ingkang moeni sahoeran, tanapi syaraning gending, lan kemasan poenika kang meksih moenja.

Dadjaptoelis, ki toemeng
., Singadikrama neng-
emadjoeda, lan demang
belar.
a anangkil, djadjar
iti, Prangwedana anang
oeng Sindoebaja, lawan
Semarang dana.
ira linggih, lawan ar-
abangsa ngabèhi, Ke-
a, Kertamenggala nga-
g.
krama kang wewangi,
ngkil, ing Djenar
Singawidjaja, pepek
n dipati Soemedang.
dipati pasisir, sira
kil, ing Djakarta ki
ati ing Sélamanik,

iraoetama wewangi,
iamis, Sokapoera di-
arakan Moentjang,
andjoer Ngoengkoer

sampoen anangkil, lan
, kang poetra soenan
retna ing Batang, ka-
i mantja negara.
eh kondjem ing prati-
ng toeranggi, diedep
k, ingkang moeni sa-
san poenika kang mek-

15. Kangdjeng soeltan ing Mentaram, anoelya ngandika aris, apa moelané adimas, si adipati ing Pati, déné tan katon nangkil, iki pepek pra toemenggoeng, sagoeng mantja negara, miwah boepati pasisir, sigra matoer ki toemenggoeng awotsekar.

16. Kawoela miarsa warta, inggih raji toewan Pati, pan arsa mengsah padoeka, pasisir elèr poeniki, sedaja dèn isepi, Nglasem Djoewana dèn rajoet, miwan ing Garobogan, poenika kang sampoen keni, sapoenika raji toewan woes adandan.

17. Kang wadya sampoen sijaga,sakepraboning ngadjoerit, arsa waoe ambedaha, dateng negari Mentawis, raji toewan ing Pati, poenika ing sedyanipoen, arsa angajonnana, dateng padoeka nrepati, nedya genti waris negari Mentaram.

18. Ing Koedoes miwah Djepara, Kalinjamat sampoen keni, Pedjangkoengan lawan Rembang, wong tjilik dipoen badjagi, ing raji toewan Pati, sedaja samya anoengkoel, tingkah kawenang-wenang, inggih raji toewan Pati, doek miarsa kangdjeng soeltan ing Mentaram.

19. Sang nata kalangkoeng doeka, lahta ija adi betjik, ngajonni marang poen kakang, hèn oewa Poeroebajèki, dika pikir ing galih, sinten kang jogya poenikoe, tandinga kang prawira, lawan adi dipati, lahta oewa kadospoendi karsa dika.

20. Djeng pangéran Poeroebaja, oematoer dateng sang adji, doeh anggèr soemangga karsa, kang abdi darmi nglampahi, djeng soeltan ngandikaris, koela pribadi toemandoek, dateng nagri Santenan, déné adimas dipati, mapan arsa angajoni marang ingwang.

21. Hèh Singaranoe dèn inggal, oendangana wong Mentawis, ingsoen arsa angloeroega, marang negara ing Pati, sakèhé pra dipati, sandika ing ngatoeripoen,djengkar dènja sinéba, ngedaton srinarapati, ginarebeg déning sagoenging pawongan.

22. Kabèh boepati kang séba, sedaja loewaran sami, tanapi para poenggawa, miwah sentana boepati, samya sijagèng djoerit, oreg wadya ing Mentaroem, waoe srinaranata, angrasoek kaprabon djoerit, kang wasijat sedaja woes rinasoekan.

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

23. Miwan kang para sentana, boesanané langkoeng asri, sedaja sampoen atata, pasisir mantja negari, toewin wadya Mentawis, syaraning bala goemoeroeh,awor pangriking koeda, sagoeng wadya ing Mentawis, samya gerzoet tan arsa moendoer ing joeda.

5. DOERMA.

1. Doek samana wadya goeng woes tinengaran, obah wadya Mentawis, soemekta ngajoeda, sedaja sampoen prapta, ing ngaloen-aloen sbaris, aglar ing pasar, leloeroeng djedjel baris.

2. Tan kena ingambah leloeroeng wong liwat, gedèb déning kang baris, lan kang nitih koeda, pirang pandeleng sinang, lir samodra tanpa tepi, lamoen sinawang, kadya prawata geni.

3. Gegamané wong pasisir warna-warna, landéjan bolang koening, mamas kapoerantjang, ana kang pontang lima,boeng ngampèl lan lilit oewi,kang toemper ingas, wenèn bang lawan koenong,

4. Amberanang waos tjemeng lawan abang,ana landéjan poetih, sarwi winegigan,koembala lawan bajak,landéjan kang mawa toelis, wadya Pasoendan, genggeng kang toembak poetih.

5. Wong ing Sampang Belambangan samya tata, toembak soelam pan asri, gada myang nanggala, toeloep lembing asinang, pradjoerité betjik-betjik, babrengosira, pandjang samya pinoentir.

6. Poesanané wong Madoera ting galebyar, badjo sangkelat abrit, rinènda njatengah, kang tjemeng rènda petak, kang idjo rinènda koening, para sentana, daragem sondèrnèki.

7. Para poetra sondèrira pan rangrangan, toja mas kang kinardi, baloedroe rinènda, rasoekan kinotangan, sèwoe wadya sarageni, wong doelang mangap, kelawan doelangpati.

8. Kawarnaha pradjoerit dalem woes medal, sagoeng tengaran adji, kang wadya kaparak, bandéra goela klapa, pangiriding sarageni, wadya nirbaja, sedaja sikep karbin.

9. Glatik moengoep agemé wong kasinoman, gandjoer wong singa nagri, martaloeloet lawan, gragnjana mangoedara, lembing sikeping ngadjoerit, wonging djantaka, nirbinta sikep karbin.

10. Wisamarta kelawan wisapratanda, toeloep ageming djoe-

rit,

né langkoeng asri, seda-
toewin wadya Mentawis,
g koeda, sagoeng wadya
ndoer ing joeda.

ngaran, obah wadya
oen prapta, ing ngaloen-
g djedjel baris.
liwat, gedèb dening
pandeleng sinang, lir
ya prawata geni.
landéjan bolang koe-
ng lima, boeng ngampèl
bang lawan koenong,
g, ana landéjan poetih,
éjan kang mawa toelis,
etih.
tata, toembak soelam
mbing asinang, pra-
djeng samya pinoentir.
ar, badjo sangkelat
nda petak, kang idjo
ndèrnèki.
an, toja mas kang
tangan, sèwoe wadya
elangpati.
dal, sagoeng tengaran
lapa, pangiriding
bin.
an, gandjoer wong
a mangoedara, lembing
rbinta sikep karbin.
oeloep ageming djoe-
rit,

rit, darmahita patra, joeda lawan mijangga, glatik mòengoep sikepnèki, wong djaga'baja, sedaja sikep karbin.

11. Wong anoetra'kalawan wong tanoesetra, samya sikep djemparing, miwah wong kanoman, sikep tamèng myang kantar, midji samya sikep karbin, pinilin watang, soelap wermaning djoerit.

12. Wadya wirabradja bradjanala ika, tamèng myang towok kenti, mandoeng ngampil ika, waos danar djinagga, narataka djaga bedil, wong soeranata, ki Pitjak dèn djagani.

13. Srinarèndra njamping tambal soeka doeka, lantjingan bloedroe wilis, rinènda mas djingga, pantes rasoeksa tambal, apaningset tjindé wilis, rinèndamasdjingga gontyoknja emas, tinoeroeting kakitir.

14. Woes angagem koeloek rinangkepan dastar, bara tjaweni poetih, ontjé goemyar pélag, pinatik palisirnja, anjoeriga doewoeng katri, tjotjotènira, kyahi Sangkelat ngarsi.

15. Sigra mios oreg wadya ing Mantaram, gegaman dalem midjil, pijak kang séwaka, tambah wadya kaparak, pra sentana moenggèng ngarsi, sagoeng poenggawa, gegaman dèn tindihi.

16. Kangdjeng soeltan Ngalaga kinèn tengara, tata baris pangarsi, poenggawa Mentaram, moentab bala pangarsa, kadya ngobahna kang boemi, syaraning djalma, kang ngoewoeh anahoeri.

17. Asahoeran syaraning toerangga liman, lir ombaking djaladri, myang kritjiking watang, oemres lelajoe abra, baidéra awarni-warni, daloedagira, lir sloen ing djeladri.

18. Pra dipati pasisir kang moenggèng ngarsa, soemamboeng mantja nagri, jata woerinira, sagoeng wong noembak anjar, wong boemidja sikep karbin, samya atata, wong sèwoe moenggèng wingking.

19. Woerinira panoemping kéring myang kanan, tengaranira asri, miwah kang boesana, kadya prawata sekar, wadya kaparak nèng ngarsi, katah wadyanja, branang nèng ngarsa adji.

20. Woes anitih toerangga srinaranata, ginarebeg ing mantri, wadya bala Sampang, roemeksa moenggèng woentat, noenggil pra sentana sami, pangran Soemedang, Tjarebon anèng woeri.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

21. Wong Pasoendan kang mekasi moenggèng woentat, bodol sagoenging baris, oentabé awendran, kang nèng ngarsa woes tebah, anglaroeg lampahing baris, rawoen ing Padjang, djedjel sagoenging margi.

22. Tan winarna nenggih gantjanging tjarita, wong pasisir dinging, lan mantja negara, roesak ingkang kamergan, woes ngantjik djadjahan Pati, sagoeng padésan, binojong dèn djarahi.

23. Kangdjeng soeltan woes rereb nèng nagri Padjang, dedeg sagoenging baris, sagoeng ara-ara, kèbekan déning wadya, lor goenoeng myang kidoel ardi, tanan Santenan, gempoer dipoen bojongi.

24. Wong padésan katah samya ngoengsi kita, samya atoer oepeksi, marang loerahira, jata ingkang kawarna, kangdjeng soeltan ing Mentawis, anoelya boedal, nglamoek lampahing baris.

25. Sampoen rawoeh ing tepis wiring Santenan, kangdjeng soeltan Mentawis, noelya masanggrahan, kinoebeng ing barisan, sagoeng pradjoerit Mentawis, jata kotjapa, sira dipati Pati.

26. Adipati Bragola gya siniwaka, sagoeng para pradjoerit, samya moenggèng ngarsa, Tirtanata aséba, lawan arja Sawoenggaling, arja Sindoerija, Wirasraja anangkil.

27. Ki toemenggoeng Radjamenggala aséba, ki Binarong woes nangkil, arja Kendoeroean, toemenggoeng Koelon séba, lawan radyan Soerèngpati, ki Mangoendjaja, moenggèng ngarsa dipati.

28. Sira rangga Troenadiwangsa woes séba, lan demang wangsèngpati, pra samya aséba, lan ngabèni Tjadrana, Kramadipa sampoen nangkil, lan Najatantra, lan radèn Megatsari.

29. Pengalasan lawan demang Djagantaka, ngabèhi Wadoeadji, lawan Djajèngrana, djadjar rangga Pramèja, lan ngabèhi Wirasekti, andèr ngajoenan, para mantri ing Pati.

30. Soeranata lan demang Soerawilaja, ngabèhi Djajèngpati, rangga Martaita, lan Soerabramantya, lan ngabèhi Entrapati, Entrawidjaja, andel-andel ing Pati.

31. Pan sadaja lawan mantri kadjineman, Martajoeda Mongkarti, lan rangga Tjaroeban, lawan Poespatjoekilan, Kelap-

tatit moenggèng ngarsi, demang Ketawan, lan demang Ngorangaring.

32. Demang Lawa lawan demang Gelapnggampar, lan demang Hèndrageni, lan poen Tjakrajoeda, lan demang Langitbejah, Djoerang-Ngabrah sisih nèki, sampoen asèba, lawan Demang Moetjitjil,

33. Padjobarang lan demang Pangroendjang lawang, lan ngabèhi Koekoelik, toewin Bandarnelap, ngabèhi Roedjakbandjang, lan demang Sétanmabelis, poen Nerpalaja, miwan poen Tambangdjoelig.

34. Para loerah awasta poen Patrahita, sisih poen Gitahati, Tjaranggita moeka, Tjarangmoeka Boewana, poen demang Banjaksesimping, poen Daroedemang, pepek pradjoerit pati.

35. Angandika ki adipati Santenan, marang sagoenging mantri, kajapa kang warta, déné gègèr ing djaba, kadjineman matoer aris, inggih kawoela, goesti ngatoeri oening.

36. Pan dedamel Mentaram poenika prapta, tepis wiringing Pati, leboer kang wong désa, djinaran binadjagan, kang banggà dipoen patèni, alon ngandika, sira dipati Pati.

37. Sapa baja wong Mentaram kang toemindak, kang dadi sénapati, matoer kadjineman, inggig raka padoeka, poenika tindak pribadi, kerig sedaja, sentana ing Mentawis.

38. Pra dipati tan ana tininggal poera, toewin wadya pasisir pan kadya kerigan, sagoeng mantjanegara, rakanta soeltan Mentawis, sanget kang doeka, mila tindak pribadi.

39. Langkoeng soeka adipati ing Pragola, ngakak angentrog wentis, lega atiningwang, kakang praboe Mentaram, déné atindak pribadi, dasar soen sedya, ki loerah soen ajoeni.

40. Lan sakèné para sentana Santenan, pada soen adjak mati, soen teda soekanja, jèn ana kang lenggana, soemingkira moempoeng mangkin, karana ingwang, amoengsoeh doedoe tanding.

41. Déné moengsoen kakang praboe ing Mentaram, nanging ingsoen andemi, aprang lan Mentaram, nadyan tekèng pralaja, para sentana anangis, doen sang dipatya, dika moengkoera bèndjing.

6. PANGKOER.

1. Sira radèn Kandoeroean, adjoeh goesti sampoen sampéjan djoerit

djoerit, bèndjang jèn woes adjoer moemoer, baloengé Kendoeroean, langkoeng karsa padoeka marwasèng moengsoeh, jèn padoeka tekèng temah, kawoela woes awor siti.

2. Sawoenggaling atoer sembah, dioeh goestikoe jèn toewan arsa djoerit, kawoela ngamoek karoehoen, jèn koela sampoen pedjah, langkoeng-langkoeng padoeka medal ing poepoeh, paneda koela mring Soeksma, sampoen ngantos salin goesti.

3. Andjanmaha kaping sapta, adja lija goesti kang darbé dasih, Radèn Sindoerdja oematoer, goesti sang adipatya, poen Sindoerdja dadija pangamoen-amoen, leboera ngajahan toewan, adja kongsi salin goesti.

4. Radja Menggala toer sembah,adoen goesti koela sang adipati, sampoen padoeka prang poepoen, jèn koela taksih gesang, kasoekana goesti wonten djro kedatoen, bèndjang jèn abdiné pedjah, sakarsa toewan adjoerit.

5. Toemenggoeng Tohpati nembah, adoeh goesti abdiné poen Tohpati, matija ngrana poekoeloen, bèndjang bebaloeng amba, sawatena datang praboe ing Mentaroem, jèn ana wong wedi pedjah, doedoe toeroené wong Pati.

6. Toemenggoeng Binarong nembah, abdidalem poen Binarong toer pati, sampoen padoeka prang poepoeh, jèn poen Binarong gesang, kasoekana goesti lawan para aroem, kawoela kang mapag joeda, nadjahi moengsoeh Mentawis,

7. Troenadiwangsa toer semban, adoeh anggèr jèn prapta wong Mentawis, kang abdi ngamoek karoewoen, jèn pedjah koela bèndjang, lamoen tatoe ing gigir pakakna ngasoe, éman pinendem ing lemah, djedjemberi anèng boemi.

8. Demang kramadipa nembah, lamoen wonten goesti wong wedi mati, éman kabdèkna wong ikoe, manoengsa kang mangkana, pantes ikoe winadjangna asoe boentoeng, lamoen angadija-dija, marang goestiningsoen Pati.

9. Dipati Pati ngandika, soen tarima kabèh prasetya nèki, moega hyang kang maha loehoer, netepena ing sira, rineksaha dipati malih amoewoes, marang sagoenging parekan, amoendoet sang adipati.

10. Prapta aglar ing ngajoenan, dahar lawan sagoeng kang para mantri, sinareng tan wonten kantoen, pra selir moenggèng ngarsa, samya kinèn ngétjani pra mantrinipoen, pan sarja matah weraggang, toer samya anoenoempingi.

11. Seksana samya bedajan, sang dipati lan sagoeng para mantri, samya ginandjar sedaroem, boesana lan kentjana, samya najoeb keploké apan goemoeroeh, senggaknja sareng gamelan, soeka sagoeng para mantri.

12. Kang wadya mantri toer semban, abdi dalem goesti satoeroen béndjing, pepitoe adja lidjèkoe, angabièkna moeng toewan, pan ing donja toemeka ngakératipoen, lamoen ana moengsoen prapta, kang abdi anahoer kang sih.

13. Jèn bala Mentaram prapta, lamoen aprang adjana njipta oerip, wong Pati barenga gempoer, nèng ngarsa sang dipatya, ngandikalon sang dipati Bragolèkoe, lah ija ingsoen tarima, barenga mati lan mami.

14. Jèn bésoek tempoen ing joeda, wadyaningsoen mati oerip dja kari, ingsoen brèmbèté wong boeroeh, doedoe trah ing Santenan, wedi mati éman sinemban wadya goeng, kang para mantri karoena, doeh goesti sang adipati.

15. Sampoen toewan toemoet joeda, lamoen teksih abdi dalem ing Pati, ing mangké padoeka kantoen, asoeka sang dipatya, nora nijat pisan lawan wadyaningsoen, mati oerip abarenga, lan sakèhé wadya mami.

17. Apan ingsoen wis angrasa, moengsoeh aprang lawan kakang Mentawis, ija apa margapipoen, wong Pati jèn menanga, apan sasat k roeboewan goenoeng agoeng, iéné moengsoeh wong sadjagat, anginggta ingsoen andemi.

18. Apan woes karsaning Soeksma,lamoen ingsoen mati tengahing djoerit, moengsoeh lawan kakang praboe, pan ingsoen tan soeminggah, lara pati pan woes karsaning hyang agoeng, ija djenenging kawoela, tan kena nampik amilih.

19. Wonten mantri kang atoewa, Mangoendjaja matoer sarja anangis, adoeh anggèr goestiningsoen, bok sampoen memoengsoe-

nan

han, lawan raka andika soeltan Mentaroem, pan raka toewan djeng soeltan, poenapa awonné goesti.

20. Langkoeng asin raka toewan, ing rat Djawa boten wonten kekalih, minangka sosoran ngratoe, anggèr moeng djengandika, dipoen émoet sampoen dahar atoeripoen, poen Endranata poenika, Mentaram ratoening belis.

21. Tan penei jèn noeroetana, Endranata apan ratoening djahil, dipati ngandika asroe, lan ija ta menenga, apan ingsoen datan goemingsir saramboet, leboera dèn kadya kisma, sajekti ingsoen laboeni.

22. Para mantri samya ngoetjap, Mangoendjaja wong toewa djerih mati, adja milce aprang poepoeh, delika ing djro poera, Mangoendjaja ambekoeh dènja soemahoer, wong anom peksa koemetak, tan wroeh wekasaning kardi.

23. Sang dipati angandika, nèn wong Pati soen boedal béndjing éndjing, amapag prang kakang praboe, soen papag djaban koeta, dén soemekta gegamanira ing bésoek, kang para mantri sedaja, matoer sandika wotsari.

24. Sang dipati noelya djengkar, angedaton sira Bragola Pati, kang para garwa ametoek, moenggèng ing parégolan, samra nembah para garwa ngaras soekoe, sarwi noengkemi kang pada, jata waoe sang dipati.

25. Moenggèng ing dalem sakirna, apan ladjeng saré moenggèng ing katil, kang para garwa sedaroem, samya ngadjep nèng dagan, aningali mring kang raka langkoeng ngoengoen, déné owah ingkang tjahja, anglonging angga bahoening.

26. Dangoe kèndel tan ngandika, dadya para garwa matoer wotsari, doeh kakangmas goestiningsoen, mila datan ngandika, baja ana kang dadi daroenanipoen, baja doeka marang garwa, poenapa kang dados widjil.

7. MIDJIL.

1. Angandika risang adipati, marang para sinom, doeh poen kakang awarta nak anggèr, kakang praboe soeltan ing Mentawis, angloeroeg mariki, kerig ing Mentaroem.

2. Tjoetjoeking prang prapta tepis wiring, wong désa binojong, kakang praboe bésoek prapta kéné, karsa moenjoet pati oerip mami, manira ing bénidjing, mapag ing prang poepoen.

3. Apan ingsoen tempoeh ing ngadjoerit, apan temah lajoe, ingsoen pamit marang sira anggèr, dén abisa ing sapoengkoer mami, angawoela bénidjing, marang ing Mentaroem.

4. Para garwa sarèng dènja nangis, goemran para sinom, apan samya soemoengkem padané, angrarepa matoer ngasih-asih, doeh kangmas dipati, jèn kenija sampoen.

5. Jèn moengsoeha lan kakangmas adji, inggih boten awon, mring padoeka kalangkoeng asiné, pan kinarja wedana pasisir, bebaloeng rat Djawi, sosoraning ratoe.

6. Sampoen padoeka ngladosi djoerit, tjoendoeka kimawon, jata mèsem kang raka delingé, lara pati tan kena pinilih, woes titaning djangdji, pada roesakipoen.

7. Apan ingsoen miran amekasi, pandjenengan katong, pan ing Pati woes poepoet djenengé, selak ingsoen anglaboehi pati, roesaké ing Pati, pareng adjalingsoen.

8. Sangsaja sroe ingkang raji andjrit, angebroeki pangkon, sang dipati ngriharin garwané, apan pandjang tjinatoer ing kawi, sanghyang rawi moengging, oedajaning goenoeng.

9. Tan kawarna kang angimoer rabi, miwah para sinom, jata waoe kotjapa èndjingé, sang dipati djedjamas raresik, ageganda mingis, boerat marboek aroem.

10. Sigra ngrasoek boesana dipati, wasijat kaprabon, baberkatan sadaja inganggé, wadya bala goemoeroeh ing djawi, wadya para mantri, djedjel ngaloen-aloen.

11. Abra sinang boesananing mantri, lir prawata kobong, warna-warna waoe dedamelé, waos bénang biring lawan koening, kapoerantjang poetih, toeperingas gandjoer.

12. Padang tamèng awergoe pendjalin, samya binalongsong, ing mas djinggo moeroeb osdyalané, gebyaring kang sandjata lir tatit, lelajoe marnani, daloedag lir mendoeng.

13. Oemboel-oemboel kekanda kekitir, gegaman djro mios,

wong kapedak asri boesanané, pan goemergoet tandangé wong Pati, kang arsa nanoer sih, kaja géja tempoeh.

14. Nganti wijosé sang adipati, warnanen kedaton, para garwa sanget panggoebelé, nanging waoe ri sang adipati, tyasé datan gingsir, tan owah saramboet.

15. Kya dipati Bragola gya midjil, anetag kendang gong, bendé bèri goemoeroeh syarané, waoe sira dipati ing Pati, garwa kinèn bali, dinoekan mring kakoeng.

16. Samya tawan tangis para rabi, syarané goemoeroh, pinoepoes langkoeng prihatiné, kawarnaha waoe sang dipati, kinoebeng pradjoerit, samya gamboehipoen.

8. GAMBOEH.

1. Kapedak loeranipoen, demang Tjakragati pan pinoendjoel, demang Tjakrajoeda ing sisihirèki, lawan prajahita poendjoel, ngloerahi kang para katong.

2. Saragni tengenipoen, kiwa aran Prajanangga ikoe, kalih pisan samya pradjoerit sinekti, loerah kanoman ing poengkoer, Anggajoeda araning wong.

3. Lan poen Anggakartèkoe, Patrawisa pan leloeran noeloep, sisihipoen Wisamarta pan apekik, wong anoetra Anggadanoe, sisih poen Djajabraba wong.

4. Kalih pradjoerit poendjoel, wong ngarangin pan leloeranipoen, Djajèngsari sisihipoen Djajèngresmi, wong magersari angepoeng, ki Tjadrana pinisepoh.

5. Sang dipati sroe moewoes, mring toemenggoeng pajo boedal goepoeh, sigra naboen kang teteg sedaja moeni, boedal gegaman pengandjoer, boesananja asri tinon.

6. Ana koelambi bloedroe, pan rinèndja ing mas djinggs moeroeb, sorasari maliwis makoeta asri, krontjong miwah akekaloeng sangkelat rinénda abyor.

7. Tinoeroet prada moeroeb, ingkang baadjo binapang pan agoeng, dasaripoen sangkelat baloedroe wilis, ana kang sangkelat woengoe, koening ireng amantjorong.

oet tandangé wong Pati,

anen kedaton, para gar-
ang adipati, tyasé da-

neteg kendang gong,
dipati ing Pati, garwa

arané goemoeroh, pinoe-
sang dipati, kinoebeng

gati pan pinoendjoel,
prajahita poendjoel,

janangga ikoe, kalih
noman ing poengkoer,

pan leloeran noeloep,
etra Anggadanoe, sisin

garangin pan leloera-
ni, wong magersari

emenggoeng pajo boe-
ja moeni, boedal ge-

ing mas djinggo moe-
tjong miwah akekaloeng

adjo binapang pan
lis, ana kang sang-

8. Klédja myang gelar konoes, ingkang asikep gegaman agoeng tan winarna boesananing pra pradjoerit, sagoeng wadya anglir goenoeng, ki dipati sampoen bodol.

9. Anitih koeda sampoen, Lajarwarih nenggih wastanipoen, oelesipoen dawoek petak langkoeng asri, binoesanan ing mas moerpeb, jèn sinawang ting pantjorong.

10. Mantri papat tan toemoet, ing paprangan dipati woes ladjoe, pan ingiring déning bala pekik-pekik, sentana garebel poengkoer, jèn dinoeloe langkoeng kaot.

11. Lir Karna tanding poepoeh, sampoen prapta ing djawi kita woes, samya nata sagoengé pradjoeritnèki, woes karja tetaroeb agoeng, amerapit kang kekobong.

12. Dahar lan mantrinipoen, pra prawira ing Santenan agoeng sanggoepira sedaja tan ana gingsir, sigegen ingkang winoewoes, kawarnaha sang akatong.

13. Kangdjeng soeltan Mentaroem, lagya pinarak pakoewonipoen, noelya katoer jèn bala Pati metonni, djeng soeltan ngandika aroer, mring sagoeng kang para katong.

14. Sagoenging wong Mentaroem, Singaranoe dadya tindihipoen, wong anoembak anjar lan sèwoe nagari, boemidja saroepanipoen, kinarja tengran kaprabon.

15. Singaranoe kang magoet, pan kinarja ija wakilingsoen, déné ingsoen ana ing boeri pribadi, rada kaparèng ngarsèkoe, ija moeng kapedakingong.

16. Sakèh sentananingsoen, adja adoh ija lawan ingsoen, poma-poma dèn sami angati-ati, wong Pati prawirèng poepoeh, déné Endranata mengko.

17. Tindih Pasoendan ikoe, ing Pasisir Martalaja ikoe, lawan sira Wiragoena aninditi, déné mantja negarèkoe, panoempingé iriden mangko.

18. Anak Sampang sirèkoe, lan sakèné pra sentananingsoen, lan kapedak kang ngadep marang ing mami, rada lindoek pemahipoen, kalingan pager gegombol.

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

19. Tan mawi oemboel-oemboel, Singaranoe apan tata sampoen, tetengeran kang nindini pra praijoerit, kinarja wakil sang praboe, Singaranoe toenggoel kéwoh.

20. Nglela tengan gènipoen, dipati Pati kotjapa sampoen, pan atata barisé sang adipati, sentana para toemenggoeng, tanapi praijoerit anom.

21. Pinarak taroeb agoeng, toer kinoebeng kang para toemenggoeng, sang dipati Pati angandika aris, marang Kandjoeroean sampoen, awasena dèn waspahos.

22. Sapa tetindihipoen, panedaningsoen marang hyang agoeng, adja lija kang ngoentabena mring mami, ja amoenga kakang praboe, standinga sprang popor.

23. Ngetog prawiraningsoen, Sawoenggaling noelya nembah matoer, pan kawoela sampoen tetakèn ing mangkin, kang dadi tetindihipoen, sénapatining paloegon.

24. Toemenggoeng Singaranoe, kang minangka tindih pra toemenggoeng, doek miarsa waoe sira ki dipati, noelya ngatag wadyanipoen, kinèn mangsan ing paloegon.

25. Seksana sigra tjampoeh, pan angoengkih ingoengkih pan sampoen, aprang ida abahak binahak sami, oelang djenggit pan ginoeloeng, Kramadipa moendoer asor.

9. DOERMA.

1. Pan toemenggoeng Endranata pan toeminggal, lamoen pradjoerit Pati, ngamoek saja nengah, oelaté poendirangan, manahé langkoeng koewatir, pan woes kantinja, wong djahil ngrangkep djerih.

2. Hèndranata oelatira loenga teka, adjrih mring Sawoenggaling, pengamoeké noendjang, kadya boeta memangsa, Endranata woes angentir, atilar bala, bokongé koplak-kaplik.

3. Sawoenggaling anoetoeti Endranata, binoeroe ngolanggaling, hèh djahil mandega, Endranata oeninga, akebat malik koelambi, atilar koeda, desel awor pekatik.

4. Sirna laroet wong pasisir boebar-boebar, ngoengsi baris

noe apan tata sampoen,
inarja wakil sang pra-

ti kotjapa sampoen,
ra toemenggoeng, tana-

beng kang para toe-
s, marang Kandjeroean

n marang hyang agoeng,
amoenga kakang pra-

ling noelya nembah ma-
gkin, kang dadi tetin-

angka tindih pra toe-
l, noelya ngateg wa-

ngkih ingoengkih pan
oeleng djenggit pan

minggal, lamoen pra-
poendirangan, manahé
ng djahil ngrangkep

djrih mring Sawoeng-
memangsa, Endranata
k-kaplik.
binoeroe ngolang-
nga, akebat malik
k.
oebar, ngoengsi ba-

ris Mentawis, sigra wong Santenan, minger pengamoekira, mantja negara dèn byoeki, tjaroeking wadya, oewel sendjata mati.

5. Pan ataḍan boepati Mantjanegara, wong Paṭi ngojok wani, pan njoendek kéwala, kawon mantja negara, soemawoer kadya garimis, wadya Santenan, satindak tan goeningsir.

6. Raméning prang kadya ombaking samodra, wong Paṭi meksa ngoengkin, liwoeng pengamoeknja, koemrojok tandangira, barisé mantja negari, kongkul pan oewal, maledoeg pan angisis.

7. Laḍjeng nempoeh wong Paṭi sigra neraḍjang, marang baris panoemping, tetinḍihing wadya, toemenggoeng Wiragoena, lan Martalaja dipati, samya ataḍah, wong Paṭi akèh mati.

8. Meksa noendjang wong Paṭi lir singa lodra, langkoeng raméning djoerit, apan kataḍanan, pengamoeké Santenan, wong Sampang tetoeloeng djoerit, goemer goemeran, teteg awor lan beḍil.

9. Raméning prang tamboen moengsoeh lawan rowang, tan ana ngoetjap aḍjrin, panggin samya soera, wong Paṭi kataḥ peḍjan, nanging meksa noendjang wani, koewel kéwala, beḍil woes tanpa kardi.

10. Kadya ombak segara anempoeh parang, saking raméning djoerit, sreg sinereg samya, déné Soeramenggala, aroeket loehoering wadjik, koewel kéwala, ramé keris kineris.

11. Ting tjaleprot samya nibs saking koeda, sampyoeh barang ngemasi, ki Soera bramantya, aprang lan Djagabaja, aramé oetik ingoetik, Soera bramantya, panoetoeké anitir.

12. Ki toemenggoeng Djagabaja noeḍoek sigra, Soera bramantya kanin, neratas mring djadja, teroes bahoené kiwa, Soerabramantya goelinting, wadya panekar, soeraké wanti-wanti.

13. Djajèngrana aprang lawan Martalaja, ramé oengkin-ingoengkih, karo sami koewat, tan ana kang kasoran, Martalaja anglarihi, ki Djajèngrana sigra anarik keris.

14. Djajèngrana sinoeḍoek ḍjaḍjanja bentjah, aniba woes ngemasi, raḍèn Kandoeroean, sampoen ajoen-ajoenan, kelawan ki Raḍjaniti, noelya anoembak, waoe ki Raḍjaniti.

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Pan tinangkis watangé poetoeng kadjeplak, anoelya dèn larihi, djadjanira babrak, neroes marang walikat, Radjaniti angemasi, wong Pati soerak, lir oedan sinemèni.

16. Mangoenonong toemingal poetrané pedjan, koedané dèn tjameti, koeloep poetraningwang, doeroeng oengsoemé pedjah, doeroeng wroen rasané moekti, hèn Kendoeroean, pajo tanding lan mami.

17. Dyan tinoembak Kandoeroewan kapalesat, tiba saking toeranggi, tangi boerangkangan, nanging pan nora pasah, tinoembak tinitir-titir, dyan Kendoeroean, pan sarwi anglarihi.

18. Mangoenonong tinoembak djadjané bengkah, niba woes angemasi, sigra Kendoeroean, koedané tinitijan, sinabet toerangga niring, angikal watang, soesoembar angadjrihi.

19. Lah reboeten iki ija Kendoeroean, kahipé mring dipati, Bragola Santenan, lah pajo kemboelana, dadi soekané kang ati, kinroeboet ing prang, kabèn wong ing Mentawis.

20. Troenadongsa Santenan tetoeloeng joeda, soembar-soembar ngadjrihi, pajo wong Mentaram, paja barenga mara, asoeka rasaning ngati, kinaroeboet prang, Oedabangsa panoemping.

21. Madjoe ngrana aprang lan Troenadiwangsa, ramé oengkih-ingoengkih, pan toembak tinoembak, Troenadongsa kabranan, dowah-dawèh raganèki, pating karomplah, tan kongsi djaloek warih.

22. Adipati Santenan langkoeng oramantya, mantriné akèh mati, langkoeng mérangira, amaragaken bala, anjameti koeda aglis, djoeloeking koeda, aran poen Lajarwarih.

23. Sareng mangsan kapedek lan kadjineman, koedané sareng niring, tan ana sinedya, mring dipati Santenan, moeng kang raka sriboepati, tengeranira, kang pinrih dèn oelati.

24. Sampoen pedak kelawan gegaman dada, kinaroetoeg ing bedil, soerak lir ampoehan, bendé moenja angangkang, gamelanira melingi, sang adipatya, soeka kepati-pati.

25. Sigra ngetab toerangganira angerah, jitna bala Mentawis, dipati Bragola, sigra waoe neradjang, para prawira ngawaki bala Mentaram, prajitna anadahi.

26.

adjeplak, anoelya dèn
walikat, Radjaniti
nemèni.
pedjah, koedané dèn
g oengsoemé pedjah,
roean, pajo tanding lan

lesat, tiba saking toe-
nora pasah, tinoembak
wi anglarihi.
engkah, niba woes ange-
n, sinabet toerangga
rihi.
kahipé mring dipati,
di soekané kang ati,
awis.
joeda, soembar-soembar
ga mara, asoeka rasa-
panoemping.
wangsa, ramé oengkih-
dongsa kabranan, do-
konksi djaloek warih.
tya, mantriné akèh
a, anjameti koeda
warih.
eman, koedané sareng
enan, moeng kang raka
oelati.
a, kinaroetoeg ing
angangkang, gemelanira
.
b, jitna bala Menta-
, para prawira ngawaki

26. Sindoeng awor wong Mentaram katah pedjah, déning pradjoerit Pati, polahé lir matjan, asoeta koerang mangan, ana kadya tantèng kanin, noembak anigas, anoedoek angakahi.

27. Pan goemoeloeng wong Pati angamoek rampak, angoengkih embek pati, noendjang tanpa étang, mangrempak wong Santenan, wadya Mentaram nadahi, ngidak kéwala, tan kéwran ing ngadjoerit.

28. Raméning prang kadya loen anempoeh parang, déning syaraning bedil, wong magoeroe gangsa, teteg kaja boetoela, kang moenggang baroeng myang tatit, goemyaring dirija, syaraning tjarabali.

29. Kadya goentoer soeraking moengsoeh lan rowang, jata sang adipati, Bragola Santenan, woes liwoeng djroning nala, apan sedya leboe geni, mangsah anoendjang, koemrojok wadya Pati.

30. Mantri sèwoe lawan wadya noembak anjar, boemidja lan panoemping, sampoen karépotan, sinerod wong Santenan, mawoer wadya ing Mentawis, gempang soeh sirna, wong Singaranoe ngisis.

31. Ki toemenggoeng Singaranoe woes kasingsal, balanira angisis, mawoer asarsaran, ki toemenggoeng katoendjang, wadya Mentaram angisis, déning Bragola, asroe ngamoek pribadi.

32. Sang dipati Santenan pangamoekira, woes liwoeng datan olih, nanging srinalèndra, pinoejeng ingoelatan, woes dangoe datan kapanggih, sang adipatya, tansan anggigit lati.

33. Wong Mentaram koewoer mawoer asarsaran, tan ana mangga poelih, wingking maksih soera, katoendjang saking ngarsa, akiwoel kidoel tan polih, wekasan dadal, pan samya reboet oerip.

34. Wadya Singaranoe tan mangga poelija, pra mantri samya miris, oepama bendoengan, tinempoeh bandjir bandang, moeng ladjeré ingkang meksih, soeltan ngalaga, lindoek gènira baris.

35. Pan kalingan pager djarak terataban, kang ngadep sriboepati, amoeng wong kapedak, lawan para sentana, sedaja angati-ati sang adipatya, Bragola aningali.

36. Pan leledok kalingan ing pager djarak, katingal wong kang baris, genggeng dèrèng obah, pan arsa tineradjang, sigra djeng soeltan Mentawis, kinèn naboeha, bendé ki Pitjak aglis.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

37. Nora moeni kyahi Bitjak sanget bengkak, asroe tinititr-titir, pinoekoel ping tiga, kaping pat kaping lima, kagyat tyasira nerpati, nèng loehoer koeda, kakepoeh dèn soengkemi.

38. Pan anekoeng sang nata marang hyang Soeksma, kang kèsti moeng kang loewih, neges karsaning sang, tan ana kang katingal, moeng kang karja boemi langit, panakoepena, djeng soeltan ing Mentawis.

39. Minta toeloeng marang nyang kang langkdeng moelya, kang moerba sipat kadim, moega dèn menangna, joedané wong Mentaram, apesa wadya ing Pati, woengoe sang nata, benjé pinoekoel malih.

40. Kyahi Bitjak pinoekoel moenja angangkang, goemoeroeh nèng wijati, kagyat sang dipatya, Bragola amijarsa, syarané ki Bitjak moeni, asroe ngandika, waoe dipati Pati.

41. Iahta pajo botjah Pati aneradjang, ika si Bitjak moeni, enggoné kakangmas, sigra sareng oemangsah, kotboeta bala ing Pati, wadya Mentaram, samya angati-ati.

42. Pra prawira ing Pati lir pènjah jeksa, sedya aleboe geni, sentana Mentaram, sampoen sami prajitna, sedaja ngawaki djoerit, samya toemandang, sareng ngetab toeranggi.

43. Samya mangsah para sentana Mentaram, wong Pati aningali, jèn wadya Mentaram, pra sentana toemandang, wadya Pati samya ngoengkih, watang winatang, ramé oetik-ingoetik.

44. Pan kapranggoel wong Pati para sentana, rahadyan Wisasekti, ramé dènnja betak, pareng samya sentana, kekasihé wong Mentawis, radyan Prawira, Taroena kang wewangi.

45. Tan ngoberi Wirasekti panoembaknja, Prawiratroena angling, pan gebang ginebang, samya nèng loehoer koeda, aramé oengkih-ingoengkih, Prawiratroena, panoembaké ngenèni.

46. Amberadag goeloe iringé kang kena, boetjek koelittirèki Wisasekti tiba, saking loehoering koeda, pinindo sampoen ngemasi, angatang-atang, rahadèn Wisasekti.

47. Wirasraja oeninga kadangé pedjah, rahadèn Wisasekti, sareng katingalan, déné kang raji pedjah, doekané jajah siniwi, njameti koeda, watangipoen pinandi.

engkak, asroe tinitir-
aping lima, kagyat tya-
eh dèn soengkemi.
ang Soeksma, kang kès-
ng, tan ana kang kati-
akoepena, djeng soeltan

langkdeng moelya,kang
joedané wong Mentaram,
benjé pinoekoel malih.
rangkang, goemoeroeh
a amijarsa, syarané ki
Pati.
, ika si Bitjak moe-
ngsah, kotboeta bala
ti.
jeksa, sedya aleboe
jitna, sedaja ngawaki
toeranggi.
ram, wong Pati aninga-
andang, wadya Pati sa-
ik-ingoetik.
entana, rahadyan Wisa-
entana, kekasihé wong
ewangi.
ja, Prawiratroena
loehoer koeda, aramé
nbaké ngenèni.
a, boetjek koelittirèki
pinindo sampoen ngema-

, rahadèn Wisasekti,
, doekané jajah siniwi,

48. Waosira dapoerira pan lanangan, moeroeb pan kadya api, pan asroe soesoembar, pajo pada prawira, adjana kang ngoetjwani, nèh wong Mentaram, dèn pada ngoengsi pati.

49. Woes atempoeh ki Wirasraja anoembak, Prawiratroena nangkis, nanging anderadag, tan kandeg panoembaknja, kakepoeh toegel kapalih, Prawiratroena, sariranja ngingkedi.

49. Pangrasané kakepoeh kaja toegela, seksana amalesi, Rangga Wirasraja, noelya waoe tinoembak, mlesat saking nginggil wadjik, tiba kaloemah, asroe tinitir-titir.

50. Akekoprot Wirasraja woes palastra, ki toemenggoeng Pohpati, arsa tetoeloenga, sigra njameti koeda, pangéraning Mangkoeboemi, sampoen oeninga koedané dèn tjameti.

51. Woes atempoeh sareng dènira anoembak, watang poetoeng barengi, noelya roeket pisan, sami tjandak tjinandak, pan sareng anarik keris, sareng tempoennja, soedoek sinoedoek sami.

52. Sareng moedoen kang joeda saking toerangga, sinoedoek samya ngoengkih, oeleng prang pinerang, tjoeriga tan toemama, sareng rempoe doewoeng kalih, aroeket pisan, oedrek banting binanting.

53, Atjerobo wong Mentaram joedanira, pangéran Mangkoeboemi, aris sahoerira, sadjang-adjang karepnja, pan iki wong reboet pati, ki Tohpralaja, semana woes ngemasi.

54. Dowah-dawèn ki toemenggoeng woes djerkangkang, Sindoerdja kang winarni, woes ajoen-ajoenan, lan pangran Poeger ika, adangoe oengkih-ingoengkih, samya prakosya, tan ana kang kalindih.

55. Kadya goentoer soeraké wadya Mentaram, lir ngobahna pratiwi, arja Sindoeredja, nganteb panoembakira, pangran Poeger tan sinipi, poetoeng kang watang, sigra dèn parepeki.

56. Pangran Poeger sigra anarik doewoengnja, noelya dipoen larihi, ginotjo djadjanja, Sindoerdja woes aniba, datan kongsi amindoni, arja Sindoerdja, tinigas moerdanèki.

57. Kendoeroewan mara sarwi soembar-soembar, pajo reboeten mami, pradjoerit Mentaram, adja ana koetjiwa, lawoeng ingikal

koemitir

koemitir, singa ketradjang, bala Mentaram ngisis.

58. Sareng moelat panembahan Poeroebaja, jèn wong Mentaram ngisis, sigra panembahan, amapag Kendoeroean, pangran Poerbaja woes panggih, ajoen-ajoenan, pangéran ngandikaris.

59. Kendoeroean sirèkoe betjik moendoera, éman menawa mati, bagoes roepanira, akoelita tembaga, nadyan bebaloenga wesi, otota kawat, tan wandé sira mati.

60. Kandoeroean asoegal dènira ngoetjap, baja norana sekti, wong ing ngalam donja, apa moeng si Poerbaja, boedija ingsoen kembari, pan doeroeng oelap, amoengsoeh wong Mentawis.

61. Kendoeroean anoembak marang pangéran, djeng pangran ngandikaris, sétan Kendoeroean, noembak tjara Walanda, éman tanganira oegi, menawa babak, déné peksa koemaki.

62. Kendoeroean kelangkoeng bramantyanira, anggigit wadjanèki, angawet latinja, ngetog prakosyanira, wedana lir worawari, dyan Kendoeroean, wani bakal ngemasi.

63. Panembahan Poerbaja alon ngandika, oesapana dèn lirih, babo toembakira, menèk koetah loedira, éman-éman ingkang brangti, pasah ko toembak, ngoer matija doek tjilik.

64. Kendoeroean noembak sarwi gigit wadja, poetoeng watangirèki, angoenoes tjoeriga, Kendoeroean neradjang, anoedoek aninitir, pangran Poerbaja, étja datan goeminasir.

65. Djeng pangéran anoelya narik tjoeriga, doewoeng aran poen Pandji, sigra Kendoeroean, sinoedoek djadjanira, amales tiba kabanting, woes kinakanan, sinoedoek koeloeng ngati.

66. Kendoeroean peijan sampoen ngatang-atang, toemenggoeng Koelon prapti, sampoen aneradjang, toemenggoeng Koelon noembak, koemeplak datan ngenèni, poetoeng kang watang, panembahan ngalarihi.

67. Djadjanira ki toemenggoeng Koelon bentjah, neratas troes ing gigir, pan sampoen pralaja, soerak wadya Mentaram, pangéran ingebyoek djoerit, sareng oemijat, sagoeng para dipati.

68. Sareng mangsah koemerab wadya sadaja, oemangsah poelih getih, sentana Mentaram, wong tjilik sampoen sirna, dènira loemajoe tebih, kang bandajoeda, sentana pra dipati.

69. Amoeng abididalem djro kang meksih wetah, kapedek magersari, nirbaja sinoman, saragni djagabaja, sedaja tetoenggoel djoerit, wong djagasoera, miwan wong Djodipati.

70. Wadya Pati pengamoeké ketadahan, binèndrong dèning bedil, sinosog ing watang, djemparing kadya oedan, sinawoeran boengsoer lembing, wadya Santenan, bebatang soengsoen tindih.

71. Sakariné kang pedjah peksa neradjang, angamoek ngowak-awik, wong keparak panggan, toewin para sentana, kapijandem sang dipati, pengamoekira, kang raka dipoen intjih.

72. Apan koekoeh joedané para sentana, moenggèng ngarsa nerpati, lan sagoeng kapedak, pengkoeh pan ambeg pedjah, tan arsa tilar ing goesti, wadya Santenan, toempes kang para mantri.

73. Sawoenggaling angamoek kagila-gila, pra sentana nadahi, kinaroeboet ing prang, dèning wadya kaparak, sikep kaparak angsis, woes kinatahan, koedané sampoen mati.

74. Gya maloempat Sawoenggaling saking koeda, angamoek lawan keris, kang pinarak boebar, pangéran Poeroebaja, moelat marang Sawoenggaling, sigra amara, galihnja èsmoè wingwrin.

75. Doewoengira ki Panidji sampoen ingasta, winedalan ing kéring, semana woes perak, panembahan Poerbaja, sigra dènira nglarihi, saking ngiringan, Sawoenggaling malesi.

76. Datan angsal Sawoenggaling woes aniba, anoelya dipoen byoeki, ing wadya kaparak, Sawoenggaling binanda, Setjadrana anoeloengi, pangran Poerbaja, prajitna anadahi.

77. Aneradjang ki toemenggoeng Setjadrana, panoembaké anitir, pangéran Poerbaja, panggah dènira joeda, Setjadrana anoembaki, poetoeng kang watang, pangéran anglarihi.

78. Djadjanira aneroes marang walikat, Setjadrana woes mati, dipati Bragola, mijat pradjoerit telas, para sentana ngemasi, asroe ngandika, ingsoen laboeni woeri.

10. PANGKOER.

1. Kapedekan kadjineman, katah longé praidjoerit ingkang mati, wetara kang gesang ikoe,kari wong kawandasa, pan poenika tan tebih wadya Mentaroem, singa kateradjang boebar, apan liwoeng wadya Pati.

2. Bragola pengamoekira, para wadya kaparak anadjahi, pijak kang katradjang mawoer, ing woeri tangkep samya, djagasoera ngawoer boesoer lembing toeloep, pengamoeké sang dipatya, lir Bimanjoe solanmèki.

3. Kinaroeboet ing ngajoeda, déning sata koerawa ing ngadjoerit, ing kéring kanan pan sampoen, ingoedanan warastra, adipati Bragola amoeng sang praboe, kang dèn intjih prenanira, moeng raka srinarapati.

4. Sang dipati meksa ngangkah, pan mèh perak lawan gènja sang adji, djeng soeltan nitih koeda woes, poen Bendana kasihnja, ingoelesan ing ngemas rinéka moeroeb, loerah gamel matoer nembah, doeh goesti padoeka salin.

5. Bendaka kagoengan toewan, atoeripoen wanti-wantita goesti, ping kalih ing ngatoeripoen, kaping tiga kaping pat, soeltan angling wis menenga sira ikoe, apan doedoe djaran ika, kang agawé lara pati.

6. Kangdjeng soeltan angandika, kinèn moendoet ki Bitjak dipoen aglis, tinitir moeni angoengkoeng, anèng ing ngawangawang, sagoeng wadya Mentaram ingkang loemajoe, anoelya bali sadaja, sampoen perak lan sang adji.

7. Pengamoeké sang dipatya, para wadya kang anèng ngarsa adji, sareng alok pan goemoeroeh, lan pajo iki prapta, apan ana kapedak toewa amoewoes, hèh kantja adjana obah, dèn padja angati-ati.

8. Betjik awor lan dipatya, wong kapedak sadaja samya ngoengkih, pra sentana ngebyoek sampoen, pra kapedak santenan, toempang tinding sadaja kang samya lampoes, kapedakira sang nata, Najadarma kang wewangi.

é praijoerit ingkang
kawandasa, pan poenika
ijang boebar, apan li-

kaparak anaḍahi, pijak
ep samya, djagasoera
oeké sang dipatya, lir

sata koerawa ing nga-
ngoeḍanan warastra,
dèn intjih prenanira,

èh perak lawan gènja
s, poen Bendana kasih-
b, loerah gamel matoer

oen wanti-wantita goes-
tiga kaping pat, soel-
doedoe djaran ika, kang

moendoet ki Bitjak
anèng ing ngawang-
majoe, anoelya bali

a kang anèng ngarsa
o iki prapta, apan
jana obah, dèn paḍa

ḍak sedaja samya
pra kapeḍak santenan,
, kapeḍakira sang na-

9. Kang ngampil ki Baroekarma, angandika waoe srinarapati, nèh Najadarma sirèkoe, lan sira dipoen èngga̲l, toembakingsoen kyahi Baroekoeping ikoe, agé sira tamakena, mring ḍimas Bragola aglis.

10. Toer sembah ki Najadarma, sampoen mesat ḍateng gèné adjoerit, kekèdjèk Najadarmèkoe, sarwi amanḍi toembak, adipati Bragola kinepoeng-kepoeng, woes parek lawan sang nata, sigra neraidjang mring ngarsi.

11. Tinaḍanan wong kapeḍak, pan binèndrong ing beḍil lan ajemparing, paser boesoer lebing toeloep, miwah lawan serampang, sinosog ing biring lanang lawan gandjoer, semana koeḍané peḍjah, meloempat saking toeranggi.

12. Angamoek narik tjoeriga, ki dipati sinangga rampog déning, ḍéné meksa noebroek-noebroek, angawet laṯinira, sigra Najadarma amarani sampoen, sang dipati gya tinoembak, lamboengira ingkang keni.

13. Seksana sampoen aniba, ki dipati goelimpang woes ngemasi, rineboet mring praijoerit goeng, samya arerebatan, lan kantjanira kapeḍak sedaroem, angakoe jèn matènana, sampoen katoer mring sang adji.

14. Jèn dipati sampoen peḍjah, kinèn bekta djisimira dipati, ing ngarsanira sang praboe, kang dinoeta wotsekar, gya loemadjar ingkang menḍet djisimipoen, kotjapa ki Mangoenjoeda, wroeh goesti jèn woes ngoendoeri.

11. DOERMA.

1. Wong kaparak kèwoehan pambektanira, arsa pinanḍi-panḍi, satroené sang nata, arsa dipoen sèrèda, iki sentana nerpati, dadya kèwoehan, ana wong toewa sidji.

2. Asroe ngoetjap ja iki kèrep manira, sirahipoen pinanḍi, sikil sinèrèda, sedaja kapeṯoekan, akarsa dipoen lampahi, soekoe dèn larak, sirahé dipoen panḍi.

3. Srinarèndra moelat sakelangkoeng soeka, djisimé praptèng ngarsi, sang nata ngandika, lah paḍa adegena, ikoe lajomé

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

si adi, woes djinaganan, ngandika sriboepati.

4. Tatabana apa gegawané aprang, sigra dipoen tatabi, apan tan babekta, woes katoer mring sang nata, ngandika soeltan Mentawis, doeh adimas, woes sedya nora moelih.

5. Lah pijaken latiné adi Bragola, apa baja baresih, noelya pinariksa, katoer reged wadjanja, ngandika srinarapati, tan kober baja, asoesoer ja si adi.

6. Amariksa sang nata marang kang wadya, sapa ingkang matèni pra samya toer sembah, koedon aparebatan, sang nata ngandika aris, hèh Najadarma, tariken toembak mami.

7. Pinariksa ki Baroe koetah loedira, sang nata ngandikaris, ja si Najadarma, kang matèni adimas, kawarnaha Sawoenggaling, meksih bebandan, Endranata ningali.

8. Endranata ngiwi-iwi sarja ngoetjap, déné si.nora loewih, Sawoenggaling sira, déné kongsi binonda, boedija ingsoen taboki, langkoeng roentiknja, Sawoenggaling sroe angling.

9. Nora isin ko welèhna Endranata, loemajoe malik klambi, arep ingsoen toembak, loemajoe momor kompra, sira oega delap oerip, eman sang nata, maringi toenggak semi.

10. Eman temen alinggih lampit si édan, djahil toer wedi mati, doeraka nèng doenja, Endranata angiwa, amoendoer linggih ing woeri, sarwi angoetjap, ngandeg wong kenèng sarik.

11. Sampoen katoer Sawoenggaling kedah béla, sigra kinèn medjahi, Sawoenggaling rena, samana sampoen pedjah, kelamoen awèta oerip, wirang nèng doenja, warnanen sriboepati.

12. Angandika sang nata mring Alap-alap, sira mangkata aglis, lan si Djagabaja, si Panoelar miloewa, kelawan si Wirapati, lan pra dipatya, pada oeroena mantri.

13. Ambojongi marang negara Santenan, dèn pada ngati-ati, bok ana kang bangga, mantri kang toenggoe poera, toempesen adjana kari, sadjroning poera, bojongen dèn baresih.

14. Saroepané wong wadonné ing Santenan, lamoen bodjoning mantri, lah sira gawaha, adjana kongsi darat, lan sira gawaha djoli, bok rèmpong bèndjang, poma toenggangna djoli.

epati.
gra dipoen tatabi, apan
a, ngandika soeltan Men-
lih.
apa baja baresih, noe-
gandika srinarapati,

aiya, sapa ingkang matèni
a, sang nata ngandika
ni.
, sang nata ngandika-
, kawarnaha Sawoenggа-
.
p, déné si.nora loe-
onda, boedija ingsoen
ing sroe angling.
oemajoe malik klambi,
pra, sira oega delap
semi.
an, djahil toer wedi
iwa, amoendoer ling-
wong kenèng sarik.
ah béla, sigra kinèn
oen pedjah, kelamoen
n sriboepati.
lap, sira mangkata
oewa, kelawan si Wira-
ri.
, dèn paja ngati-ati,
e poera, toempesen
dèn baresih.
nan, lamoen bodjoning
arat, lan sira gawaha
angna djoli.

15. Alap-alap ki toemenggoeng Djagabaja, Panoelar. Wirapati, pra samya toer semban, sigra boedal sedaja, sigegen ingkang winarni, ki Mangoendjaja, kang loemajoe mring poeri.

16. Pan loemebet Mangoendjaja toer oeninga, mring garwané dipati, jèn kang raka séda, toempes wadya sadaja, senatana tan ana kari, kangdjeng ratoe Mas, andjrit niba ing siti.

17. Pan goemoeroeh tangisé para wanodya, samya goemeloeng siti, ana sambat bapa, sawenèh sambat kakang, ana sambat kaki nini, myang sambat oewa, na sambat anak laki.

18. Ting beloeloeng para goesti djroning poera, tamboeh polahirèki, tangis lir ampoenan, tamboeh kang dèn oengsija, ana ingkang niba tangi, aboerangkangan, garwaning para mantri.

19. Ting katètèr tingkan polaning wanodya, na gèndong anak sami, wenèh ngemban soeta, nangis angaroehara, kang sawenèh anahoeri, adja karoena, ngoer ngadepa mring goesti.

20. Ratoe Wandan sesambatira mlasarsa, doen kakangmas dipati, oedjarira tresna, wekasan tilar séda, nora bisa ingsoen kari, kangmas dipatya, koela toemoet ngemasi.

21. Bijèn moela kakang sampoen memoengsoenan, lan kakang ing Mentawis, pra wali pandita, toewin kang para nata, tanah Djawa pan kadjodi, mangsa njonggaha, doeroeng meneng djar mami.

22. Teka dahar atoeré marang sétanan, wong lantjang peksa wani, pada gawé tjatjad, tan wroeh wekasing lampah, wong abodjo adoewé pikir, teka dinahar, goemredjeg ingkang sengit.

23. Lanta kakang dipati gawanen pedjan, tan bisa ingsoen kari, oedjar dika tresna, endi tandané baja, warnanen kang lagya prapti, gaman Mentaram, Alap-alap kang ngirid.

24. Moenggèng ngarsa Wirapati lan Panoelar, tata lampahing baris, menggoeng Djagabaja, rempeg barisé tata, Katawengan moenggèng woeri, samya prajitna, angambah djro negari.

25. Para mantri oeroenan kang moenggèng woentat, samya prajitnèng wèsti, tata lampahira, marga tan salah karja, lampahnja angati-ati, pan sampoen mijat, ngaloen-aloen abaris.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

26. Sampoen ladjoe lampahira wong Mentaram, ing pasar gedé baris, jata kawarnaha, para mantri Santenan, ingkang tinanggenah wingking, kang toenggoe poera, sedaja sedya mati.

27. Para mantri sekawan anedya béla, mring goesti sang dipati, poen Rangga Praméja, lawan Rangga Djeladra, Soerataka lawan malih, poen Pengalasan, papat traning pradjoerit.

28. Sampoen sami prajitna mantri sakawan, warnanen ingkang prapti, gegaman Mentaram, pra mantri woes oeninga, jèn wong Pati béla goesti, ngangseg asoerak, ngaloen-aloen woes prapti.

29. Wong Santenan tjatjahipoen winetara, rong atoes betjikoetjik, pra samya tengara, woes ngangsegaken wadya, joen-ajoenan wong ing Pati, lawan Mentaram, angsané pada wani.

30. Wong Santenan sedaja sedya abéla, déné wadya Mentawis, djago midjil monar, asri tanding anjengka, mengko iki angoengkoeli, malah sinengka, kelangkoeng soekèng galih.

31. Kapindoné wong Mentaram mentas menang, moengsoeh pradjoerit loewih, boepati Santenan, toempes sabalanira, mengko maning bala kedik, kang toenggoe poera, sekawan para mantri.

32. Milanipoen wadya bala ing Mentaram, tan roengak ingkang galih, wadya ing Santenan, sira Rangga Praméja, sareng tjampoeh ing ngadjoerit, angamoek rampak, sedaja ambek pati.

33, Wadya bala Mentaram tadan ngajoeda, goemoeroeh soeraknèki, kasonggo prampogan, wadya Pati anoendjang, pengamoeké ngowak-awik, wadya Santenan, lir bantèng nandang kanin.

34. Kinaroeboet ing bedil wadya Santenan, nanging tan nedya gingsir, wong Pati kèn pedjan, ananging deking rowang, sedaja tan nedya oerip, wadya Mentaram, panggah datan goemingsir.

35. Pengamoeké wong Pati kagila-gila, wong Mentaram kèn mati, wadya ing Santenan, apan karoban mengsan, pradjoerité angawaki, sigra neradjang, kotboeta tandangnèki.

36. Pan angentrog wong Mentaram joedanira, anekoeng anginebi ki Rangga Praméja, pengamoeké lir jeksa, singa kateradjang ngisis, ki Alap-alap, koedané dèn tjameti.

entaram, ing pasar gedé
enan, ingkang tinangge-
ja sedya mati.
, mring goesti sang dipa-
jeladra, Soerataka lawan
radjoerit.
awan, warnanen ingkang
s oeninga, jèn wong
oen-aloen woes prapti.
ara, rong atoes betjik-
aken wadya, joen-ajoenan
aja wani.
, dené wadya Mentawis,
a, mengko iki angoeng-
ag galih.
nang, moengsoeh pra-
sabalanira, mengko
ekawan para mantri.
m, tan roengak ingkang
améja, sareng tjampoeh
mbek pati.
a, goemoeroeh soerak-
ndjang, pengamoeké
nandang kanin.
an, nanging tan nedya
eking rowang, sedaja
datan goemingsir.
wong Mentaram kèn ma-
ah, pradjoerité anga-
i.
ira, anekoeng anginebi
inga kateradjang ngi-

37. Woes atempoeh joedané rangga Praméja, ramé oengkih-ingoengkih, ki Rangga Praméja, asroe panoembakira, ki Alap-alap atangkis, watangé kontal, sigra dipoen larini.

38. Sira rangga Praméja sigra dinenda, poetoeng watangirèki, anoelya tinoembak, kena djadjané bengkan, loedíranja adres midjil, rangga Praméja, moendoer andjedjangkangi.

39. Sira rangga Djeladra pangamoekira, kelangkoeng mobat-mabit, ki arja Panoelar, sigra dènja neradjang, peksa tempoen ing ngadjoerit, toembak tinoembak, sami soedira kalih.

40. Ki Panoelar anoembak rangga Djeladra, rangga sigra anangkis, nanging anderadag, kena goeloe iringnja, watara ana nem njari, rangga Djeladra, moendoer amemetjati.

41. Soerataka angamoek lir Saradoela, sigra ki Wirapati, njandak pangawinan, nander noelya neradjang, aramé dènira djoerit, toembak-tinoembak, ramé asilih oengkih.

42. Raméning prang karoné samya prawira, tan ana ngoetjap adjrih, pan gebang-ginebang, kalin samya prawira, tan ana kasoran kalih, moedoen sing koeda, samya darat kang djoerit.

43. Wirapati anjendal ki Soerataka, sinosok pan koewalik, Soerataka tiba, dedongkok anèng leman, anoelya sinoedoek aglis, ki Soerataka, moendoer sampoen ngemasi.

44. Djagabaja aprang lawan Pengalasan, ramé oetik-ingoetik, tan ana kasoran, samya soediranira, ki Alap-alap noeloengi, angemban watang, anoembak saking kéring.

45. Pengalasan kena pepilinganira, moendoer pan nora éling, Pengalasan niba, anèng tenganing lawang, sesènjèn pipining kori, pan sampoen pedjan, nanging meksin alinggin.

46. Sira rangga Praméja ing patinira, kendaga dèn lijangi, ki rangga Djeladra, mati ngoerebi lawang, Mangoendjaja aningali, pradjoerit telas, noelya mandjing mring poeri.

47. Mangoendjaja medal saking pepoengkoeran, nedya ngoengsi mring woekir, sira Mangoendjaja, ngoelati Radèn Emas, adangoe datan pinanggih, ki Mangoendjaja, loemebèng djroning poeri.

48.

ARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

48. Doek semana Radèn Mas sampoen kapanggya, lawan Mangoendjajèki, Radèn Mas tjinandak, sampoen binekta medal, réjongan lan embannèki, ki Mangoendjaja, toewin Radèn Mas Alit.

49. Tan kawarna waoe sira Mangoendjaja, toewin Radèn Mas Pekit, jata kawoewoesa, sagoeng bala Mentaram, kang mentas menang adjoerit, ngoengoen sedaja, antepé wadya Pati.

50. Gedé tjilik wong Pati atetoempesan, moeng kari ketib modin, lan para wanoedya, tangisira kapyarsa, kadya oedan sinemèni, tamboeh ngoengsija, jèn doeroeng dèn bojongi.

51. Ki toemenggoeng Djagabaja Pengalapan, Panoelar Wirapati, tanapi mantrinja, pinatan djaganana, sagoeng wismané pra mantri, toewin garwanja, djaranan mantri Pati.

52. Wirapati kelawan arja Panoelar, tinoedoeh andjenengi, sagoeng kang bojongan, djaranan ing Santenan, toemenggoeng Djagabajèki, myang Alap-alap, ing poera dèn lebeti.

53. Ki toemenggoeng Djagabaja Alap-alap, sampoen dènja nitèni, sagoeng radja brana, miran wong dalem poera, Alap-alap andjarahi, wanoedya tawan, tan kendat sang kinanti.

12. KINANTI.

1. Ratoe Mas asroe amoehoen, sambat-sambat mring dipati, sasambaté melas arsa, doeh kakangmas wong asigit, kangmas tingalena ingwang, salirakoe koeroe aking.

2. Opdjaré tresna maringsoen, adoeh kangmas wong djoelantir, kangmas entènana ingwang, arsa toeloeng béla pati, tan bètah kèri nèng donja, kangmas-kangmas miloe mati.

3. Woes dangoe dènira moewoen, wong dalem pra samya nangis, ni hinja alon toerira, doen goestikoe sang retnadi, sampoen mœx moenggoeh pedjah perang, jèn doeroenga dèn bojongi.

4. Krana kalan sédanipoen, nora njangga ing nerpati, pesti ènggal ingandikan, déning raka sriboepati, jèn padoeka sampoen randa, jèn taksija wismèng Pati.

5. Pesti lingsem raka praboe, rèhning darbé kadang èstri, ratoe agoeng kadoek soera, ing Djawa tan ana kalih, doewé kadang sidji randa, melas arsa ngoengsi-oengsi.

6. Sang retnajoe senggrak-senggroek, dènja nangis sampoen lirih, ni hinja noelya toer sembah, _joeh goestikoe sang retnadi, padoeka tindak prijangga, anitija djoli aglis.

7. Sampoen ngantos nimas ratoe, ginepok tijang Mentawis, dadi poenapa bendara, ni inja djrit sarwi angling, Wong kabèn pada menenga, adja angroeroenan pikir.

8. Goestinira lagi liwoeng, teka pada djoeroeng tangis, balik pada perdandanan, lah olana sangoe sami, kabpenta mangsa woeroenga, binojong marang Mentawis.

9. Rinedol marang Mentaroem, pajo pada anglakoni, tan koewasa soeminggaha, wong tjilik darma nglakoni, apa kang pinikir kompra, betjik anoet ngili warin.

10. Mingsek-mingsek sang retnajoe, penangisé sampoen lirin, nji hinja anjandak sigra, ingoenggahaken mring djoli, sang retna nitih djempana, moenggèng tandoe para selir.

11. .Wong dalem sedaja metoe, tjinawisan tandoe sami, sawenèh toendan geladag, sakatané rabinèki, para mantri ing Santenan, tandoe samya dèn titihi.

12. Binoedalaken pan sampoen, saking negari ing Pati, samarga tangisnja oemyang, raré alit samya nangis, ana ingkang djaloek sega, sawenèn djaloek soesoening.

13. Ana ingkang djaloek banjoe, ana kang dodol wong dèsi, samya toembas ting koerangsang, saking katané wong Pati, kang sami dadi bojongan, lir wong ngarak polahnèki.

14. Pepikoel kang moenggèng ngajoen, tinonton ana ing margi, brana Santenan woes kebak, ingoesoeng marang Mentawis, jata waoe srinarèndra, oendang koendoer mring Mentawis.

15. Woes boedal sawadya agoeng, goemrah ingkang para mantri, kadya wana kawelagar, oentabé bala anggili, pirang pandeleng beranang, datan kawarna ing margi.

16. Kangdjeng soeltan sampoen rawoeh, katah batjingah Mentawis, kangdjeng soeltan tan antara, gegandjar mring para abdi, sentana para prawira, ageng alit pan weradin.

17. Sinengkalan bedanipoen, nenggih negari ing Pati, sirnané ing Pendawa, winatara toewa ngoeni, semana srinaranata, praptané kang raji Pati.

18. Ladjeng toemamèng kedjatoen, soemoengkem pada sang adji, toewin pramèswarinira, sareng andjrit kalihnèki, rinangkoel raji Santenan, kalihnja sareng anangis.

19. Jata waoe sang apraboe, alon dangoe mring mring kang raji, radèn ajoe ing Santenan, pagéné lakinirèki, poerwané wani maringwang, angajoni ing ngadjoerit.

20. Sangdyah ajoe nembah matoer, poekoeloen ingkang ngadoni, abdidalem Endranata, wit poeroen sang adipati, mapag prang dateng padoeka, kagyat djenger sriboepati.

21. Djeng soeltan kelangkoeng bendoe, ing dina soma tinangkil, ginarebeg ing parekan, manggoeng ketanggoeng nèng ngarsi, aglar ingkang oepatjara, pan kandeg nèng siti inggil.

22. Atèmbak poenggawa agoeng, sentana mantri pasisir, toewin kang mantja negara, Tjarebon Prijangan nangkil, Prijantaka ngarsa teban, bandjeng wadya sarageni.

23. Nirbaja woes moenggèng ngajoen, djagasoera sarageni, singanegara nèng ngarsa, wiraloeloet djodipati, gandèk lawan mantri moeda, soeranata wiraboemi.

24. Asroe ngandika sang praboe, marang wong singanagari, toewin wadya Martadarma, Endranata dipoen aglis, lan ikoe sira rampoga, anèng pagelaran aglis.

25. Wong Mentaram djrih kelangkoeng, sanget doekané sang adji, kang para mantri boepatya, moekané kondjem ing siti, Endranata sampoen pedjah, pan binedèl oesoesnèki.

26. Kinarja belabar sampoen, moebeng anèng pasar aglis, srinarèndra sampoen djengkar, malebèng poera sang adji, kang nangkil samya loewaran, semana dinandang gendis.

13. DANDANGGOELA.

1. Tan kawarna gemahé kang nagri, srinarèndra mios siniwaka, pepek wadya bala andèr, miwan sentana praboe, panembahan

negari ing Pati, sirna-
emana srinaranata, prap-

engkem pada sang adji,
ihnèki, rinangkoel ra-

oe mring mring kang
inirèki, poerwané wani

oeloen ingkang ngadoni,
pati, mapag prang ja-

ing dina soma tinang-
anggoeng nèng ngarsi,
siti inggil.
mantri pasisir, toe-
n nangkil, Prijantaka

jagasoera sarageni,
ipati, gandèk lawan

g wong singanagari,
aglis, lan ikoe sira

sanget doekané sang
tondjem ing siti,
oesnèki.
nèng pasar aglis,
ra sang adji, kang
enjis.

arèndra mios siniwa-
praboe, panembahan

Poerbaja

Poerbaja nangkil, tansah moenggèng ngadjengan, poenika tinantoen, lanta oewa Poeroebaja, kadospoendi prakawis ing Soerawèsti, déné paman woes séda.

2. Apan inggih paman Soerawèsti, amoeng kantoen oewa poetranira, radèn Mas Pekik aranè, oewa kelamoen remboeg, soen timbali marang Mentawis, soen oewa arsa wikan, panembahan matoer, poenapa karsa padoeka, pan kawoela oemiring karsa nerpati, soewawi tinimbalan.

3. Srinarèndra angandika aris, Alap-alap sira ingsoen doeta, mring Soerabaja dèn agé, timbalana dèn goepoeh, Radèn Pekik ing Soerawèsti, kang dinoeta toer sembah, sandika toeripoen, woes djengkar srinaranata, mandjing dalem loewaran kang sami nangkil, warnanen Alap-alap.

4. Sapraptané ing wismanirèki, ki toemenggoeng ladjeng asanéga, toewin sawadya balané, tinata boedal sampoen, medal saking koeta Mentawis, djaban tadji woes prapta, lampahnja andaroeng, ing marga tan kawoewoesa, Alap-alap ing Soerabaja woes prapti, panggih lawan Radèn Mas.

5. Ki toemenggoeng dawoehaken aglis, kang timbalanira kangdjeng soeltan, kawoela ingoetoes anggèr, ing raka sang apraboe, djeng padoeka dipoen timbali, goesti dateng Mentaram, ing raka sang praboe, goesti raka djengandika, langkoeng sanget gènipoen arsa pinanggih, anggèr dateng padoeka.

6. Saha garwa ingandikan sami, atanapi lawan poetra wajah, sedaja binekta kabèh, sampoen wonten kang kantoen, pan sandika atoenja aris, sigra ngoendangi dandan, sapoetra garwèkoe, ki Alap-alap oetoesan, animbali toemenggoeng Sapandjang aglis, samya kinèn dandana.

7. Angiringna mring radèn Mas Pekik, dèn reksana ana ing dedalan, sawoesnja soemekta kabèn, anoelya boedal sampoen, Alap-alap radèn Mas Pekik, lawan wong Soerabaja, roemeksa nèng poengkoer, sampoen lepas lampanira, praptèng Boetoeh lampahé radèn Mas Pekik, ngoedjoeng ladjeng dedagan.

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. Sampoen saré ngastana sawengi, pangran Pekik lèdjeng andedagan, tengah daloe ing wajané, ana syara karoengoe, ngèngetaken mring pangran Pekik, nèn ki mas Soerabaja, wroehanira bésoek, kang ana sakoelon Padjang, poetoenira bésoek kang dadi nerpati, ana ing Wanakarta.

9. Anging brangtané sang ratoe Kóening, ija ikoe bésoek poetoenira, koeloning Padjang koetané, kagyat sira angroengoe, woes rahina pangéran angling, mring kang toenggoe ngastana, nèn sira angroengoe, ing syara tan katingalan, pan djangkané koelon Padjang dadi nagri, ja ikoe poetoeningwang.

10. Ingkang aran ja sang ratoe Koening, kedatoné pan ing Wanakarta, ki koentji minggoe linggijé, Pangéran Pekik moewoes, lah karija sira ki Koentji, sigra anoelya boedal, tan kawarnèng ngenoe, ki toemenggoeng Alap-alap, pan roemijin atoer wikan mring nerpati, jèn pangran Pekik prapta.

11. Dina soma sang nata tinangkil, pepek sagoeng kang para dipatya, prijantaka tebih gonmé, bandéra pit marga goeng, saragèni ingkang ngrangkepi, nirbaja pan adjadjar, djagasoera ngajoen, sanggraqnjana mangoedara, Wisamarta Wisapratjanda nisihi, tan lali sikepira.

12. Djagabaja lawan Djoedipati, namèngjoeda kelawan kanoman, wirabradja lan mandoengé, bradjanala soemamboeng, wong mijoga darmahintèki, noetra lan tanoesetra, lawan martaloeloet, asisih singanegara, namèng joeda kanoman ingkang nisihi, noetra lan tanoesetra.

13. Pan sedaja woes samya ananqkil, kasinoman lawan patrana-la, gelatik moengoep sikepé, patrajoeda soemamboeng, kang pinilih djadjar boepati, angampil watang soelam, nenggih sikepipoen, gandèk mantri moeda séta, kebajané ngedangah dènira nangkil tjarik lan soeranata.

14. Galang galong nèng wétan kapéring, wong kidoelan djadjaré aséba, Wilawikta boepatiné, penandon gamel koempoel, wong nijaga woeri kapéring, singa ranoe ing ngarsa, sentana soemamboeng, panembahan Poeroebaja, adipati Djeminah sampoen ananqkil, djadjar lan Pringgalaja.

15. Atanapi kang para boepati, kang aséba toemoengkoel nèng ngarsa, pangéran Balitar jéné, pangran Poeger ing ngajoen, pangran Sampang sampoen ananggkil, sagoeng pasisir séba, mantjanagarèkoe, Tjarebon lawan Pasoendan, wong Boemidja adjadjar kelawan boemi, wong sèwoe noembak anjar.

16. Srinarèndra alon dènira ngling, apan nari mring para sentana, ingkang sepoeh-sepoeh kabèn, toewin mring poenggawa goeng, ingkang patoet apan tinari, lahta paja oeroena, ing prajoganipoen, lahta oewa Poeroebaja, kadospoendi jèn mangké pangéran Pekik, prapta ing ngarsaningwang.

17. Sapa sinten kang jogya ngabekti, pangran Pekik lawan djenengingwang, kang prajoga sapantesé, poenapa oewa ingsoen, ingkang patoet dèn kabektèni, paja dika pikira, ing sapeneripoen, Panembahan atoerira, jèn kawoela inggih rahadèn Mas Pekik, prajogi ngabektija.

18. Apan sampoen koengkoelan nerpati, boten wonten djalma kang oetama, pan sampoen kalah kawroehé, ing mangké jektinipoen, tinimbalan prapta mariki, tan koewasa lenggana, milané sang praboe, pantes poenika kang nemban, srinarèndra soeka angandika aris, leres inggin poen oewa.

19. Angandika kangdjeng sriboepati, lahta ganjèk siraènggalena, pangéran Pekik maréné, wong ganjèk awotsantoen, tan asoewé dipoen timbali, sigra ki Alap-alap, lampahé gya rawoeh, ing ngaloen aloen woes prapta, sigra pépé pangéran kidoel waringin, koeroeng pan sampoen aglar.

20. Sarajaté pangran Soerawèsti, apan binekta pépé sedaja, woes katoer marang sang radjèng, sigra ngandikan ladjoe, prapta ngarsanira nerpati, pangéran Soerapringga, doek parek toemoengkoel, kang doewoeng soemèlèh nglemah, sakelangkoeng adjrihé dateng nerpati, moeka kondjem pratala.

21. Langkoeng adjrih sira pangran Pekik, katoempangan sihira narèndra, kondjem ing siti sikané, lir soerja kembar ikoe, sinenenan soeltan Mentawis, lan pangran Soerabaja, kang moelat amangoe, djeng pangéran Soerabaja, sigra matoer doemateng srinarapati

rapati, pedjan gesang kawoela.

22. Pan saketok soemangga ing ngarsi, abdi padoeka ing Soerapringga, kadjoendjang soemangga radjèng, kabedèl djadjanipoen, katoeweka soemangga adji, pasran kang pedjan gesang, ing ngarsa poekoeloen, abdi dalem Soerabaja, koemarasan koemedjot awor koemetir, wonten ing Soerapringga.

23. Sareng wonten ngarsa padoekadji, boten gadah manah kemarasan, goemebyar padang soerjané, soen tjadong rinten daloe, dawoeh dalem ingkang ngalangkoengi, kang langkoeng saking awrat, patikbra poekoeloen, boten kinten ngadang-adang, koetjah dalem ingkang roementah poen patik, goemoedjeng nara nata.

24. Pan soemangga ing padoekadji, mila datan sowan ing djeng soeltan, tan mantra-mantra titiné, nedya salabing ngóeloen, dènja wareg bodja pengasih, moeda di moeda dama, tan mantra ing semoe, myang padoeka naradipa, dènja sekti sinéba ing noenggsa Djawi, njakrèng rat pramoedita.

25. Anglir katoeroenan lélatoel kadri, kedawoehan pangandika soeltan, animbali gagebalé, lir malékat toemoeroen, mring kawoela modjar sedjati, padangé tyas kawoela, miarsa poekoeloen, pangandikaning nalèndra, dènja manis manah kawoela kagipih, oemarak dateng toewan.

26. Kangdjeng soeltan soeka djroning galih, amiarsa atoeré dipatya, ing Soerabaja soemèlèh, soeltan ngandika aroem, hèh adimas ing Soerawèsti, moelané ingsoen oendang, panggija lan ingsoen, woes pinasti karsaning Hyang, patemonné kang soerja kalawan sasi, sedengé sasinira.

27. Woes rahina kang soerja woes midjil, sapandoelon adi lawan tjandra, jaji ikoe patemonné, sakedap sasi soeroep, timbangané soerja lan sasi, salan sidji ilanga, pesti djagat soewoeng, oepamané ingsoen soerja, jaji Soerabaja oepamané sasi, pesti timbanganingwang.

28. Tanah Djawa ing Mantaram iki, lamoen sira jaji noranana, pesti roesakta poerané, djeneng Mentaram poepoet, jèn katemoe lan sira malih, sira pama telaga, pantjoerané ingsoen, pes-

ti

ti sira nadjanana, toja penoen telaga jèn tah nadjahi, jektiné poera asat.

29. Oepamané retna ing Mentawis, jaji Soerabaja lir embanan, jèn tan ana sesotyané, dadya embanan soewoeng, apan mérang sareng ningali, oetjoel saking embanan, sirna tan kadoeloe, sosotya tanpa embanan, tjanja mantjoer akèn kang wong aningali, kapéngin angembana.

30. Lahta sira jaji Soerawèsti, adalema ija ing Mentaram, maksija kaboepatèné, negaranira ikoe, soen wèhaken mring sira malih, wadya ing Soerbaja, adja owah ikoe, kang lanté bawat kendaga, apan ija para toemenggoengé maksih, koja doek ramanira.

31. Atoer sembah pangran Soerawèsti, noelya djengkar sang nata ngedatyan, tan kawarna ing laminé, pangran anèng Mentaroem, woes adalem sawadyanèki, apan woes tinariman, kang raji sang praboe, ratoe Wandansari ika, dadya sasat darbé negara kekalih, Mentaram Soerabaja.

32. Woes alami dènja awor resmi, pangran Pekik kelawan kang garwa, ratoe Mas Wandansariné, doek semana tjinatoer, srinarèndra ngandika tjèti, timbalana riningwang, nimas Wandansantoen, toetoera jèn ingsoen geran, jèn nglilani kakoengé mèntara aglis, jèn tan awèh ija séba.

33. Sigra mèntar kang doeta woes prapti, mring dalemé pangran Soerabaja, sampoen tjoemoendoek ngarsané, ratoe Pekik poenikoe, poenang tjèti oematoer aris, pan kawoela poenika, goesti dipoen oetoes, dateng ing raka padoeka, kangdjeng soeltan kinèn waoe animbali, dateng raji padoeka.

34. Kang pitoengkas djeng srinarapati, jèn nglilani kang prija mèntara, adja loenga jèn tan awèh, maleboewa dèn goepoeh, dèn tindjowa larakoe iki, laraningsoen kasandang, warahen goestimoe, pangéran ing Soerabaja, ngling kabegdjan roementah ing ngasta kalih, tan kéninga lenggahaha.

35. Ingkang raji dinawoehan aglis, noelya mangkat marang djroning poera, noelya prapta djron poerané, panggih saré sang praboe, ratoe Wandan sigra ngabekti, ing raka srinarèndra, angoesapi leboe, oematoer dateng kang raka, kakang praboe poe-

napa

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

napa gerahirèki, manah koela kapita.

36. Srinarèndra angandika aris, laraningsoen loewih saking lara, ana ing ngati doenoengé, ngranoehi laraningsoen, ja larané atikoe iki, tan kelar jaji njandang, rasané kang kalboe, moeng jajimas lakinira, kang prajoga nambanana lara mami, tan lija lakinira.

37. Tanah Djawa woes ingsoen resiki, wis arata para nata kalah, aprang lan ingsoen kalané, moelané Giri ikoe, tan soen roewat negara iki, jèn soen kalahna aprang, doedoe pestènipoen, woes pinesti lakinira, kang ngasorken pandita ing poera Giri, tan lijan lakinira.

38. Sekatané kang nèng tanah Djawi, pesti kalah dèning lakinira, woes kasoran leloenoeré, soenan Giri karoewoen, anggegoeroe marang sang jogi, mring soenan Ngampèldenta, ikoe poerwanipoen, tapa sekataning wana, tanah Djawa sedaja samya oemiring, ija mring Ngampèldenta.

39. Nimas Ratoe Wandan awotsari, koendoer marang dalem Soerabaja, woes prapta panggih kakoengé, sarwi angoesya soekoe, sapraptané sang ratoe Pekik, garijita ing wardaja, rawoeh garwanipoen, anarka jèn ana karja, pangran Soerabaja sampoen wroeh ing wangsit, kèndel semoe sasmita.

40. Kawarnana semana woes latri, ratoe Wandan apan sinarènan sesampoenira karesmèn, noelya sang retna matoer, ing gerahé srinarapati, pandita Giripoera, doemèh dèrèng noengkoel, djeng pangéran Soerabaja, mantoek-mantoek mèsem sarwi ngandikaris, pangéran Soerabaja.

41. Jèn weroeha kersané nerpati, amrih roesaké Giri pandita, pinrih idep ing woedjoedé, woes kagem ngastaningsoen, sasat moenggèng selan daridji, pandita ing Prawata, ing sapestènipoen, sakèhé para pandita, para nata poeroehita loehoer mami, jèn mengko arep bangga.

42. Ratoe Pekik angandika aris, mring kang garwa lah anggèr mareka, mring kedaton ingsoen dèrèk, matoera mring sang praboe, lamoen ingsoen anoewoen pamit, pandita Giri Poera, atanding prang poepoeh, apanta anaking Djina, kang miranti nèng Giri

apeksa wani, moelané ingsoen tindak.

43. Asanéga loemebet ing poeri, ratoe Pekik lawan garwanira, prapta kedaton lampahé, kang raji kinèn ladjoe, pangran kandeg ing sripenganti, ratoe Mas sampoen panggya, lan raka sang praboe, oematoer sarwi toer sembah, raji dalem poekoeloen wonten ing djawi, sang nata lon ngandika.

44. Marang tjèti inggalna toemoeli, jaji emas tjèti gya oemesat, noelya dinawoehan agé, pangéran Pekik sampoen, njoté wedoeng loemebèng poeri, toemoengkoel nèng ngajoenan, mangoesapi leboe, ngandika srinaranata, hèn adimas padangna tyasingsoen iki, moeng para ingkang jogya.

45. Atoer sembah pangran Soerabanggi, gih sang nata senadyan woewoeha, sapoeloeh Giri gedéné, datan mingser saramboet, anglar pahi karja nerpati, leboera awor kisma, tan goemingsir kéwoeh, pan kawoela bèndjang èndjang, lamoen angsal pangèstoe dalem nerpati, boedal mring Giri Poera.

46. Wonten déné raji padoekadji, apan inggih boten koela bekta, katoera dateng sang radjèng, wontena djroh kedatoen, pan pawèstri angraribeti, pan boten kedadosan, prakawis prang poepoeh, mindak dados rerawatan, tempoeh ing prang satemah tan kongsi djoerit, pidjer ngrawati garwa.

47. Srinarèndra goemoedjeng dènira ngling, karsaningsoen jaji garwanira, adja pisah lan dèwèké, apan garwanirèkoe, ija ikoe sadoeloer mami, barenga pedjah gesang, lan sira poenikoe, pan woes temané wanoedya, jèn lakiné tiwas madyaning ngadjoerit, wadoné dadi tawan.

48. Pangran Pekik oematoer wotsari, pan anoewoen sih padoeka nata, datan lenggana karsané, noelya waoe sang praboe, anjangoni dateng kang raji, arta lawan kentjana, selaka pan agoeng, tanapi ingkang boesana, pirang-pirang boesana kang adi loewih, peparingé sang nata.

49. Ratoe Wandan sampoen dèn paringi, retna kentjana lawan selaka, sangang ewoe ing réjalé, semana samya koendoer, ratoe pekik lawan kang raji, manembah padanira, mangoelapi leboe, sang nata alon ngandika, adi adjeng adja goemingsir ing pati, njangoni slamet inggwang.

50. Atoer semban waoe sang dipati, lan kang garwa apan sareng medal, sampoen prapta ing dalemé, pangéran oendjang sampoen, marang wadya kang pra pradjoerit, apan sampoen sijaga, pradjoerit noeng-anoeng, éndjingnja pangran sadija, lan kang garwa prawira lan para mantri, asri boesana moebyar.

51. Ingkang dadya pengandjoering djoerit, Mangoenjoeda lan demang Ngoerawan, asri tinon boesanané, Sepandjang ki Poemenggoeng, sawadyané ingkang namboengi, noelya mantri sedaja, soegoeng, mamboeng ing poengkoer, Sarageni lebet ika, pangirijé bandéra awarni-warni, miwan wong talang pedjan.

52. Asri tinon boesananing mantri, atanapi kang para prawira, panoembak sarageninè, kang pra garwa ing ngajoen, ratoe Wandjan woes nitih djoli, palisir bloedroe retna, sikep waos toeloep sondèr samya papoelangan, para garwa samya kepéring nèng djoli, kang ngiring abra sinang.

53. Cepatjaranira langkoeng asri, nitih djoli sinongsongan djenar, amelatar djaadjarané, ing woeri pra toemenggoeng, nitih koeda asongsong koening, ginarebeg wadyanja, pajoeng agoeng-agoeng, ingapit ngarsa sang retna, li betara Kresna mandirèng prang tanding, marang tegal kasmaran.

14. ASMARADANA.

1. Wadyabala Soerawèsti, taroena toer soera-soera, pan samya wareg lèlèré, kaja gé tempoeh ing joeda, pra mantri pra prawira, datan kawarna ing ngenoe, pan woes ngrampit Giri poera.

2. Sizegen kang lagya prapti, pangéran ing Soerapringga, oetjapen Giri kedaton, sampoen ingatoeran wikan, jèn arsa ingoeng gahan, pangran Soerabaja rawoen, balané tanpa wilangan.

3. Angandika sang ajogi, jèn mengkono ingkang warta, jekti

saolèh-olèhé, alan pajo winetonan,gegaman Soerapringga, ingkang dadi ja tetoenggoel, poetrèngong radja ing Tjina.

4. Endraséna angabekti, kawoela angarsa-arsa, karja dalem salaminé, padoeka dipoen pratjaja, dateng awak kawoela, sagendingé amba poeroen, mengsah lan wong Soerapringga.

5. Anoelya tengara aglis,woes koempoel sawadyanira, sijaga wong Giri kabèh, miwah sagegamanira, merbot lan modinira, para santri para kanoem, koempoel lir koentoel sarawa.

6. Para ketib andingini, pranakan lawan sentana, Endraséna tetindiné, balanira samya Tjina, kalin atoes prawira, sedaja pan samya tegoeh, woes mandjing Islam sedaja.

7. Woes boedal saking ing Giri, tengara moenja sahoeran, gong bèri teteg lan bendé, woes prapta madyaning rana, wadya Giri atata, sedyanira bareng ngamoek,seksana sigra oemangsah.

8. Soeraké kadya wong ratib,wong Soerabaja oeninga,sigra nata pradjoerité,wong Tjina sampoen atata, kabèh ngagem sendjata, singa kang binedil loepoet, wadya Soerabaja panggah.

9. Karsané angideg wani, noelya waoe kadinginan, wadya Giri ngamoek kabèh, wong Soerabaja atadjah, ramé tjampoeh ing joeda, soeraké lir goenoeng roeboeh, para marbot samya beksa.

10. Sedaja wadya ing Giri, tan ana darat tan kétang,bareng mara pengamoeké, sinosog ing gendjoer rangab, sinipat bedil srampang, tan kandeg pengamoekipoen, wong Soerabaja kèh pedjah.

11. Woes roesak tataning baris, ing tengah kalebon mèngsah, wadya Giri ngamoek kabèh, baris Soerabaja boebrah,mantri wor soeh lan koempra, ketawoer dènja loemajoe, wong Soerabaja kèh pedjah.

12. Wadya Soerabaja ngisis, mawoer sar-saran sikepnja, para mantri bingoeng kabèh,loemajoe séwang-séwangan, datan nonggga poelia, semana kesapoet daloe, kang amboeroe samya sajan

13. Wong Giri woes samya bali, wangsoel marang Giri poera, woes marek pandita alon, matoer jèn oenggoel kang joeda, wadya ing Soerabaja, katan mati katan tatoe, oepami tetambak merang.

14. Pandita soeka miarsi, atoeré para sentana, toewin sang Endrasénané, kekèdjèk matoer anembah, goesti raosing manah, sanadyan woewoeha sèwoe, dèrèng oelap ing ngajoeda.

15. Wong Soerabaja woes giris, koela amoek boebar-boebar, genti ingkang winiraos, wong Soerabaja woes séba, marang ing goestinira, sedaja sareng oematoer, ngatoeraken pedjah gesang.

16. Kawoela tiwas ing kardi, abdi dalem katah pedjah, wadya alit katah lungé, kaboeroe kapontal-pontal, déning bala ing Djina, amatitis tegoeh-tegoeh, sedyanipoen laboeh pedjah.

17. Poen Endraséna ningihi, wadyané sami waspada, datan loepoet pambedilé, mila abdi dalem boebar, pangéran doek miarsa, ing ngatoeré pra toemenggoeng, langkoeng soesah ing tyasira.

18. Ing manah kelangkoeng miris, angrasa nora kewagang, dadya tan karja papoelèh, ratoe Wandan ika mijat, jèn raka langkoeng soesah, aris dènira oematoer, ing raka sarja toer sembah.

19. Jèn mekaten ing ngadjoerit, kawoela anedja lilah, mangké koela tandangané, kang raka alon ngandika, doeh mirah goestiningwang, ratoeningsoen sang lir santoen, kaja paran karsanira.

20. Wadyanira nimas goesti, mapan oewis akèn pedjah, kang garwa aris atoeré, sok oega sampéjan lila, menawi ta kawoela, saget moelihaken poeroen, kang raka alon ngandika.

21. Sakarsanira mas jaji, pan ingsoen nora soewala, teka anoet woeri tané, sigra anoelya ranina, djeng ratoe Wandan medal pinarak tetaroeb agoeng, sekalijan ingkang raka.

22. Sinéba ing para mantri, sang ratoe Wandan ngandika, nèh balaningsoen sakèné, lan paja waratakena, iki darbèk manira, réjal amoeng woloeng èwoe, doemen sakantja srinata.

15. SINOM.

1. Peparingira sang retna, sampoen linèngsèr weradin, arta kelawan boesana, sekatané pra pradjoerit, sedaja sampoen tampi, sekatané balanipoen, dinoem kadya randjapan, sedaja sampoen weradin, saroepané pradjoerit para prawira.

sentana, toewin sang
sti raosing manah, sa-
gajoeda.
amoek boebar-boebar,
es séba, marang ing
eraken pedjah gesang.
m katah pedjah, wadya
, déning bala ing Tji-
aboeh pedjah.
mi waspada, datan loe-
ngéran doek miarsa,
oesah ing tyasira.
sa nora kewagang, da-
ijat, jèn raka lang-
ka sarja toer sembah.
a aneda lilah, mang-
ka, doeh mirah goes-
, kaja paran karsani-

s akèn pedjah, kang
menawi ta kawoela,
gandika.
nora soewala, teka
eng ratoe Wandan medal
raka.
Wandan ngandika, nèh
iki darbèk manira,
srinata.

ngsèr weradin,arta
edaja sampoen tampi,
, sedaja sampoen we-

2. Ratoemas Wandan ngandika, ija kabèh bala mami,.sakèhé gandjaraningwang, pada gonen angingonmi, marang ing enak rabi, jèn bésoek kalamoen mantoen, teka negaranira, pan ingsoen anoeli moelih, mring Mentaram ngatoeraken pedjah gesang.

3. Pan karoewan perangira, angrasa nora ngoendili, soen matoer mring kangdjeng soeltan, jèn sampoen kalah adjoerit, pan tita woes kadjodi, prawira pada kaboeroe, pra mantri katah pedjah, atanapi kang wadya lit, pra prawira oematoer sarwi karoena.

4. Para mantri atoer sembah, atoeré sarwi anangis, doeh goesti teka mangkana, padoeka adarbé kardi, tanpa ngrasa kang abdi, kawoela goesti anoewoen, ing padoeka Ratoe Mas, jèn kénginga ingkang abdi, nadyan remoek abdi dalem Soerabaja.

5. Pradjoerit matoer sadaja, doeh goesti ing béndjing éndjing, oeloen aprang kalih Tjina, kawoela dèrèng oedani, moengsoeh pandita Giri, ing ngaprang gagedènipoen, kang aran Endraséna, waspada angagem bedil, pan kawoela kedan gegandèngan kontja.

6. Sikep kang kawratan nandang, goemoeroen angadjak djoerit, lah pajo pada aperang, moempoeng lagi soegih wani, pesti jèn sèwoe sisih, pesti winales ing lampoes, saweneh ana ngoetjap, ingsoen wani sèwoe sisin, tanpa karja jèn wedi anandang brana.

7. Ratoe Mas alon ngandika, lamoen sira wani djoerit, apan ingsoen arsa wikan, rakité wong mangoen djoerit, kapéngin soen oedani, tatraping wong aprang poepoen, kabèn samya toer semban, sampoen padoeka ningali, tanpa ngrasa pradjoerité ting prangah.

8. Ratoe Wandan angandika, oedjaré leloehoer mami, pradjoerit kasoeb ing djagat, ing Djawa tan olèh tanding, rama pradjoerit loewih, pesti ingsoen ajoen weroeh, tingkahé wong ngajoeda, pra mantri samya toer bekti, jèn kawoela teksih wonten ngalam doenja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

9. Kènginga boten kènginga, angoer kèndela ing mangkin, étjaha poelang asmara, sampoen pandjenengan djoerit, toeloesa dika goesti, wonten ing tetaroeb agoeng, kawoela kang magoeta, jata waoe kang winarni, kangdjeng soeltan Mentaram lagya sinéba.

10. Pepek kang para poenggawa, miwan ingkang para mantri, tanapi para sentana, sedaja samya anangkil, miwan wadya pasisir, aglar nèng tetaroeb agoeng, boesana warna-warna, jèn tinon langkoeng respati, abelabar sagoeng boepati kang séba.

11. Kangdjeng soeltan ing Mantaram, pangandikanira manis, hèh sagoeng mantja negara, miwan wadya ing pasisir, sira paḍa soen toeding, marang Djakarta angloeroeg, ija karané apa, Welanda nèng negri mami, déné nganggo akarja biting santosa.

12. Si toemenggoeng Bahoereksa, lawan Madoera dipati, sira ingkang nindihana, sagoeng wadya ing pasisir, lawan Mantjanegari sira kang dadi pengandjoer, miwan wadya Pasoendan, kerigen adjane keri, atoer semban sira dipati Madoera.

13. Sang nata koendoer ngeḍatyan, loeweran kang samya nangkil, woes mantoek sowang-sowangan, woes prapta ing dalem nèki, wadya bala rinakit, kang baḍé boeḍal angloeroeg, sira pangran Madoera, nimbali ingkang prajoerit, kinèn samya sija ga kapraboning prang.

14. Sagoeng wadya ing Madoera, sedaja woes samya prapti, kang toewa anom sadaja, pangéran Madoera angling, marang kang para mantri, toewin sentana sedaroem, lan kabèh sanakingwang, soen wetara awak mami, nora moelin marang nagri ing Mentaram.

15. Senadyan silih menanga, woes karasa ingkang ngati, sareng miarsa ingkang garwa, ing woewoes sareng anangis, sesambaté mlasasih, saroepané anak poetoe, djaloe lawan wanoedya, sedaja oemyang anangis, kados poendi kijani polah kawoela.

16. Déné gènira ngandika, teka memarasi ati, kang raka alon ngandika, pan woes karsaning nyang Widi, dèn betjik sira kari, nora woeroeng sira noesoel, dèn pratjaja ing Soeksma, tan gingsir lara lan pati, nora wenang kawoela lamoen milija.

rèndela ing mangkin,
ran djoerit, toeloesa
kawoela kang magoeta,
Mentaram lagya sinè-

ingkang para mantri,
l, miwah wadya pasisir,
-warna, jèn tinon lang-
ang séba.
angandikanira manis,
g pasisir, sira paja
ija karané apa, Welan-
iting santosa.
Madoera dipati, sira
sir, lawan Mantjanegari
asoendan, kerigen adja-

waran kang samya nang-
rapta ing dalem nèki,
oeroeg, sira pangran
èn samya sijaga kapra-

woes samya prapti,
angling, marang kang
kabèh sanakingwang,
nagri ing Mentaram.
a ingkang ngati, sa-
reng anangis, sesamba-
lawan wanoedya, se-
polah kawoela.
i ati, kang raka alon
lèn betjik sira kari,
ng Soeksma, tan ging-
oen milija.

17. Sigra pangéran Madoera, woes sijaga ing ngadjoerit, sentana pepek sedaja, miwah boepati pasisir, samya dipoen oetoesi, kinèn sahosa ing lahoet, sigra ki Bahoereksa, pan sampoen oetoesan malih, kinèn tjawis sadandananing ngajoeda.

18. Wong Mentaram pinartiga, sadoeman toemoet adjoerit, kang rong doeman toenggoe poera, lan sagoeng mantja nagari, lijané woes kinerig, marang Djakarta angloeroeg, pangéran ing Mentaram, samya lajar nèng djaladri, miwah ingkang para toemenggoeng dipatya.

19. Mantoek marang ing Madoera, toewin wadya balanèki, sampoen sijaga sadaja, tanapi wadya Garesik, Lamongan lan ing Toebin, ing Lasem lawan Sedajoe, Rembang lawan Djoewana, ing Koedoes miwah ing Pati, Tjengkal sèwoe ing Demak lawan Djepara.

20. Terbaja lan ing Semarang, Kendal Batang Lèpèntangi, samya mantoek séwang-séwang, Pekalongan Wiradèsi, Pemalang lan ing Tegil, ing Barebes sampoen mantoek, kang djaga ing lahoetan, wong Sampang sarowangnèki, marijemé pinasang anèng bahita.

21. Djeng pangéran ing Madoera, woes boedal sawadyanèki, datan kawarna ing marga, ing Ngastina sampoen prapti, sagoeng pasisir sami, ing bang wétan sampoen rawoeh, ing Sampang lawan Toeban, woes tata kang palya sami, sampoen medal saking moehara Madoera.

22. Sami prapta ing Ngastina, sagoeng boepati pasisir, sedaja dandan bahita, kang kilèn sampoen atjawis, pangéran Madoera ngling, marang wadya poenggawa goeng, kang sami darat lampahnja, bésoek tjampoen bareng mami, woes tengara boepati Madoeraredja.

23. Sampoen anitih bahita, sagoeng kang para dipati, sampoen samya babar lajar, kang palya awarni-warni, lajar katempoeh ngangin, kang palya lampahnja asroe, sampoen silem daratan, ting galebyar tinon asri, samya mentas nèng Tjerebon tata-tata.

24. Tan antara sampoen mangkat, saking Tjerebon nagari, tan kawarna ing lahoetan, ing Djakarta sampoen prapti, mentas anata baris, ing Madoera pondokipoen, kidoel wétaning koeta, sagoeng wadya ing pasisir, sampoen ngepoeng saking sadjabaning

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kita.

25. Wong Djakarta sampoen obah, wong Djawa samya ambalik, marang dipati Mandoera, amoengta kari koempeni, Welanda ngatimarang dipati Mandoera, amoengta kari koempeni, Welanda ngati-ati, boeloewartinira moenggoel, marijem woes tinata, goemat lawan goetoek api, pan Welanda sadina-dina poejengan.

26. Panggedéné wong Walanda, kang marèntah wong koempeni, kapitan Djangkoeng wastanja, dedegira ageng inggil, ing sabrang tanpa tanding, aprang lan kapitan Djangkoeng, kapitan kang satoenggal, awasta Bélem pradjoerit, satoenggalnja kapitan Endraprawira.

27. Kapitané malih ika, Tjetoe ing namanirèki, Djondro kapitan panjarsa, kelawan kapitan Weling, katerè kang satoenggil, Kewoloe kapitan Gebyoek, pétoripoen sekawan, nembelas bangbang pangarsi, lopèrèsé apan ija selawé prah.

28. Sadina-dina melatar, tamboeré brangbrangan moeni, woes ambek pedjah sedaja, Walanda tjilik atintrim, apan tan wani midjil, jata wadya ing Mentaroem, tinata barisira, wong pasisir wétan prapti, wong Loemadjang tanapi wong Kapoegeran.

29. Ing Renon lawan ing Malang, Pasoeroean lawan Bangil, pan lagya mentas sadaja, kang medal djarat pasisir, pangéran Madoerèki, nimbali para toemenggoeng, sampoen pepek sedaja, remboeg pengandjoering djoerit, pra dipati tinata kéring ing kanan.

30. Sagoeng boepati Pasoendan, kang dadya tetindihnèki, sira pangéran Soemedang, Parijangan woes abiting, lan Tjarebon dipati, wong Prijangan tindihipoen, Tjihamis lan Tjiantjang, toewin ing Ngèmba negari, ing Tjiandjoer ing Pandoeng Parakanmoentjang.

31. Limbangan ing Sokapoera, sedaja sampoen arakit, toewin dipati Kerawang, pangéran Dremajoe baris, pangran Tjerbon nindihi, toewin Bogor lan Dermajoe, gènja baris Pasoendan, kidoel kilèn biting nèki, wong pasisir barisé pinara tiga.

32. Sampoenira tata-tata, sagoenging baris pasisir, para boepati woes prapta, ana kang medal djeladri, kang djarat pan

anggili

anggili, kadya goenoeng alelakoe, lir ombaking samoedra, lajeng sijaga bebiting, pan awendran bitingé akapang-kapang.

33. Ki Adipati Madoera, nimbali para boepati, pasisir lawan Pasoendan, Parijangan sampoen prapti, pangéran alon angling, jèn wong Djawa oewis metoe, kang anèng djroning kita, sséba marang ing mami, ing djro koeta amoeng kari si Walanda.

34. Ki Bahoereksa toer sembah, jèn pareng lawan kijahi, ingkang medal ing lahoetan, wonten ingkang dèrèng prapti, dingin pan sampoen djandji, ing ngajoeda sareng leboer, gepoek kita Walanda, poenika lamoen soewawi, jèn woes prapta tinata ing kalih dina.

35. Dipati Madoeraredja, anoeroet atoeré sami, ki toemenggoeng Bahoereksa, tanapi mantri pasisir, Tjarebon angrembagi, medalé ing kalih daloe, nenggin genti kotjapa, kangdjeng Soeltan ing Mentawis, anèng poera pinarak lan para garwa.

36. Kalih pangéran Poerbaja, djeng soeltan ngandika aris, lah oéwa noesoela ènggal, angajoemana ngadjoerit, djengandika toewèni, gegaman kang medal nglanoet, nanging wekas manira, sampoen andika temeni, lanta oewa kinarja tanda kéwala.

37. Panembahan Poeroebaja, matoer sandika noelyamit, woes medal saking djro poera, lajeng pangéran loemaris, nanging tan bekta baris, loemampah lan wajah soenoe, kapedak para loerah, amoeng poenika kang ngiring, tan winarna sampoen rampoen ing Djepara.

38. Doek semana Panembahan, kagoengan palya pribadi, awasta poen Kaladoeta, asri koekoen palyanèki, pangéran sigra nitih, nengan katoet angin lahoet, lampahnja langkoeng keras, kotjapa ingkang roemijin, adipati Madoera kala semana.

39. Atas amijarsa warta, Panembahan noesoel djoerit, pangéran Madoeraredja, roemaos wirang tan sipi, lampahé dèn toempangi, anoelya tengara oemyoeng, dipati Banoereksa, woes anata pra dipati, wong pasisir barisé sampoen koemerab.

40. Miwah kang medal nglahoetan, wong Sampang sigra njarengi, soeraké lir goenoeng reban, Walanda woes ngati-ati, jèn arsa dèn oenggahi, sigra atengara tamboer, koempeni woes melatar

tar, marijemé woes miranti, goetoek api goemat kelawan goernada.

41. Sampoen atata sadaja, kastabelé angadepi, saradadoe woes bergadan, soenapan sikeping djoerit, Walanda sakoempeni, tetindih kopral tateloe, lopèrèsé satoenggal, saréjané pan sawidji, tataning prang koempeni sareng senijata.

42. Walanda kang sapergada, kapitané pan sawidji, sarèhané pan njatoenggal, lopèrèsé sidji-sidji, pan sampoen angideri, kang anèng lor wétan kidoel, kilèn pan sampoen tata, goena-goena kang pinilih, poen Walanda pan namoeng kawan bergada.

43. Kapitan Djangkoeng adjaga, wong koempeni dèn ideri, apan sami pradjandjéjan, sedaja bareng ngemasi, adja goemingsir pati, Walanda barenga gempoer, pan samya ambeg pedjah, tan ana kang nedya oerip, pan woes djandji boeboehan oengkoer-oengkoeran.

16. PANGKOER.

1. Walanda masang senijata, kidoel wétan sampoen bedil-binedil, baris koempeni lir mendoeng, mrijem tarab pinasang, ingkang ngléla goemat goernada masboen, goetoek apiné pinasang, kalatakané angapit.

2. Soenapan pating galebyar, pan goemerah tamboer baroengan soeling, kapitan Djangkoeng nèng kidoel, djadjar kapitan papat, kang anama kapitan Nodoer lan Gebyoeg, Nodras kapitan pangarsa, kalawan kapitan Weling.

3. Pangran Madoera tengara, pra dipati kinèn oemagoet djoerit, sigra tengara goemoeroen, soeraknja asahoeran, karsanira djro koeta arsa ginepoek, kang bedil awor lan soerak, pra dipati ngantep djoerit.

4. Wong pasisir samya rampak, wong koempeni prajitna ing ngadjoerit, sinoeled marijemipoen, lir goentoer asahoeran, ting djalegoer moengsoeh rowang bedilipoen, sinoengsoenan ing goernada, goernat lawan goetoek api.

5. Soenapan lir goenoeng rebah, datan angsal sinoesoen goe-

toek

toek api, tanpa roengyan myang pandoeloe, mimis tiba lir oedan, apan riwoet kang joeda pating baloeloeng, peteng koekoes alimengan, kadya woen-awoen ageni.

6. Ramé dènja abedilan, wong pasisir katan ingkang ngemasi, toewin ingkang njandang tatoe, sagoeng para dipatya, maksih soera anregaken wadya agoeng, langkoeng pringganing ngapapan, pan meksih soedirèng djoerit.

7. Koèmpeni bèndrong soenapan, kalataka masboen lan goetoek api, marijem goemat goemoeroeh, kadya prawata bentar, ambyor mimis dinoeloe lir lintang roentoeh, wong pasisir sareng pedak, katradjang norana oerip.

8. Tan ana mangga poelija, wong pasisir akatah ingkang mati, ingkang moendoer nandang tatoe, wadya pasisir roesak, prang sadina samana kasapoet daloe, wong Djawa moendoer sadaja, wong pasisir samya tintrim.

9. Endjangira kawarnaha, sira pangran Madoera ngantep djoerit, gegaman kang anèng nglahoet, pan sampoen ingoetoessan, kinèn sareng panggepoeké kita waoe, wadya pasisir sadaja, marijemé woes miranti.

10. Walanda sampoen atata, bedil-binedil ingkang anèng pasisir, marijem anèng peranoe, mimis ngoengkoeli koeta, sinoeledan syarené lir goenoeng roeboeh, kadya baledèg kasanga, peteng dedet ing wijati.

11. Wong Djawa katan kang pedjah, wong Walanda kèh tatoe kèh ngemasi, saradadoené kèh lampoes, kopral lawan saréhan, wong koempeni semana prangira bingoeng, déning koekoesing soendawa, pati-pati dèn gagapi.

12. Wadya kang medal lahoetan, apan akèh angsalira Walandi, marijemé samya antoek, Walandi katah pedjah, tetindihé kapitan Oedroes woes lampoes, litnangé kalih woes pedjah, saréjan tiga ngemasi.

13. Apan sampoen ginentènan, kapitané litnan sampoen ginanti, apan meksih aprang poepoeh, goemoeroen babedilan, doek semana pan sampoen kasapoet daloe, pra samya rerem bitjara, wong

koempeni

koempeni samya tintrim.

14. Jata ingkang kawoewoesa, Panembahan Poerbaja sampoen prapti, angambang ana ing laboet, nitih poen Kaladosta, kapalira ageng pandjang langkoeng bagoes, apan kotjap ing tjarita, ana palya ageng prapti.

15. Nenggih kapaling Walanda, karsanira waoe sedya ngajengi, gegaman kang anèng nglaboet, ikoe kang dadya semang, pinartiga Walanda bahitanipoen, Panembahan Potroebaja, apan noelya marepeki.

16. Welanda kang anèng palya, pan sedaja sami angati-ati, marijem sinoeled sampoen, nanging djeng Panembahan, pan angadeg kang palya anander asroe, ngadeg lir teksaka lanang, warna tinon gegilani.

17. Bahita asroe naradjang, angin sanget syarané kadya bedil, angin ageng sanget nempoeh, palya baroeng lir gelap, wong Walanda palyané pan sampoen leboer, kèrem ana ing samodra, kang kekalih sampoen lari.

18. Sampoen misoewoer kang warta, panembahan Poerbaja bantoe djoerit, aprang anèng tengah nglaboet, Welanda sampoen myarsa, ingkang kèrem satoenggal kalin loemajoe, Walanda sareng miarsa, manahipoen samya giris.

19. Kasoesra marang Walanda, jèn pangéran Poerbaja langkoeng sekti, kaloka jèn bisa maboer, ija kala semana, wong Walanda atintrim sadaloe-daloe, ngawang-ngawang binedilan, semana obaté nipis.

20. Noelya énjingé semana, Panembahan palyané sigra minggir, wadya pasisir andoeloe, kang anèng ing nglaboetan, sareng minggir ingkang palya ngrampid moendoer, angrandjing anèng soenapan, wong koempeni ngati-ati.

21. Rembagé para kapitan, marijemé ingkang anèng pasisir, bedil djawarsa tinoeloep, sigra ingarah-arah, mimis pontang waoe kang kinarjamboen, seksana noelya pinèntar, mangarahira pan sisip.

n Poerbaja sampoen era
en Kalaiosta, kapali-
otjap ing tjarita,

a waoe sedya ngajengi,
ya semang, pinartiga
a, apan noelya mare-

ja sami angati-ati,
nembahan, pan angadeg
ka lanang, warna ti-

et syarané kadya be-
peng lir gelap,
èrem ana ing samodra,

mbahan Poerbaja bantoe
anda sampoen myarsa,
alanda sareng miarsa,

ran Poerbaja lang-
ala semana, wong Wa-
ang binedilan, sema-

palyané sigra ming-
g nglahoetan, sareng
ngranijing anèng soe-

kang anèng pasisir,
ah, mimis pontang wa-
tar, mangarahira pan

22. Sawenèh bedilé sigar, djeng pangéran Poerbaja marepeki, Welanda sangsaja goegoep, gègèré apoejengan, kang sawenèh bedilé marep mandoewoer, manahira boetarepan, menawa kedjer nèng langit.

23. Panembahan angandika, nèh Welanda déné kepati-pati, apa ngandelna koetamoe, doemèh kaniel toer wijar, jèn kinèna nemeni jekti soen gempoer, noendingi sarwi ngandika, bata benggang sedeng djalmi.

24. Panembahan Poeroebaja, saja bandjoer koempeni ambedili, pan étja dènira oedoed, lir mèntar wawajangan, poenakawan tetiga sami rahajoe, gantèn atoek lan lantaran, poenika kang dipoen ampil.

25. Panembahan angandika, nèn sakèné wadya bala pasisir, wis pada karija ikoe, ingsoen lajar manengan, soen djagani moengsoeh kang ana ing nglahoet, Panembahan sigra lajar, sakedap woes tan kahèksi.

26. Panmebahan Poeroebaja, sedya koendoer djateng nagri Mantewis, apan sampoen karja tatoe, pan karja gara-gara, wong Welanda sedaja manahé takoet, jèn ana mendoeng katingal, goemoeroeh dipoen bedili.

27. Dandananira mèn telas, obat mimis Welanda sampoen nipis, warnanen kang anèng kidoel, toemenggoeng Bahoereksa, Anrangbaja bidal saking bitingipoen, sakatané wong Ngastina, samya ngangseg barisnèki.

28. Welanda mimis pan telas, sakelangkoeng ngentrog dènira djoerit, kang mimis dèn koemi ngoejoeh, kinoetah lawan bérak, kang sawenèh kinoetah ing tani basoe, wong Welanda woes oeninga, wong Djawa angangseg baris.

29. Anoelya dandan sadaja, woes melatar mrijemé dèn soeledi, goemat goemada lan masboen, syarané anglir gelap, pan wong Djawa kang katiban kaboer-kaboer, ki toemenggoeng Bahoereksa, semana woes nandang kanin.

30. Katiban kang mimis sawat, poepoenira toegel angoewir-oewir, wong pasisir katah lampoes, mimis tiba lir oedan, wong

Welanda mimisé kedik kang kantoen, wetara kari sadina, tan adoe wé mimis malih.

31. Bitingira boebar-boebar, wong pasisir manahé ketir-ketir, jata kasapoet ing daloe, wong tjilik katah minggat, samya moelih morot kalané ing daloe, jata dipati Mandoera, semana arsa angrampid.

32. Kadang kadéjan sadaja, woes pinepek sadaja samya nangkil, manira arsa angamoek, koetané si Walanda, soen oenggani arsa ingsoen amoek poeroen, paja sira sesoetjia, pajo paja mati sabil.

33. Pra samya matoer sadaja, pra sentana kelawan para mantri, sedaja sareng aleboer, énidjing pan kawarnaha, ki Madoera semana pan sampoen metoe, sigra waoe atengara, benjéné ngoengkoeng ngadjrihi.

34. Welanda sampoen melatar, marijemé sedaja dèn isingi, tahi dèn wor mimisipoen, ki Madoera woes mangsah, pra sentana sedaja sareng anempoen, wong Walanda kagègèran, marijemé dèn soeledi.

35. Syarsnira anglir gelap, kang pratala lindobah gondjang-gandjing, wong Mentaram akèh lampoes, kang sawenèh aniba, noelya tangi seksana bandjoer oemagoet, kang sawenèh ana sempal, bahoené mangoewir-oewir.

36. Ana ingkang kaprawasa, djanggoet sempal goeloené rontang-ranting, sawenèn poepoené poetoeng, bandjoer dadi sesawat, kang sawenèh ana toegel wetengipoen, toegel pagas koelawéran, tan ana tawa ing mimis.

37. Ana ingkang sani sempal, noelya bali oemangsah ngamoek malih, ki Madoera sarengipoen, mimis kadi perada, noelya lèrèn mimis ingoesapan roentoen, mangsan malih ngrangsang kita, woes parek kalawan biting.

38. Wong Welanda kagègèran, mimis telas tahi kinarja mimis, dènja ngisèni kasoesoe, datan ngentèni wajah, tjapijoné kinarja tjatjidoekipoen, sawenèh sasorok tangan, wenèh sinèsèr koelambi.

a kari sadina, tan adoe

sisir manahé ketir-ke-
katah minggat, samya
ti Mandoera, semana ar-

bek sadaja samya nang-
landa, soen oenggahi
soetjia, pajo paja mati

tana kelawan para man-
tawarnaha, ki Madoera
ngara, benjéné ngoeng-

sedaja dèn isingi,
mangsah, pra sentana
gèran, marijemé dèn

ala lindobah gondjang-
g saweneh aniba, noe-
saweneh ana sempal,

sempal goeloené ron-
banijoer dadi sesawat,
el pagas koelawéran,

ali oemangsah ngamoek
perada, noelya lèrèn
ngrangsang kita, woes

s tahi kinarja mimis,
ah, tjapijoné kinar-
, weneh sinèsèr koe-

39

39. Sampoen waoe binedilan,ki Madoera sampoen angrampid biting, syaraning bedil lir goentoer, tamboeré kadoebrangan, selomprèté kadi garoedjoegan sèwoe, peteng dejet alimengan, sasoeling pating tjarengkling.

40. Wong Madoera gelagepan,samya woeroe tahi pating karempis, saweneh awak djaleboet, amoetan boelanèran, pradjoerité sedaja katah awoeroe, ting balekik moetah-moetah, tan kober oemangsah djoerit.

41. Pangéran Madoera sajah, koendoerira pan sarwi woeroe tahi, ki Madoera moengoer-moengoer, sedaja moetah-moetah, pra sentana wetara kari rong poeloeh, wong tjilik pan sampoen telas, kang oerip tan bisa tangi.

42. Samya banijoer mring bengawan,samya adoes boesana warni-warni, asalin boesana sampoen, moendoer mring pasanggrahan. ki Madoera balanipoen katah remoek, nanging maksih sami soera, pan sedya angrangsang malih.

43. Walanda pan kagègèran, panggedéné akatah ingkang mati, kapitan papat woes lampoes, litnangipoen sekawan, lopèrèsé kopral mati patang poeloeh, koempeni kang sabergada, kang kari samya atintrim.

44. Dandananira woes telas, mimis obat apan tan ana kari, manahira hijang-ijoeng, sedya pedjan kéwala, moeng tahiné kang kinarja mimisipoen,woes samya leboer sadaja, nora nèdya dèn oendoeri.

17. DOERMA.

1. Kawarnana kangdjeng soeltan Ing Ngalaga, énijing mios tinangkil, pepet wadya bala, boepati pra sentana, wong kapedjek samya nangkil, djedjel ngajoenan, tanapi kanan kéring.

2. Prijataka sampoen moenggèng ngarsa tebah, rinangkep saragèni, bandéra asinang, samya ngapit nèng marga, djagabaja n. djodipati, myang djagasoera, sedaja sampoen nangkil.

3

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

3. Wisamarta kelawan Wisapratjanda, mandoeng kelawan midji, apan sisihira, noetra myang tanoesetra, martaloeloet woes anangkil, singanegara, nirbaja myang mijanggi.

4. Patranala mangoedara sanggragnjana, namèngjoeda woes nangkil, kanoman sisinnja, gandèk lan mantri moeda, soeranata djadjar tjarik, kebajan ngarsa, apan raja kapéring.

5. Ki toemenggoeng Awoen-awoen sampoen séba, moenggèng ngarsa nerpati, pra mantja negara, pepek sedaja séba, pangéran Madioen nangkil, pangran Panoelar, lan arja Wiramantri.

6. Srinarèndra aroem widjiling wetjana, Singaranoe ing mangkin, titilaré paman, ing ngoeni Pringgalaja, kang toewa anoenggak semi, syarginé paman, pangran Pringgalajèki.

7. Ingkang anom karo pisan njentanaha, Singaranoe djoeroengi, jata kawoewoesa, panembahan poerbaja, semana pan lagya prapti, ladjeng séwaka, tjingak samya ningali.

8. Djeng pangéran moenggèng ngarsanja djeng soeltan, pangran oematoer aris, kawoela sang nata, toewan oetoes loemampah andjangkoengi kang adjoerit, dateng Djakarta, sampoen amba lampahi.

9. Sampoen karja koela tilas gara-gara, poen Welandi atintrim, sagoeng wadya toewan, pasisir katan risak, akèh abdi kang ngemasi, poen Bahoereksa, ngoeni woes nandang kanin.

10. Poen Madoera sampoen ngawaki prijangga, toempes wadyanirèki, anak poetoenira, sampoen katan kang pedjah, poen Madoera ngrangsang biting, saréwangira, moendoer nèng mimis tahi.

11. Poen Walanda obat mimisipoen telas, bérak kinarja mimis telas kédahira, sedya atetoempesan, manahira sampoen tintrim, jèn binantonan, baris saking Mentawis.

12. Pesti bedan nenggin nagri ing Djakarta, kadospoendi sang adji, karsa padoekèndira, boten silih awonna, apenet lan poen Walandi, srinaranata, woewoesé aroem manis.

13. Inggin oewa Poeroebaja karsaningwang, soeka moendoer kang djoerit, lanta wong Mentaram, ing bésoek wroehanira, ija ing sapoengkoer mami, nak poetoeningwang, jèn loenga sing Men-

tawis

tawis.

14. Kang amomong marang toeroeningsoen bèndjang, ganjèk mèntara aglis, lan Singanegara, lan sira timbalana, kang ana Djakarta djoerit, si Banoereksa, oewisena jèn prapti.

15. Ki Madoera adja moelin mring Mentaram, prenahna Lèpèntang woes sira mangkata, kang kinèn amit nemban, woes djengkar srinarapati, loemebèng poera, loewaran kang anangkil.

16. Poenang doeta woes sanéga noelya mesat, saking kita Mentawis, tan kawarna marga, woes noempak ing bahita, lajaré binabar aglis, palya petjalang, doeta kang dèn titihi.

17. Sampoen lepas lampahé praptèng Djakarta, gya mentas woes kepanggih, lawan ki Madoera, anoelya dinawoehan, kinèn moendoera adjoerit, pan djengandika, wontena Lèpèntangi.

18. Ki Madoera garèjita ing manahira, angrasa lamoen sisip, sigra noelya mangkat, sampoen anitin palya, Banoereksa dèn soedoeki, kala semana, wong pasisir atintrim.

19. Sampoen boebar wadya pasisir Pasoendan, Walanda aningali, langkoeng soekanira, angrasa lamoen gesang, woes anjana wong koempeni, jèn kangdjeng soeltan, ingkang asroe ngalimi.

20. Pira-pira soekané sakèn Walanda, woes oelih remboeg betjik, datan ngrasa gesang, dandananira telas, marmané sira noesoeli, marang Mentaram, ngatoeri boeloe bekti.

21. Kawarnana ki Madoera sampoen prapta, wonten ing Lèpèntangi, sanak poetoenira, langkoeng kawelasarsa, sahoendoerira adjoe rit, saking Djakarta, semana dèn babadi.

22. Pan wong aprang anatasi boeta kala, ikoe sangkalanèki, pangéran Mandoera, pan sampoen pinedjahan, nenggih wonten Lèpèntangi, woes ingastana, nèng Kaliwoengoe nenggih.

23. Ingkang doeta woes prapta nagri Mantaram, katoer sasolannèki, lan sagoeng dipatya, woes prapta ing Mentaram, jata waoe kang winarni, sapedjahira, Madoera kang goemanti.

24. Waoe karsanira djeng srinaranata, wong gedé kang nindhi, pangran Pringgalaja, sampoening lama-lama, srinaranata Mantawis, sedeng sinéba, pepek mantri boepati.

25. Djedjel andèr mantri kang séba belabar, noeng-anoeng

ing Mentawis, toewin pra sentana, sepoeh nèm sampoen séba, wong kapedek samya nangkil, tan kliroe prenah, sikepé datan kari.

26. Angandika sang nata mring arinira, pangéran Adipati, Silorong poenika, lan sira sijagana, ningihana wong Mentawis, adoenen aprang, ajya pépéka djoerit.

27. Belambangan lan jaji sira bedaha, lan si Pringgalajèki, lah sira ngiringa, marang ing kakangira, wadya bala ing Mentawis, sira adoewa, jèn ana wong ngoeliwing.

28. Patènana sira gawénen tontonan, lan ingsoen anggawani, djadjeneng ngajoeda, gandèk pan sanakira, Padoereksa namanèki, enaké paman, Pringgalaja soemendi.

29. Ikoe jaji ingsoen karja wakiilingwang, kalawan ikoe jaji, besanens kakang, marang si Padoereksa, ikoe pan sesoelih mami, soen enggo tingal, sisipé wong Mentawis.

30. Lahta oewis paja pradandana, sasikeping ngadjoerit, lawan wekasingwang, jèn bedan Belambangan, jèn kalan moengsoehirèki, lah bojongana, adjana kari sidji.

31. Dina soma lan jaji sira mangkata, kang raji awotsari, sang nata woes djengkar, ingiring pra bijada, kang séba woes ngrakit baris, mantjanegara, kinèn sanosa sami.

32. Tan winarna sampoen prapta dina soma, mios srinarapati, pepek kang poenggawa, mantri lan sinatrija, miwah pangran adipati, Silorèng hika, kelawan ingkang raji.

33. Ingkang nama adipati Pringgalaja, sanakipoen satoenggil, kang méloe ajoeda, sampoen pepek sedaja, sekatahé para mantri, gegamanira, ngaloen-aloen abaris.

34. Angandika sriboepati ing Mentaram, boedalena kang baris, lahta adi poma, sira dipoen prajitna, kang raji matoer wotsari, mangsah ngajoenan, ngabekti ing nrepati.

35. Sigra moendoer saking ngarsa awotsekar, boedal gaman pangarsi, mantri tindihira, wong boemidja ing ngarsa, noembak anjar anamboengi, wong boemi woentat, sèwoe kang moenggèng ngarsi.

36. Kesamboengan gegamané wong panekar, pangéran adipati,

Silorong

Silorong poenika, Sénapati ngajoeda, Padoereksa wakil adji, kang moenggèng woentat, pangran Pringgalajèki.

37. Asri tinon gegaman para poenggawa, bandéra warni-warni, lelajoené oemyang, oemboel-oemboel koemelap, toewin boesana pradjoerit, awarna-warna, kadya prawata sari.

38. Kang anitih toerangga tanpa wilangan, woes prapta djawi tadji, ebèr ambelabar,tan kawarna ing marga, kang ngloeroeg prapta Kediri, mantja negara, waoe kang dipoen anti.

39. Djagaraga Kadoewang lan Pamegatan, Madioen Panaragi, Sarengat Balitar, ing Patjé lan Tjaroeban, poenika pan sampoen prapti, Djipang Tresana, Balora dèrèng prapti.

40. Woes atata anèng nagri Pasoeroean, sagoeng bala pasisir, myang mantja negara, gaman tanpa wilangan, kadya ombaking djaladri, éndjingé boedal angloeroeg ingkang baris.

41. Woes misoewoer wong Mentaram ingkang prapta, Belambangan ginitik, samya apoejengan, gègèr sadina-dina, padésan Blambangan ngili, marang ing ngarga, wenèn ngoengsi negari.

42. Adipati Balambangan woes oetoesan, nenggih marang ing Bali, kang doeta woes mesat, mring Bali minta sraja, radja Bali woes bektani, wong pepilijan, taté bedjah negari.

43. Panggedéné kekalih sami digdaja, wastané kang satoenggil, déwa Djalengkara, déné satoenggilira, Déwa Goeng ageng ainggil, toehoe prakosya, digdaja ing ngadjoerit.

44. Pradjoerité paniji Balèlèng prawira, lan paniji Matjankoening, pamoeknja akatah, apan datan winarna, boedal sagoeng kang pradjoerit, ing Balambangan, semana sampoen prapti.

45. Tata baris adipati doek semana, poetranira kekalih, aran ki Mas Kembar, woes kinèn toenggoe poera, Belambangan sang dipati, pan sigra boedal, woes prapta ing paminggir.

46. Woes katingal pan sampoen sawang-sinawang, moengsoeh rowang kahèksi, pan sami prajitna, sami tata prawira, pradjoerité amiranti, bedil pinasang, obat mimis tjoemawis.

47. Wong Mentaram ingkang dadi gegoeloengan, pangéran adipati, Silorong poenika, kang kinarja pangarsa, sèwoe noembak anjar

nenggih

nenggih, sami prakosya, wong Pagelèn pradjoerit.

48. Mantri boemi kelawan wadya boemidja, panggedéné panoemping, pinalih barisnja, kang kerep lawan dada, Pringgalaja kang nindihi, pangéran Sampang, nindihi wong pasisir.

49. Anèng kiwa kang tengen mantjanegara, wong Bali sampoen prapti, toewin Belambangan, sampoen ajoen-ajoenan, wadya Mentaram lan Bali, tengara soerak, ramé bedil-binedil.

50. Wong Mentaram atarab samya asila, sarta anjipat bedil, ramé dènja joeda, wong Bali katah pedjah, pradjoerité woes ngawaki, sigra neradjang, prawira saking Bali.

51. Ting barekis wong Bali samya berangkang, noeroet koekoesing bedil, wong ing Belambangan, toeloep tjinatjap ngoepas, pra samya aneter wani, tempoening joeda, lir ombaking djeladri.

52. Sindoeng riwoet kang joeda woes katah pedjah, pengamoeké wong Bali, lir bantèng kabranan, kadya sradoela babal, kelangkoeng angigit-igit, wadya Mentaram, prajitna anadahi.

53. Lembing paser mimis tiba kadya oedan, wong Mentaram kèh mati, kang para nijaka, sampoen ngawaki joeda, pengamoeké mobat-mabit, para sentana, sedaja toeloeng djoerit.

54. Adipati Pringgalaja woes manengah, jèn kang raji adjoerit, radèn Padoereksa, anoelya tinoeloengan, sigra mangsah tanna kari, para sentana, remboeg ngawaki djoerit.

55. Wong Mentaram tangkepira amabyoengan, bendé moenja tinitir, gong magoeroe gangsa, teteg kaja boetoela, saroenèn pating djalemprit, monggang angangkang, tjara balèn goemyoeri.

56. Pan abaroeng soeraké moengsoeh lan rowang, koemroetoeg bedil moeni, mrijem kadya gelap, peteng pating samboerat, bèndrong binèndrong ing bedil, goemrah woerahan, kadya ngroeboehna langit.

57. Tempoehing prang Balambangan katah pedjah, toewin Bali kèh mati, wong Mentaram roesak, akèh mati ing ngoepas, paser tiba lir garimis, wadya Mentaram, kèh bingoeng nora éling.

oerit.
a, panggedéné panoem-
ada, Pringgalaja kang
sisir.
a, wong Bali sampoen
ajoenan, wadya Menta-
inedil.
sarta anjipat bedil,
praijoerité woes ngawa-

gkang, noeroet koekoe-
jinatjap ngoepas, pra
baking djeladri.
ah peijah, pengamoeké
oela babal, kelang-
a anadahi.
n, wong Mentaram kèh
da, pengamoeké mobat-
t.
jèn kang raji adjoe-
, sigra mangsah tama
.
n, bendé moenja tini-
ela, saroenèn pating
n goemyoeri.
rowang, koemroetoeg
ing samboerat, bèn-
n, kadya ngroeboehma

peijah, toewin Bali
ng ngoepas, paser
ong nora éling.

58. Pengamoeké wong Mentaram kadya sétan, wong Bali anglir belis, wong Bali kèh peijah, kari pandjang toembaknja, gegaman gandjoer mapoelih, jèn poepoeg ika, pinantjas landep malih.

59. Pan wong Bali Belambangan katah peijah, prangira woes kalindih, pan samya loemadjar, ngoengsi marang pondokan, sampoen kesapoet ing wengi, wadya Mentaram, kang boeroe samya bali.

60. Djeng pangéran Silorong sareng toemingal, balané akèh mati, kena déning oepas, noelya sira toemedak, kang mati dipoen doeaki, waras sedaja, jèn tan kena ing mimis.

61. Enengena wonten genti kawoewoesa, sentana ing Mentawis, nenggih ingkang poetra, pangéran Pringgalaja, kelangkoeng pan dadi werit, anèng Mentaram, karja djinah lan maling.

62. Wastanira rahadèn Wangsakartika, dados maling asekti, karjané adjinah, lawan matèni tijang, kelangkoeng dados wawerit, wadya Mentaram, datan ana kang wani.

63. Milanipoen binoetjal mring Pasoeroean, Wangsakartika iki, ana ing Mentaram, tansah ngroesoehi djaman, pan sampoen miarsa warti, jèn kadangira, kalih toemoet adjoerit.

64. Sigra mangkat noesoel marang pembarisan, anoesoel ingkang raji, radèn Padoereksa, semana woes kapanggya, Padoereksa angabekti, boten anjana, kakang kepanggih ngriki.

65. Ingkang raka alon dènira ngandika, ingsoen atakon jaji, paran djoeritira, kang raji atoer sembah, kawoela ening kang djoerit, wadya Mentaram, katah ingkang ngemasi.

66. Jèn mangkono jaji gonira ajoeda, ingsoen miloe ing djoerit, soekoer soen mitija, adja awèt nèng doenja, wirang temen soen ningali, para sentana, kadangingsoen Mentawis.

67. Angoer ingsoen matija anèng paprangan, jèn daloe soen amoeki, jaji moengsoehira, wong Bali Belambangan, mengko soen amoek ing wengi, lamoen rahina, sira kang ngamoek jaji.

68. Sampoen rembag kang raji lawan kang raka, kang raka sigra awit, kang raji toerira, koela boten toemoeta, ingkang raka angling bengis, hèh jaji adja, doedoe gawémoe bengi.

69. Sampoen mesat rahadèn Wangsakartika, woes prapta djawi

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

biting, sampoen linoempatan, praptèng djro biting ika, sigra ra-
dèn ngamoek wani, wong Belambangan, gègèripoen sawengi.
70. Apoejengan djron koeta toembak-tinoembak, samya réwang
pribadi, wong Bali kèn pedjah, miwah wong Belambangan, kang nga-
moek datan kahèksi, bangoen rahina,noelya dipoen oendoeri.
71. Nanging maksin gègèripoen apoejengan, malah toemekèng
éndjing, pan sampoen rahina, gegaman sampoen tata, karsanira poe-
lih getih, liwoeng kang nala, batoeré akèn mati.
72. Sigra mangsah wong Mentaram woes oeninga, pan sampoen ami-
ranti, noelya tempoeh ing prang, wong Bali lawan Djawa, ingkang
bedil bareng moeni, lir pèndah-gelap, bedil geng dèn soeledi.
73. Poeled awor kadya ombak nempoeh parang, kang boemi gon-
djang gandjing, radèn Padoereksa, midjil marang pajoedan, panga-
moeké mobat-mabit, noembak anigas, wangké soengsoen atindih.
74. Majit Bali lawan majit Belambangan, wor majid ing Mentawis,
pan toempang tinoempang, wong aprang katah pedjah, wong Blambangan
samya miris, tatané roesak, boebrah pan bosah-basih.
75. Radèn Padoereksa tandangé lir jeksa, sinosog ing wong
Bali, pan nora rinasa, lir pèndah pandjang poetra, sinosog ing
godong pring, wong Belambangan, joedané woes kalindih.
76. Lir andaka tandangé ki Padoereksa, salira koetah getih,
kadya singa lodra, wong Bali sampoen boebar, jata kasapoet ing
wengi, moendoer kang joeda, sagoeng wadya Mentawis.
77. Wadya Bali Belambangan samya soesah, manahé woes atintrim,
prang rahina kalah, katah longé kang pedjah, jèn bengi dipoen
amoeki, saja kèh pedjah, tamboeh polahirèki.
78. Kang anama rahadèn Wangsakartika, pangamoeké ing wengi,
radèn Padoereksa, jèn ngamoek ing rahina, mila wong Bali kèh mati,
wong Belambangan, pra samya anglolosi.
79. Pradjoerité wong Bali katah kang pedjah, Djalengkara woes
mati, sang Déwa Goeng pedjah, wong Bali sampoen telas, kang oerip
pra sami moelih, wong Belambangan, boebar kalaning wengi.
80. Woes rahina wong Mentaram pan oeninga, jèn boebar doek
ing wengi, sigra atengara, angrangsang karsanira, djroning koeta
dèn bojongi, pan sampoen mangkat, wong tjilik djedjarahi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

, biting ika, sigra ra-
poen sawengi.
oembak, samya réwang
Belambangan, kang nga-
dipoen oendoeri.
an, malah toemekèng
en tata, karsanira poe-
mati.
eninga, pan sampoen ami-
lawan Djawa, ingkang
l geng dèn soeledi.
rang, kang boemi gon-
arang pajoedan, panga-
soengsoen atindih.
, wor majid ing Mentawis,
pedjah, wong Blambangan
sah-basih.
a, sinosog ing wong
poetra, sinosog ing
es kalindih.
salira koetah getih,
r, jata kasapoet ing
Mentawis.
n, manahé woes atintrim,
n, jèn bengi dipoen
..
angamoeké ing wengi,
ila wong Bali kèh mati,
dijah, Djalengkara woes
poen telas, kang oerip
alaning wengi.
ga, jèn boebar doek
anira, djroning koeta
ik djedjarahi.

81. Ki Mas Kembar semana sampoen ketjandak, sampoen tjinekel wani, anoelya binanda, wong tjilik binojongan, wong djro koeta dèn tjekeli, jèn ana bangga, sisakna dèn patèni.

82. Wong Blambangan pra samya ngoengsi ing ngarga, adjar kang dipoen oengsi, wastané kang adjar, nenggih adjar Saloka, wadya Mentaram noetoeti, akatah pedjah, dèn amoek tanna poelih.

83. Sigra katoer mring pangéran Adipatya, noelya kinèn ngoenggahi, kang para prawira, anoelya ingoenggahan, pan sampoen prapta ing nginggil, wong Belambangan, pan samya dèn toembaki.

84. Kyahi adjar Saloka sampoen katjandak, noelya tjinekel wani, seksana binekta, doemateng pasanggrahan, woes katoer mring kangdjeng goesti, prapta ing ngarsa, ki adjar nora linggih.

85. Adipati Pringgalaja asroe doeka, ki adjar dèn parani, djineglong kaloemah, ki adjar sampoen sila, ki Pringgalaja liniring, jèn angoetjapa, wong iki liwat loewih.

86. Djeng pangéran Silorong asroe ngandika, lah sira ki wawasi, dahwèn lakoenira, teka ngoekoeni mengsah, mengko sira soen patèni, adjar angoetjap, pan nora soen singgahi.

87. Apan ingsoen tan angrasa salah karja, pan ingsoen kang dèn oengsi, karsané prijangga, prapta panggonaningwang, jèn mengko dadi prakawis, mangsa bakala, woes karsaning hyang Widi.

88. Apan ingsoen béndjang males marang sira, jèn ana ratoe loewih, gètèk bahoe kiwa, ikoe sira dèn jitna, adipati asroe angling, atjerèwèdan, anoelya dèn patèni.

89. Kyahi adjar Saloka apan woes pedjah, djisimé tan kahèksi, samya kagawokan, sagoeng para dipatya, pangéran Silorong angling, kinèn naboeha, tengara boebar moelih.

90. Wong Blambangan lanang wadon binojongan, sidji tan ana kari, miwah ki Mas Kembar, binekta mring Mantaram, seksana boebar kang baris, wong bebojongan, sampoen loemampah dingin.

91. Para mantri satrija kang moenggèng ngarsa, kesamboengan panoemping, sèwoe noembak anjar, boemi lawan boemidja, woerinè mantja negari, kang moenggèng woentat, sagoeng wadya pasisir.

ARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

92. Tan kawarna rontjèné ingkang tjarita, sampoen prapta Mentawis, pan ladjeng séwaka, marang ing pagelaran, sriboepati amiosi, katoer kang solah, pratingkahing ngadjoerit.

93. Sampoen katoer ing poerwa madya wasana, dateng srinarapati, ngandika sang nata, si Kembar oetjoelana, mesakaken botjah tjilik, pan miloe apa, kang kinèn awotsari.

94. Lan maningé oelihna ing Belambangan, ngajemena wong tjilik nandanga oepata, jèn balèla maringwang, adja anemahi betjik, woes ingoepatan, woes ingaterken moelih.

95. Sampoen koendoer srinarèndra siniwaka, kandeg ing sripenganti, gandèk Saradoela, ngandikan sampoen prapta, noelya oemadjeng wotsari, poen Saradoela,sang nata ngandikaris.

96. Kaja ngapa ing polahé ariningwang, kang dinangoe wotsari, raji padoekèndra, tangkepipoen pan wignja, sareng tjampoeh ing ngadjoerit, ki Padoereksa, angawaki pribadi.

97. Joedanipoen sekelangkoeng déning koewat, bradja datan nedasi, mengsah katah pedjah, wonten sadoeloerira, kang mangsah ngamoek ing wengi, Wangsakartika, ngamoek sadjroning biting.

98. Poetranira paman toewan Pringgalaja, ingkang dados waweri, kang padoeka boetjal, doemateng Pasedahan, pangamoeké kala wengi, wadya Blambangan, wong Bali akèn mati.

99. Saradoela telas atoeré sedaja, koendoer srinarapati, rawoeh ing kedatyan, laminja tan kawarna, kotjapa kang lagya djoerit, ing Giripoera, sira pangéran Pekik.

100. Giripoera gènja prang adina-dina, lan wadya Soerawèsti, tan ana kasoran, pepati ting djalempah, wong Soerabaja angoengkih, kadya denawa, mamangsa antoek daging.

101. Boebar laroet sakariné ingkang pedjah, wangké soengsoen atindih, tan mangga poelija, loemajoe woes kabranan, wong Giri sampoen agoesis, poetra ing Tjina, kinepoeng ing pradjoerit.

102. Poetra Tjina angamoek sawadyanira, langkoeng soediranèki, lir jeksa memangsa, pan sampoen katadahan, toempes wong Tjina kadjodi, poen Endraséna, katigas moerdanèki.

103.
Soerawèst
kang gesa
ladri.
104.
ing Soer
pradjoer
jogi.
105.
Pekik, s
toek ing
106.
ti, goes
ajogi, i
107.
wong paw
soen pra
108.
patèni,
pati oe
109.
adja sa
lah dip
110.
pra sam
bali, d
111.
keris,
dita at
112.
karsani
ngidepa
113.

103. Boebar laroet wong Giri woes sirna gempang, wadya ing Soerawèsti, pan angloed soemahap, minggah marang ing ngarga, kang gesang pan sami ngoengsi, ing djoerang wana, tanapi ing djeladri.

104. Ingkang tresna ngoengsi mring radja pandita, pangran ing Soerawèsti, lawan ingkang garwa, sampoen minggah ing ngarga, pradjoerit kang moenggèng ngarsi, jata kawarna, garwanira sang jogi.

105. Amiarsa jèn ratoe Mas Wandan prapta, garwané pangran Pekik, sigra noelya mapag, lan sagoeng kang parekan, sedaja metoek ing kori, pangran woes prapta, lan kang raji sang poetri.

106. Samya nangis garwané radja pandita, kabèh samya ngabekti, goesti paran karsa, anggèr noewoen kawoela, apoeranen sang ajogi, ieheng gesanga, poekoeloen sang ajogi.

107. Sedyaningsoen bok mantoe mring lakinira, bèh sagoeng wong pawèstri, dahat sedya papa, pandita Giri poera, moelané soen prapta ngriki, arsa panggija, dèwé lan sang ngajogi.

108. Sedyaningsoen bok mantoe mring lakinira, nora ingsoen patèni, jèn kena èlinga, noengkoela mring Mentaram, ngatoerena pati oerip, soen nora njana, lamoen mapag ing djoerit.

109. Lakinira jèn pikiré atiningwang, tekaha ngarsa mami, adja salah béla, lah mara timbalana, lan adja anggawa keris, lah dipoen ènggal, praptana ngarsa mami.

110. Para garwa seksana wangsoel sedaja, oemarak marang laki, pra samya toer sembah, goesti atoer kawoela, padoeka dipoen timbali, dateng sang nata, praboe ing Soerawèsti.

111. Noelya gepah sira sang radja pandita, dandan asèlèh keris, woes tanpa tjoeriga, sampoen prapta ngajoenan, sang pandita atoer bekti, mring sang dipatya, pandita langkoeng adjrih.

112. Angandika adipati Soerabaja, marang pandita aris, paran karsanira, mengko sira soen gawa, doemateng ing Soerawèsti, sira ngidepa, marang soeltan Mentawis.

113. Sang pandita ing Giri pan atoerira, datan lenggana goesti

ti, pan woes karsaning Hyang, wetjané kina-kina, boemi lawan ing kang isi, tan kena gotang, dadi renteng kang ngati.

18. ASMARADANA.

1. Angles manahé dipati, aningali ing mantoenja, sarwi angan dika alon, adja maras atinira, soen gawa mring Mentaram, saosa marang sang praboe, pandita matoer sandika.

2. Kawoela inggih nglampahi, sang dipati angandika, marang wadya bala kabèh, lahta sira djaganana, wadya matoer sedaja, jèn soewawi sang apraboe, sang pandita pinedjahan.

3. Milané temah adjoerit, abdi dalem katah pedjah, sangking pandita sangkané, sang dipati angandika, ingsoen nora winenang, amatèni sang awikoe, pan doedoe boeboehaningwang.

4. Ija bèndjang poetoe mami, kang anoempes ing Prawata, lahta oewis dipoen agé, anoeli sira tandoewa, seksana sang pandita, tinata noelya tinandoe, miwah sagoeng garwanira.

5. Wong tjilik dipoen bojongi, sang dipati sigra boedal, tan kawarna ing laminé, woes prapta ing Soerabaja, datan lami nèng wisma, pangéran amoeng sadaloe, sigra boedal mring Mantaram

6. Sampoen pradandanan sami, sang pandita woes binekta, pawongan ginawa kabèh, toewin ingkang radja brana, sigra anoelya pangkat, kang wadya bala aseloer, nèng marga praptèng Mentaram.

7. Woes ladjeng sowan sarimbit, ratoe Mas prapta nèng poera pangéran Sripengantiné, ratoe Wandansari prapta, ngarsané ingkang raka, seksana sigra tjoemoendoek, soemoengkem padaning rak

8. Sriboepati ngandikaris, lahta endi lakinira, kang raji atoer sembahé, inggih wonten srimengantya, sang nata angandika, lah oendangen ngarsaningsoen, parekan anoelya medal.

9. Sampoen tinimbalan aglis, pangéran malebèng poera, soemoengkem pada sang katong, srinarèndra angandika, jaji para bagé ja, pangéran nembah oematoer, kawoela kinèn anggetjak.

10. Radja pandita kalindih, poenika kawoela bekta, sedaja sanak rabiné, toewin ingkang radja brana, sedaja kahatoera, koendjoek padoeka sang praboe, srinarèndra angandika.

11. Loewih tarima ta jaji, jajimas pasijanira, déné mengko karsaningong, padita ing Giri poera, soen paringkèn mring sira, toewin kang radja branèkoe, sira jaji kang doewéja.

12. Anoewoen sang adipati, sinoengaken kang berana, tanapi radja kapoetrèn, pinaringken ratoe Wandan, sang nata angandika, wis moelija ariningsoen, maringa dalemanira.

13. Kang raji sareng wotsari, medal saking djroning poera, sampoen rawoeh ing dalemé, aglar wadya ingkang séba, miwah para bojongan, lan radja kapoetrènipoen, woes samya dinoem sedaja.

14. Sakèhé mantri boepati, ing Soerabaja wetara, woes déné pradjoerit kabèh, satrija para leloerah, tan ana kaliwatan, samya soeka kang wadya goeng, rarasing drija potjapan.

~~15~~.

19. MIDJIL.

1. Kawarnaha kangdjeng sriboepati, apan arsa mios, woes apahès lir Parta bagoesé, ingkang moelat samya lengleng brangti, woes mios tinangkil, oepatjara metoek.

2. Woes loemampah nèng ngarsa nerpati, tjèrèt lan pahidon, lawan kinang arda walikané, banjak dalang lawan sawoenggaling, katjoe myang tjepoeri, lantaran kakoetoek.

3. Ingkang ngampil samya ajoe loewih, manggoeng ajoe anom, bandjarané sedaja paminé, ingkang ngampil pedang datan tebih, samya ngrakit ngarsi, lan widjahanipoen.

4. Wirabradja lan bradjanalèki, mijangga tan adoh, patrawisa lan patrajoedané, djagasoera sisih djodipati, midji myang pinilih, djagabaja ngajoen.

5. Moeng poenika ingkang syara moeni, asri lamoen tinon, langkoeng resmi pinirsa syarané, woes adangoe sang nata tinangkil, jata sriboepati angandika aroem.

6. Amariksa kantaning ngadjoerit, ing Blambangan kang wong, sapa ingkang amodjok djoerité, samya matoer sedaja pra mantri, poekoeloen roemijin kang rosa prangipoen.

7. Kang nadahi prangipoen wong Bali, pan djadjeneng katong,

Padoereksa anenggih wastané, wonten sadèrèkira satoenggil, angamoek ing wengi, pan prawira tegoeh.

8. Wangsakartika goesti namèki, ngandika sang katong, ikoe sapa mengkono djenengé, déné ingsoen pan doeroeng oedani, sigra awotsari kang dinangoe matoer.

9. Anakipoen poen paman roemijin, Pringgalaja mangko, ingkang dados waweri nagriné, pan roemijin ingkang dados maling, kaber mring sang adji, milané katoendoeng.

10. Angandika kangdjeng sriboepati, ja wong sanak anom, lamoen ana ija pakèwoehé, sanak toewa pesti laboeh djoerit, kapindoné isin marma ngamoek daloe.

11. Lahta ikoe timbalana aglis, sébaha maringong, lan si adi Padoereksa agé, pan soen djoendjoeng linggija dipati, ran Dipasanèki, djoemenenga toemenggoeng.

12. Mantri gedé djadjarira sami, sèwoe kang babengkok, pra santana angèstrèni kabèh, pan woes djengkar sang nata tinangkil, gya malebèng poeri,para garwa metoek.

13. Tan winarna laminira mangkin, miarsa sang katong, ing Soemedang Ngoekoer pembaliké, langkoeng doeka djeng srinarapati, gya mios tinangkil, sinéba wadya goeng.

14. Para mantri pra samya oedani, jèn doeka sang katong, ingkang séba kondjem siti kabèh, langkoeng adjrih doekaning nrepati, tan ana koemlisik, pra samya toemoengkoel.

15. Ngemoe doeka sang nata dènja ngling, Dipasana goepoh, lah getjeken Ngoekoer pembaliké, ikoe bangga marang djeneng mami toempesen toemoeli, Soemedang lan Ngoekoer.

16. Dipasana toer sembah wotsari, ngandika sang katong, lah gawanen balaningsoen kabèh, wong Boemidja kelawan wong boemi, noembak anjar sami, adoenen prang poepoeh.

17. Para mantri sedaja wotsari, ngandika sang katong, lan maningé jèn katah djoerité, lah toempesen adja kari sidji, wongé lanang sami, sandika toeripoen.

18. Woes loewaran sang nata tinangkil, rawoeh ing kadaton, ingkang séba sampoen boebar kabèh, kang tinoeding sijaga nga-

djoerit

djoerit, pangran Tjerbon nenggih, kang dingini lakoe.

19. Byar rahina woes tata kang baris, gaman gedé ambyor, kang saparo miloe ing joedané, ing leloeroeng kebeg déning baris, tinengaran aglis, boedal gaman ngajoen.

20. Wong tengahan loemampah ing ngarsi, lan pasisir koelon, wong boemidja soemamboeng woeriné, noembak anjar tanapi wong boemi, sèwoe moenggèng wingking, panggedéné poengkoer.

21. Asri tinon kapraboning djoerit, lir prawata kobong, pan angloeroeg gegaman lampahé, tan kawarna prapta Kedoe baris, ladjeng lampahnèki, ing Banjoemas rawoeh.

22. Pakoempoelan sagoeng pra dipati, wong pasisir koelon, woes kinerig sawadya balané, ambelabar sagoeng ingkang baris, ladjoe lampah nèki, gegaman aseloer.

23. Kawarnaha ingkang sampoen prapti, pinatah ponang wong, kaperapat ikoe barisané, wong Tjarebon wong Banjoemas baris, kilèn dèn enggoni, ing Ngoekoer kinepoeng.

24. Wong pasisir kidoel dèn barisi, wong Bagelèn elor, wong boemidja miwah wong boeminé, woes kinepoeng atap ingkang baris, datan mrèdjèl sidji, kang baris atepoeng.

25. Wong désané sampoen dèn bojongi, sakèhé wong wadon, ingkang lanang pinedjahan kabèh, arsa ngamoek anging tan koewawi, wong koeta atintrim, mila kongsi koeroe.

26. Jata remboeg sagoeng pra dipati, angrangsang kedaton, miwah ingkang para mantri kabèh, sigra nembang tengaranira glis, mangsah ingkang baris, sareng ngangsegipoen.

27. Ing djro koeta gègèr samya nangis, pawèstri goemoeroh, boepatiné woes mentil atiné, pradjoerité tan kena tinari, woes angrasa mati, boedinira koewoer.

28. Wong Mentaram pra samya nglebeti, wong koeta arijon, ingkang wani tan rembag batoeré, sigra mangsah gaproek noeli mati, ambyoek sagoeng baris, wong koeta tinempoeh.

29. Adipati Soemedang woes keni, benekta poenang wong, ing djro koeta binojongan kabèh, gedé tjilik tan wonten kang kari,

woes

woes ginawa midjil, tangisira oemyoeng.

30. Wong ing Ngoekoer apan samya , tjatjah sèwoe kang wong, radja brana djinadjahan kabèh, Dipasana sigra angoendangi, sagoeng pra dipati, remboeg sigra moendoer.

31. Pan koemerab kang bala loemaris, bojongan goemoeroh, pan woes boebar sedaja barisé, tan kawarna marga sampoen prapti, negari Mentawis, katoer ing sang praboe.

32. Dipasana ngandikan mring poeri, moenggèng ngarsa katong, srinarèndra alon timbalané, lah bagéja tekamoe ngadjoerit, baja olèh kardi, gènira angloeroeg.

33. Atoer sembah kang sinoengan angling, poekoeloen sang katong, tijang Ngoekoer pan kawon djoerité, èstrinipoen kawoela bojongi, wong lanang kang mati, tjatjahipoen sèwoe.

34. Sawarnané berana pan enting, katoera sang katong, srinarèndra asoeka galijé, amiarsa atoering dipati, Dipasana midjil, jata kang winoewoes.

35. Salaminja soeltan madeg adji, kedatoné loro, ing segara kidoel satoenggilé, Njahi Kidoel kagarwa nerpati, mila sriboepati, kalih poeranipoen.

36. Njahi Kidoel apan doedoe edjin, doedoe peri mangko, perajangan poenika djatiné, saking manoengsa trahing nrepati, praboe Moendingwangi, nenggih kang djedjoeloek.

37. Doek pepoetra waoe sira brangti, kalih moelat kang wong, poetra poetri pan garoet galijé, woes pinasti déning Soeksma loewih, waoe dènja noenggil, dadi njahi Kidoel.

38. Kangdjeng soeltan arsa atjengkrami, boedal sing kadaton, Pamantjingan samana djoedjoegé, sampoen prapta tepining djeladri, sekatahing peri pra samya ametoek.

39. Njahi Lara pan sampoen loemaris, ametoek sang katong, edjin peri samya ngiring kabèh, sagoeng oepatjara dèn gentèni, njahi Rara aglis, kinanti sang praboe.

20.KINANTI.

1. Oepatjarané sang praboe, tinampanan déning peri, sawar-

nané

nané oepatjara, peri ingkang sami ngampil, manoengsya datan oeninga, gegawané dèn gentèni.

2. Samya getoen manahipoen, kawarnaha sriboepati, loemampah kekantèn asta, sampoen malebet djeladri, kadya angambah daratan, sakedap nétra tan kèksi.

3. Dèné kang wadya bala goeng, atèmbak pinggir pasisir, apan anèng Pamantjingan, pra samya angati-ati, kawarnaha srinarèndra, anèng satengah djeladri.

4. Prapta ing kedaton sampoen, aloen-aloené tembagi, patjek soedjiné salaka, galèdèganira wesi, botrawinipoen alaras, lawang binatoer tjendani.

5. Papetètan pinggiripoen, sekaré awarni-warni, asri èndah resmi raras, sagoeng wowohan andadi, samya ngemohi sedaja, sawenèh kembang apentil.

6. Srinarèndra noelya ladjoe, kandeg ing wimana asri, ana isi parajangan, angrawit pan loewih asri, sesaka apan tembaga, sirapnja salaka poetih.

7. Binatoer peroenggoe santoen, ing loehoer salaka poetih, sawarniné palenggahan, sami kentjana kinardi, palataran sinebaran, sotya ingkang alit-alit.

8. Njahi rara aris matoer, dateng raka narapati, soeltan padoe ka katoeran, pinareka djroning poeri, srinarèndra sigra tindak, sampoen prapta siti inggil.

9. Kangdjeng soeltan sampoen ladjoe, malebet ing dalem poeri, sapraptanirèng kadatyan, pinarek nèng katil roekmi, njahi rara datan tebah, gènja pinarak soemanding.

10. Pasaréjan kendoeng-kendoeng, pinggir sinoengan kaketir, pinalisiran ing ngemas, tjineplok ing inten boemi, rennjep-renjep kadya lintang, anglir srenggana angalih.

11. Djeng soeltan Agoeng Mentaroem, nimas ratoe woes anganti, sampoen prapta pesaréjan, rinoengroem ingarih-arih, toetoeg gènnja satjoembana, woes bedah koeta ing Mesir.

12

12. Njahi Kidoel sigra matoer, dateng raka narapati, kawoela atoer oeninga, inggih dateng sriboepati, mèh poepoet djeneng padoeka, wonten karsané hyang Widi.

13. Amoeng kantoen kalih tahoen, djeneng toewan pan soewawi, ngalija saking Mentaram, atilara bala mantri, poetra kalawan sentana, miwah garwa sriboepati.

14. Toer syarga doenja sahoemoer, padoeka loepoet ing pati, ing bèndjang alam kijamat, padoeka toemekèng djangdji, mèsem ngandika doeh mirah, gènira asih ing mami.

15. Kaja ngapa mirah ingsoen, jèn ingsoen kinèn angalih, saking banget marmanira, ingsoen tarima ta jaji, kaja ngapa jèn ngalija, saking negara Mentawis.

16. Sakèhé leloehoeringsoen, pinetek anèng Mentawis, wong Djawa joetan awendran, seboeté doek maksih oerip, pan ingsoen djatiné djalma, pestiné kelamoen mati.

17. Sakatahé kang toemoewoeh, ikoe widjil saking djalmi, djin peri lan parajangan, miwah sétan lawan belis, tan pada lawan manoesya, sakatahé kang koemelip.

18. Amijarsa njahi Kidoel, pangandikaning nrepati, akèh kerasa ing nala, soemoengkem sarwi anangis, roemangsa jèn kaleresan, datan bisa anahoeri.

19. Sangdyan nangis pangkonipoen, sesambaté amlasasih, oematoer dateng kang raka, doeh kakang soeltan Mentawis, kawoela goesti naneda, dadèkena djalma malih.

20. Djeng padoeka ratoe agoeng, troes ing tingal toer sinekti, kasoeb ing rat pramoedita, jèn sampéjan ratoe adi, pangroewataning sabarang, tan ana angker asoengil.

21. Pandjenengan ratoe agoeng, apan sampoen dèn idèni, saking nagara ing Mekah, ing Djawa tan ana tanding, djoemeneng soeltan Mentaram, para ratoe samya ngabdi.

22. Dika roewat awakingsoen, pan kawoela asal djalmi, srinarèndra angandika, doeh anggèr pan nora keni, woes pesti karsaning Soeksma, datan kena owah gingsir.

23.
bèndjang
kalara,
24.
ti, sarw
sarirani
25.
retna sa
patamana
26.
ngah ing
nja, ged
27.
nanen sr
rara, sa
28.
pinarak
nawa ret

1.
kalijan,
retnajoe
boe, san
adji, do
2.
wasijat,
boetjala
goeng,
Widi, ma
3.
ajya kek
Mentawis
ngandika

23. Dénè sira lamoen toehoe, asli radja Moendingwangi, ing bèndjang ari kijamat, sira noenggal djalma malih, sangdyah anangis kalara, sesambaté amlasasih.

24. Sangdyah sanget dènja moewoen, soemoengkem pangkon nerpati, sarwi anjekeli asta, doeh kakang soeltan Mentawis, roewaten sariraningwang, kapéngin dadija djalmi.

25. Sang nata aglis anoeloeng, anjendal tjindé soemampir, sang retna sampoen ingemban, rinoengroem ingarih-arih, binekta mring patamanan, ngideraken sarwa sari.

26. Patamanan sri dinoeloe, bebatoer salaka poetih, binatjingah ing soewasa, djembangan gedah ngideri, séla tjendana batoernja, gedah biroe gedah abrit.

27. Lir kasyargan jèn dinoeloe, warnané kang taman sari, warnanen srinaranata, kang tansah angarih-arih, dateng sangdyah ajoe rara, sang nata amitoetoeri.

28. Sang retnajoe noelya lipoer, semana koendoer sang adji, pinarak kantjana moebyar, tinatrapan retna adi, tinoeroet ing nawa retna, pinggiré dinandang gendis.

21. DANDANGGOELA.

1. Pan warnanen retna ting parelik, kangdjeng soeltan pinarak kalijan, sangdyah lijangan pangkoné, ing raka sang apraboe, sang retnajoe akongah-kangih, sangdyah ingaras-aras, marang sang apraboe, sang retna kongah kangijan, sarwi mèsem oematoer dateng sang adji, doeh kakang srinarèndra.

2. Pan kawoela ngatoeri prakawis, kagoengan dalem doewoeng wasijat, sakembaran ingkang toelèn, poen Sangkelat poenikoe, kaboetjala salah satoenggil, kawoela kang roemeksa, anèng samodra goeng, sampoen makèwedi lampah, jèn sampéjan kinarsaken ing hyang Widi, mantoek mring rahmatolah.

3. Pestinipoen poenika pan waris, alereba wadya tanah Djawa, ajya kekalih ratoené, pesti kelamoen roesoeh, éwei-éwei wadya Mentawis, dadosa perajangan, wekasan aretoeh, djeng soeltan alon ngandika, ija bener karsanira ikoe jaji, pémoetira maringwang.

4. Bésoek ingsoen boetjalé satoenggil, sira mirah ingkang angreksaha, ki Sangkelat anèng kéné, lah wis karija maskoe, ingsoen medal saking djeladri, inganti wadyaningwang, moelih mring Mentaroem, nji Rara Kidoel toer sembah, amba toemoet dèrèkaken mring Mentawis, jèn sampoen praptèng poera.

5. Amba mantoek dateng ing djeladri, kangdjeng soeltan angaras ing garwa, sigra kinanti astané, sang nata noelya koendoer, praginarebek ing djin lan peri, kang bekta oepatjara, nira sang apraboe, jèn tinon pating galebyar, ingkang bekta sedaja datan kahèksi, loemaksanèng samodra.

6. Srinarèndra kadya ngambah siti, sampoen prapta tepining samodra, wong Mentaram meksih andèr, kagèt gènira doeloe, rawoehi-ra srinarapati, pan woes prapta moehara, tinampanan sampoen, sagoengé kang oepatjara, dènja pasrah lampahira kadya djalmi, nanging datan katingal.

7. Bajoe badjra lésoes angin-angin, pantjawora woes sirep sedaja, wangsoel marang samodrané, goemerah syaranipoen, saben-saben srinarapati, tjangkrama mring samoedra, anggiliri waoe, dateng sangdyah ajoe Rara, pan mangkana koendoeré srinarapati, ingiring pantja wora,

8. Sapraptané daratan sang adji, nitih garbong waoe sekalijan, nanging tan kadoeloe nakèh, sakatahé wadya goeng, datan ana ingkang oedani, kalamoen njani rara, moenggèng garbong waoe, akalijan kangdjeng soeltan, tinon resmi lampahé wadya lit alit, datan kawarna marga.

9. Rawoeh kedaton srinarapati, noelya matoer waoe njahi rara, goesti kawoela joen moelèh, sang nata ngandika roem, sarwi ngaras marang sang Ratih, mas mirah tilarana, gantèn ingkang aroem, soen anggé panglipoer brangta, sangdyah djiwit tjalekit marang sang adji, lamis temen si djenat.

10. Asoeng gantèn sangdyah saking lati, tinampanan marang srinarèndra, tinarimèng ing latiné, ingaras sang lir santoen, wanti-wanti sangdyah angikis, lèngsèr saking ngajoenan, nira sang

apraboe

sira mirah ingkang
s karija maskoe, ing-
ngwang, moelih mring
a toemoet dèrèkaken

ngdjeng soeltan anga-
ata noelya koendoer,
atjara, nira sang apra-
ta sedaja datan kahèk-

oen prapta tepining
gènira doeloe, rawoehi-
nampanan sampoen, sa-
ra kadya djalmi, na-

tjawora woes sirep se-
yaranipoen, saben-sa-
anggiliri waoe, dateng
srinarapati, ingiring

garbong waoe sekalijan,
goeng, datan ana ing-
garbong waoe, akali-
wadya lit alit, datan

natoer waoe njahi rara,
dika roem, sarwi ngaras
tèn ingkang aroem, soen
tjalekit marang sang

, tinampanan marang
s sang lir santoen,
ng ngajoenan, nira sang

apraboe

apraboe, nolèh-nolèh sang lir retna, anoet tingal sakedap datan kahèksi, warnanen srinarèndra.

11. Angedaton sinéba pra tjèti, para garwa ametoek sadaja, woes prapta ing dalem gedé, leminé tan winoewoes, madeg nata waoe sang adji, apan sampoen poepoetra, kekalih binagoes, ingkang sepoeh namanira, djinoeloekan pangéran arja Mentawis, kang troena pangéran Mas.

12. Widjil poetri saking Soerawèsti, ratoe Pekik waoe poetranira, ja ikoe maratoewané, panggih nak sanak waoe, lawan sira pangran Mentawis, déné poetra narèndra kang sawidji timoer, apan dèrèng mawi krama, ginadoehken toemenggoeng Danoepajèki, pangéran Danoepajan.

13. Kawoewoesa djeng srinarapati, animbali sagoeng pra olija, empoe domas prapta kabèh, akarja mrijem sampoen, pan wewoloe dipoen wastani, ingkang gedé prajoga, nenggih wastanipoen, ingaran Goentoerdahana, Pantjawora poenika ingkang nisihi, Pametjoet lan Soebrasma.

14. Koembarawa sisih Koembarawi, Anikoemba lan Koemba-kinoemba, empoe domas pakarjané, éram wadya Mentaroem, aningali marijem sami, samana sinengkalan, sareng soeroedipoen, panembahan Poeroebaja, pandita nem goemoeling ana ing siti, poetra sepoeh goemantya.

15. Sinoeng aran pangran Poerbajèki, arinira Prawira Taroena, Wiramenggala arinè, samya djinoendjoeng loenggoeh, mantri ageng kang dèn tindihi, samana woes alama, pan genti winoewoes, kotjapa waoe djeng soeltan, animbali toemenggoeng Wiragoenèki, toemamèng djroning poera.

16. Ki toemenggoeng Wiragoena nenggih, sampoen prapta ing byantara nata, srinarèndra lon delingé, Wiragoena sirèkoe, loemakoewa marang djeladri, laboehen keris ingwang, ki Sangkelat ikoe, boewangen ing djro samodra, ija ikoe adja angiwoeh-iwoehi, ija sapoengkoeringwang.

17. Adja kongsi ana ratoe kalih, jèn kongsija roro kang wasijat, pesti dèn waris karoné, reboetan madeg ratoe, dadya roesoeh ing tanah djawi, Wiragoena toer sembah, sampoen tampi doewoeng,

manembah

manembah pan sigra medal, sampoen mangkat lampahé marang djeladri, toemenggoeng Wiragoena.

18. Ngadeg anèng tepining djeladri, Wiragoena moelat ing samodra, sarta pinandi doewoengé, jata wonten katjatoer, aloen ageng waoe datengi, gengé sagoenoeng anak, kagyat doek andoeloe, ki toemenggoeng Wiragoena, gya binoetjal doewoeng ki Sangkelat aglis, marang ing djro samoedra.

19. Aloen ageng ingkang andatengi, sarta kelab awor pantjawora, kadya nampani doewoengé, aloen katoet ing lisoes, pan sakedap datan kahèksi, jata ki Wiragoena, aglis noelya koendoer, lampahé datan winarna, sampoen prapta ngarsané srinarapati, toemenggoeng Wiragoena.

20. Ladjeng oematoer marang sang adji, ki toemenggoeng Wiragoena nembah, sampoen katoer sasolahé, marang waoe sang praboe, amba sampoen kahoetoes goesti, nglaboeh doewoeng Sangkelat, dateng samoedra goeng, sang nata noelya ngandika, Wiragoena pepeken sentana mami, miwah kakang Poerbaja.

21. Apa dénè poetraningsoen kalih, Wiragoena atoer sembah medal, datan kawarna lampahé, samya tinimbalan sampoen, djeng pangéran Poerbaja aglis, loemebèng djroning poera, poetra kalih sampoen, djeng soeltan alon ngandika, panembahan Poerbaja dipoen bisiki, mila kakang soen oendang.

22. Pan manira woes prapta ing djangdji, woes pestiné kakang adjalingwang, woes parek Malahèkaté, kakang dèn betjik kantoen, ingsoen kakang tan amameling, mangsa bodowa sira, ing sapoengkoer ingsoen, jèn ingsoen woes praptèng léna, panemoanan Poerbaja waspanja midjil, sarjya lon atoerira.

23. Sapa sinten kang jogya gentèni, ing Mentaram sawingking padoeka, djeng soeltan alon woewoesé, lah kakang karsaningsoen, jèn pinoedjoe lan dika bèndjing, poetra dika ki Arja, Mentaram poenikoe, andika karja poesaka, dénè kakang ingkang toewa poetra mami, moeng ki Arja Mentaram.

24. Dénè poetranira ki Mas Alit, amiloea moekti nèng Mentaram, djeng soeltan telas welingé, goenoeng Mrapi djoemegoer, oedan salah mangsa datengi, segara lir kinotjak, ing samodra kidoel, djeng

soeltan sampoen sinoendang, doek semana djeng soeltan pan sampoen lalis, tangis oemyang goemerah.

25. Para garwa miwah para selir, poetra kalih anoengkemi pada, djron poera goemer syaranè, poejengan djro kedatoen, sesambaté wong sadjron poeri, akatah pinejarsa, ratoe Wandan moewoen, sesambaté lara-lara, pra sentana kang djaloe miwah kang èstri, kabèh samya karoena.

26. Atanapi ingkang pra dipati, pan garowah ing sadjroning drija, dènè mapadè sang radjèng, poejengan wong kedatoen, ageng alit samya prihatin, akatah pinijarsa, langkoeng kawlasajoen, kang para olija sigra, ingkang lajon djeng soeltan woes dèn sirami, pan sampoen ingoelesan.

27. Ki Pangoeloe lawan ketib modin, atanapi kang para olija, sampoen kinèn njalataké, sampoening salat waoe, lajon sampoen moenggèng ing katil, benekta pra ngoelama, mring ngastana sampoen, kaloewat jasa prajoga, doek syarginé soeltan datan mawi katil, séla ing ngardi Merak.

28. Tjinarita goenoeng Merak nenggih, doek koenané séla saking Mekah, mila doek soeltan syarginé, kinarja koeboer praboe, ingilènan toja awening, saking Bengkoeng wit toja, warih nradjang watoe, loemboeng binolong ing djoengkat, séla bolong warih andjog dagan adji, goemrèndjèng tibèng tlaga.

29. Kawarnaha kang lajon woes prapti, ingkang ngiring wadya ambelabar, toewin sahoepa tjarané, tan béda syarginipoen, pan goemerah kaoem adikir, goemloegoer pantjawora, boegagrag djoemegoer, sindoeng lisoes awiletan, kang pratjina ratoe trah widjiling tapi, soeltan mandjing kaloewat.

30. Ingkang ngiring sampoen boebar moelih, kang winarna waoe sadjro poera, pra garwa katah solahé, ketanggoeng wajang woejoeng sakelangkoeng amlas asih, pangran arja Mantaram, kang tansah rinoeboeng, déning pra iboe sedaja, miwah selir pipingitan samya nangis, sambaté amlasarsa.

31. Naga nenem sinaréken boemi, sengkalané djeng soeltan Mentaram, nalika ikoe mapadé, jata ingkang winoewoes, pra poenggawa

kang

kang samya nangkil, kerig wadya Mentaram, anèng ngaloen-aloen, para mantri magelaran, myang satrija angrembag badé nerpati, mila pepek sedaja.

32. Kawarnaha djeng pangéran nenggih, Poeroebaja woes anèng pasowan, alenggah ing dedamparé, sarwi ngandika asroe, wong Mentaram wroehanirèki, negara ing Mentaram, ingsoen kang djoedjoe loek, norananané sang nata, ija ingsoen kang marèntah ing Mentawis, sapa ingkang malanga.

33. Tekakena karosanirèki, pra sentana Mentaram sedaja, ingsoen moengsoehira kabèh, pra sentana toemoengkoel, miwan ingkang para boepati, mantri adjrih sadaja, tan ana kang poeroen, mring pangéran Poeroebaja, samya anoet tan ana soewalèng boedi, tan lenggana ing karsa.

34. Djeng pangéran Poeroebaja aglis, ingkang poetra anoelya tjinandak, pangran Arja Mentaramé, linenggahaken sampoen, ing dedampar gading rinoekmi, kasoer baboet sinoelam, lininggijan sampoen, djeng pangéran Poeroebaja, sigra lèngsèr pinarak wor pra dipati, lawan para sentana.

35. Sakatahé poenggawa Mentawis, tan anjana pangéran Poerbaja, lamoen mengkono karsané, dadya sangsaja takoet, sekatahé mantri Mentawis, djoemoeroeng karsanira, tan ana kang njandoeng, miwah kang para sentana, toewa anom sedaja samya ngèstrèni, dateng srinaranata.

36. Sajid sarip miwah para kadji, pra pandita toewin pra olija, pangoeloe djoeroe ketibé, sawoesnja salat sampoen, pra sentana kang sepoeh sami, kang anom ngoedjoeng samya, pra dipati ngoedjoeng, kabèh datan kaliwatan, noelya drèl kabèh kang wadya saragni, sendjata barondongan.

37. Sinahoeran kyahi Goentoergeni, kadya belah kang boemi prakempa, wong pasisir edrèl kabèh, lan mantja nagarèkoe, Parajangan Tjarebon toewin, goemroedoeg tanpa roengyan, marijem djoemegoer, kang moenggang moenja angangkang, wong pasisir gamelanira ngerangin, toewin bala ing Sampang.

anèng ngaloen-aloen,
embag bajé nerpati,

Poeroebaja woes anèng
andika asroe, wong
m, ingsoen kang djoedjoe
ang marèntah ing Menta-

a Mentaram sedaja, ing-
oengkoel, miwan ingkang
na kang poeroen, mring
soewalèng boedi, tan

ingkang poetra anoelya
ggahaken sampoen, ing
sinoelam, lininggijan
a lèngsèr pinarak wor

anjana pangéran Poerba-
aja takoet, sekatahé man
n ana kang njandoeng,
ja samya ngèstrèni, da-

a pandita toewin pra
ja salat sampoen, pra
djoeng samya, pra dipa-
elya drèl kabèh kang wa-

adya belah kang boemi
mantja nagarèkoe, Para-
a roengyan, marijem
kang, wong pasisir game-
g.

38. Ting djalegoer ingkang tjara bali, atanapi wadya Soerabaja, pan goemerah beksa tamèng, toewin kang beksa lawoeng, asri tinon kang beksa rangin, tèmbak kang sami mijat, wadya alit agoeng, pan sedaja soeka ing tyas, jèn pangéran Mentaram djoemeneng adji, djoeloek soenan Mangkoerat.

39. Sénapati ing Ngalaga nenggih, Ngabdoelrahman nenggih Sajidina, ing Ngagama kalipahé, bisikanira praboe, woes adangoe nèng pantjaniti, sang nata woes loewaran, loemebèng kedjatoen, ginarebeg ing parekan, aloewaran sedaja kang sami nangkil, woes mantoek sowang-sowang.

40. Langkoeng adjrih kang para dipati, atenapi kang para santana, tan ana malang karsané, mantja negara soejoed, miwah ingkang wadya pasisir, tan winarna laminja, dènja madeg ratoe, ing Mentaram langkoeng karta, woes kasoesra ing tanah sabrang nerpati, ratoe tanpa sisihan.

41. Tan winarna laminira mangkin, srinarèndra arsa siniwaka, ing dina soma wijosé, oepatjara woes metoe, sridoepati anoelya midjil, ginarebeg bedaja, kèhé pitoeng ladjoer, samya loemampah nèng ngarsa, samya ngampil oepatjaranira asri, koetoek lawan lantaran.

42. Katjoe emas lawan sawoenggaling, kang tjapoeri gandèk anèng ngarsa, ardawalika djadjaré, banjak djalang soemamboeng, paketjohan ingampil kapti, pedang lawan serampang, djemparing lan toeloep, épok pinatik ing retna, waos soelam ingampil ngarsa kapéring, oreg wadya kang séba.

43. Woes pinarak ing dedampar roekmi, alelèmèk baloedroe sinoelam, ngemas sekar roem gandané, ingajap para aroem, magersari anganan ngéring, pedang lawan serampang, towok tamèng boesoer, oemyang ingkang waos soelam, tinon ambyor gelatik moengoep nèng ngarsi, nganan ngéring akapang.

44. Prijantaka moenggèng ngarsa tebih, sarageni nèng ngarsa atarab, bandéra ngapit margané, wadya bala soepenoeh, samya séba ngarsa nrepati, sedaja adjrih moelat, marang sang apraboe, sang nata lenggah widjoan, warnanira sang nata toehoe apekik, praboe anom sembada.

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

22. SINOM.

1. Kang tjahja goemilang-gilang, kadyata poernama sidi, ingkang mentas kagrahanan, awenes tjahja nelahi, lir kentjana sinanging kadya Kamadjaja noeroen, saking syarga mring doenja, wong Mentaram wedi asih, pepek kabèh pra sentana asiwaka.

2. Langkoeng asri tiningalan, djagabaja nganan ngéring, asisih wong njagragnjana, mangoedara anjamboengi, kartiwangsa martèki, mijangga myang marta loeloet, ketanggoeng mantri moeda, djagasoera djoedipati, wirabradja asisih wong bradjanala.

3. Aséba wisapratjanda, bradjajoeda kang pinilih, midji sikep waos soelam, nirbaja sikep karebin, singanegara nangkil, gandèk kebajan ing ngajoen, tjarik lan soeranata, galang lolong anèng ngarsi, wong panandon gamel lawan wong nijaga.

4. Toewa boeroe wangsakarja, atèmbak moenggèng ing woeri, pra dipati moenggèng ngarsa, Singaranoe moenggèng woeri, Tjakraningrat anangkil, myang dipati Soerèngkéwoeh, pangran Tjarebon djadja Somadinaja nèng ngarsi, bandjengira boepati ing Parajangan.

5. Pra sentana samya séba, pangéran Poerbaja nangkil, pangran Silorong djadjarnja, Pamoentjang woes moenggèng ngarsi, pangran Pringgalajèki, Balitar djadjaré loenggoeh, pangéran Tepasana, Prawirataroena nangkil, djadjarira pangéran ing Martapoera.

6. Dipati Poeger aséba, myang pangéran Mangkoeboemi, lan radèn Wiramenggala, Wiragoena Wiraboemi, demang Malang anangkil, Somajoeda djadjaripoen, radèn Wiranagara, Tepèngsara Wirapati, Wirajoeda Ranajoeda anèng ngarsa.

7. Wirapoera noembak anjar, wong Boemidja lawan boemi, mantri ageng lan panekar, sedaja wadya pasisir, toewin Mantjanegari, bandjeng dènira aloenggoeh, Ranamenggala djadjar, lan Ranapraja Mentawis, djedjel andèr atèmbak anèng ngajoenan.

8. Tanapi kadang sang nata, pangéran Timoer anangkil, ki toemenggoeng Danoepaja, kang momong pangéran Alit, apan dèrèng akrami, koemala-kala sang bagoes, djadjar para sentana, angandika sri boepati, Timenggala wong Mentaram oendangana.

9. Kabèh pada anjitaka, ing mengko ta karsa mami, koeta Karta

ta poernama sidi, ing-
hi, lir kentjana sina-
ga mring doenja, wong
a asiwaka.
a nganan ngéring, asisih
kartiwangsa martèki,
mantri moeda, djagasoe-
janala.
ng pinilih, midji sikep
egara nangkil, gandèk
galang lolong anèng
aga.
oenggèng ing woeri, pra
èng woeri, Tjakraning-
pangran Tjarebon djadja
i ing Parajangan.
erbaja nangkil, pangran
ggèng ngarsi, pangran
pangéran Tepasana, Pra-
ng Martapoera.
Mangkoeboemi, lan radè
Malang anangkil, Soma-
ngsara Wirapati, Wira-

dja lawan boemi, mantri
oewin Mantjanegari, ban
jar, lan Ranapraja Men-
an.
imoer anangkil, ki toe-
Alit, apan dèrèng akra-
sentana, angandika sri
na.
karsa mami, koeta Karta

ingsoen

ingsoen tilar, karja koeta bata mami, Palèrèi soen koetani, ing tilasé rama praboe, tan arsa ngenggonana, ingsoen mingser teka ngriki, Timenggala sandika sarjya wotsekar.

10. Lan maningé soen miarsa, ing Blambangan woes ambalik, ja si Tawangaloen ika, angoengsi marang ing Bali, lah oewa dika pikir sapenedira ing lakoe, poenapa dados lampah, pangran Poerbaja toernjaris, inggih soeltan poenika kang koela rembag.

11. Ngandika pangran Poerbaja, hèh Singarnoe dèn aglis, kaja paran pikirira, miwah sagoeng pra dipati, kabèh oeroena pikir, pra dipati sahoer manoek, soemangga karsa nata, panembahan ngandikaris, jèn betjiké Singaranoe linoeroegan.

12. Mataha para dipatya, pan soemangga karsa adji, sang nata alon ngandika, lah oewa ing karsa mami, Wiragoena soen toeding, anindihana ing lakoe, lawan si Danoepaja, Ranapraja adja kari, sagoeng mantja negara pada miloea.

13. Ranamenggala miloea, miwah wong Mantjanegari, wong pasisir sapangétan, pada miloea ngadjoerit, lan palwa dèn weradin, wong pasisir kabèh ikoe, Wiragoena toer sembah, woes djengkar srinarapati, mandjing poera kang séba sampoen loewaran.

14. Ki toemenggoeng sampoen prapta, kang ngoendangi wong Mentawis, kang sami akarja bata, atanapi kang pradjoerit, boedal wadya pasisir, mantoek sijaga ing poepoeh, toewin Mantjanegara, boedalipoen angrijini, wong Mentaram kang ngloeroeg sami sijaga.

15. Sira pangéran ing Sampang, datan miloe ing ngadjoerit, woes boedal gaman Mentaram, genti waoe kang winarni, sagoeng para dipati, kang namboet karja bebanoen, saben dina namboet karja, kang ngloeroeg woes boedal aglis, ki toemenggoeng Wiragoena sakadangnja.

16. Kang dadi tjoetjoeking lampah, semaradana pradjoerit, asri ingkang oepatjara, Ranapraja anamboengi, pradjoerit pekik, asri kang bala goemoeroeh, noelya ki Danoepaja, melatar wadyanja asri, woerinira ki toemenggoeng Wiragoena.

17. Gegamané abra sinang, asri ingkang waos djinggring, waos bénang moenggèng ngarsa, toembak poetih dèn wegigi, koembala ba-

dak

dak asri, oemboel-oemboel myang lelajoe, katempoeh samirana, anglir ombak djalanidi, ki toemenggoeng langak-langak pinajoengan.

18. Wana ageng kang kamargan, roesak aplipis ing djalmi, baledoeg dadi reratan, djoerang roempil woes aradin, toewin kang medal djladri, lir peksi krenda lelakoe, kang palwa bajak-bajak, saroeni pating djalemprit, ting djalegoer tjara balèn asahoeran.

19. Salèndro asri tinembang, ana kang dipoen sindèni, ana ingkang tetandakan, sawenèh ana menjanji, étja lampahnja margi, pasisir ingkang tinoeroet, samana mesanggrahan, rereb tata angentèni, ingkang kantoen andina pan dèrèng telas.

20. Tapel wates Belambangan, ngentèni wadya kang kèri, kotjapa nagri Mentaram, dina-dina namboet kardi, pra sentana tan kari, mangkana ingkang winoewoes, pangran Alit semana, sinéba wadyanirèki, anèng wisma akapang panakawannja.

21. Ki toemenggoeng Pasingsingan, marak mring pangéran Alit, anakira Honggrajoeda, moeng poenika rowangnèki, pangéran angling aris, kadingarèn mas toemenggoeng, bajata ana karja, pasingsingan atoer bekti, inggih goesti kang abdi atoer prasetya.

22. Gih poenapa sampoen étja, galih padoeka doeh goesti, ing mangké poenapa karsa, raka padoeka ing mangkin, sampoen djoemeneng adji, padoeka maksih anglindoeng, pangéran lon ngandika, pan ingsoen tan darbé kapti, jèn kakangmas poenikoe kadangsoen toewa.

23. Apan sanakingsoen toewa, kang patoet djoemeneng adji, gegentiné kangdjeng rama, wong Mentaram angremboegi, anggentèni ramadji, pan doenoengé sembahingsoen, kadang toewa satoenggal, Pasingsingan matoer malih, adoeh anggèr padoeka teka mengkana.

24. Pangraos manah kawoela, datan étja dèn lampahi, dénéta tingal kawoela, sami lawan wong Mentawis, inggih dèrèng nglangkoengi, lamoen kadangé sang praboe, meksih nglampahi lara, kawoela miarsa warti, sawingkingé nenggih rama djengandika.

25. Kinèn atoeta kekadang, padoeka kinèna moekti, sosoranè srinarèndra, ing mangké padoeka goesti, nista padoeka tampi, meksih sami wong Mentaroem, poenika toer kawoela, jèn raka srinarapati

narapati,
26. L
padoeka m
poeniki,
ja, samya
27. W
samangsa
pra mantr
kemanisen
28. P
alirih pi
prapti, I
pinten wo
29. A
jèn dahar
poeri, wo
padoeka s
30. P
Pasingsin
bekti, dè
wonten ng
31. T
sampoen n
ran Poerb
wong kepa
32. P
ti koelar
Alit, Pas
singan sa

1. Pa
bahan win
sabarang

narapati, nadyan timoer pesti sinoengan wibawa.

26. Linoehoeraken kang lenggah, pangraos koela doeh goesti, padoeka maksih sangsara, mila kawoela atoeri, moempoeng mangké poeniki, wong Mentaram katah ngloeroeg, kang kantoen namboet karja, samya ngresoela pra sami, lan malijé kawoela sampoen arembag.

27. Wong Mentaram kang sasigar, sami kados koela goesti, ing samangsa wonten karja, padoeka tindak ing djoerit, sakatahing pra mantri, ing Mentaram reboet doetjoeng, sami dèrèk padoeka, kemanisen pangran Alit, Pasingsingan adja nari marang ingwang.

28. Pan ingsoen darma loemampah,Pasingsingan karep mami,dèn alirih pikirira, lan maningé ingsoen nganti, si bapa doeroeng prapti, Danoepaja lagi ngloeroeg, oematoer Pasingsingan, kadar pinten wong satoenggil, dipoen antos pan mangsa angentasana.

29. Apanta kadjeng kawoela, ing Mentaram moempoeng sepi, jèn dahar atoer kawoela, kawoela amoeké silib, dimèn gègèr djro poeri, wong Mentaram koela amoek, pasowan pepoengkoeran, nanging padoeka sang pekik, lamoen wonten gègèré wadya Mentaram.

30. Padoeka sampoen soelaja, djeng pangéran ngandikaris, Pasingsingan karepira, ingsoen teka anoeroeti, Pasingsingan toer bekti, dèn pratjaja goestiningsoen, sampoen awalangdirija, sampoen wonten ngarsa mami, semangsané padoeka lawan kawoela.

31. Toemindak ngamoek ing poera, pesti wadya ing Mentawis, sampoen manoet remboeg koela, ladjeng ngamoek dateng poeri, pangéran Poerbajèki, tetoeloenga sampoen leboer, sinten ingandelena, wong keparak mirong sami, milanipoen sanget ing atoer kawoela.

32. Pangéran Alit karenan, Pasingsingan sampoen pamit, goesti koelarsa rembagan, kalih abdi kang prajogi, mantoek pangéran Alit, Pasingsingan nembah matoer, lampahé sigra-sigra, Pasingsingan sampoen prapti, wismanira sagoeng kang moelat kasmaran.

23. ASMARADANA.

1. Pasingsingan pan winarni, kang bajé bedah Mentaram, Panembahan winiraos, pikoekoehé wong Mentaram, Panembahan Poerbaja, sabarang prakarèng kèwoeh, kang moempoeni ing Mentaram.

2. Langkoeng sihira nerpati, mring kang oewa Poeroebaja, linoeloesaken napasé, doek syarginé ingkang rama, Panembahan kang séda, abebengkok patang èwoe, kèringan ing tanah Djawa.

3, Mangkana ingkang winarni, Panembahan Poeroebaja, atas myarsa pengadoené, ki toemenggoeng Pasingsingan, panembahan Poerbaja, legeg amiarsa woewoes, karsané dèn sampoenana.

4. Ewed dènja tan ketawis, apikir dalem ing drija, jèn mangkana awakingong, doewé demen sengit ingwang, pengrasané tan wikan, ingsoen kinarja pikoekoeh, dadi goegoe sasétanan.

5, Alah gelar déning jekti, ingsoen ngatoeri prajitna, déné kang raji ingadon, sigra pangéran sijaga, woes sowan marang poera, anèng srimenganti rawoeh, Panembahan atoer wikan.

6. Woes katoer kinèn nimbali, panembahan sigra prapta, ing ngarsanira sang katong, sang nata alon ngandika, lah oewa ana karja, awan-awan mring kedatoen, ing djawi wonten poenapa.

7. Panembahan matoer aris, mila poen oewa oemarak, atoer wikan ing sang katong, jèn mangké raji padoeka, dèn mas Alit poenika, Pasingsingan ingkang ngadoe, angreboet nagri Mentaram.

8. Pasingsingan ratoe belis, amrih gèsèh wong kekadang, amijak wiraos awon, jèn boten sinoewoen inggal, poen toemenggoeng Singsingan, boedinira pan koementoes, akarja pogoegah napas.

9. Raji padoeka nerpati, pesti lamoen kababaran, Pasingsingan memanisé, pesti raji srinarèndra, doeroeng wroeh ing wewéka, Pasingsingan langkoeng bahoei, akarja sandi oepaja.

10. Raji padoeka nerpati, wantoe meksih pikir moeda, ingatoeran pikir awon, pestinipoen kemélikan, wong agoeng maksih moeda, kirang doega ambeg poeroen, pembangoesé Pasingsingan.

11. Pinrih wanija nerpati, srinarèndra langkoeng doeka, koemedjot padon latiné, amiarsa atoerira, panembahan Poerbaja, srinalèndra langkoeng bendoe, asroe dènira ngandika.

12. Lahta oewa karsa mami, lamoen temen ingkang warta, Pasingsingan karsaningong, inggal oewa patènana, poenikoe dadi sétan, pan mekaten karsaningsoen, kadospoendi djengandika.

13. Panembahan matoer aris, kawoela inggih sandika, poenapa

karsa

karsa sang katong, lamoen boten mekatena, pan inggih raji toewan, woes andahar atoeripoen, Pasingsingan dadi sétan.

14. Ngandika srinarapati, inggih oewa bèndjang éndjang, dika nindihana gawé, metoewa ing pambaratan, balané Pasingsingan, jèn oewa sampoen aremboeg, Pasingsingan lamoen séba.

15. Anoeli dika soedoeki, moeriané dipoen pagasa, panembahan matoer alon, kawoela inggih sandika, panembahan woes medal, ing srimenganti woes rawoeh, grahita sagoeng kang séba.

16. Wedana djro ingkang kemit, sampoen samya winangsitan, toewin mantri kidoel kabèh, wong gedong lawan kapedak, sedaja ingoendangan, dèn prajitna dina sésoek, baris pendemen kéwala.

17. Para mantri ing Mentawis, sampoen sami winangsitan, toewin pra sentana kabèh, pangéran ing Poeroebaja, woes prapta dalemira, animbali abdinipoen, para loerah sampoen prapta.

18. Loerahé wong djoedipati, awasta Sindoekalangan, leloerah satroe namané, awasta Soeradikara, troena raket loerahnja, Martataroena abagoes, leloerahé troena lanang.

19. Radèn Soemitra ambenting, leloerahé wong kapedak, Resadikara aranè, asisih Soeradinala, lawan poen Patrajoeda, Djagajoeda sisihipoen, magersari loerahira.

20. Setjadikara sawidji, asisih Somadipoera, Somataroena loerahé, pra sentana Kapoerbajan, panembahan lon modjar, bésoek ingsoen arsa weroeh, pakarjané wong Mentaram.

21. Dèné sampoen dèn wangsiti, grahita kang pra leloerah, jata woes loewaran kabèh, ing daloe datan winarna, Panembahan woes séba, kang pinilih wadyanipoen, kasinoman kalihwelas.

24. SINOM.

1. Panembahan Poeroebaja, nindihi wong namboet kardi, semana alon lampahnja, mider-mider meningali, boeboehan pra dipati, pinandjeran oemboel-oemboel, tatengran pra poenggawa, panembahan andjenengi, samya étja wong Mentaram namboet karja.

2. Sekatahé wong Mentaram, goemerah anamboet kardi, ing saprenah-prenahira, mangkana ingkang winarni, ki toemenggoeng anenggih,

waoe ingkang peksa loehoeng, rembag lawan poetranja, Anggrajoeda woes wineling, lanta koeloep ing mengko sira karija.

3. Lan sakoela warganira, Anggrajoeda woes tinoeding, lah pada dandana joeda, pan ingsoen kang andingini, ingsoen anamboet kardi, bebata pasèban kidoel, mengko awan-awanan, wong bebata jèn woes moelih, soen oetoesi dèn inggal sira praptaha.

42. Panggijé lan radja soenoe, awit saking paman adji, pangéran ing Soerabaja, poenika ingkang nagoehi, sang nata kelangkoeng doeka, dénè sang anom woes panggih.

31. SINOM.

1. Srinalèndra ing Mentaram, kelangkoeng roentik kang galih, mring kang paman Soerabaja, koemedoet padoning lati, srinalèndra Mentawis, saja kagoeloeng ing bendoe, pangéran Soerabaja, ketjatoer kala roemijin, pan bekisar kang koendjoek srinaranata.

2. Srinalèndra ing Mentaram, doekanira andatengi, mring kang paman Soerabaja, malah sampoen dèn telasi, sahanak poetoenèki, tjatjahing wong patang poeloeh, kang sami tinelasan, déning praboe ing Mentawis, kang toemingal sedaja angemoe waspa.

3. Dénéta nora piraha, dosané teka ngemasi, ki ngabèhi Wiraredja, kadoekan marang sang adji, sarajaté tan kari, kinésahaken sedaroem, mring nagri Panaraga, lami-lami dèn telasi, Wiraredja marang praboe ing Mentaram.

ARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. Doek semana tjinarita, djenengira sriboepati, béda lawan koena-koena, apan nora kadi mangkin, karsané sriboepati, sijasatira kelangkoeng, katah kang kelampahan, para mantri lan boepati, atanapi pasisir mantja negara.

5. Samya maras atinira, sekatahé wong Mentawis, dalaidjat negara rengka, anenggih katah kahèksi, pan gebyaring wijati, ing daloe lintang koemoekoes, obar-abir liweran, oedan awoe andatengi, pan akatah delaidjat negara rengka.

6. Pan katah perbawanira, goegoer kang ardi Merapi, watoe mili alorodan, oedan awoe katah prapti, awoe wedi kerikil, singa kang pinarag gempoer, laroet ingkang prawata, agiris ingkang ningali, kang saweneh anjana bandjoer kijamat.

7. Jata waoe kawarnaha, sira pangéran Dipati, ingkang moekti awibawa, kinoedang déning ramadji, anggentèni nrepati, para poetra ing Mentaroem, nadyan silih kataha, tan kadya pangran Dipati, trah koesoema ambeg adil palamarta.

8. Angapoera ing wong dosa, amoeroeki wong kang sisip, boediné lir menjan kobar, pangran Dipati Mentawis, pan saged angétjani, manahé wong minda poenggoeng, sakèhé wong Mentaram, apan samya wedi asih, apan soejoed akatah wong ingkang tresna.

9. Pangran dipati Mentaram, pan lagya mangoen wijadi, sasédané ingkang éjang, kang dadya roentiking galih, pangran Soerabajèki, apan kedik dosanipoen, kongsi toemekèng pedjah, sahanak poetoe tan kari, sédanira nèng aloen-aloen Mentaram.

10. Lan malih para sentana, satrija para dipati, tan ana étja kang manah, saroepané pra boepati, nanging pangran Dipati, kang tansah ingajoen-ajoen, prajoga djoemenenga, nalèndra anèng Mentawis, pra sentana Mentaram remboeg sedaja.

11. Nanging pangéran Dipatya, tansah winawrat djron galih, déněta meksih kang rama, djoemeneng anèng Mentawis, paran gènira ngendih, marang rama sang apraboe, mèndah lokirèng djaman, nagri lijan tepis wiring, déné mengsah tenaja lawan soedarma.

12. Pangran Dipati Mentaram, apan tansah angoelati, ingkang kinarja werana, ingkang prakosya asekti, wetara kang koewawi, angroesaka ing Mentaroem, nanging ta dèrèng angsal, kang kera-

os

sriboepati, béda lawan
ané sriboepati, sija-
, para mantri lan boe-

Mentawis, dalaidjat ne-
gebyaring wijati, ing
an, oedan awoe andate-

g ardi Merapi, watoe
woe wedi kerikil,
g prawata, agiris
joer kijamat.
Dipati, ingkang moek-
gentèni nrepati, para
, tan kadya pangran
a.
wong kang sisip, boe-
tawis, pan saged angé-
hé wong Mentaram, apan
ingkang tresna.
mangoen wijadi, sasé-
galih, pangran Soera-
mekèng pedjah, sahanak
n Mentaram.
ara dipati, tan ana
anging pangran Dipati,
enenga, nalèndra anèng
daja.
winawrat djron galih,
Mentawis, paran gèni-
dah lokirèng djaman,
naja lawan soedarma.
sah angoelati, ingkang
wetara kang koewawi,
ng angsal, kang kera-
os

os marang galih, miwitana amoengsoeh nagri Mentaram.

13. Pangéran mitjarèng nala, tan ana prajoga malih, amoeng éjang ing Kadjoran, soen karjané aling-aling, iéné prakosya sekti, pan sanget tapanipoen, pangéran ing Kadjoran, ingsoen wetara koewawi, ambedaha marang negara Mentaram.

14. Dipati Anom ngandika, kinèn waoe animbali, leloerahira tetiga, ingkang aran kyahi Sendi, Pernataka pan malih, Adangkara sisihipoen, sampoen prapta ngajoenan, ngandika pangran Dipati, teloe pisan dèn kaparèng ngarsaningwang.

15. Katiga pisan soen ioeta, atoerena soerat mami, marang éjang ing Kadjoran, poma sira ingsoen weling, poma dipoen kepanggih, matoera soen ioewé remboeg, marang éjang Kadjoran, Pernataka atoer bekti, Adangkara sampoen tampi kang noewala.

16. Katrinja samya toer sembah, woes lèngsèr ngarsaning goesti, lampahira gegantjangan, kelangkoeng dènira demit, tan kawarna ing margi, ing Kadjoran sampoen rawoeh, sira ki Pernataka, apan sampoen kintoe weling, marang sira kangdjeng panembahan Rama.

17. Kalamoen wonten kang ioeta, pangran Dipati Mentawis, apan inggih mawi soerat, pangéran Kadjoran gipih,mendak dènnja nampèni, arsa manggihi tetamoe, pan sampoen tinampanan, pasijanira sang pekik, pan ingawé oetoesan marang djron poera.

18. Kang ioeta woes tata lenggah, pan sarwi moedjar sedjati, lampah kawoela dinoeta, mring wajahta kangdjeng goesti, djeng pangéran Dipati, kinèn oemarak poekoeloen, angatoerna kang soerat, pangéran dekoe nampèni, woes binoeka kang serat sigra winatja.

19. Boekané ingkang noewala, éjang kawoela atoeri, datan wonten kang prajoga, amadangna galih mami, milanipoen poen kaki, kang jogya djoendjoeng maringsoen, inggih éjang Kadjoran, ingkang pantes soen tangisi,sesampoené dènira maos noewala.

20. Sira panembahan Rama, menggah-menggah djroning galih, baja apa kang kinarsan, djeng pangéran ing Mentawis, manira tan

andoegi

andoegi, kang serat pasemonipoen, déné ngong tinimbalan, panembahan woes loemaris, djeng pangéran Kadjoran djateng Mentaram.

21. Datan kawarna ing marga, ing Kadipatèn woes prapti, pernata katoer oeninga, mring pangéran Adipati, jèn kang éjang woes prapti, pangran Kadjroran poenikoe, aglis dènja ngandikan, dipati anom Mentawis, sigra tedak pangéran metoek kang éjang.

22. Pangéran woes ingatoeran, pangran Kadjoran agipih, pan sampoen linggihsatata, lenggah lan pangran Dipati, pangéran ngandikaris, ingkang abdi woes tinoendoeng, kantoen ki Adangkara, kyahi Sendi kang satoenggil, katigané awasta ki Pernataka.

23. Pangran Dipati Mentaram, pangandikanira manis, marang kang éjang Kadjoran, mila éjang soen atoeri, samya goeneman pikir, lan éjang menawi remboeg, negari ing Mentaram, laminé tan kadi mangkin, sami risak manahé wong ing negara.

24. Tan ana étja kang manah, para sentana Mentawis, déné praboe ing Mentaram, béda lan kang dingin-dingin, mila éjang ngong tari, kelamoen sampéjan remboeg, karsané wong Mentaram, para sentana boepati, pan manira djinoendjoeng dados nalèndra.

25. Anggentènana ing rama, djoemenenga ing Mentawis, nanging manira kèmengan, déné poenika ta maksih, djenengé rama adji, mènahta potjapanipoen, lamoen kongsi manira, amoengsoeha rama adji, ing Mentaram kaprijé polah manira.

26. Déné bapa lawan anak, koedoe areboet negari, inggih ta wirang kawoela, mila éjang soen atoeri, soen karja aling-aling, ing ngajoeda lamoen remboeg, ngreboeta ing Mentaram, manira ingkang béjani, kang gegaman oetawi kang tengran-tengran.

27. Saliré kang pradandanan, sampoen dika walang galih, pangraos manah kawoela, jèn dika èstoewa balik, para mantri Mentawis, pan sami balik sedaroem, kantoena boten katah, manira ingkang mangsiti, nanging dika kènginga soen gawé gelar.

28. Pangran Kadjoran ngandika, lamoen kènginga djeng goesti, dipoen soemené ing manah, pan negari ing Mentawis, pan kagoengan sang pekik, kalamoen séda sang praboe, sinten jogya goemantya, lija pangéran Dipati, dipoen sabar ing karsa mangsa

sandéja.

29. Sampoen anggèr gégé mangsa, pangran Dipati noelya ngling, lahta kadipoendi éjang, poenapa dika noeroeti, soen karja aling-aling, djoendjoenga leloenggoeh ingsoen, pangéran ing Kadjoran, langkoeng èmeng ingkang galih, jèn pangéran sanget ing panggoebelira.

30. Jata pangéran Kadjoran, anoelya émoet djron galih, lamoen darbé mantoe ika, anenggih ingkang wewangi, Troenadjaja pradjoerit, anenggih ingkang sesoenoe, sira demang Melaja, kang pedjah kala roemijin, aprang lawan pangéran ing Danoepajan.

31. Sasédané ingkang rama, Troenadjaja meksih alit, milanipoen ingkang paman, kang djinoendjoeng ing nrepati, sinoengan kang wewangi, Tjakraningrat djoeloekipoen, nanging tijang Mandoera, tan ana étja ing galih, pan ingarsa pan amoeng ki Troenadjaja.

32. Apan ngéman Troenadjaja, moenakawan meksih alit, apan lami woes diwasa, winastanan angramoehi, mring poetraning dipati, Tjakraningrat ingkang sepoeh, mila ki Troenadjaja, akarsa dipoen pedjahi, nanging tijang Madoera katah kang welas.

33. Mila atemah gesang, asih pangéran Dipati, wong Kadipatèn sedaja, poenika dipoen sorogi, Tjakraningrat dipati, pamrihira adja katoer, mila ki Troenadjaja, ngawoela tan antoek margi, ambelajang saparan kaloenta-loenta.

34. Anoelya ing lama-lama, kapendet mantoe sira glis, marang pangéran Kadjoran, kelangkoeng dènira asih, mawaning wong atapi, pangran Kadjoran woes weroeh, lamoen ki Troenadjaja, binatang dadi pradjoerit, ingkang jogya datengaken goela drawa.

32. DANDANGGOELA.

1. Pangran Kadjoran ngandika aris, jèn mekaten radèn karsa dika, kawoela pitoedoeh bahé, kawoela darbé mantoe, Troenadjaja ingkang wewangi, poetra demang Melaja, nenggih kang woes lampoes, lawan pangran Timoer ika, pan poenika mas goesti ingkang prajogi, dika karja werana.

2. Angadega ing Mendoera dingin, déné goesti winawrat kawoela, mèh toemeka ing djandjiné, nagri Mentaram sepoeh, apan sampoen karsaning Widi, nagri Mentaram rengka, sirna djenengipoen, inggih nagri ing Mentaram, sampoen gingsir woes pinasti ing hyang Widi, ingkang negara roesak.

3. Amoeng kantoen ingkang amiwiti, bèndjing goesti kelamoen wontena, amiwitana gawéné, wikana sangkanipoen, woes pinasti karsaning Widi, roesaké ing Mentaram, praptèng djandjinipoen, nangingta awak kawoela, boten poeroen kapiawon ing ramadji, miwitana ing karja.

4. Milanipoen koela karja walik, Troenadjaja gih awak kawoela, pangran Dipati delingé, kawoela ajoen weroeh, lahta éjang dika timbali, kang aran Troenadjaja, tinimbalan sampoen, Troenadjaja ingandikan, sampoen prapta semana ngarsaning goesti pangran resep toemingal.

5. Pangran Kadjoran ngandika aris, milanipoen sira tinimbalan, ing goestinira nah anggèr, tinari sirèng kéwoeh, lamoen sira ikoe abangkit, pan kinarja warana, nadyan tekèng lampoes, sira pan kinèn awajang, awakira ikoe ngiras dadi ringgit, lah koeloep dèn abisa.

6. Dadi ringgit sira dèn abangkit, ingkang wajang adja kateradjang, ing kekeran poma radèn, pesti kroeboehan panggoeng, jekti sira toemekèng pati, Troenadjaja woes doega, ing pasemonipoen, jèn kinarja lelampahan, pan sandika kawoela datan goemingsir, nadyan toemekèng pedjah.

7. Anglampahi ajahaning goesti, nadyan leboera dèn kadi kisma, ingkang abdi oepaminé, tan garentes saramboet, soeka lila toemekèng pati, pangéran angandika, soeka ing tyasipoen, djeng pangéran amijarsa, ing sanggoepé Troenadjaja tan goemingsir, amoengsoeh ing Mentaram.

8. Djeng pangéran angandika manis, alah ija sira Troenadjaja, Sampang soen wèhken dèwèké, nanging wawekasingsoen, Troenadjaja sira dèn betjik, ingsoen karja werana, dèn semoe ing lakoe, lah oewis sira moelia, marang Sampang sira iroepa pri-

badi

goesti winawrat ka-
ientaram sepoeh, apan
ngka, sirna djenengi-
gingsir woes pinasti

ndjing goesti kelamoen
ipoen, woes pinasti
ptèng djandjinipoen,
piawon ing ramadji,

enadjaja gih awak ka-
joen weroeh, lahta é-
, tinimbalan sampoen,
emana ngarsaning goesti

ilanipoen sira tinimba-
irèng kéwoeh, lamoen
nadyan tekèng lampoes,
ras dadi ringgit,

ngkang wajang adja
ti kroeboehan pang-
djaja woes doega, ing
n sandika kawoela datan

an leboera dèn kadi
es saramboet, soeka li-
oeka ing tyasipoen,
roenadjaja tan goe-

lah ija sira Troenadja-
wawekasingsoen, Troe-
erana, dèn semoe ing
pang sira iroepa pri-
badi

badi, sakèhé wong Madoera.

9. Troenadjaja bebeken toemoeli, adja awèh séba mring Mentaram, wong Sampang ing saroepané, dimèn dipatinipoen, mring Mentaram séba pribadi, déné perabotira, kabèh paringingsoen, ngadega anèng Madoera, neloekena pasisir mantja negari, sandika troer prasetya.

10. Jèn kawoela tan toeloes nglampahi, inggih goesti adjahan padoeka, sampoen manggih basoekiné, moegi manggija bendoe, ingkang loewih dateng wak mami, jata pangran Dipatya, semana amoendoet, boesana kang adi moelya, atanapi boesanané kang pradjoerit, pirang-pirang sangkelat.

11. Kang bebadjong tanapi babenting, myang tjoeriga tanapi sendjata, pantja atoes soenapané, waos binongkok agoeng, toewin emas kelawan pitjis, saleksa woes tinampan, obat mimisipoen, tanapi ingkang sesotya, wastra adi dipati ngandika aris, Troenadjaja mangkata.

12. Troenadjaja nembah noewoen pamit, sampoen lèngsèr saking pagoeneman, panembahan lan mantoené, ing Kadjoran woes rawoeh, jata ladjeng agoenem pikir, kinèn moelih mring Sampang, jata sampoen remboeg, lawan panembahan Rama, poetranira kinèn ngadega roemidjin, nèng nagri Soerabaja.

13. Déné bésoek kasoewoer Mentawis, ingsoen noesoel marang pekenira, samengko iki oengsoemé, ing Mentaram woes sepoeh, woes pinasti karsaning Widi, sirnané ing Mentaram, ing wirajatipoen, marmané sira dinoeta, miwitana pesti bedah ing Mentawis, déning wadya Madoera.

14. Sampoen telas dènira mameling, Troenadjaja woes moelih mring Sampang, lawan sahanak rabiné, datan kawarnèng ngenoe, ing Madoera pan sampoen prapti, pangéran ing Madoera, anèng ing Mentaroem, wong Sampang tan ana prapta, malah ingkang samya tengga nèng Mentawis, lorodan telas minggat.

15. Troenadjaja woes ladjeng mring poeri, wong Madoera tan wani malanga, sedaja woes soejoed kabèh, lami ingadjoen-adjoen, ing Madoera ingkang darbèni, milanipoen wong Sampang, sedaja

soemoejoed

soemoejoed, pra sentana ing Madoera, ngantep wani marang Troenadjaja adjrih, tan ana kang malanga.

16. Ija pira laminira mangkin, wong Madoera tan séba Mentaram, binebeg Troenadjajané, wadya Madoera takoet, marang Troenadjaja woes rakit, sedya moengsoen Mentaram, jata kang winoewoes, genti ingkang tjinarita, jata wonten seraja sedya ambalik, saking nagri Mekasar.

17. Apan kawon ngareboet negari, lan kadangé apan sanès bijang, ange-Djawa sarajaté, djaloe èstri rong èwoe, sedya ngoengsi marang Mentawis, pra sentana Mekasar, samya katah mawoer, ana ngoengsi ing Djakarta, pan Koempeni ingkang sanggoep ambantoni, déné sang Glèngsong radja.

18. Sampoen mentas saking ing djeladri, anèng Demoeng lan sawadyanira, pra séntana poenggawané, wasta poen Boesoeng Mernoeng, Dèng Malébah ikoe pradjoerit, Maréwah pan kadangnja, Glèngsong toenggilipoen, lan Dahèng Makintjing ika, lawan malih pandji Karoenoeban nenggih, ikoe sami prawira.

19. Wong Mekasar woes atata sami, mesanggrahan sakoela wangsanja, Galèngsong remboeg karsané, kang arsa atoer weroeh, pategené tengga negari, ngabèhi Pedjarakan, wisma ing Mentaroem, kasaroe gègèr kapriksa, déné ana syarané kang bedil moeni, sampoen kinèn mariksa.

20. Doeta mesat kang angrajah prapti, pinariksa atoemja Mekasar, angrajah telas sangoené, semana sampoen katoer, ing Galèngsong poerwané nenggih, wong Mekasar keparat, tan kena tinoetoer, Galèngsong mangsah ing drija, pradjoerité sedaja samya tinari, paran kaprijé samya.

21. Marmaningsoen prapta tanah Djawi, ingsoen ngoengsi mring radja Mentaram, Mekasar roesoeh polahé, tan wandé dadi tjoetjoeh, wong Mekasar prapta nèng Djawi, labet kalah ajoeda, nèng Djawa aroesoeh, nora wandé dadi aprang, bangkat pira wong Mentaram betjik-betjik, leres karsa padoeka.

22. Sang Galèngsong grahita ing galih, wong Mekasar ikoe soen penginga, jèn bangga tekèng patiné, moelané ingsoen rawoeh,

wong

ntep wani marang Troe-

Madoera tan séba Menta-
a takoet, marang Troena-
am, jata kang winoewoes,
aja sedya ambalik,

kadangé apan sanès bi-
rong èwoe, sedya ngoeng-
samya katah mawoer,
ingkang sanggoep amban-

ri, anèng Demoeng lan
sta poen Boesoeng Mer-
éwah pan kadangnja,
ntjing ika, lawan malih
awira.
sanggrahan sakoela wang-
arsa atoer weroeh, pate-
wisma ing Mentaroem,
kang bedil moeni, sam-

, pinariksa atoemja
sampoen katoer, ing
r keparat, tan kena ti-
radjoerité sedaja samya

, ingsoen ngoengsi
lahé, tan wandé dadi
i, labet kalah ajoeda,
ang, bangkat pira wong
eka.
h, wong Mekasar ikoe
moelané ingsoen rawoen,

wong

wong Mekasar ingkang angiring, ngantjik ing tanah Djawa, saking antepipoen, labeté tresna maringwang, sang Galèngsong ngandika marang pradjoerit, kinèn njapih jèn kena.

23. Watekipoen wong kawon adjoerit, sangoe telas mila angrerajah, kadya denawa polahé, kang njapih woes katawoer, malah toemoet ngrajah pribadi, ingkang samya rinajah, wong pasisir mawoer, negara ing Pedjarakan, kang rinajah ing djro koeta sampoen enting, tepis wiringé telas.

24. Wong ing Pedjarakan samya ngili, anak rabinira apoejengan, sedaja sanget adjrihé, lan dédé bangsanipoen, wong Mekasar anggigit lati, ana panggedénira, Amantja ing Demoeng, wong tepis wiring bang wétan, kang kantjikan pan samya dipoen rajahi, angili apoejengan.

25. Apan maksih anèng ing Mentawis, sira ki ngabèhi Pedjarakan, mila soewoeng negarané, jata ingkang winoewoes, srinalèndra praboe Mentawis, pan lagya siniwaka, waoe djeng sinoewoen, pepekan poetra sentana, moeng pangéran dipati Anom Mentawis, tan séba mring kang rama.

26. Ingkang moenggèng ngarsanja sang adji, pangran dipati ing Kapoegeran, kapéring wétan prenahé, pangéran Singasantoen, moenggèng ngarsa ragi kapéring, pangéran Mertasana, samya moenggèng ngajoen, anoelya para sentana, sepoeh anèm pangéran Poerbaja nangkil, djadjar lan Pringgalaja.

27. Lawan arja pangéran Mentawis, atanapi pangéran Balitar, Ranamenggala djadjaré, Wiratmadja nèng poengkoer, miwah radèn Tjoembring anangkil, toewin pandji Karsoela, Wirajoeda ngajoen, toemenggoeng Mangoennegara, Ranajoeda Gadjahpramoda anangkil, wong sèwoe noembak anjar.

28. Wong Poemidja djadjar lawan boemi, wong panoemping djadjar lan santana, Ranaperaja djadjaré, Kertimenggala ngajoen, Tjakraningrat sampoen anangkil, pangéran ing Pamenang, djadjarira loenggoeh, djadjar lan rangga Sidarsa, saroepané sagoeng wong Mantjanegari, kang sowan ing paglaran.

29. Wedanané wong mantja negari, Dermajoeda lan sakantjanira

nira, nèng wringin kembar apépé, lan sapanekaripoen, saroepané para dipati, ngabèhi Peijarakan, apan djaijaripoen, Tirtawinong anèng ngarsa, ki Tohdjiwa ing Malang kalawan malih, Loemadjang Wiranggala.

30. Lan ngabèhi Mertadiwangsèki, ing Sarengat lawan Katawengan, ing Daha ikoe djaijaré, lan Poespakoesoemèkoe, Prabalingga ingkang negari, Wiragati Djalengka, Gembong kang djoedjoeloek, ngabèhi Wangsataroena, pepek kabèh sagoenging mantja negari, tarap pépé sadaja.

31. Katingalan doemateng nrepati, srinalèndra alon angandika, sapa ikoe paḍa pépé, ana waringin koeroeng, panembahan Poerbaja gipih, matoer marang nalèndra, poenika poekoeloen, abdi padoeka sang nata, sawarniné abdi ing mantja negari, ngabèhi Dermajoeda.

32. Lawan kantjanipoen pra dipati, sami pépé nèng waringin kembar, srinaranata delingé, mring loerah gandèk sampoen, timbalana ing ngarsa mami, tijang gandèk lampahnja, mendapan loemajoe, nimbali ki Darmajoeda, sakantjané dènja loemaris kahirid, gandèk ing lampahira.

33. Tan adangoe prapta ing ngarsadji, moekanira lir kondjem pratala, kang nangkil soemoedjoed kabèh, ngandika sang apraboe, apa sira apépé sami, Darmajoeda toer sembah, kawoela anoewoen, ngatoeraken pedjah gesang, saking tiwas kawoela tengga negari, ing tampingan bang wétan.

34. Wonten mengsah bang wétan nginggahi, wetawisé tijang kalih nembang, poen Galèngsong panggedéné, langkoeng dènira roesoeh, angrerajah ing tepis wiring, negari Peijarakan, kang rinajah gempoer, abdi dalem apoejengan, ingkang bangga sedaja dipoen pedjahi, kang noetoet binojongan.

35. Risak abdi dalem tepis wiring, poen Mekasar langkoeng dènja resah, wonten Demoeng pengagengé, kawoela noewoen bendoe, ingkang abdi atadan roentik, sang nata ing Mentaram, angandika aroem, jèn mengkono Darmajoeda, sijagaha lan sagoeng mantja negari, noeli sira moelia.

anekaripoen, saroepané
aijaripoen, Tirtawinong
awan malih, Loemaijang

Sarengat lawan Katawe-
koesoemèkoe, Prabaling-
embong kang ijoeijoe-
sagoenging mantja nega

inalèndra alon angandi-
eroeng, panembahan Poer
ika poekoeloen, abii
ntja negari, ngabèhi

ami pépé nèng waringin
h ganièk sampoen, tim-
mpahnja, menjapan loe-
dènja loemaris kahi-

, moekanira lir kon-
bèh, ngandika sang
toer sembah, kawoela
ing tiwas kawoela teng-

ahi, wetawisé tijang
é, langkoeng dènira
gari Peijarakan, kang
ingkang banggа sedaja

oen Mekasar langkoeng
kawoela noewoen bendoe,
ng Mentaram, angandika
lan sagoeng mantja

36. Darmajoeda papagen dèn aglis, wong Mekasar ingkang lagi prapta, wong Mentaram krigen kabèh, gitiken baris Demoeng, ja ingsoen wèni tindih, si Karsoela miloea, ninidihana ikoe, prangé wong Mantjanegara, mantriningsoen panoemping ingkang tinoeding, wong sèwoe noembak anjar.

37. Leloerahé wong ing saragèni, angabèhi Wangsadipa sira, woesé ngandika sang katong, sampoen ijinoendjoeng loenggoeh, wis ginandjar sira negari, ing Djepara pilenggah, kinèn noeli mantoek, anaké sira gawaha, si ngabèni Djagapati adja kari, lawan Radjamenggala.

38. Lawan sira kakang Ranggapati, lah miloea marang ing Djepara, déné leloerahmoe diéwé, lawan arinirèkoe, ja si Tanoemenggalanèki, toegoera ing Djepara, Saragenipoen, si Goentoergeni miloea, lan si Goeloe gawaha bedil toemoeli, ija marang Djepara.

39. Lawan leloerahé wong pasisir, Mangoenmegara sira gawakna, marang ing Djepara kabèh, ija dimèné toegoer, ing Djepara dèn ngati-ati, jata srinaranata, semana woes kondoer, woes loemebet dalem poera, awoerahan kang nangkil woes samya moelih, arsa joeda kenaka.

33. PANGKOER.

1. Oreg wadya ing Mentaram, tata-tata baris moenggèng ing Tadji, wong Mantjanegara koempoel, gegamanmja melatar, wong ing mantja negara Darmajoedèkoe, kang dados tetindihing prang, minangka tjoetjoeking djoerit.

2. Para boepati bang wétan, pan sedaja wisma anèng Mentawis, anèng Tadji woes akoempoel, Waroeng lan Garobogan, ing Seséla Balora woes samya koempoel, Djipang lawan Djagaraga, Kadoewang lan Panaragi.

3. Madijoen lan Pamagetan, ing Kalongbrèt koempoel lawan ing Rawi, Sarengat Balitaripoen, Kadiri Wirasaba, Pasoeroean ing Gembong Prabalinggèkoe, Loemadjang lan ing Pamalang, Pedjarakan lan ing Bangil.

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. Gegaman sampoen melatar, jèn sinawang kadya prawata sari, lelajoe lan oemboel-oemboel, katijoep samirana, kadya ombak samodra dinoeloe patoet, gegaman mawarna-warna, sinawang lir goenoeng geni.

5. Gebyaring sendjata lanang, kadya kilat dinoeloe angadjrihi, kendang gong bèri angoengkoeng, awor syaraning koeda, lawan awor syaraning djalma goemoeroeh, koemeprak kepyaking watang, tjoemengkling warastra tatit.

6. Ingkang dadi gegoenoengan, sira Pandji Karsoela sénapati, wadya ing Djapan woes koempoel, ikoe sentananira, sira pandji ing Djapan ta asalipoen, milanira kadya matjan, sinoengaken mring sang adji.

7. Lan dadi wedananira, wong panekar anenggih kang sapalih, jata asidjaga sampoen, wadyanira melatar, kapraboning joeda toerangga amoeroeb, boesanané ting galebyar, goemoeroeh wiosing djawi.

8. Pandji Karsoela ngandika, apan oewis ingsoen kerasèng ngati, moengsoeh iki ingkang rawoeh, kelangkoeng déning awrat, apan ingsoen kinèn marang sang apraboe, kinarja tetindih ing prang, mantja negara ngadjoerit.

9. Wong sèwoe panoembak anjar, wong boemidja kalawan mantri boemi, wong panoemping datan kantoen, kadya sekar sataman, tan kawarna ing djawi pan sampoen rawoeh, tempoeh gegaman Mentaram, kelawan mantja negari.

10. Pandji Karsoela ngandika, nèhta kantja saking ing karsa mami, ing bang wétan kéngingipoen, Djipang lawan Palora, ing Kadoewang Magetan lawan Madioen, Waroeng Séla Garobogan, dadija pengawat kéring.

11. Déné kakang Darmajoeda, anèng kanan dadya tetindih baris, dèn sami prajitnèng kéwoeh, dadi tetindih joeda, wong Sarengat Balitar mring Rawanipoen, Kalèngbrèt lawan Loemadjang, ing Malang lawan ing Bangil.

12. Gembong lawan Prabalingga, ing Winongan Pedjarakan Basoeki, kang dadya tjoetjoeking ngajoen, Kadiri Panaraga, Wirasaba Tersana Magetan ikoe, ing Patjé lawan Tjaroeban,

wang kadya prawata sa-
p samirana, kadya ombak
-warna, sinawang lir

kilat dinoeloe anga-
awor syaraning koeda,
koemeprak kepyaking

anidji Karsoela sénapa-
sentananira, sira pan-
dya matjan, sinoengaken

anenggih kang sapalih,
kapraboning joeda toe-
, goemoeroeh wiosing

wis ingsoen kerasèng
angkoeng déning awrat,
kinarja tetindih ing

coemidja kalawan mantri
dya sekar sataman, tan
mpoeh gegaman Mentaram,

kantja saking ing kar-
ipang lawan Balora,
oeng Séla Garobogan,

han dadya tetindih
tetindih joeda, wong
gbrèt lawan Loemadjang,

inongan Pedjarakan
, Kadiri Panaraga,
lawan Tjaroeban,
ajya

ajyana moendoer ing djoerit.

13. Manira kang dadi dada, kang soen kanti ngamoengna wong Mentawis, sedaja sampoen aremboeg, sagoeng para dipatya, éndjing boedal kang wadya bala goemoeroeh, asrang keritjiking watang, kadya oedan sinemèni.

14. Oentabé ingkang gegaman, jèn dinoeloe kadya prawata sari, tengara bèri goemoeroeh, toewin tjeloeking rowang, kang gegaman warna-warna jèn dinoeloe, bandéra abra asinang, tanpa wilangan kang baris.

15. Datan kawarna semana, nagri Djapan semana sampoen prapti, anoelya tata akoempoel, sami prajitnèng baja, sampoen tata sigra ladjoe marang Demoeng, sigra tata-tata aprang, samya kotboeta ngadjrihi.

16. Jata ingkang kawarnaha, wong Mekasar sampoen midanget warti, jèn wong Mentaram kèn rawoeh, kerigan wong Mentaram, pan soemedya anggitik marang ing Demoeng, wadya Mekasar melatar, datan sedya angoendoeri.

xx.

34. DOERMA.

1. Wong Mekasar woes samya bebiting ika, boeloewartiné inggil, woes prajitnèng baja, wetara kalih nembang, wong Mekasar kang nginggahi, mring koetanira, anèng Demoeng arakit.

2. Sang Galèngsong sinéba ing wadyanira, tanapi pra pradjoerit, kelawan sentana, kang tresna pawongsanak, ingkang toetwoeri ngedjawi, sami prawira, amangoen ing adjoerit.

3. Sang Galèngsong ngandika mring pra sentana, marang daèng Makintjing, lahta wong Mentaram, wartané ingkang prapta, manira dipoen loeroegi, apan soemedya, anggetjek marang mami.

4. Jata Daèng Makintjing alon toerira, èstoe oedjaring warti, tijang ing Mentaram, sampoen koempoel sedaja, sedya anggetjek mariki, kadi mèh prapta, sagoeng ingkang pradjoerit.

5. Sri Galèngsong asroe dènira ngandika, ija bapa abetjik, lamoen wong Mentaram, ngloeroegi marang ingwang, ing ngoeni soen sedya ngoengsi, pan kawangoeran, bapa déning wong tjilik,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

6. Wong Mekasar banget roesoeh anèng Djawa, kang doewé tanah sami, pesti nora soeka, angoengsi sedyaningwang, mengko bapa dadi djoerit, mangsa nanggaha, baja karsaning Widi.

7. Angoer ingsoen matia nèng tanah Djawa, jèn moelia wak mami, angoer ladjoe èngwang, ajya tanggoeng ing karsa, pan ing mengko dadi belis, apa dosanja, ajya tanggoeng ing kardi.

8. Soen bedahé bapa negara Mentaram, angoer matia djoerit, moelih toewas apa, déné kalédjon lampah, soen laboehi ing ngadjoerit, wong ing Mekasar, padja soen adjak mati.

9. Wong Mentaram jèn prapta angantep joeda, lah papagen toemoeli, jèn karoban lawan, angoer sira moendoera, inganti ing tengah wengi, dimèné oega, koewoer tangkeping djoerit.

10. Sampoen remboeg sekatahé pra sentana, jata kawarna éndjing, wadya ing Mentaram, arsa ngantep ing joeda, pan sedya aleboe geni, pinadjoe tiga, gelarira ngadjoerit.

11. Magoet kilèn wadya bala ing Mentaram, kang medal saking kéring, sira Anggadjaja, lawan sakantjanira, ingkang medal kanan singgih, ki Darmajoeda, sakantjané ngebyoeki.

12. Kadya gerah syarané wadya Mentaram, samya prawirèng djoerit, bètèng ing Mekasar, jata sampoen angléla, sigra ingoeloekan bedil, soeraking bala, lir goentoer manengkeri.

13. Wong Mekasar woes samya rakit sadaja, wonten sadjroning biting, arsa metonana, joedané wong Mentaram, radja Galèngsong nindihi, sampoen katingal, saking sadjroning biting.

14. Noelya medal sekatahé wong Mekasar, samya angagem lembing, wenèh ngagem watang, sagoeng gegamanira, tandangira angadjrihi, pan sampoen medal, saking sadjroning biting.

15. Kadya gerah soeraké wadya Mentaram, sarwi ambèndrong bedil, wadya ing Mekasar, langkoeng teteg tyasira, waoe wong Mantjanegari, para prawira sareng mangsah ing djoerit.

16. Wong Mekasar gelarira prit aneba, mangsah mantja negari, ramé tempoeh ing prang, nanging tijang Mekasar, bingoeng tangkeping ngadjoerit, karoban lawan, sasat kroeboehan woekir.

17.
pan kar
pelajoe
18.
ngah wa
woes pe
19.
kang sa
wengi,
20.
ngi, si
kang do
21.
negari,
sisir,
22.
déné m
galih,
23.
wenèh
nèki,
24.
tijang
roemij
25.
sarènt
wengi,
26.
wengi,
wong M
27.
angamo
lah ob

Djawa, kang doewé ta-
dyaningwang, mengko ba-
arsaning Widi.
jawa, jèn moelia wak
ing ing karsa, pan ing
ggoeng ing kardi.
angoer matia djoerit,
soen laboehi ing nga-
ak mati.
joeda, lah papagen toe-
endoera, inganti ing
eping djoerit.
tana, jata kawarna én-
ing joeda, pan sedya
djoerit.
aram, kang medal saking
ira, ingkang medal ka-
gebyoeki.
am, samya prawirèng
n anglèla, sigra ingoe-
er manengkeri.
diaja, wonten sadjroning
aram, radja Galèngsong
ning biting.
ar, samya angagem lem-
anira, tandangira anga-
ning biting.
am, sarwi ambèndrong
g tyasira, waoe wong
n ing djoerit.
, mangsah mantja negari,
ekasar, bingoeng tangke-
peboehan woekir.

17. Kadar pira katahé wadya Mekasar, mengsah mantja nagari, pan karoban lawan , jata wadya Mekasar, joedanira woes kalindih, pelajoenira, samya ngoengsi wanadri.

18. Pan angloempoek wong Mekasar dados toenggal, anèng tengah wanadri, wadya ing Mentaram, soerakira lir gerah, woes kawoes penjananèki, anggawer pira, moengsoeh amoeng sakedik.

19. Bitingira waoe kang arsa binedah, arsa djinarah wengi, kang samya tinilar, darbèké wong Mekasar, nanging kesapoet ing wengi, Pandji Karsoela, oendang mring para mantri.

20. Lahta mengko adjana wong angerajah, déné kesapoet wengi, sira srantèkena, bésoek ésoek kéwala, sira ambedaha biting, kang doewé ika, prandéné sampoen goesis.

21. Sampoen moendoer wadya bala ing Mentaram, miwah mantja negari, samya mesanggrahan, ana ing ngara-ara, tanapi wadya pasisir, akapang-kapang, wadya bala Mentawis.

22. Sawarniné samya étja manahira, tan ana tyas koewatir, déné moengsoehira, sirna sampoen loemadjar, milané étja kang galih, tjoetjoel boesana, toewin ingkang toeranggi.

23. Tinalawoengaken sakèné gegaman, wantoené tijang alit, wenèh goejang koeda, soeka-soeka sedaja, sawengi nèng pondoknèki, samya kasoekan, tan nganggo dèn ropoh.

24. Kang saweneh étja dènira anèndra, dyan kawarnaha malih, tijang ing Mekasar, ingkang ngoengsi mring wana, anedya ngaso roemijin, tan ana pisah, sabatoeré arakit.

25. Wong Mekasar datan toehoe loemajoea, apan sedya abali, sarèntjang woes rembag, ing waoe sedyanira, arsa angamoek ing wengi, sedengé ika, wong Mentaram woes goeling.

26. Apan sampoen dandan nèng madyaning wana, wetara tengah wengi, Galèngsong ngandika, pajo sedengé oega, ngamoek marang wong Mentawis, adjana pisah, pajo barenga djoerit.

27. Jèn anempoeh dèn bisa ababarpisan, adja sira anggopi, angamoeka rampak, lah kawoesena pisan, pondokané wong Mentawis, lah obongana, dimèn koewoer ing djoerit.

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

28. Lah oendangen wong Mentaram jèn woes tjelak, noeli amoeken wani, rijeg woes loemampah, soemekta gegamanmja, sedya angamoek ing wengi, pan pinilijan, Mekasar ingkang betjik.

29. Tan akatah wong Mekasar kang oemangsah, kawan atoes pinilih, anenggih poenika, samya sapenedira, sang Galèngsong kang nindihi, pan sampoen prapta, pondokaning Mentawis.

30. Wong Mentaram baja woes karsaning Soeksma, ilang prajitnanèki, dateng kang wewéka, ilang tataning koena, saben-saben wong Mentawis, wikan ing mengsah, sasolah bawanèki.

31. Kalanira semana datan grahita, nora watir ing galih, ana kang miarsa, iki syaraning apa, wong batoer pating barekik, lah oborana, syaraning apa iki.

32. Ingkang moeni mara marang pamondokan, jata nora sarenti, neradjang pondokan, Mekasar asroe moedjar, pajo amoek wong Mentawis, barenga soerak, pondok dipoen obongi.

33. Apoejengan wadya bala ing Mentaram, déné ingamoek wengi, pan toendjang tinoendjang, tamboeh moengsoeh lan rowang, pati-pati dèn gagapi, mawoer poejengan, akatah ingkang mati.

34. Linembingan wadya bala ing Mentaram, nora nana malesi, kang sami soedira, pan nora olèh papan, katoendjang malah kaplipis, apan kèh pedjah, pasisir mantja nagri.

35. Apoejengan gègèré pondoké kobar, katradjang déning api, tan kober amapan, woes katah ingkang pedjah, kena gegaman pribadi, saja kèh pedjah, pan samya reboet oerip.

36. Wong Mekasar pengamoeké kadya jeksa, lir bantèng tawan kanin, kadya saradoela, gagak amangsa djalma, singa katera-djang goesis, malah kèh pedjah, pasisir mantja nagri.

37. Pan loemajoe sami atilar gegaman, boesana tan katolih, na loemajoe woeda, ingkang mentas anèndra, atangi areboet oerip, bingoeng poejengan, gègèr pada sawengi.

38. Pra dipati samya loemadjar sedaja, tan tolih anak rabi, tinilar kéwala, lir gabah inginteran, tan wroeh kawoela lan goesti, woes byar rahina, laroet wadya Mentawis.

39. Laroet kabèh waoe saking pamondokan, darbéké ingkang

kari, woes telas rinajah, dèning bala Mekasar, Pandji Karsoela loemaris, alap-pelapan, tinilar ing wadyalit.

40. Pan kaloeloen angoengsi loemajoe wana, sampoen rahina nenggih, medal sanghyang Soerja, nora kena tinata, wadya sampoen sirna goesis, sowang-sowangan kawoela lawan goesti.

41. Kyahi Pandji moendoer marang Pedjarakan, lan sawadyanira wingwrin, wong mantja negara, tan poelih manahira, kawoesé kepati-pati, wong ing bang wétan, samya tilar negari.

42. Wong Mekasar angangseg pamboeroenira, tijang mantja negari, pan ingesoek pisan, marang negaranira, wadya bala wétan wingwrin, moengsoeh Mekasar, roesoeh kepati-pati.

43. Samya miris para boepati bang wétan, Pedjarakan ambalik, Gembong Prabalingga, Loemadjang Pasoeroean, ing Lawoeng lawan ing Bangil, Renon Poegeran, Winongan ing Basoeki.

44. Samya miris Djapan miwah Wanasaba, wedanané ambalik, jata kawarnaha, sira Pandji Karsoela, anèng Djapan sedih kingkin, kelangkoeng mérang, mantoeka mring Mentawis.

45. Nora wandé sang nata sanget kang doeka, soen tingali nrepati, woes angrasa tiwas, sira Pandji Karsoela, anoelya sira asakit, Pandji Karsoela, tan arsa dèn djampèni.

46. Sahoendoeré waoe dènira ajoeda, mantoek mring Djapan malih, wong mantja negara, sampoen balik sedaja, wedanané sampoen balik, ki Darmajoeda, sampoen pasrah negari.

47. Doek semana Pandji Karsoela woes pedjah, sentana woes toer oening, marang ing Mentaram, katoer satingkahira, jèn Pandji Karsoela lalis, wonten ing Djapan, nanging tan pedjah djoerit.

48. Sareng myarsa sang nata kelangkoeng doeka, djadja lir metoe geni, moeka lir sinetjang, koemedoet latinira, awingawinga awengis, asroe kang doeka, Mangoenmegara aglis.

49. Oendangana kabèh wong pasisir ika, moelia sedajèki, poma dèn samekta, ing Demoeng loeroegana, Mekasar kang peksa wani, sira getjeka, poma dèn ngati-ati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

50. Lan si adi Prawiratroena mijanga, dadija sénapati, dadya tindihing prang, wong pasisir sedaja, para mantri ing Mentawis, ingkang miloea angloed asmara kingkin.

35. ASMARADANA.

1. Kelawan si Wiraboemi, lah ija sira miloea, kang dadi ikoe kantiné, si adi Prawiratroena, lawan si Poelangdjiwa, miloea marang ing Demoeng, kelawan si Wirawangsa.

2. Kelawan si Wirapati, Soeramenggala miloea, lah sira toer pesen kabèh, wong Mekasar ingkang prapta, kelawan wong Madoera, pariksanen moelanipoen, tan séba marang Mentaram.

3. Kang dinawoenan toer bekti, ngandika srinaranata, lan koempni sekatahé, ingkang toegoer nèng Djepara, ikoe sira adjaka, angloeroeg marang ing Demoeng, jèn tan gelem sirnakena.

4. Adja angroebedi pikir, Prawiratroena toer sembah, anoelya koendoer sang katong, malebet ing dalem poera, ingkang séba loewaran, tan kawarna solahipoen, boepati pasisir samya.

5. Sampoen sami apraijaniji, kepanggija nèng Djepara, apan sampoen boebar kabèn, mantoek sami asijaga, gegaman lan bahita, mangkana ingkang winoewoes, radèn Prawirataroena.

6. Pan sampoen amepek baris, radèn Prawirataroena, lir glap kapitoe syarané, gegaman sampoen belabar, lir ombaking samoedra awarna-warna dinoeloe, lir pèndan prawata sekar.

7. Sampoen sijaga weradin, wadya Kaprawiratroenan, woes sanga sekatahé, wadyanira amelatar, toewin kang pra santana, radèn arja kang winoewoes, apan sampoen aboesana.

8. Pan lagya pamit ing rabi, kelawan kang para poetra, rahadèn alon woewoesé, lah oewis pada karija, kelamoen awakingwang, menawa benijang tan mantoek, soen atitip poetranira.

9. Pan sampoen krasa ing ngati, mila ingsoen awewekas, dèn bisa sapoengkoer ingong, ingsoen iki pinitaja, déning srinaranata, kinèn ngoendoeraken moengsoeh, jèn nora ambangkat karja.

10. Ingsoen nora sahé moelih, lah oewis pada karija, dèn bisa sapoengkoer ingong, kang poetra samya karoena, toewin kang

para

para garwa, solahira wajang-woejoeng, rahadèn anoelya boedal.

11. Lir gerah syaraning ijalmi, rahadèn woes nitih koeda, abra moeroeb boesanané, boedal sakèhé kang wadya, miwah para sentana, asri kang bala dinoeloe, jèn tinon awarna-warna.

12. Arerep sakèhing baris, rahadèn Prawiratroena, apanta sampoen amondok, anèng salebeting kita, andèr wadya Mentaram, kelangkoeng dènja sesoegoen, ki ngabèhi Wangsadipa.

13. Pepek sakèhé boepati, sampoen prapta ing Djepara, boepati pasisir kilèn, pan sampoen prapta sadaja, kepanggih nèng Djepara, ing Kendal lan Kaliwoengoe, ing Barebes Pekalongan.

14. Ing Batang kelawan Tegil, Pemalang lan Wiradésa, ing Demak lan Semarangé, Tjengkal-sèwoe lan Terbaja, Koedoes lawan Djoewana, Rembang Padjangkoenganipoen,woes prapta anèng Djepara

15. Jata woes aremboeg sami, para dipati sadaja, bahita sam poen soemaos, samya ana ing Djepara, palya toendan atarap, ki Wangsadipa sesoegoen, mring nijaka ing Mentaram.

16. Jata angandika aris, radèn Prawirataroena, lah kadipoendi rembagé, inggih kakang Wangsadipa, prakawis poen Walanda, sawarniné ingkang toegoer, anèng moehara Djepara.

17. Timbalan dalem mring mami, kakang kinèn anggawaha, koempeni ing saroepané, dateng Demoeng ajoeda, kakang dika tarosa, kelamoen si boten poeroen, timbalané srinalèndra.

18. Kinèn noendoenga toemoeli, kakang saking ing Djepara, rinaos tamboeh gawéné, lawan angroebedi lampah, menawi datan setja, koempni ing sedyanipoen, mila mangké winekasan.

19. Ki Wangsadipa toernjaris, mring radèn Prawiratroena, inggih kawoela tarosé, inggih koempeni poenika, kadospoendi ing karsa, jata tinimbalan sampoen, koempeni anèng Djepara.

20. Amoeng tetiga anenggih, koempeni pengagengira, Kapitan Djangkoeng wastané, Sarèn Nadras wastanira, kopralipoen satoeng gal, kapat djoeroe toelisipoen, tan kawarna sampoen prapta.

21. Ing ngarsané pra boepati, pasisir lawan Mentaram, pra samya pepekan kabèh, ki ngabèni Wangsadipa, alon dènira modjar, timbalané sang apraboe, kapitan marang ing sira.

22. Moengsoeh Mekasar kang prapti, tinempoehken marang sira pangandikané sang katong, sira kinèn anjèrèka, marang waoe rahadyan, angloeroeg marang ing Demoeng, amapaga wong Mekasar.

23. Jèn sira nora noeroeti, parèntahé srinalèndra, ija marang awakingong, sira kinèn anoenjoenga, ija teka Djepara, adja angroebedi lakoe, kaja prijé atoerira.

24. Kapitan sigra nahoeri, pangandikané sang nata, pan ingsih langkoeng leresé, kawoela anèng Djepara, asaos ingkang karsa, nglampahi ajahan praboe, remoek dipoen banjemena.

25. Pangandikané sang adji, kawoela datan lenggana, ing karsa djateng anjèrèk, tan kawarna solahira, sampoen remboeg sedaja, pan arsa ladjoe mring Demoeng, sanéga joeda kenaka.

36. PANGKOER.

1. Rahadèn Prawiratroena, sampoen remboeg boejalaken kang baris, pan arsa ladjoe mring Demoeng, arsa medal lahoetan, wong pasisir amepeg bahitanipoen, kebeg djedjel ing moehara, bahitané wong pasisir.

2. Ingkang anèng pelaboehan, palwa kapal waoe para koempeni, datan kawarnaha waoe, sagoeng para boepatya, sigra sami noempak ing bahitanipoen, samya ambèbèr bandéra, lir sekar setaman asri.

3. Samya anembang tengara, myang saroeni salomprèt ting djalemprit, tjara bali ting djalegoer, moenggang moenja angangkang, myang salèndro ting tjarengking ting tjarengkoeng, rowangira djedjajoengan, goemerah katradjang angin.

4. Koemrawak palwa koemerap, anglir oedan goemroeh sinemèni gala gandjoer pan angoengkoeng, senggak ambal-ambalan, asri lawan ombak katempoeh ing ranoe, kang bahita pan loemarap, kang palwa awarni-warni.

5. Tan kawarna lampahira, poelo Dali apan sampoen kawoeri, angsal angin palwanipoen, samodra tan winarna, katingalan Soerabaja oedjoengipoen, saking kebating tjarita, sakedap pan sampoen prapti.

nempoehken marang sira
rèka, marang waoe raha-
aga wong Mekasar.
srinalèndra, ija ma-
ija teka Djepara, adja

né sang nata, pan ing-
ra, asaos ingkang kar-
i bandemena.
atan lenggana, ing
a, sampoen remboeg
néga joeda kenaka.

.

boeg boedalaken kang
a medal lahoetan, wong
l ing moehara, bahita-

pal waoe para koempe-
epatya, sigra sami
andéra, lir sekar se-

eni salomprèt ting
enggang moenja angang-
g tjarengkoeng, rowa-
gin.
edan goemroeh sinemèni
mbal-ambalan, asri la-
a pan loemarap, kang

apan sampoen kawoeri,
arna, katingalan Soe-
rita,sakedap pan sam-

6. Para boepati sadaja, sampoen pepek ana ing Soerawèsti, kang bahita sampoen koempoel, ana ing palaboehan, pra dipati andèr pamondokanipoen, radèn Prawirataroena, kinepoeng pondok pasisir.

7. Tetijang ing Soerapringga, samya soeka manahira tan sipi, ngrasa tetep manahipoen, langkoeng sasoegoenira, marang radèn Pawirataroena soejoed, tijang pasisir sedaja, dandan anèng Soerawèsti.

8. Radèn Prawirataroena, tansah dadar-dadar bala weradin, jatra lan boesana agoeng, miwah para sentana, pan kinoela wisoeda sabalanipoen, mring radèn Prawiratroena, soemoejoed ing lahir batin.

9. Tamboeh kang dèn walesena, pan kawratan waoe dananing goesti, kang wadya sedajanipoen, ngadjap tempoeh ing joeda, pan ing kana bèndjang gènira ananoer, ing danané goestiningwang, soen sahoeri lara pati.

10. Pepekan para nijaka, wong pasisir samya agoenem pikir, Prawirataroena moewoes, mring sagoeng pra nijaka, kadospoendi ing karsa pada ngong tantoen, aprakara ing Madoera, penedipoen ingkang pikir.

11. Tan aséba mring Mantaram, mèh sawarsa malah poendjoel samangkin, manira iki ingoetoes, ana ing Soerabaja, wong Madoera sidji tan ana kang moentjoel, timbalan dalem kang dawah, kinèn mariksa roemijin.

12. Mangké neda ingoetoesan, kantenané sampoen ngroebedi pikir, jata rahadèn angoetoes, marang kadéjanira, mapan sarwi binektanan soeratipoen, paringna ki Troenadjaja, ing Sampang ingkang noenggoni.

13. Oetoesan sampoen loemampah, enengena kang anèng Soerawèsti, jata waoe kang winoewoes, rahadèn Troenadjaja, mentas dateng anenggih saking ing Demoeng, pan sampoen étja kang rembag, lan Galèngsong peksa wani.

14. Moelané ki Troenadjaja, tan anoenggal ngadepi kang negari, menawa tijang Mentaroem, angroesak ing Madoera, lan ma-

ningé

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ningé menawa kèngser ing Demoeng, sedyané ki Troenadjaja, arsa anoebroek sing woeri.

15. Kawarnaha kang oetoesan, sampoen prapta ing Madoera toer oening, ngandikan kang doeta katoer, mring radèn Troenadjaja, kang tjaraka kakalih woes moenggèng ngajoen, sira radèn Troenadjaja, semana akarja sandi.

16. Apan api-api gerah, ponang doeta sampoen ngatoerken toelis, tinampan kang soerat katoer, ing radèn Troenadjaja, amariksa kang lamat marang mas poetoe, binoeka sinoekmèng drija, pènget beboekaning toelis.

17. Kang serat sira rahadyan, dyan Prawirataroena ing Mentawis, sarta salam donganingsoen, timbalané sang nata, marang pekenira ikoe sang binagoes, ing radyan Troenadjaja, kang waskitèng Soerawèsti.

18. Poenapi tijang Madoera, nora séba poetoe marang Mentawis, ingkang katoer sang apraboe, kelamoen pekenira, kang amenging séba marang Mentaroem, apa njata mangkonoha, ija oedjaring pawarti.

19. Kapindoné wong Madoera, kinèn ngerig dawoehé sriboepati, angloeroeg marang ing Demoeng, getjeka wong Mekasar, sampoen telas kang soerat beboekanipoen, angling radèn Troenadjaja, marang tjaraka amanis.

20. Hèh doeta sira matoera, nora sedya ingsoen nora angimpi, kalamoenta awakingsoen, ngoekoeni ing Madoera, amenginga séba marang Mentaroem, saking ngèdané wong Sampang, tan kena dèn parèntahi.

21. Ing mangké wonten parèntah, kinèn ngerig tijang Madoera inggih, angloeroeg marang ing Demoeng, ingsoen djateng soemangga, sampoen sijang sanadyan djateng ing daloe, manira djateng soemangga, kang abdi saos ing kardi.

22. Angingta awak manira, tan loemampah apan lagi asakit, nanging abdi sedaroem, manira kon loemampah, roemijina déné mengko sapoengkoermoe, wong Madoera kon adandan, noesoel marang Soerawèsti.

ki Troenadjaja, arsa

rapta ing Madoera
mring radèn Troenadja-
ajoen, sira radèn

ampoen ngatoerken toe-
n Troenadjaja, ama-
a sinoekmèng drija,

wirataroena ing Men-
sang nata, marang
oenadjaja, kang was-

poetoe marang Mentawis,
nira, kang amenging
ha, ija oedjaring pa-

ig dawoehé sriboepati,
g Mekasar, sampoen te-
èn Troenadjaja, marang

ingsoen nora angimpi,
era, amenginga aséba
ang, tan kena dèn

ngerig tijang Madoera
soen djateng soemangga,
manira djateng soemang-

h apan lagi asakit,
h, roemijina dénè
andan, noesoel marang

23. Kang dioeta woes sinambrama, sinangonan sarta sinoeng pisalin, kang dioeta pan sampoen moendoer, tan kawarna ing marga, ladjeng dioeta tjoemoendoek ing goestinipoen, tjaraka madjeng wotsekar, woes katoer poerwa tinoeding.

24. Ing madya lawan woesana, woes kagalih atoeré dioeta kalih, kang serat tan mawi wangsoel, jata waoe rahadyan, ngoenadika rahadèn pan sampoen weroeh, lamoen sinangga ing krama, nanging radyan angétjani.

25. Sok moendoera wong Mekasar, wong Madoera gampang katemoe woeri, rahadyan sampoen aremboeg, arsa anoelya boedjal, jata sampoen amepek bahitanipoen, nèng pasisir kadya gerah, katjeloek batoeré kèri.

26. Bahita awarna-warna, apa dénè bahitaning koempeni, nglahoetan oemyoeng goemoeroeh, samya nembang tengara, apan sareng dènja babar lajaripoen, bandéra mawarna-warna, seksana katempoeh ngangin.

27. Woes minggir poenang bahita, enengena sagoeng para dipati, oetjapen kang anèng Demoeng, Galèngsong woes miarsa, para mantri pasisir pan sampoen rawoeh, kalawan sawadyanira, kerigan wadya pasisir.

28. Radja Galèngsong ngandika, pan pinepek sakatahing pradjoerit, miwah pra sentananipoen, apan sami rembagan, wong Mekasar sedya abareng aleboer, lir tigan sapetarangan, radja Galèngsong mangkya ngling.

29. Lah kakang Dahèng Maréwah, adandana sakapraboning djoerit, manira arsa ametoek, joedané wong Mentaram, dèn prajitna adjana niwasi kéwoeh, pan wartané wong Mentaram, bahitané woes aminggir.

30. Dénéta sedya manira, soen panggihi joedané wong pasisir, lawan mepeka perahoe, sampan lawan lantjangan, pilihana perahoe kang koekoeh-koekoeh, menawa prang ing segara, saosa bahita alit

31. Lahta djajoengan kéwala, lah moelané soen nganggo bahita-lit, akebat wewatekipoen, lembing sira pepekna, bok menawa aprang ana tengah lahoet, sasiwonen kéwala, ingsoen djéwé angawaki.

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

32. Sakèhé wong teteloekan, paja konen ana ing woeri tebih, menawa tan lambang kajoen, wantoe wong doedoe bangsa, poen Maréwah sigra dènja awotsantoen, noelya angoendangi bala, tengara baroeng saroeni.

33. Wadya bala ing Mekasar, sampoen sami sijaga ing ngadjoerit, angadjrihi tandangipoen, wantoené wong Mekasar, ngangahangah jèn angarepaken moengsoen, anoeli kaja agéa, samya tempoeh ing ngadjoerit.

34. Sri Galèngsong woes sijaga, sampoen rakit kapraboning ngadjoerit, kang djimat sampoen rinasoek, sedya ngantep ing joeda, woes sijaga sang Galèngsong sigra metoe, ingiring para sentana, miwah sakaprabon djoerit.

35. Sigra anitih toerangga, boesananja jèn tinon langkoeng asri, tan kawarna solahipoen, nenggih genti kotjapa, dyan Prawirataroena sabalanipoen, katah ingkang dèrèng prapta,lagya sami lekas minggir.

36. Aminggiraken kang palwa, sekatahé pra dipati pasisir, meksih lajar anèng lahoet, koempoel nèng samodra, nanging rangga Sidajoe kang sampoen rawoeh, lan ngabèhi Singawangsa, lawan pandji Wiraboemi.

37. Kelawan Soeramenggala, Poelangdjiwa poenika lagi prapti, sareng lan wadyanirèkoe, ngabèni Wirawangsa, noelya mentas sawadya saking perahoe, sampoen sami tata-tata, sagoeng pradjoerit Mentawis.

38. Pan sampoen prapta sedaja, samya mentas tata pingir pasisir, sedaja sijaga sampoen, sadandananing joeda, pan andenjeng wong Mantaram barisipoen, gegaman awarna-warna, anèng pinggiring pasisir.

39. Ki ngabèhi Poelangdjiwa, lawan malih ki pandji Wiraboemi, ki Wirawangsa akoempoel, lawan Soeramenggala, Soerawangsa para pradjoerit Mentaroem, polahé lir wardoe angga, angadjak tempoeh ing djoerit.

40. Pan datan dangoe semana, wong Mekasar waoe metoni djoerit, ting djalimprak polahipoen, sroeni baroeng tinembang, anga-

djrihi

djrihi wong Mekasar tandangipoen, anglir pènḍah saradoela, mekadjar nempoeh awingwrin.

41. Wadya Mentaram toemingal, jèn Mekasar sampoen medal ing djoerit, tengara tinembang ngoengkoeng, koemrab wadya Mentaram, moeng koetjiwa wong pasisir dèrèng rawoeh, sekatahé ingkang meng sah, datan arsa angoendoeri.

37. DOERMA.

1. Sigra nempoeh pradjoeritè wong Mekasar, Galèngsong aninḍihi, kadya saradoela, galak amangsa djalma, kadya bantèng tawan kanin, mara ing ngarsa, pan sarwi oentjlang lembing.

2. Sigra mara sekatahé wong Mentaram, sedya angantep djoerit, sampoen binedilan, Mekasar ingkang mara, syaranè senidjata moeni, lir langit rebah, mimis kadya garimis.

3. Datan moendoer wong Mekasar binedilan, pan samya bèr koewanin, sedyaning ngadjoeda, soroh amoek kèwala, wadya Mentaram nadahi, tempoen ing joeda, lir oedan sinemèni.

4. Wong Mekasar tan kandeg dèning senidjata, angamoek karo lembing, wenèh nganggo pedang, ingkang kaparag boebar, akatah ingkang ngemasi, wadya Mekasar, angamoek karo lembing.

5. Rèntjangipoen ingkang pedjah ngadilaga, pan nora dipoen tolih, ingidak kèwala, ladjeng pengamoekira, kadya bantèng tawan kanin, wadya Mekasar, èbat ingkang ningali.

6. Pan andedes dèning koekoesing sendawa, satengahing ngadjoerit, mimis kadya oedan, ramè oeleng-oelengan, wong Mekasar datan nolih, pengamoekira, wong Mentaram woes goesis.

7. Sira raden Prawirataroena mijat, roesakè ingkang abdi, gya moendoet toerangga, lawoengira ingikal, radyan sedya angawaki, pan abra moentjar, boesananing toeranggi.

8. Angandika raden Prawirataroena, soen teda ing Jyang Widi, lamoen toeloes roesak, negara ing Mentaram, soen teda adja menangi, tan bisa mijat, roesakè ing Mentawis.

9. Lamoen ingsoen kongsi amenangi roesak, tan bisa anglakoni, jata raden arja, Prawiratroena mangsah, koedanè dipoen tjameti,

pan

pan karsanira, angawaki ing djoerit.

10. Warna kadya binajang kari rahadyan, kang tjahja sampoen wilis, kang para sentana, angiring datan tebah, kawandasa winetawis, pan sedyanira, akarsa bareng mati.

11. Leloerahé awasta ki Séwadjaja, Séwatroena sawidji, lawan Séwabangsa, toewin Séwaleksana, Séwataka kang sawidji, ikoe sentana, kelawan Wirakarti.

12. Dyan oemangsah radèn Prawirataroena, pradjoeritira ngiring, sampoen tjampoen ing prang, ramé sami prawira, wong Mekasar mobat-mabit, pengamoekira, kapanggih pada wani.

13. Wadyanira radèn Prawirataroena, tan nedya moendoer djoerit, sereg dana krama, sedya amales pedjah, tan ana angoetjap adjrih, ngarsa palastra, kang woeri mangsah wani.

14. Sampoen moendoer katingal sira rahadyan, anoeli wangsoel malih, tjampoen ing ngajoeda, awor lawan Mekasar, Séwatroena sampoen mati, atatoe djadja, Mangoentroena akanin.

15. Wirakarti palastra atatoe djadja, rahadèn aningali, jèn balané roesak, arsa ngawaki joeda, toerangga woes dèn tjoemeti, para sentana, sedaja angampingi.

16. Dyan Prawirataroena tempoeh ing joeda, panggih soedirèng djoerit, kang para sentana, goemoeloeng ambeg pedjah, kang para loerah ngawaki, sampoen manengah, tandangé mobat-mabit.

17. Séwadjaja kelawan poen Séwabangsa, pan samya ambeg pati, pengamoeké nengah, wong Mekasar kèh pedjah, radja Galèngsong ngawaki, para sentana, samya ngamoek mangoengkih.

18. Dyan Prawirataroena pengamoekira, pan sampoen nandang kanin, kang para sentana, semana tetoempesan, anèng madyaning ngadjoerit, waoe rahadyan, pengamoekndja woes lali.

19. Aningali pra sentana akèh pedjah, mila sanget angoengkih, wadya ing Mekasar, pan katah ingkang pedjah, karépotan ing ngadjoerit, sira rahadyan, kang ngampingi woes enting.

20. Séwadjaja mendak anoengkemi pada, matoer sarwi anangis, pan woes nandang brana, adoeh goestikoe rahadyan, soewawi moendoer roemidjin, ing pesanggrahan, ngentosi wong pasisir.

n, kang tjahja sampoen
tebah, kawandasa wine-

watroena sawidji, lawan
kang sawidji, ikoe sen-

na, praijoeritira ngi-
ni prawira, wong Meka-
pada wani.
an nedya moendoer djoe-
n, tan ana angoetjap
ah wani.
nadyan, anoeli wang-
awan Mekasar, Séwatroe-
oena akanin.
rahadèn aningali, jèn
gga woes dèn tjoemeti,

oeda, panggih soedi-
eng ambeg peijan, kang
ndangé mobat-mabit.
, pan samya ambeg pati,
h, raija Galèngsong
oengkih.
pan sampoen nandang
san, anèng madyaning
oes lali.
mila sanget angoeng-
peijan, karépotan
ingi woes enting.
matoer sarwi anangis,
rahadyan, soewawi moen-
wong pasisir.

21. Abdi dalem sedaja pan sampoen telas, kawoela nandang kanin, pan boten kawoela, jèn adjrina palastra, marma doemateng ing goesti, lamoen sembada, anggèr aso roemijin.

22. Ish soewawi goesti noempak ing bahita, ngasowa nèng djeladri, tetijang Mentaram, sampoen koewoer sadaja, wetawis tan saget poelih, kalih ngantosa, titijang ing pasisir.

23. Dyan tinoeroet Séwadjaja atoerira, moendoer marang pasisir, wadya ing Mentaram, sami rebat bahita, sawenèh ana kang kari, pating goeragap, bahita datan olih.

24. Wong Mentaram kadya gabah inginteran, wenèh bahita alit, kekatahen tijang, kèrem pating koerambang, areboet palya tan oelih, gebyoer samoedra, anglangi mempis-mempis.

25. Wong pasisir ingkang anèng ing samodra, awas dènja ningali, jèn wadya Mentaram, joedané woes kasoran, anoelya wadya pasisir, bahitanira, pra samya dèn dajoengi.

26. Dyan Prawirataroena mirsa semana, ngadeg pinggir kekisik, pan ngentosi bala, kang tan antoek bahita, pating kadjoengsang wong tjilik, saking djrihira, pan samya reboet oerip.

27. Pan kawratan waoe bahitané radyan, pan kekatahen djalmi, gondjing kang bahita, noelya kèrem sedaja, sampoen karsaning Hyang Widi, lamoen rahadyan, pan tinagih ing pati.

28. Ting koerambang samya kagebyoer ing toja, kang kèrem samya mati, kekatahen djalma, samya pating kadjoengsang, bahita Mekasar prapti, pan dedajoengan, bahitanira alit.

29. Gegamané soeligi lawan serampang, bahita ing Mentawis, samya tjinegatan, wadya bala Mentaram, sedaja manahé giris, mengsah bahita, oeninè angoeberi.

30. Wong Mentaram katan mati déning toja, sawenèh dèn soeligi, lawan sinerampang, jata radèn Prawira, Taroena wadyanirèki, telas sedaja, anèng pinggir pasisir.

31. Sira radya Prawiratroena woes pasrah, jèn tinagih ing pati, apanta soemangga, ing karsaning hyang Soeksma, amitjarèng djroning ngati, alah kantoena, goestikoe ing Mentawis.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

32. Pan kawoela sang nata amit palastra, manggoel karsaning goesti, kawoela woes toewa, lega pedjah ing rana, bebantené ing Mentawis, karsaning Soeksma, apan nora goemingsir.

33. Séwadjaja anangis noengkemi pada, kang brana angranoehi, doeh goesti kawoela, donja rawoeh ngakérat, kaladosana ing abdi, moegi panggija, kawoela lawan goesti.

34. Angandika radèn Prawirataroena, loewih tarima mami, Séwadjaja pada, jèn ana sisipingwang, sira ngapoeraha oegi, sira palastra, adja mandeg toemoelin.

35. Séwadjaja sampoen nemahi palastra, anèng ngarsaning goesti, ngandika rahadyan, ingsoen bélani sira, awirang ingsoen jèn oerip, sentananingwang, apanta sampoen enting.

36. Wong Mekasar sampoen katah ingkang prapta, radèn dipoen bedili, woes atawan brana, radèn tiba alenggah, pan oewis toemekèng pati, ingkang kerasa, para poetra ing woeri.

37. Atanapi waoe para garwanira, dèn bisa sira kari, ingsoen pamit pedjah, anèng madyaning rana, radyan sanget dènja kanin, sampoen palastra, radyan sampoen goemoeling.

38. Apan arsa tinigas waoe rahadyan, koempni anoeloengi, mentas saking palwa, tijang Ambon poenika, tijang Ternété ngréwangi, sarta njendjata, gegaman ing koempeni.

39. Jata moendoer sagoeng kang bala Mekasar, tan koewawi nadahi, mimis kadya oedan, jata tijang Mekasar, loemajoe asipat koeping, atangkeb lawang, wadya Mekasar wingwrin.

40. Woes karebat lajoné sira rahadyan, noelya binekta aglis, minggah marang palwa, pan sampoen binandoesa, ingoendoeraken toemoeli, sigra alajar, nèng lahoetan prihatin.

41. Sekariné para sentana poenika, ngiringaken roemidin, waoe kawarnaha, wadya bala Mentaram, kelawan wadya pasisir, laboeh sedaja, waoe anèng djeladri.

42. Noranana kang mentas marang daratan, antara madya latri, ana ing samodra, pan sarwi pagoeneman, ki Soeramenggala nenggih, lan Soerawangsa, rangga Sidajoe nenggih.

ra, manggoel karsaning
ng rana, bebantené
a goemingsir.
kang brana angranoehi,
, kaladosana ing abdi,

oewih tarima mami, Séwa-
apoeraha oegi, sira pa-

, anèng ngarsaning
sira, awirang ingsoen
n enting.
g prapta, radèn dipoen
nggah, pan oewis toe-
ing woeri.
oisa sira kari, ingsoen
n sanget dènja kanin,
ng.
koempni anoeloengi,
, tijang Ternété ngré-
eni.
ekasar, tan koewawi
kasar, loemajoe asipat
ingwrin.
, noelya binekta aglis,
esa, ingoendoeraken
natin.
iringaken roemijin,
wan wadya pasisir, la-

an, antara wadya latri,
Soeramenggala nenggih,

43. Lan malihé ki ngabèhi Singawangsa, Soeramenggala angling kadospoendi kakang, poenika rembag dika, anèng samoedra poeniki, tanpa wekasan, soewawi sami minggir.

44. Datan kelar kawoela katrajang ngombak, kadya kabanting-banting, lawan malih katah, ingkang wadya soemelang, inggih koempni poeniki, raosing manah, tan toeloes angréwangi.

45. Kaping tiga wong Sampang dados soemelang, tan wandé anemahi, lamoen soewawija, minggir ingkang bahita, ing Pahiton pan ingoengsi, atata-tata, sami mondok ing kali.

46. Sampoen rembag waoe kang para dipatya, ki Singawangsa angling, nangingta manira, mangké datan jèrèka, aminggir mondok ing kali, karsa manira, alaboeh ing djeladri.

47. Ing Pahiton waoe dènja tata-tata, sagoeng wadya pasisir, lan wadya Mentaram, bahitané ngalempak, paja alaboeh ing kali, samya prajitna, wong pasisir Mentawis.

48. Pan sedaja sami mentas ing daratan, baris pinggir pasisir, moeng ki Singawangsa, meksih anèng samoedra, tan toemoet laboeh ing kali, kala semana, wong anom woes alami.

. 38. SINOM.

1. Baja woes karsaning Soeksma, wadya bala ing Mentawis, anoedjoe apes kang joeda, bahita laboeh ing kali, jata soeroed kang kali, kang palya kandas sedaroem, lèpèn Paiton asat, bahita tan kena milir, kawarnaha tijang Mekasar kang prapta.

2. Apanta nora akatah, wong Mentaram tan oedani, anggetak sapraptanira, gègèré kadya sinipi, kang palwa dèn obongi, mila sanget gègèripoen, kali Paiton asat, palwa tan bisa loemaris, apoejengan wadya bala ing Mentaram.

3. Gegaman anèng bahita, telas sedaja kabesmi, sangoené datan karembag, milanipoen angoendili, wadya pasisir ngisis, bahitsné sampoen leboer, tamboeh ing polahira, arsa angreboet ing djoerit, gegamané sedaja pan telas kobar.

4. Samya loemajoe lorodan, wong Mentaram sami ngisis, ki ngabèhi Wirawangsa, Soeramenggala tan kari, ki paniji Wiraboe-

ARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mi, Poelangdjiwa pan loemajoe, tetijang ing Mekasar, Polahira gegilani, angerajah bahitané ingkang kobar.

5. Jata waoe kawarnaha, solahé wadya Mentawis, wadya pasisir loemadjar, angoengsi wana kang tebih, langkoeng déning prihatin, wong tjilik sami andjetoeng, sangoe telas kabakar, radja boesana woes enting, sami kobar anèng sadjroning bahita.

6. Wong tjilik sami lorodan, datan betah nora boekti, marmané katah kang minggat, lawan pinarag gagering, manahnja sedih kingkin, déné telas sangoenipoen, pra samya pagoeneman, para mantri ing Mentawis, Wirawangsa kelawan Soeramenggala.

7. Lan Rangga Sidajoe ika, Singawangsa woes aminggir, lan dipati Pekalongan, andjenggroek sangoené enting, Madoeretna Batang toewin, lawan rangga Lèpèn-Woengoe, ngabèhi ing Ngawanga, Soeralaja sampoen prapti, atanapi ki ngabèhi ing Lamongan.

8. Lan Mertalaja ing Tegal, Pemalang Tjakranegari, woes samya pepek sadaja, Soeramenggala sira ngling, sedaja kadospoeni rembagé kantja sedaroem, wong tjilik sami minggat, datan kelar nora boekti, bandjel aprang gegaman pan telas kobar.

9. Èmengé manah kawoela,arsa bandjel ing ngadjoerit,tamboeh kinarja gegaman, milané pegel kang galih, poenika jèn soewawi, ingoendoeraken roemoehoen, dateng ing Soerabaja, poenapa déné ing bèndjing, jèn soewawi datenga nagri Djepara.

10. Adipati Mertalaja, pamoewoesira awengis, kelamoen soewawi karsa, sakariné bandjel djoerit, gaman sakarinèki, ingabena aprang tjoetjoeh, lamoen tan magoet joeda, poenika ing rembag mami, lah soewawi moendoer dateng Soerabaja.

11. Ranamenggala angoetjap, asompok nèng Soerawèsti, Madoera dadi soemelang, wetarané ati mami, tan kongsi dandan djoeri wong Madoera selak rawoeh, kapindo si Walanda, manahé doeroeng sajekti, prajogané oendoerna marang Djepara.

12. Ping kalih tebih Madoera, lan perek bala koempni, ingatep pikir Walanda, sampoen angroebeti pikir, koempni miring-miring, pan ikoe wong abeboeroeh, doeroeng karoean lampah, jèn Troenadjaja boeroehi, nora woeroeng anggitik mring pekenira.

g ing Mekasar, polahira
obar.
ya Mentawis, wadya pasi.
ih, langkoeng déning
sangoe telas kabakar,
anèng sadjroning bahita,
betah nora boekti, mar-
gagering, manahnja se-
pra samya pagoeneman, pa
awan Soeramenggala.
ngsa woes aminggir, lan
né enting, Madoeretna
goe, ngabèhi ing Ngawang
ki ngabèhi ing Lamongan.
ng Tjakranegari, woes sa
gling, sedaja kadospoen
ami minggat, datan kelar
n telas kobar.
el ing ngadjoerit,tam-
g galih, poenika jèn soe
g ing Soerabaja, poenapa
nagri Djepara.
a awengis, kelamoen soe-
gaman sakarinèki, inga-
et joeda, poenika ing
ng Soerabaja.
k nèng Soerawèsti, Madoe
tan kongsi dandan djoeri
Walanda, manahé doeroeng
epara.
perek bala koempni, inga
pikir, koempni miring-
peng karoean lampah, jèn
ggitik mring pekenira.

13. Sigegen datan kotjapa, kang anèng pinggir pasisir, kotjapa wadya Mentaram, ingkang kasoran ngadjoerit, pan sampoen boedal sami, sagoengé wadya Mentaroem, ngiringaken bandosan, lajoné rahadèn mantri, kang kapoepoe anèng rana pembaratan.

14. Radèn Prawirataroena, kasamboet madyaning djoerit, rempoe kabèh pra santana, akèh longé ingkang mati, datan kawarnèng margi, woes prapta nagri Mentaroem, katoer marang sang nata, srinalèndra ing Mentawis, langkoeng doeka sénapatiné palastra.

15. Sigegen srinaranata, kotjapa kang para laki, sadatengé lajonira, kang kasamboet ing ngadhoerit, garwanja sami anijrit, angroengkebi anèng soekoe, sesambaté mlasarsa, adoeh kangmas wong asigit, kang sawenèh goeloengan anggablog djadja.

16. Sigegen srinaranata, ing dina soma tinangkil, srinalèndra magelaran, ginarebeg déning tjèti, miwah para sarimbit, pagelaran pan soepenoeh, sang praboe ing Mentaram, doekané jajah sinipi, nèng teratag pan meksih angemoe doeka.

17. Para boepati Mantaram, pepek sedaja anangkil, toemenggoeng Mangoennagara, moenggèng ngarsané sang adji, pangran Madoera nangkil, Mandaraka djadjaripoen, lawan Radjamenggala, arja Pamot anamboengi, pan adjadjar lan toemenggoeng Wirabradja.

18. Djeng pangéran Adipatya, ing Mentaram sampoen nangkil, lan pangéran Singasekar, pangéran Poeger anangkil, miwah kang raji-raji, pangéran Martasanèkoe, lan pangéran Balitar, pangéran Poerbaja nangkil, angandika srinalèndra ing Mantaram.

19. Dateng pangéran Dipatya, lahta koeloep poetra mami, sira kaki loemakoewa, aninditana ing djoerit, lan arinira kaki, Singasari anakingsoen, lan arja Martasana, paman Balitar dja kari, atanapi si arja Pamot miloea.

20. Si toemenggoeng Wiradjaja, lan si pandji Wiraboemi, rangga Sidajoe miloea, madjoea ngadjoerit malih, lan Radjamenggaleki, anakingsoen Sampang ikoe, pada sira miloea, Tjakraningrat matoer gipih, inggih soekoer kawoela dateng sandika.

21. Srinalèndra angandika, dateng kang oewa amanis, alah

oewa

oewa Poeroebaja, dika tindihi ngadjoerit, amrih koekoshing ba-
ris, pangéran Poerbaja matoer, inggih dateng sandika, pangandi
kané sang adji, kang doemawoeh dateng poen oewa Poerbaja.

22. Sanadyan asoekoe djadja, poen oewa datan woemingsir, sanadyan toemekèng pedjan, nglampahi karsaning goesti, lan sa-
pindshé malih, kawoela pan sampoen sepoeh, sedeng pedjah ing
rana, sampoen wareg mongmong goesti, angandika waoe srinaranata

23. Dateng pangéran Dipatya, lahta koeloep anak mami, wadya
nira ing Mentaram, pra teloenen ikoe bèndjing, sadoeman ikoe
kari, atoenggoewa marang ingsoen, kang rong doeman miloea, sira
doenen ing ngadjoerit, soen idèni ing dina soma mangkata.

24. Woes djengkar srinaranata, malebet ing dalem poeri, woes boebar sagoeng kang séba, para boepati Mentawis, sedaja sami tjawis, saboesananing prang poepoeh, kabèh wadya Mentaram sijaga angati-ati, aboesekan kang wadya lit polahira.

25. Ana kang ngoetjal boesana, sawenèh ngoetjal koelambi, ana ingkang ngoetjal koeda, atanapi ngoetjal batir, ana kang djaloek njilih, kang sanget moesakatipoen, anjaloek sangoe ik
kang èstri sahoernja wengis, nora doewé kang dèn sangokaken ap

26. Kapok ingsoen marang sira, laki olèh wong madati, pati-
né atinggal oetang, oeripé ambeborosi, jèn gering ngoelah tahi
jèn mendem toeroe angloegoer, angantoek arènggotan, ajemen toe
roe lan boekti, lamoen tangi tjekrèh-tjekrèh petagian.

27. Koeneng waoe kang winarna, kotjapa kang agoeng brangti sira pangéran Dipatya, ginoebel déning kang raji, kedah toemoe ing djoerit, pangéran Dipati moewoes, lahta nimas kantoena, no ra lawas ingsoen bali, lamoen bésoek ingsoen wis menang ajoeda

28. Garwa saking Soerabaja, garwané pangran Dipati, poetra né ki Mangoendjaja, waoe kang dados kekasih, dasar ajoe linoe-
wih, lir widadari toemoeroen, saking Ngèndraboewana, marma pa-
ngéran Dipati, ingkang garwa tansah kinoela wisoeda.

29. Dihadjeng sira kantoena, datan lawas ingsoen bali, ing
soen nimas sangonana, soen gawé djimating djoerit, kang soemar

sana

sana wilis, sekar lajon saking geloeng, kinarja tamba brangta, sangdyah lipoer ingkang galih, radja poetra sampoen anembang tengara.

30. Mepek sagoeng kang poenggawa, miwah ingkang para mantri, kadya ombaking samoedra, goemerah syaraning ijalmi, bandéra warni-warni, oemboel-oemboel myang lelajoe, awor pangriking koeda, kadya oedan sinemèni, awoerahan wong Kadipatèn sedaja.

31. Noeng-anoeng kang moenggèng ngarsa, waos bénang moenggèng ngarsi, rasoekan sangkelat abang, tjelananja pandji-pandji jèn tinon angadjrihi, adoewoeng tjinara Wangsoel, respati oedeng idjingga, apaningset soetra wilis, sinelanan ingkang bekta waos pontang.

32. Toembak soelam wawegigan, ingkang sopal kentjanadi, ingkang bekta wong kanoman, samya oedet soetra koening, koelambi sora-sari, sami koelambi saloekoep, rinènda ing toja mas, jèn tinon woewoeh mantesi, kesamboengan waos kang jèn blongsong emas.

33. Ingkang bekta peranakan, sami akekaweng poetih, sami njoeriga serampang, rasoekan baloedroe wilis, rènda toja mas adi, bebadong kentjana mantjoer, wingkingipoen poenika, para goesti kang angiring, djadjarané tinon ngoebengi prawitan.

34. Ana ingkang nitih djoelang, saweneh anitih djoli, ana tinandoe kéwala, para njahi ingkang alit, ana ingkang loemaris, warna-warna solahipoen, singgahanja baroengan, wantoe pangéran Dipati, nitih koeda pinajoengan kertas djenar.

35. Woes boedal sagoeng gegaman, goemrah soewaraning ijalmi, awor lan pangriking koeda, kadya oedan sinemèni, lir Hyang-Hyang moenggèng toelis, soerem giwangkara mendoeng, kasenen ing boesana, marijem kang moenggèng woeri, pan sinèrèd wong Kalang lawan adjaga.

36. Rangga Sidajoe nèng ngarsa, sawadyanira akedik, Radja Menggala wingkinguja, goemrah sawadyanja asri, tjiri wenara

poetih, sarageni moenggèng ngajoen, bandéra warna-warna, wong Djapan anganan ngéring, anglir tinon lir sekar sataman moebyar

37. Sigra waoe kesamboengan, toemenggoeng Wiradjajèki, asr ingkang oepatjara, pradjoeritira pan asri, bandéranja srigadin waos bénang moenggèng poengkoer, sampoen nitih toerangga, pina joengan kertas wilis, arja pamot soemamboeng sawadyanira.

38. Apan sampoen sinamboengan, pangéran Balitar nenggih, pan sampoen anitih koeda, sinongsongan kertas wilis, gegaman mantja warni, toebak oeles moenggèng ngajoen, wetara kalih dasa anglempak ing kanan kéring, kesamboengan wadyané pangran Poerbaja.

39. Kangdjeng pangran nitih koeda, sinongsongan kertas adi toembak oeles anèng woentat, ngagem pedang kanan kéring, tijan pranakan nenggih, lampahira anèng ngajoen, pan mawi sikep wata miwah kang anèng toeranggi, asri tinon wadya bala Kapoerbajan.

40. Kawarnaha djeng pangéran, Adipati ing Mentawis, ginare beg pra boepatya, miwah kanan kéring mantri, tanapi para selir embanira anèng ngajoen, miwah raji sedaja, samya moenggèng woe rinèki, tan tjinatoer nenggih langenirèng marga.

41. Pan mèn prapta ing Djepara, sampoen misoewoer kang war ti, jèn pangéran Adipatya, arsa bantoe ing ngadjoerit, para raji angiring, miwah kang para toemenggoeng, kijahi Wangsadipa sampoen amijarsa warti, arsa metoek rawoehé pangran Dipatya.

42. Lampahira sesandéran, sawadyanira angiring, tanapi par sentana, kebat lampahnja woes panggih, lan mantri kang nèng ngarsi, ki Wangsadipa woes ladjoe, kapetoek pra santana, jata kandeg ki ngabèhi, sampoen moelat tengaran ki dandanggoela.

39. DANDANGGOELA.

1. Ki ngabèhi Wangsadipa nenggih, woes kapetoek waoe anèng marga, agé waoe ing ngoedoené, saking toeranggapoen, Wangsadipa gya melajoni, mring pangéran Dipatya, semana woes toendoek, sigra waoe ingatoeran, djeng pangéran woes ladjoe lampahirèki, mandjing kita Djepara.

2.

2. Wangsadipa oematoer wotsari, alah goesti padoeka katoeran, kang abdi asran poerané, pangéran ngandikaroem, soen tarima prasetyanèki, lah ija Wangsadipa, marang awakingsoen, jata pangéran Dipatya, woes loemebet marang dalem poera aglis, déné kang anèng djaba.

3. Sekatahé wadya ing Mentawis, samya mandjok djawinirèng kita, goemoeroeh goemrah syarané, semana tan winoewoes, wong pasisir ingkang winarni, atas miarsa warta, lamoen sang binagoes, pangran Dipati Mentaram, nèng Djepara sawadya sentana mantri, krig ngiring radja poetra.

4. Pan misoewoer mring wadya pasisir, asanéga séba ing Djepara, woes déné sakaprabonné, wadya oemyoeng goemoeroeh, Madoeretna ing Batang nangkil, toemenggoeng Pekalongan, myang Semarang rawoeh, ing Barebes Soerabaja, Kaliwoengoe rangga Adinegarèki, Kendal ngabèni Wangga.

5. Adipati Mertalaja Tegil, sampoen boedal lan Tjakranegara, Pemalang Wiradésané, ing Demak sampoen rawoeh, ing Tarbaja Koedoes myang Pati, Rembang lawan Djoewana, rangga ing Sidajoe, nanging tijangipoen telas, nèng Djepara wong Sidajoe samya balik, toewin pangéran Sampang.

6. Nèng Djepara sagoeng pra dipati, ing pasisir saha wadya bala, asri tinon gegamané, nèng Djepara woes koempoel, pepek kabèh pra samya nangkil, ngabèhi Wangsadipa, kalintang sesoegoen, sarawoehira pangéran, nèng Djepara langkoeng bektiné nglangkoengi, marang wadya Mentaram.

7. Kawarnaha dipati Kediri, akekasih radèn Troenadjaja, ing Sampang kelèrèhané, toesing Mandoera toemoet, kaponakan sirèng dipati, ing Sampang Tjakraningrat, doeraka ing ratoe, poetrané demang Melaja, kambil mantoe mring pangran Kadjoran singgih, kang bedah Soerabaja.

8. Troenadjaja woes miarsa warti, lamoen Dipati Anom Mentaram, anèng Djepara enggonné, kerig wadya Mentaroem, atanapi wadya pasisir, toewin mantja negara, sedaja woes koempoel, pepek ana ing Djepara, Troenadjaja woes sami angati-ati, sakapraboning joeda.

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

9. Troenadjaja woes anoenggal kapti, lawan sira sang radja Mekasar, radja Galèngsong namané, ingadjak bareng leboer, wong Mekasar bèndjang jèn djoerit, lawan wadya Mentaram, perdjandjé janipoen, lir endog sapetarangan, bareng remoek adjana ingkang goemingsir, bèndjang tempoehing joeda.

10. Troenadjaja langkoeng dènja asih, marang sira sang radja Mekasar, sakelangkoeng pratjajané, sampoen ingambil mantoe, pinaringan poetranirèki, kaperman kaponakan nira sang apraboe, ingoegoeng sapolahira, Troenadjaja angrasa jèn oelih kanti, lawan radja Mekasar.

11. Troenadjaja nenggih sampoen lali, tetamboean lamoen aprasetya, kelawan Dipati anèm, ing ngoeni djandjinipoen, djroning poera pangran Dipati, djaba ki Troenadjaja, bangbang aloem-aloem, kasran marang Troenadjaja, pan ing mangké tan ana tilasing djangdji, angrasa woes kasedya.

12. Ingkang dingin trah Djaranpanolih, kapindoné pan boesana èndah, tata poera doek poerané, sampoen djoemeneng ratoe, kinahoelan ing rama adji, djenengé soeltan Krapyak, kakoedangapipoen,laminé mengkoe Mentaram, djeng pangéran anoeng kawan dasa latri, loemoengsoer nèng Kadjoran.

13. Djeng pangéran tansah mangoentèki, nèng Kadjoran sampoen silih nama, panembahan Rama wastané, Troenadjaja ginoenggoeng, ingèstrènan djoemeneng adji, ping tiga ing Mekasar, ping sekawanipoen, pasisir mantja negara, sampoen noengkoel wong bang wétan sami wingwrin, angrasa woes wibawa.

14. Wila mangkyarsa djoemeneng adji, Troenadjaja anèng Soerabaja, woes ngrasa toenggal darahé, sampoen oemadeg ratoe, Madoeretna ingkang wewangi, radja Galèngsong ika, andel-andel kéwoeh, pasisir mantja negara, datan wonten oemalang karsaniradji, ing praboe Troenadjaja.

15. Jata genti waoe kang winarni, kang kotjapa kang anèng Djepara, anenggih Dipati Anèm, ingkang moenggèng ing ngajoen, sekatahé wadya pasisir, miwah para dipatya, kang moenggèng ing ngajoen, miwah wadya ing Mentaram, pepek andèr sedaja sa-

mya

mya enangkil, aglar moenggèng ngajoenan.

16. Anganḍika pangéran Dipati, ḍateng kang éjang pangran Poerbaja, kaḍospoendi ing wartané, Troenaḍijaja poenikoe, noelya matoer kang éjang gipih, inggih poen Troenaḍijaja, sampoen maḍeg ratoe, ḍjoemeneng nèng Soerapringga, sekaṭahé wong Soerabaja awingwrin, aḍjrih mring Troenaḍijaja.

17. Wong pasisir wétan sami nangkil, wong Garesik kelawan ing Toeban, Siḍajoe Lamongan ḍéné, mantja negaranipoen, sampoen séba ing Soerawèsṭi, pangéran Aḍipatya, angoetjap ing kalboe, Troenaḍijaja nora setya, mèndah ḍéné soen tempoena ing ngaḍjoerit, tan wandé karja roesak.

18. Lamoen ingsoen wangsit loewih isin, waḍyaningsoen poeng gawa Mentaram, jèn kapirsa mring sang raḍjèng, loewih mérang tyasingsoen, lamoen ingsoen nora mangsiti, jekti kaṭah kang tiwas, ḍjroning aprang poepoen, apan jekti long linongan, Troenaḍijaja wetarakoe baja lali, ja marang ḍjeneng ingwang.

19. Pan katemoe ing pirang prekawis, jèn èmoeta marang ḍjeneng ingwang, jekti woes geḍé atiné, woes angrèh negarèkoe, pan sinéba sagoeng ḍipati, jata pangran Dipatya, wekasan amoewoes, waoe ḍateng ingkang éjang, wong pasisir boepatiné samya prapti, séba mring Soerabaja.

20. Inggin leres ingkang asoeng warti, wong pasisir pan séba sedaja, noengkoel mring Soerabajané, mantja negara soejoed, wong Mekasar kang ḍipoen kanṭi, wong Maḍoera poenika, kang ḍaḍi pengajoen, pan aḍjangḍji bareng remak, wong Maḍoera sami prawirèng ngaḍjoerit, lan waḍya ing Mekasar.

21. Lamoen bénḍjing tempoeh ing ngaḍjoerit, wong Mentaram lawan wong Maḍoera, tanapi wong Mekasaré, pan apes ḍjoeritipoen, wong Mentaram bénḍjing kaḍjoḍi, pan karsaning Hyang Soeksma, katah ingkang lampoes, para poenggawa Mentaram, woes pinasṭi apan nora kena gingsir, woesta karsaning Soeksma.

22. Lah anḍika anggèr soen toetoeri, pan poen kaki bèndjang magoet joeda, kapoepoe ngaḍilagané, woes karsaning Hyang Agoeng ḍatan kena amba goemingsir, woes karsaning Pangéran, njawa poe-

toeningsoen

toe ningsoen, bèndjang sapoengkoer kawoela, rama dika djengkar saking ing negari, roesak wadya Mentaram.

23. Kagyat myarsa pangéran Dipati, inggih éjang lamoen mekatena, éjang dika koendoer bahé, dateng nagri Mentaroem, bèndjang lamoen amagoet djoerit, wadya bala Mentaram boten koela adoe, moeng wong pasisir kéwala, ngaben joeda kang wajah dipoen bisiki, anggèr dika menenga.

24. Nadyan moelia marang Mentawis, nora wandé aprang nèng dedalan, pan woes karsaning hyang Manon, moenggoehing awakingsoen, lamoen mati apoelang djoerit, apanta nora bakal, karsaning Hyang Agoeng, wong oerip wekasan pedjah, djeng pangéran Dipati tan kena angling, mirsa ingkang wirajat.

25. Sakelangkoeng gagetoen tan sipi, djeng pangéran Dipati Mentaram, dadya pikir djro drijané, bajata awakingsoen, nora bakal karsaning Widi, kinarja lelampahan, marang ing Hyang Agoeng, sigra pangéran Dipatya, sampoen nembang tengara amepek baris, tan nedya moengkoer joeda.

39. PANGKOER.

1. Wadya geng ramé goemerah, ambelabar barisé wong pasisir, miwah wadya goeng Mentaroem, bandéra warna-warna, kang lelajoe pating karetap dinoeloe, kadya ombaking samodra, gegaman kagiri giri.

2. Sang radja poetra nganaika, mring sakèhé pra dipati pasisir, ingsoen amoendjoet perahoe, ingsoen karja wewadjah, sekatahé para mantri ing Mentaroem, kabèh winot ing bahita, toewin sangoené pra mantri.

3. Dèné ingsoen metoe darat, saroepané wadyaningsoen pasisir, dadija tjoetjoeking lakoe, aloeroea dedalan, kang prajoga ingambah wadya Mentaroem, pasisir loemampah ngarsa, soen karja tjoetjoeking djoerit.

4. Lahta sira Wangsadipa, adja miloe toenggoewa sawadyèki, toegoera anèng Djepantoen, dèn prajitna ing woentat, lan maningé jaji tjakraningrat bésoek, adja adoh lawan ingwang,

bèndjang

la, rama dika djengkar

.

nggih éjang lamoen me-
nagri Mentaroem, bèn-
Mentaram boten koela
joeda kang wajah di-

ora wandé aprang nèng
moenggoehing awaking-
ta nora bakal, karsa-
dijah, djeng pangéran
irajat.
djeng pangéran Dipati
ata awakingsoen, nora
n, marang ing Hyang
nembang tengara amepek

bar barisé wong pasisir,
rna-warna, kang lelajoe
samodra, gegaman kagiri

sakèhé pra dipati
soen karja wewajah,
eh winot ing bahita,

ané wadyaningsoen pasi-
.. dedalan, kang prajo-
emampan ngarsa, soen

e toenggoewa sawadyèki,
ing woentat, lan ma-
doh lawan ingwang,

bèndjang

bèndjang jèn tempoen ngadjoerit.

5. Wetaraningsoen ing bèndjang, wong Madoera jèn ningali si adi, jekti taha djoeritipoen, sebab wongira lawas, pra sentana adja adoh lawan ingsoen, kelawan éjang Poerbaja, sampoen tebih lawan mami.

6. Woes boedal sagoeng gegaman, tiningalan kadya prawata sari, bandéra kang moenggèng ngajoen, ing woeri toembak bénang, pra dipati ing Mentaram tindihipoen, kangdjeng pangéran Poerbaja, ingkang anindini djoerit.

7. Warnanen ki Troenadjaja, sampoen myarsa jèn pangéran dipati, andèr lan sawadyanipoen, saking nagri Djepara, Troenadjaja semana sampoen akoempoel, lawan radja ing Mekasar, sijaga angati-ati.

8. Sedyané ki Troenadjaja, ing ngajoeda sedya ngawaki djoerit, ki Troenadjaja amoewoes, marang radja Mekasar, kados poendi remboeg dika anak praboe, wong Mentaram sampoen tjelak, radja Galèngsong toemjaris.

9. Sampoen koewatir padoeka, wong Mentaram woes kagem ngasta kéring, dika sampoen toemoet-toemoet, jèn mengsah ageng prapta, Troenadjaja alon dènira amoewoes, anak radja soen tarima, prasetya dika mring mami.

10. Troenadjaja angandika, waoe dateng sakèné pra pradjoerit, anenggih kekasihipoen, aran Dandangwetjana, pan soen karja pengawak kéring ing bésoek, bèndjang sira mangkoe joeda, pengawak kanan dèn betjik.

11. Si Wangsagati nèng daja, pradjoerit djro ikoe kang dèn tindihi, ingsoen ingkang anèng poengkoer, anak radja Mekasar, nindihi wong doelang mangap ikoe bésoek, djadjaringsoen anak radja, lawan botjah talang pati.

12. Genti ingkang tjinarita, kawarnaha gegaman ing Mentawis, prapta ing Gegandon sampoen, gegaman ambelabar, pan andedeg dinoeloe lir pèndah goenoeng, ing Gegandon kang sinedya, sahé paning djoerit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

13. Wadya Mekasar woes wikan, lamoen wadya Mentaram anja-
tengi, lir denawa polahipoen, sedengé mangsa djalma, wong Ma-
doera samya ontjlang lawoengipoen, Mekasar pating djalimprak,
pan sarwi ontjlang kang lembing.

14. Antara tjampoehing joeda, pan goemoeroeh ramé rok sili-
oengkih, aramé boeroe binoeroe, bedil lir goenoeng bengkah, pe-
teng dedet kang koekoes lir pèndah mendoeng, tan ana djalma ka-
tingal, kadi awoen-awoen geni.

15. Wadya Madoera soemahab, polahira lir bantèng tawan ka-
nin, wadya Mekasar angamoek, lir pèndah saradoela, towok be-
dil kadya oedan tibanipoen, wong Mentaram boebar-boebar, poe-
jengan para pradjoerit.

16. Anglir gabah inginteran, wong Mentaram tan ana mangga
poelih, wadya pasisir kèh lampoes, miwah mantja negara, wong
Mentaram pan woes roesak tatanipoen, tan ana mangga poelia,
kadi gabah dèn interi.

17. Tandangé wadya madoera, gegilani lir boeta olih daging
pangamoeké ngiwad-ngiwoed, mawoet pan katah pedjah, wong Mente
ram katradjang pan mawoer-mawoer, akatah kang nandang brana,
wadya Mentaram awingwrin.

18. Wadya bala ing Mekasar, pangamoeké lir belis mobat-ma-
bit, singa tineradjang mawoer, datan mangga poelia, wong Men-
taram barisé roesak angloeloer, para boepati Mentaram, sedaja
sami ngawaki.

19. Miwah kang para sentana, pan sedaja sami ngawaki djoe-
rit, lir pèndah gerah kapitoe, bedil lir goenoeng rebah, wong
Madoera pan kalindih joedanipoen, miwah pradjoerit Mekasar,
sedaja sami kalindih.

20. Radja Galèngsong semana, doek toemingal balanira ka-
lindih, anoelya loemampah sampoen, marang ing rananggana, wong
Mekasar sedaja ingkang loemajoe, toemingal ing goestiniira, si-
gra noelya bali maning.

21. Jata praboe Troenadjaja, wadya bala ing Sampang dèn
tindihi, Taroenarangket ranipoen, Djagatroena ing ngarsa,

talangpati

talangpati oetawi wong troena lawoeng, lawan wadya soerèng laga, pitoeng atoes winetawis.

22. Solahé lir liman meta, joedanira langkoeng déning ngadjrihi, seksana sigra kepranggoel, lawan bala Mentaram, pan goemerah sesambaté wong kang tatoe, ana sambat bapa bijang, ana sambat anak rabi.

23. Sambaté bala kabranan, ting galereng lir oedan sinemèni, ki Wiradjaja kesamboet, sampoen anandang brana, ki toemenggoeng semana tiba aloenggoeh, djadja teroes ing walikat, andres kang loedira midjil.

24. Sampoen rineboet ing bala, woes binekta marang pondokanèki, ki toemenggoeng sampoen lampoes, pan sampoen binandoesa, sira rangga Sidajoe sampoen kasamboet, pandji Wiraboemi pedjah, moendoer binandoesa aglis.

25. Toemenggoeng Radjamenggala, woes kasamboet anèng madyaning djoerit, anoelya rineboet sampoen, moendoer woes binandoesa,para mantri Mentaram amawoet-mawoet, kaii gabah ingsinteran, poejengan kang pra pradjoerit.

26. Tan ana mangga poelia, wong Mentaram joedanira kalindih, lir dawoehan bedjah soemyoer, katempoeh bandjir batang, wadya bala Mentaram pan sampoen laroet, kari laijeré kéwala, anèng tengahing ngadjoerit.

27. Kang minangka laijerira, djeng pangéran Poeroebaja pradjoerit, dèrèng obah sawadyèkoe, prajitna sawadyanja, para loerah atap andèr anèng ngajoen, sedaja samya karoena, samya matoer marang goesti.

28. Adoeh goesti djeng pangéran, jèn soewawi goesti-moendoer roemijin, sedeng abdi dalem koempoel, sakantoené kang pedjah, jèn soewawi ing bèndjang sami pinagoet, joedané wadya Madoera, tanapi Mekasar bèndjing.

29. Pangéran alon ngandika, hèh sakèhé leloerahing pradjoerit, kang nora tresna maringsoen, agé sira moelia, areboeta ing rabi kelawan soenoe, kang anèng nagri Mentaram, ingsoen déwé kang nadahi.

30. Lah pira kamoektènira, sira ikoe pada trahing wong tjilik, moenggoeh kaja awakingsoen, sentananing nalèndra, ing Mentaram nora nana kaja ingsoen, moeng ingsoen sinembah-sembah mring wadya sentana mantri.

31. Sedengé ingsoen matija, bebantené ingsoen nagri Mentawis, jèn moendoera ing prang poepoeh, pan doeroeng babak boenjak, mèndahané èsemé wadya Mentaroem, jèn ingsoen moendoer ing joeda, dadi potjapaning djalmi.

32. Déné pangéran Poerbaja, apan ikoe sentananing nerpati, toer ika sinepoeh-sepoeh, pan doeroeng babak boenjak, ing ngajoeda déné atinggal pelajoe, pangoetjapé wong Mentaram, ija mring awak mami.

33. Panembahan Poeroebaja, sampoen wikan marang karsaning Widi, sigra angandika aroem, marang sagoeng pra loerah, soen toetoeri kabèn ing Mentaram ikoe, ija ing sapoengkoer ingwang, pesti roesak ing Mentawis.

34. Panedaningsoen ing Soeksma, awakingsoen adja kongsi mènangi, roesaké nagri Mentaroem, koedaningsoen saosna, apan ingsoen arsa magoet ing prang poepoeh, sapa kang welas maringwang, pestiné pada ngemasi.

35. Lara toemeka ing pedjah, leboer loeloeh awora lawan sti, mangsa goemingsira ingsoen, jèn ngalija bendara, nora wandé ing kana anemoe lampoes, angoer adja tanggoeng lampah, alané wong salin goesti.

36. Rijeg wadya Kapoerbajan, kasinoman kapedjek djodipati, sedyanja asoroh amoek, pangéran nitih koeda, pan kinoebeng wong mager sari angepoeng, tan pisah lan goestinira, sigra tepoeh ing ngadjoerit.

37. Sakèhé wong Kapoerbajan, pan soemahab angamoek golong pipis, wadya Madoera kèh lampoes, ingkang katradjang boebar, wong Mekasar akatah longé kang lampoes, wong Madoera boebar-boebar, mawoet pan sampoen angisis.

38. Sanget nempoeh wong Poerbajan, kang katradjang wong Madoera tan oerip, wadya Mekasar woes mawoer, ngisis pating

djaringklak

djaringklak, pan ingoesir Mekasar samya loemajoe, ngamoek liwoeng wong Poerbaja, tan nedya moendoer ing djoerit.

40. DOERMA.

1. Sang apraboe Galèngsong awas toemingal, jèn Mekasar kèh mati, anoelya pamitan, ing rama srinalèndra, ingidèn oemangsah aglis, radja Mekasar, pan sarwi oentjlang lembing.

2. Wong Mekasar gya bali manempoeh joeda, goestinira nindihi, praboe Troenadjaja, asroe ngabani wadya, Darmajoeda angideri, noebroek sing woentat, toewin kang saking kéring.

3. Sampoen sirep sendjata woes tanpa karja, geboeg-gineboeg bedil, towok lan talempak, tamèng toegel lan kantar, pinedjang winales tjoendrik, sami prawira, wenèh anarik keris.

4. Para loerah woes gempoer awor Mekasar, Panembahan ningali, jèn wadya woes gempang, sigra ngetab toerangga, pengamoeké mobat-mabit, singa katradjang, mawoer katah ngemasi.

5. Katah pedjah Madoera lawan Mekasar, tan ana mangga poelih, waoe djeng pangéran, langkoeng prakosyanira, kinaroebot ing ngadjoerit, toerangganira, sinoedoek sampoen mati.

6. Gya maloempat sing koeda kangdjeng pangéran, angamoek karo keris, sing katradjang boebar, kang panggah katah pedjah, kang katradjang dèning keris, poen Pandji nama, ampoeh gegilani.

7. Panembahan katoedjoe kepanggih toewa, digdajanja ngliwati, wadya ing Madoera, toewin wadya Mekasar, éram dènira ningali, pan kalitijan, Mekasar dènja djoerit.

8. Langkoeng tegoeh Panembahan Poeroebaja, kinaroeboet ing djoerit, gawok wong Madoera, tegoeh panembahan, baja woes karsaning Widi, arep watesnja, pangéran Poerbajèki.

9. Noedjoe apes wong Mentaram joedanira, woes karsaning Hyang Widi, oenggoel wong Madoera, kinarja lelampahan, wong tjilik darma nglakoni, apesing radja, ratoe pan woes kinardi.

10. Woes pinesti datan kena goemingsira, pangéran tiba linggih, kinemboelan katah, wong Madoera Mekasar, wong agoeng se-

poeh

poeh kadjodi, pan linembingan, sinosog watang biring.

11. Djeng pangéran datan pasah déning bradja, tegoeh kepati pati, kinaroeboet katah, Madoera lan Mekasar, pira koewating wong sidji, koelit tembaga, nadyan baloenga wesi.

12. Pan otota kawat soengsoema gegala, pesti remoek dèn kèhi, pangéran Balitar, mijat raka Poerbaja, dipoen katahi pradjoerit, kinaroeboet prang, sawadya golong pipis.

13. Sigra pangran Balitar tetoeloeng joeda, sawadya golong pipis, manempoeh Madoera, lawan wadya Mekasar, sakedap pan samya wingwrin, mawoer sarsaran, wong Madoera pan ngisis.

14. Dyan karebat Panembahan pan kantaka, pangran Balitar aglis, angrebat kang raka, binekta moendoer sigra, Panembahan datan éling, praptèng pondokan, goemrah syaraning tangis.

15. Djeng pangéran Poeroebaja doek semana, sangsaja anglaji, woes karsaning Soeksma, panembahan woes séda, ing tahoen Dal kang loemaris, tanggal ping lima, roewah nenggih kang sasi.

16. Djeng pangéran Dipati Anom Mentaram, langkoeng soesah kang galih, sédané kang éjang, tamboeh raosing drija, andel-andeling ngadjoerit, kesamboet ing prang, tan ana kang dèn kanti.

41. KINANTI.

1. Pangran Dipati Mentaroem, dènnja saré merem melik, kang katjipta ing wardaja, ing manah mandeg anolih, déné sédané kang éjang, para mantri woes angisis.

2. Moeng éjang andeling kéwoeh, wekasan kesamboet djoerit, sapa kang ingandelena, wadya Mentaram woes ngisis, pasisir mantja negara, datan kena dèn ajoemi.

3. Si Troenadjaja woes mengkoe, sagoengé para dipati, lawan oewis dadi radja, pestiné ika jèn lali, leginé wong ngemoet goela, pesti lali marang mami.

4. Paran baja polahingsoen, éwoeh temen pikir mami, kang soen reboet wong Mentaram, moelané soen karja ringgit, ing ngoni pan pada soesah, ingsoen sanggoep anoeloengi.

5. Mariné soesah sedaroem, nora mari dèn woewoehi, prihatiné

né wong Mentaram, pra sentana lan dipati, kang kesamboet ing ngajoeda, apa dénè kang wadya lit.

6. Marma prakosya dibya noeng, Troenadjaja dèning mami, tan éling djangdji lan ingwang, semoenè nora nglabeti, wajang mengko dadi dalang, nora wanè angroeboehi.

7. Katah kang gegalih daloe, pangéran langkoeng prihatin, èndjang semana kotjapa, pangran lajonné winarni, semana sampoen tinampan, kabekta mantoek Mentawis.

8. Sinengkalan sédanipoen, djeng pangéran Poerbadjèki, tri troesti wisadja ngradja, andeling prang doek kadjodi, mila datan darbé manah, wong Mentaram ageng alit.

9. Samya kentel mananipoen, sagoengé mantri boepati, manahé anglir wanodya, marmané mangkana sami, pangéraning Poeroebadja, andel-andeling ngadjoerit.

10. Doek semana woes misoewoer, pangéran kasamboet djoerit, ing Gegandon dènja aprang, angres wadya ing Mentawis, sedaja manahé ilang, oepamané wong pawèstri.

11. Radja poetra arsa koendoer, boedal sawadya oemiring, manahira pan kagagas, toewin sagoeng wong pasisir, jèn mondok pan arerangkah, èndjingé woes boedal aglis.

12. Tan kawarna lampahipoen, djeng pangéran sampoen prapti, nèng Djepara moeng sadina, èndjingé pangran loemaris, lampahnja arérédjongan, ting katjètjèr kang wadyalit.

13. Sami kirang panganipoen, woewoeh kaparag gagering, samarga pating salenggrak, toewin ingkang nandang kanin, sira pangéran Dipatya, angres ningali wadyalit.

14. Pangran Dipati Mentaroem, tan kawarna lampah nèki, sampoen prapta ing Mentaram, ladjeng sowan ing ramadji, tjoemoendoek padaning rama, matoer sarwi awotsari.

15. Kawoela rama toer weroeh, didalem pasisir ngisis, tan ana wadya Mentaram, para mantri katah mati, ejang Poerbaja palastra, toewin Pandji Wiraboemi.

16. Radjamenggala kasamboet, sekawan poen Wirapati, poen toemenggoeng Wiradjaja, kesamboet tengahing djoerit, Rangga

Sidajoe palastra, kesamboet madyaning djoerit.

17. Wadya lit katah kang lampoes, datan wonten kang ngoendili, sang nata kalangkoeng troesta, sareng mirsa atoernèki, pangéraning Adipatya, doekané jajah sinipi.

18. Srinata sampoen amoepoes, séiané kang oewa djoerit, pesti roesak ing Mantaram, woes pesti tan kena gingsir, sang nata alon ngandika, kang poetra tinoendoeng moelih.

19. Pangéran woes nembah moendoer, ing Kadipatèn woes prapti, sigegen ingkang kotjapa, ingkang sampoen menang djoerit, sira praboe Troenadjaja, mirsa moengkoer wong Mentawis.

42. PANGKOER.

1. Jata ingkang kawoewoesa, Troenadjaja sampoen ngatag pradjoerit, kang wadya agoeng goemoeroeh, Madoera myang Mekasar wong pasisir mantja negara pan toemoet, sira poen Dandangwetjana, lawan Demang Wangsènggati.

2. Ingkang kinèn noembak anjar, pan sedaja sami prawirèng djoerit, tinoedoeh sawadyanipoen, aran Daèng Marèwah, wong Mekasar katah ingkang atoet poengkoer, soemahab bala Madoera, ingkang badé anoetoeti.

3. Woes boedal ladjeng ngrarajah, kang katjandak sami dipoen dèdèli, wong désa djinarah leboer, wadya lit boebar-boebar, kang sawené ana ngoengsi goenoeng-goenoeng, kang sawenèh ngoengsi djoerang, ana ngoengsi kali-kali.

4. Ing Koedoes sampoen kabedjah, pan rinajah radja kaja woes enting, kang èstri binojong sampoen, wong Koedoes boebar-boebar, langkoeng giris aningali polahipoen, pra samya gègèr poejengan, gedé tjilik sami ngili.

5. Wadya Pati mapag joeda, tan adangoe joedané woes kalindih, rinajah sadarbèkipoen, kang èstri binojongan, sampoen roesak ing Pati sampoen kaloenggoeh, apan ladjeng dateng Demak, sadalan sami ngrajani.

6. Kawarnaha nagri Demak, padédésan Tempolong wastanèki, Mertadjaja wastanipoen, kang raji wastanira, Wiramantri kekasihira poenikoe, toeroenipoen Soeranata, Gadamastaka ing ngoe-

ni

joerit.
atan wonten kang ngoen-
reng mirsa atoernèki,
ipi.
é kang oewa djoerit,
an kena gingsir, sang
oeng moelih.
ing Kadipatèn woes
g sampoen menang djoe-
ngkoer wong Mentawis.

jaja sampoen ngatag
h, Madoera myang Mekasa
sira poen Dandangwetja

sedaja sami prawirèng
Daèng Marèwah, wong
soemahab bala Madoera,

ang katjandak sami di-
wadya lit boebar-boe-
goenoeng, kang sawenèh
li.
rinajah radja kaja
n, wong Koedoes boebar-
poen, pra samya gègèr

goe joedané woes kalin-
binojongan, sampoen
an ladjeng djateng Demak,

Tempolong wastanèki,
nira, Wiramantri keka-
, Gadamastaka ing ngoe-
ni

ni.

7. Doek maksijé soeranata, pan sawidji ing Demak kang boepati, ing mangké pinara woloe, sèwoe mring kapoegeran, Mertadjaja kang minangka mantrinipoen, pan inggih bawah kapoetran, mangkanata ki ngabèhi.

8. Arembag lan arinira, kaja kapan ing pikirira jaji, déné Madoera anoesoel, arsa moenggah mring Demak, Wiramantri alon dènira amoewoes, jèn soewawi rembag koela, kakang pinagoet ing djoerit.

9. Mertadjaja aris modjar, bener temen jaji pikirirèki, jèn mengkana arining soen, pajo mepek gegaman, wong Madoera sahiki anèng delanggoeng, wong désa pan rinajahan, kang kamargan déning baris.

10. Ki Mertadjaja angoetjap, hèh wong Demak sira pelahoer endi, mati ana ing ngomahmoe, lawan sira ing bèndjang, binojongan anak rabinira bésoek, kang lanang toer pinatènan, anak rabi dèn djarahi.

11. Tan antara noelya prapta, wong Madoera ladjeng sami djarahi, djawining kita goemoeroeh, pan sarwi ingobongan, wong ing désa sedaja amawoet-mawoet, kang katjandak dinèdèlan, kang bangga dipoen pedjahi.

12. Mertadjaja asroe ngoetjap, lah boedalna gegamanira aglis, ki Wiramantri pan goepoeh, noelya nembang tengara, sigra boedal gegamanira aseloer, wadya ing Demak woes rembag, sedaja sagoeh ngemasi.

13. Wadya Madoera woes wikan, wong ing Demak sedya amapag ing djoerit, wong Madoera pan abakoeh, sigra nembang tengara, wong Mekasar oentjlang lembing towokipoen, kadya bantèng tawan brana, tandangé anggegilani.

14. Pan sampoen ajoen-ajoenan, wadya Demak soeraké wanti-wanti, kang bedil lir goenoeng roeboeh, soerak kadya ampoehan, wadya Demak sedyanira bareng leboer, peteng koekoesing soendawa, weniné tan dèn oendoeri.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

43.DOERMA.

1. Wong Mekasar ting djalimprak pengamoeknja, wong Demak anadjahi, Mekasar kèh pedjah, pradjoerit ing Madoera, kang anama Wangsènggati, ngawaki joeda, toerangga dèn titihi.

2. Wangsènggati mijat wadya katah pedjah, bramantya tan sinipi, déné wadya Demak, liwoeng pengamoekira, gya koedané dèn tjameti, mangsah ing rana, sedya ngantep ing djoerit.

3. Wangsènggati petak sarwi tjatjongklangan, kapranggoel pada sidji, lan ki Mertadjaja, Wangsènggati angoetjap, lah sapa aranirèki, agé moendoera, tan woeroeng sira mati.

4. Balik sira ngawoelana marang ingwang, bodjomoe toerna mami, agé saosena, soen gawé seliringwang, sira soen kanja pengarit, kebat noetoeta, sira ingsoen oeripi.

5. Mertadjaja tan sotan dènja miarsa, soembaré Wangsènggati, anoelya tinoembak, Wangsènggati malesat, tiba saking koedanèki, aboerangkangan, apan sarwi kepésing.

6. Wangsènggati djasar wong tjébol tanggoengan, moengsoehé ageng inggil, anoelya tinoembak, Wangsènggati kaloemah, anoelya dipoen toenggangi, sarwi tinekak, ladjeng dipoen soedoeki.

7. Bobrat-babrèt Wangsènggati maksih koewat, angadeg Wangsènggati, Mertadjaja njandak, sigra binanting lemah, kekadjalan Wangsènggati, ingidak-idak, Wangsènggati kadjodi.

8. Pan akatah wong Madoera lan Mekasar, Dandangwetjana oening, moendoer boebar-boebar, baris Mekasar Sampang, wong Demak soerakira djrit, wadya Madoera, Mekasar sampoen goesis.

9. Doek semana Dandangwetjana oetoesan, dateng ing Soerawèsti, noewoen bantoe ing prang, mring praboe Troenadjaja, mantja negara tinoeding, lawan Madoera, gya tinata kang baris,

10. Sampoen boedal anglaroeg bala goemerah, roesak kang kembah baris, tan kawarna marga, samana sampoen prapta, ing Djepara sampoen panggih, Dahèng Maréwah, lan Dandangwetjanèki.

11. Sira Dandangwetjana woes tata-tata, bandéra warni-warni, lir hèrnawa retna, pirang-pirang melatar, anèng djawi kita sami, wadya Djepara, sedaja aningali.

12.
wingwri
tijang
13.
wong ma
ga èsti
14.
waoe Wa
lan man
15.
sedaja
Inggris
16.
pni, kè
baris,
17.
tiktak
nèng ké
18.
mimis,
kalindi
19.
bèndron
ngoberi
20.
mimis,
Mekasar
21.
malih,
ngoenda
22.
koempen
dènja n

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

noeknja, wong Demak
ng Madoera, kang anama
n titihi.
jah, bramantya tan si-
ira, gya koedané ièn
ing djoerit.
langan, kapranggoel
ti angoetjap, lah sapa
ra mati.
ng, bodjomoe toerna
, sira soen kaja penga-

soembaré Wangsènggati,
tiba saking koedanèki,

ggoengan, moengsoehé
gati kaloemah, anoelya
dipoen soedoeki.
koewat, angadeg Wang-
ting lemah, kekadjalan
kadjodi.
r, Dandangwetjana
asar Sampang, wong
asar sampoen goesis.
n, dateng ing Soera-
aboe Troenadjaja, man-
tinata kang baris,
merah, roesak kang
ampoen prapta, ing
lan Dandangwetjanèki.
, bandéra warni-warni,
anèng djawi kita sami,

12. Ing Djepara waoeta sampoen kinepang, wadya lit samya wingwrin, kyahi Wangsadipa, moewer anèng djron kita, kelawan tijang koempni, para sentana, pra samya ngati-ati.

13. Wadya bala Madoera angrampid koeta, gegaman angadjrihi, wong mantja negara, beranang kang gegaman, pandjriting toerangga èsti, oemyang goemerah, gegaman angebeki.

14. Woes kinepoeng waoe koeta ing Djepara, gegaman angidèri, waoe Wangsadipa, moewer anèng djron kita, kelawan wadya koempni, lan mantrinira, samya angati-ati.

15. Lan arinja ngabèhi Tanoemenggala, sakantjané angiring, sedaja woes rembag, karsa metoni joeda, wong Prasman lawan wong Inggris, kang ameriagang, ingkang samya kinanti.

16. Wangsadipa sampoen medal saking kita, lawan wadya koempni, kèhé rong bergada, Djakoep kapitanira, medal ngaloen-aloen baris, apan melatar, barisé wong koempni.

17. Marijemé pinasang sampoen atarap, kalataka rinakit, tiktak anèng ngarsa, panoen kang anèng kanan, goemat goemada nèng kéring, sampoen pinasang, kestabel jitnèng wèsti.

18. Mawoet-mawoet wong Madoera joedanira, saking dresé kang mimis, soerak lir ampoean, wadya bala Djepara, mantja negara kalindih, mawoer sar-saran, ingeirèl wong koempeni.

19. Wong Mekasar pan sareng pengamoekira, koempni anadahi, bèndrong kang sendjata, ingoeloekan goemada, soenapan nora ngoberi, aleloemboengan, tangkepé wong koempeni.

20. Wong Mekasar joedanira boebar-boebar, tan tahan déning mimis, woes katah kang pedjah, wangké pating djalempah, wong Mekasar tan ngoendili, moendoer sarsaran, wadya Mekasar wingwrin

21. Wong Madoera woes moendoer pengamoekira, marang pondoké malih, anèng Djagatakan, sampoen sami rerangkah, Dangdangwetjana ngoendangi, ing bèndjang ènjang, arsa ngantep ing djoerit.

22. Kawarnaha kang anèng sadjroning koeta, nenggih wadya koempeni, lawan Wangsadipa, pan samya pirembagan, kapitan alon dènja ngling, mring Wangsadipa, saking ing rembag mami.

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

23. Lah soewawi dininginan wong Madoera, inggin sawengi mangkin, karja pagelaran, inggih kadjeng kawoela, sentana kang wonten ngardi, pan pinilijan, ingkang ngentasi kardi.

24. Pan ingarah tibané mimis poenika, Mekasar pondoknèki, miwah wong Madoera, dimèné kagègèran, Wangsadipa gipih angling, ja bener sira, pajo moenggan toemoeli.

25. Pan ingarah tibané mimis poenika, mimis sing Koèmbarawi, toewin mimisira, marijem Koembarawa, ing djagatakan dèn eprih, mimis tibanja, kang njoeled woes miranti.

26. Ki ngabèhi mangsiti mring wadyabala, mrijem sinoeled aglis, moenja anglir gelap, sarta bareng lan soerak, mimis tiba pondoknèki, wadya Madoera, goendam katiban mimis.

27. Apoejengan wong Madoera kagègèran, kang katiban kaplipis, giris ingkang mijat, noeli poen Koembarawa, sinoeled moenja ing langit, lir gelap ngampar, tan antara nibani.

28. Wong Madoera kang mati pating goelimpang, ana ing pondoknèki, tijang kawandasa, toer samya pepilijan, koelambiné keré wesi, sami gendèran, sedaja betjik-betjik.

29. Wangsadipa arsa noedoeh mantrinira, marang nagri Mentawis, kinèn ngatoerena, koepingé wong Madoera, kawan dasa pedjah djoerit, waoe kang poetra, lawan mantri tinoeding.

30. Woes oemesat kang doeta pan sesanderan, datan kawarnèng margi, sampoen katoer marang, patih Mangoenmegara, noelya katoer ing sang adji, woes tinarima, lampahé Djagapati.

31. Woes kalilan kang doeta moendoer seksana, mantoek Djepara nagri, waoe kang kotjapa, sira Dandangwetjana, pradjoerit anglelanangi, saoendoerira, saking Djepara gendring.

32. Doek semana sira praboe Troenadjaja, sampoen matah pradjoerit, sénapati ing prang, sira Dandangwetjana, kang dadya tetindih baris, medal ing Djipang, arsa dateng Mentawis.

33. Sampoen prapta sira ki Dandangwetjana, andjog Kadjoran nenggih, woes koempoel sedaja, lan panembahan Rama, pangéran Kadjoran balik, tijang Mentaram, kang tjelak dèn rajoedi.

34. Tan kawarna ingkang wonten ing Kadjoran, katoer marang sang adji, langkoeng doekanira, noelya mios sinéba, doekanira sriboepati, sareng miarsa, kang paman sampoen balik.

35. Sira pangran Panoelar lan pangran Sampang, Pangéran Blitar nangkil, pangéran Pamenang, patih Mangoenmagara, Mandalika sampoen nangkil, Gadjanpramada, Natabrangta anangkil.

36. Angandika sriboepati ing Mentaram, dateng pangran Dipati, ija koeloep sira, dadija wakilingwang, paman Kadjoran ambalik, sira getjeka, lan arinira kaki.

37. Saroepané para boepati Mentaram, sira gawanen kaki, miwah arinira, kaki sira gawaha, ki Dipati Poeger aglis, lan Martasana, lawan si Singasari.

38. Srinarèndra woes djengkar malebèng poera, ginarebeg ing tjèti, bedaja nèng ngarsa, kotjapa kang aséba, djeng pangéran adipati, sampoen loewaran, penangkilan kawoeri.

44. PANGKOER.

1. Sanéga para prawira, pan goemoeroeh wadya bala Mentawis, déné kang dadya pengandjoer, raden Wiramenggala, apan ikoe bebantèngé wong Mentaroem, ikoe poetra Kapoerbajan, nitih koeda songsong wilis.

2. Djeng pangéran Pringgalaja, barisira namboengi moenggèng wingking, kalatjakra tjirinipoen, wadya sikep soenapan, moenggèng wingking asri ingkang sikep lawoeng, pangéran woes nitih koeda, sinongsongan kertas poetih.

3. Datan kawarna ing marga, tepis wiring Kadjoran sampoen prapti, wong tjilik rinajan sampoen, pan sami binojongan, kebo sapi bèbèk ajam datan kantoen, binadjag mring wong Mentaram, wong Kadjoran sami ngili.

4. Jata panembahan Rama, woes tjoemawis roemeksa ing ngadjoerit, Mekasar Madoera koempoel, miwah mantja negara, sabalané Daèng Maréwah woes koempoel, sedaja sampoen sijaga, sakepraboning ngadjoerit.

5. Jata ki Dandangwetjana, kersanira arsa medaling djoerit,

kelawan

kelawan sawadyanipoen, miwan wadya Mekasar, tandangira lir singa lodra dinoeloe, sedengé amangsa djalma, tandangira gegilani.

6. Apan sareng katingalan, wong Madoera lawan wadya Mentawis, seksana anoelya tjampoeh, bedil lir goenoeng rebah, peteng dedet ing pajoedan kadya mendoeng, déning koekoesing soendawa, samya prawirané kalih.

7. Tanapi wadya Mekasar, katah pedjah mantja negara ngisis, wadya Mentaram anggeroet, mawoer kang kateradjang, djeng pangéran Wiramenggala angamoek, wong Madoera karépotan, joedané sampoen kalindih.

8. Jata panembahan Rama, ingkang sabat kinèn mangsah ngadjoerit, sedaja sigra wotsantoen, mangsah mring ranagana, tinadahan marang wadya ing Mentaroem, ramé tempoehing ngajoeda, kadya oedan sinemèni.

9. Para boepati Mentaram, pan goemerah samya tetoeloeng djoerit, wong Mekasar djoeritipoen, miwah wadya Kadjoran, datan nangga joedané sampoen kaloeloeh, wong Mentaram langkoeng digbya, moendoer kesapoet ing wengi.

10. Pangran Dipati Mantaram, sampoen moendoer marang ing pondoknèki, sagoengé wadya Mentaroem, pan samya arerangkah, kawarnaha panembahan Rama ikoe, kelawan Dangdangwetjana, Mekasar Dahèng Makintjing.

11. Kelawan Dahèng Maréwah, panembahan Rama ngandika aris, lahta pajo pada koempoel, marang nagri Pamenang, nora lajak pinapaga ing prang poepoeh, lan Mentaram doeroeng mangsa, koerang titik soen wartani.

12. Risang panembahan Rama, sampoen rembag sentana dèn wangsiti, lolossira kala daloe, wantji bangoen rahina, wong Kadjoran sedaja tan ana kantoen, woes boedal dateng ing Daha, kasoesoé dènja loemaris.

13. Kotjapa wadya Mentaram, pan sedaja sampoen sami miarsi, panembahan lolos daloe, sahanak rabinira, wong Mentaram sadaja angrajah poeroen, bèbèk ajah rinajahan, goesis woes tan ana ka-

ri

ri.

14. Wong Kadjoran binojongan, sampoen sami binekta ing Mentawis, ingobongan wisma gempoer, roesak dosoen Kadjoran, kangdjeng pangran Dipati Anom Mentaroem, sampoen koendoer saha bala, para sentana angiring.

15. Sampoen rawoeh ing Mentaram, ladjeng katoer langkoeng troesta ing galih, warnanen ingkang loemajoe, panembahan Kadjoran, ingkang lolos lawan koela warganipoen, apan meksih anèng marga, lawan Dandangwetjanèki.

16. Ngandika lon panembahan, anèng ngendi poetraningsoen sang adji, dandangwetjana wotsantoen, nenggih poetra andika, maksih wonten Soerapringga doek roemoehoen, dèrèng wonten ing Pamenang, djoemeneng ing Soerawèsti.

17. Panembahan angandika, pajo ladjoe Dandangwetjana aglis, ija marang Soerèngkéwoeh, datan kawarnèng marga, sampoen prapta panggih lawan poetranipoen,waoe praboe Troenadjaja, soeka ingkang rama prapti.

18. Panembahan ing Kadjoran, ngandika lon mring poetra sriboepati, alah daweg anak praboe, ing mangké sampoen mangsa, ing Mentaram poenika ta sampoen sepoeh, apan sampoen pinarengnja, risaké nagri Mentawis.

19. Matoer praboe Troenadjaja, inggih leres pangandika sang djogi, Troenadjaja ngandika sroe, marang pradjoeritira, pan sadaja madjeng sarja awotsantoen, andèr ana ing ngajoenan, angandika sriboepati.

20. Hèh toemenggoeng Mangkoedjoeda, sijagaha sakepraboning djoerit, oenggahana ing Mentaroem, sakèhé wong Madoera, wong pasisir kerigen adjana kantoen, miwah wong Mantjanegara, kerigen adjana kari.

21. Pasisir mantja negara, woes sijaga sakeprabon djoerit, gegaman abra dinoeloe, kadya arii pawaka, amberanang pirang pandoeloe ngendanoe, gegaman tanpa wilangan, warna-warna angadjrihi.

22. Tigang dina dèrèng telas, Troenadjaja maksih anèng djron

djron poeri, dèrèng oban sang praboe, kotjapa kang loemampah, ing Gerompol semanata sampoen rawoeh, woes sami tata ponjokan anganti wadya kang kari.

23. Nèh toemenggoeng Mangkoejoeda, sijagaha sakepraboning djoerit, oenggahana ing Mentaroem, sakèhé wong Madoera, wong pasisir kerigen adjana kantoen, miwah wong Mantjanegara, kerigen adjana kari.

24. Datán kena sinoewawa, badjag Sampang roesoehé anglili-wati, kang ketjandak ing delanggoeng, pan samya winoedanan, wong ing désa sedaja samya loemajoe, ana ngoengsi wana djoera kelangkoeng dènira adjrih.

25. Wadya ing Padjang miarsa, jèn wong Sampang arsa ngoengsi malih, marang negara Mentaroem, wong Padjang sampoen dandan, ingkang èstri sampoen kinésahken kroewoen, pan kari lanang kéwala, sedaja angati-ati.

26. Kotjapa wadya Madoera, sampoen njabrang nenggih kali Semanggi, wadya Padjang kang winoewoes, para mantri sijaga, diyan oemetoek wadya Padjang sampoen tjampoeh, aramé dènira joeda, Mekasar kang nempoeh dingin.

27. Joedané wadya ing Padjang, sareng mijat Mekasar polah ki, wong Padjang woes moengkoer wedoes, angrasa tan kadoega, wong Madoera lampanira sampoen ladjoe, doemateng nagri Mentara datan kawarna ing margi.

28. Woes prapta Tadji melatar, wong Madoera gegamané ngebeki, wong ing désa sampoen mawoet, sami angoengsi kita, kang saweneh ana ngoengsi goenoeng-goenoeng, ana kang ngoengsi ing wana, doermané kang kari-kari.

45. DOERMA.

1. Pra boepati Mentaram samya aséba, nèng ngarsané sang adji, praboe ing Mentaram, asroe dènja ngandika, dateng pangéran Dipati, lah kaja paran, moengsoehira kang prapti.

2. Matoer nembah djeng pangéran Adipatya, ing rama sriboe-

kotjapa kang loemampah,
woes sami tata ponjokan

sijagaha sakepraboning
èhé wong Madoera, wong
wong Mantjanegara, keri

ampang roesoehé anglili-
pan samya winoedanan,
na ngoengsi wana djoera

wong Sampang arsa ngoen
ong Padjang sampoen dan-
kroewoen, pan kari lana

njabrang nenggih kali
, para mantri sijaga,
ampoeh, aramé dènira joe

eng mijat Mekasar polahn
, angrasa tan kadoega,
doemateng nagri Mentara

g Madoera gegamané ngebe
angoengsi kita, kang
, ana kang ngoengsi ing

a, nèng ngarsané sang
ngandika, jateng pangé-
ra kang prapti.
patya, ing rama sriboe-

pati

pati, mengsah ingkang prapta, langkoeng kagila-gila, tanpa wilangan kang baris, mantja negara, tepang bala pasisir.

3. Pengagengé inggih dipati Madoera, Mangkoedjoeda pradjoerit, poen dandangwetjana, lawan Wangsaperana, Mekasar ingkang ninjihi, Dahèng Mabélah, lawan Dahèng Makintjing.

4. Boesoengmernoeng kalawan Dahèng Maréwah, andel-andeling djoerit,Mekasar prawira, kang dados pengagengnja, amondjok wonten ing Taiji, asroe ngandika, mring poetra pan awengis.

5. Nora nana jogyané koeloep moeng sira, jèn doedoe sira kaki, ingkang amapaga, joedané wong Madoera, kang poetra oematoer gipih, inggih sandika, amba datan goemingsir.

6. Srinalèndra aroem widjiling wetjana, nèn anakingsoen kaki, Singasari sira, miloea kakangira, miwah anakingsoen kaki, ki Martasana, miloea ing ngadjoerit.

7. Pra dipati lah sira paja miloea, ngiringa poetra mami, miwah pra sentana, kabèn paja miloea, angiringa poetra mami, noelya sang nata, djengkar malebèng poeri.

8. Apoejengan wadya bala ing Mentaram, sedaja amiranti, sagegamanira, ngaloen-aloen kèbekan, lebèr jateng pasar sami, pan ambelabar, gegaman angebeki.

9. Sampoen bodol baris ageng ing Mentaram, kang dadi tjoetjoek djoerit, sèwoe noembak anjar, wong boemi lan boemidja, kang woeri wadya panoemping, gedong keparak, kerig wadya Mentawis.

10. Djeng pangéran Dipati loemakyèng tengah, asri asongsong koening, ginrebeg ing bala, ngapit ing kéring kanan, para loerah anindihi, abra beranang, asri lampahing baris.

11. Ingkang raji pangéran Poeger nèng ngarsa, pangéran Singasari, pangran Martasana, gegamané beranang, kebek djoerang ngiring-iring, tan kawarnaha, lampahira lestari.

12. Sampoen prapta ing Taiji ajoen-ajoenan, Madoera lan Mentawis, jata wong Madoera, toemenggoeng Mangkoedjoeda, ngangsegaken kang wadyalit, bala soemahab, lir bantèng tawan kanin.

13

13. Pan ki Dandangwetjana angirid bala, Mekasar kang dèn irid, myang wadya Madoera, andjog Telagawana, ki Mangkoedjoeda angirid, wadya Mekasar, Pedjarakan dèn djogi.

14. Pan goemoeroeh soeraké wadya lan rowang, lir oedan sinemèni, ramé kang ngajoeda, bedil-binedil samya, sami soedirané kalih, tijang Madoera, tandangé gegilani.

15. Riseksana wadya bala ing Mekasar, woes ngangsegken kan baris, anèng Pedjarakan, lawan wadya Madoera, toemenggoeng Mangkoedjoedèki, woes peparèntah, kinèn ngobong-obongi.

16. Apoejengan wong tjilik ing djaban koeta, pan samya ngoengsi woekir, wana lawan djoerang, weneh manjing ing goewa, wadya Mentaram woes miris, badjag Madoera, roesoeh kepati-pati.

17. Kawarnaha srinalèndra ing Mentaram, kang poetra dèn timbali, pangéran Dipatya, lan pangran Poeger ika, miwah pangran Singasari, lan Martasana, sekawan moenggèng ngarsi.

18. Pan woes wikan sang apraboe ing Mentaram, mring karsaning hyang Widi, langkoeng peteng ing tyas, poetek sadjroning wardaja, laroet larat awor miris, ènget ing djangka, sriboepati Mentawis.

19. Woes narima marang karsané nyang Soeksma, nora bakal woes pasti, roesak ing Mentaram, nora kena tinambak, ing mengko woes satoes warsi, nagri Mantaram, sang nata ngandika ris.

20. Mring kang poetra djeng pangéran adipatya, sira dandana aglis, lan kadang warganja, soen arsa mring Banjoemas, kang poetra matoer ngabekti, marang kang rama, jèn pareng sriboepati.

21. Tijang Sampang koela petoek ing ngajoeda, ngantepa ing ngadjoerit, abdi dalem katah, marijem apan katah, kinarja mageet ing djoerit, ngetog ing joeda, ing ngaloen-aloen bénjing.

22. Srinalèndra alon widjiling wetjana, kang poetra woes winangsit, pangéran Dipatya, djenger tan kena modjar, sang nata ngandika malih, marang kang poetra, lah koeloep dipoen aglis.

23. Pijarsakna wirajaté ing Mentaram, kang teka Soenan Kali

woes

woes karsaning Soeksma, roesoeh nagri Mentaram, lan tetenger ing Mentawis, waringin ijangkar, ing mengko rebah kaki.

24. Lawan etjis kang toemantjeb ringin kembar, bedjolé ingkang etjis, pan nora soelaja, roesaké ing Mentaram, koeloep mengko anglampahi, pan nora bakal, woes takdiring hyang Widi.

25. Sijagaha kabèh adja kalajadian, soen boedjal mengko bengi, sanak rabinira, ajya kasoesoe padja, para poetra atoer bekti, pan sampoen medal, praptèng dalemnja sami.

26. Apoejengan wanodya kang apradandanan, manggoeng kelawan selir, kang tangis goemerah, sagoeng kang pepingitan, paranjahi kontrang-kantring, kang para loerah, manggoeng ketanggoeng selir

27. Para aroem kadya gerah kang karoena, samya loemampah dingin, didalem kang tresna, tan tebah lan sang nata, semana srinarapati, nitih toerangga, woes mios saking poeri.

28. Pan angilèn ingiring kang para poetra, sentana para mantri, ingkang maksih tresna, wong Mentaram sedaja, kang tan oeninga ing warti, lolos nalèndra, srangsrangan anoetoeti.

29. Niba tangi kang noetoeti goestinira, réjongan anak rabi, adjrih jèn kantoena, binojong wong Madoera, mati-mati babentoesi, dènja loemadjar, bali kang èstri andjrit.

30. Asesambat jèn anak ilang kasingsal, kang lanang asroe angling, ilang tjik oraha, kelamoen meksih sira, bésoek jèn karta negari, padja akarja, maning ingkang goemriwis.

31. Kang saweneh pisah lan anak rabinja, srangsrangan pojangpajing, katoendjang gegaman, wadya Mentaram samya, ingkang noetoeti ing goesti, asalang toendjang, kelangkoeng sedih kingkin.

46. ASMARADANA.

1. Sigegen ingkang winarni, ki toemenggoeng Mangkoedjoeda, sénapati Madoerané, atas midanget ing warta, jèn praboe ing Mentaram, woes lolos kalaning daloe, ki toemenggoeng sigra oendang.

3. Toemenggoeng Mangkoedjoedèki, kelawan sawadyanira, sampoen loemebèng kedaton, lan wadya mantja negara, toewin bala Mekasar,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mekasar, samya loemeboe goemoeroeh, anglir peksi mangsa wohan.

4. Rinajah kita Mentawis, Madoera kagila-gila, angangkah-angkah polahé, ki toemenggoeng Mangkoejoeda, ingkang anèng djron poera, kagoenganira sang praboe, tjinatjahaken sadaja.

5. Sagoeng brana djroning poeri, sedaja sampoen pinirsa, toewin poetrané sang katong, kekalih kantoen ing poera, wanodya joe sedaja, Kletingkoening ingkang sepoeh, Kletingwoengoe kang taroena.

6. Radèn ajoe Kletingkoening, poenika sampoen diwasa, Kletingwoengoe ingkang nganèm, arenta dèrèng diwasa, kalihnja ajoe èndah, sang retna kawelas ajoen, rina wengi pan karoena.

7. Pan kadya oeloeng kapipit, lir soendari kapoewanan, asambat kang rama katong, rama praboe kanihaja, téga tilar ing poetra, apa tan ngrasa sesoenoe, déné kakangmas Dipatya.

8. Datan kari lan ramadji, ingsoen iki wong wanoedya, teka tinilar kedaton, doeh kakangmas Adipatya, tan émoet marang ingwang, nora welas mring sadoeloer, tan ngétang kadang wanoedya.

9. Toemenggoeng Mangkoejoedèki, sampoen marak ing sang retna, angasih-asih atoeré, doeh goestiningsoen sang retna, lah soewawi nitija, djoli tanapi kang tandoe, sang retna asroe karoena.

10. Ki toemenggoeng matoer aris, doemateng sang liming retna, doeh goesti pinoepoes bahé, sampoen angroeroedah manah, sang retna pan semana, angrasa sadjroning kalboe, kaja paran polahingwang.

11. Jèn awèt mangkéné mami, lamoenta ingsoen lananga, pan anoesoel rama katong, baja woes karsaning Soeksma, ingsoen dadi bojongan, apan nora bakal ingsoen, lara pati karsaning Hyang.

12. Woes ledjar sang liring sari, Mangkoejoeda atoerira, doeh goestiningsoen nahanggèr, anitija kang djempana, sampoen ngroeroedjit manah, sang ajoe sigra toemoroen, sampoen anitih djempana.

13. Sekalijan ingkang raji, Mangkoejoeda woes amatah, pradjoerit ngiring sang sinom, wadya Madoera sijaga, boedal saking

Mentaram, kang pradjoerit kalih atoes, angiring sang liring sekar.

14. Binekta dateng Kediri, datan kawarna ing marga, ing Pamenang sampoen rawoh, woes katoer mring srinalèndra, langkoeng soeka ing drija, déné poetri ing Mentaroem, kabojong marang Pamenang.

15. Tan winarna ing Kediri, agenti ingkang kotjapa, toemenggoeng Mangkoejoedané, sigra waoe peparèntah, marang wadya Madoera, angoengsir marang sang praboe, toewin kang bala Mekasar.

16. Tanapi mantja negari, sampoen sijaga ngajoeda, kang dadi tetindih prangé, sira poen Dandangwetjana, Mekasar Dèng Maréwah, Mabélah lan Boeroengmernoeng, Makintjing sami prawira.

17. Tjakraningrat kang winarni, katjakoep déning Madoera, seksana katoer sang katong, marang praboe Troenadjaja, ngandika mring wadyanja, apan ingsoen datan koloe, matènana mring si paman.

18. Boewangen marang wanadri, mijang ing alas Lodaja, sahanak rabiné kabèh, matija pinangan sétan, kalingan sampoen mangkat, binoetjal ing wana agoeng, apan sarwi binetèkan.

19. Matija adjana kari, karsanira Troenadjaja, agenti winoewoes malèh, sira ki Dandangwetjana, angoesir srinalèndra, sinengkalan bedahipoen, sirna ilang obahing rat.

20. Tahoen Djé ing mangsa kalih, anoedjoe ing woelan Roewah, ping woloe ikoe tanggalé, apan ngahad dinanira, nata doek tilar poera, langkoeng dènja kawlasajoen, sang nata doek anèng marga.

21. Kang poetra dipoen timbali, pangéraning Adipatya, arsa lereb sang akatong, anèng doesoen Djagabaja, sang nata ris ngandika, hèh Poeger sira dèn goepoeh, lah koeloep sira karija.

22. Lawan arinira kaki, Singasari Martasana, ngadega barisan agé, sira anèng désa Djenar, wong tjilik ajoemana, dèn bisa sira angipoek, wong Bagelèn maksih soera.

23. Lan para mantri Mentawis, tanapi para sentana, adoenen koeloep dèn agé, angreboeta ing Mentaram, poma wawekasingwang,

ingsoen kaki pan ambandjoer, marang negara Banjoemas.

24. Lawan kakangira kaki, miwah si arja Mentaram, déné ikoe meksih laré, lah kaki sira karija, poma dipoen prajitna, ingsoen koeloep arsa ladjoe, dèn nedya timboel ing toja.

47. MASKOEMAMBANG.

1. Sampoen boedal waoeta srinarapati, njabrang Djagabaja, kang liman tinilar aglis, doematèng pangran Dipatya.

2. Jata ladjoe lampahé srinarapati, ting katètèr samya, parekan lan para goesti, sang nata kawelasarsa.

3. Kawarnaha gegaman ageng noetoeti, ki Dandangwetjana, roesoehé kepati-pati, sing kamargan boebar-boebar.

4. Sampoen babar wong Mekasar gegirisi, lawan wong Madoera, pasisir mantja negari, anèng sakilèn Peraga.

5. Apan ladjeng pangoesiré mring sang adji, wadya ing Mekasar, gegila lampahing baris, sampoen kandeg Djagaraga.

6. Pan atèmbak wong Sampang sawétan kali, doesoen sampoen risak, djinarah dipoen obongi, woewoesen srinaranata.

7. Para poetri ngampingi kanan lan kéring, datan kena tebah, kangdjeng pangéran Dipati, lan ari arja Mentaram.

8. Sampoen ngantjik prapta ing doesoen Telagi, ladjeng marang Ngambal, ing bandjoer ladjeng sang adji, praptèng doesoen Tanah-Réma.

9. Karanganjar nenggih wastané kang dèsi, katah wong bebégal, nèng marga ambebégali, para goesti dinédèlan.

10. Ting djalerit binégal samya anangis, pra samya loemadjar, angoengsi marang nrepati, sang nata alon ngandika.

11. Ana apa loemadjoe ngoengsi mring mami, pawong atoer nembah, wonten tijang bégal goesti, sang nata alon ngandika.

12. Ija lajak mengkana ikoe wong tjilik, tan wroeh berkat ingwang, pada njebarana pitjis, dimèn mari ambebégal.

13. Pan wong dalem dinawoehan njebar pitjis, semana woes njebar, roepijah kelawan pitjis, oewang réjal woes dèn sebar.

14. Nanging meksih andèdèli para goesti, samya boebar-boebar sang nata ngandika aris, apa ikoe nganihaja.

15.

15. Nora nana nganggo wetara sirèki, soen woes njebar réjal, meksa paja bebégali, tan selamet sira panggya.

16. Sareng jawoeh timbalanira sang adji, sagoeng kang bebégal, sami loempoeh soekoe kalih, nora bisa ngadeg samya.

17. Ting berangkang sedaja sami anangis, ngadeg nora bisa, tobatira sarwi nangis, sang nata alon ngandika.

18. Sira ikoe nganijaja temen sami, soen wis njebar réjal, meksa paja andèdèli, wong bégal kabèn karoena.

19. Wong kang bégal sesambaté amlasasih, joeh goesti sang nata, apoeranen ingkang abdi, sang nata moelat kasmaran.

48. ASMARADANA.

1. Sang nata ngandika aris, sira ikoe kanijaja, wong bégal woes tobat kabèn, joen goesti noewoen ngapoera, kondjoek paja padoeka, tobat kawoela kelangkoeng, srinalèndra angandika.

2. Ja ingsoen apoera sami, warasa karsaning Soeksma, kang bégal waloeja kabèh, srinalèndra angandika, oewis paja karija, kang bégal matoer anoewoen, jata ladjeng srinalèndra.

3. Datan kawarna ing margi, woes ngantjik tanah Tojamas, gerahira sang akatong, pan asanget ingkang gerah, rereb kala semana, koempoel wadya ing Mentaroem, tanapi para sentana,

4. Jata waoe sriboepati, langkoeng sanget ingkang gerah, tan arsa ngoesadan mangké, oeninga karsaning Soeksma, jata praboe Mentaram, pangandikanira aroem, djateng pangéran Dipatya.

5. Adjoh poetreningsoen kaki, dèn bisa sira soen tilar, bésèk ing sapoengkoer ingong, amoeng sira kang prajoga, kaki ingkang darbéja, lawan boesananing ratoe, sira ingkang ngimpoenana.

6. Reboeten nagrimoe Djawi, sira oemadega nata, nanging koeloep wekas ingong, sira kaki woes kinoedang, ja marang éjangira, doek sira meksih kinandoet, nèng garbané iboenira.

7. Iboemoe wawrat sesasi, marek éjangira rama, éjangira moedoen agé, saking ing dedampar retna, iboemoe gya toer sembah, mring éjangira oematoer, poenapa toewan toemedak.

8. Ngandika éjangmoe sjargi, emila soen oedjoeni ènggal, bésoek tembé poetoeningong, dadi ratoe kaja ingwang, nganggo bala batjingah, roedjak woeni balanipoen, pan dadi ratoe prakosya.

9. Ing Djawa tan ana tandjing, dadi pangoengsèning koda, wong sabrang akèn maréné, angepèk-epèk mring sira, toer ratoe djati soera, winenang amoengsoeh koeloep, toeroené nabi Moestapa.

10. Bésoek roesak para wali, ija tjarita satengah, nora nana doerakané, lawan angroesak rahardja, arbi wali ngoelama, lawan malih wekasingsoen, dèn atoet sira kekadang.

11. Lawan malih wekas mami, ija sanadyan kataha, ari-arinira anom, amoeng kang kari Mentaram, rinta Poeger dipatya, poma kaki dipoen atoet, toeroetana ingkang karsa.

12. Poma adja sira lali, lan maningé wekas ingwang, lamoen sira madeg radjèng, sanadyan silih kataha, kaki ingkang poenggawa, pan ikoe embaning ratoe, arinira ing Madoera.

13. Soewitakna ikoe bénadjing, étjanana ing sakarsa, lawan malih wekasingong, sanadyan akèn sentana, poma ajya pépéka, pan ija ikoe ing bésoek, ing toeroené pamanira.

14. Pringgalaja ki dipati, ikoe koeloep kawoelakna, ija satroen-toeroené, adja sira sija-sija, ikoe dadi serana, dadi pikoekoehing ratoe, poma kaki adja péka.

15. Pan ingsoen mamekas malih, kaki ing sapoengkoer ingwang, dèn atoet kekadang radèn, noeli oemadega nata, poma ing wekasingwang, oetoesana mring Goernadoer, djaloeka bantoe Welanda.

16. Lan malihé ki dipati, agé sira oetoesana, ngoepajaha sira anggèr, boemi kang wangi lir sekar, angambar lir djebadan, ènggal angkatena goepoeh, ngoepajaha nagri Tegal.

17. Sang nata ngandika aris, waoe doematang kang poetra, lah karija poetraningong, ingsoen woes tekèng semaja, pan ija nora bakal, pan woes karsaning nyang Agoeng, nora kena sinemajan.

en oedoeni ènggal,
aja ingwang, nganggo
pan dadi ratoe pra-

angoengsèning koda,
ring sira, toer ratoe
toeroené nabi Moes-

rita satengah, nora
arbi wali ngoelama,
kekadang.
iyan kataha, ari-ari-
nta Poeger dipatya,
ng karsa.
wekas ingwang, lamoen
a, kaki ingkang poeng-
ng Madoera.
na ing sakarsa, lawan
poma ajya pépéka,
manira.
oep kawoelakna, ija
koe dadi serana, dadi

ing sapoengkoer ing-
madega nata, poma ing
ijaloeka bantoe We-

etoesana, ngoepajaha
angambar lir djebadan,
ri Tegal.
ematèng kang poetra,
ekèng semaja, pan ija
eng, nora kena sinema-

18. Lan malijé wekas mami, bésoek sira dadi nata, Wanakarta kedatoné, ing djagat tan ana mada, amoeng sira ing bènidjang, jèn sira djoemeneng ratoe, bésoek jèn ana wong prapta.

19. Tekané angoengsi oerip, binoedjoeng déning Welanda, Soerapati djedjoeloeké, kelamoen sira tan wikan, lah ikoe kadangira, ja ikoe atmadjaningsoen, doek maksih anèng Mentaram.

20. Bojongan saking ing Bali, anaké rangga Setata, kang èstri loewih ajoené, kongsi kedjaloek maringwang, wanodya ikoe ija, noeli ingsoen doewé patoet, apan sidji metoe lanang.

21. Bijangé banidjoer ngemasi, noeli bebaji poenika, banidjoer ingsoen paringaké, mring ki Djoeroe Wirasraba, apan bagoes kang warna, noeli gedé botjah ikoe, soen paringi kang poesaka.

22. Wasijat kang poenang keris, araning Tojatinambak, ikoe koeloep ing sangkané, patrem tapak keris tambak, adapoer pasopatya, doek kala njahi geng Taroeb, amanggih kang laré djabang.

23. Gilang-gilang nèng wanadri, njahi Taroeb boengah-boengah déné waoe manggih laré, dasaré ajoen pepoetra, toer bagoes warnanira, jata noeli laré waoe, pinaringaken ing sira.

24. Kang keris sampoen soemanding, ija ikoe poerwanira, Tojatinambak wastané, noeli botjah ingsoen oeniang, saking ing Wirasraba, noeli soen kon loenga goepoeh, djoedjoega maring Bawéjan.

25. Lawan sira doewé kaki, ing Bali rangga Setata, noeli loengaha dèn agé, ija ikoe poerwanira, dèn èngat sira bènidjang, pesti dèn oengsi sirèkoe, gawénen kaki boepatya.

26. Lahta oewis ki dipati, jèn ingsoen mèh praptèng ngadjal, poma-poma wekasingong, sekatahé bijangira, lan sakèhé parekan, toewin garwa-garwaningsoen, konen toenggoe ing ngastana.

27. Konen wisma pisan kaki, atoenggoewa marang ingwang, pada konen adjépok, lelima pan soetaningwang, lamoen ingsoen palastra, gawèkna tabela ingsoen, agé noeli agawéa.

28. Woes kaki sira dèn éling, sakèhé wawekasingwang, kang poetra noengkemi agé, kang para garwa karoena, toewin selir sedaja, syarané oemyang goemoeroen, sang nata sampoen palastra.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Goemer syaraning kang tangis, para goesti lan parekan, para garwa nangis kabèh, toewin ingkang para poetra, samya nangis sadaja, nekakken deradjat ratoe, geter pater asahoeran.

30. Goemledoeg kang ardi Mrapi, pantjawora pan goemrasak, lir ginondjing boemi kabèh, sinengkalan sédanira, sang nata nèng Tojamas, poenika ing babadipoen, énget sonja rasaning rat.

31. Kang lajon woes dèn sirami, pan ladjeng kinapan sigra, sawoesnja sinalataké, binekta mring nagri Tegal, kaloewat panggih dadya, sinarèken Tegalaroem, pangran Dipati kotjapa.

32. Langkoeng poetek tyas sang pekik, sasédané ingkang rama pangéran Dipati Anom, tan émoet wekasing rama, arsa anglampoes raga, tan arsa djoemenèng ratoe, pan arsa angloegas raga.

33. Sinéba kang pra dipati, para ari moenggèng ngarsa, toewin kang raji nom-anom, pinepek kang para garwa, toewin kang pepingitan, pangran Dipati amoewoes, pengalasan timbalana.

34. Pangéran Dipati angling, ingsoen pan arsa oetoesan, mring adi Poeger wijosé, pengalasan loemakoewa, marang Djenar ta sira, anggawana lajangingsoen, sarta salam donganingwang.

35. Lèngsèr sing ngarsa sang pekik, noelya ladjeng lampahira, datan kawarna lampahé, gantya ingkang tjinarita, tanah Bagelèn samya, ing Djenar wastaning doesoen, kang arsa joeda kenaka

49. PANGKOER.

1. Sigegen ingkang kotjapa, Kapoegeran ing Djenar patjak baris, Poerwaganda namanipoen, soejoed sagoeng prawira, mantri Baglèn sadaja sampoen akoempoel, toewin wadya ing Mantaram, sadaja angati-ati.

2. Nglampahi toedoehing rama, kangdjeng pangran waoe sang adipati, pan lagya pinarek waoe, lan kang raji tetiga, pangran Natakoesoema pan anèng ngajoen, kasaroe waoe kang prapta, doeta né pangran Dipati.

3. Ingkang matedjani soerat, poenang doeta sigra ngatoerken toelis, woes tinampan soeratipoen, sigra noelya binoeka, pènget iki dingin salam donganingsoen, doemateng dimas dipatya, mani-

ra

ra pan asoeng warti.

4. Jèn rama sampoen palastra, apan oewis sinarèken ing Tegil, ingkang kari kawlasajoen, dimas kateloe pisan, lawan maning dimas ija wekasingsoen, reboeten ingkang negara, ingsoen tan arsa mandiri.

5. Manira pasrah mring sira, tanah Djawa mangsa bojoha jaji, manira pan nora ajoen, soen arsa mati raga, apan ingsoen arsa noeroeti ing lakoe, soen arsa dadi pandita, amati raga nèng ngar di.

6. Lah jaji mangsa bojoha, penijabelmoe negara ing Mentawis, ing tanah Djawa doewèkmoe, moega jaji olija, ingkang berkah kang sinaré Tegal-aroem, ingsoen dimas ilangena, pasrahena ing hyang Widi.

7. Ingsoen dimas datan arsa, angreboeta jaji ing tanah Djawi, ingsoen arsa wismèng goenoeng, soen arsa ngloegas raga, lan malijé para ari ingkang kantoen, manira titip ing sira, woes titi kang poenang toelis.

8. Kawarnana djeng pangéran, anoengkemi marang kang poenang toelis, pan sarwi angoesap eloeh, noelya aris ngandika, prijé jaji miwah pra sentananingsoen, pan samya djetoeng sedaja, miwah ingkang raji kalih.

9. Waoeta kangdjeng pangéran, apan arsa oemadeg narapati, woes ngoendangi kang wadya goeng, pan arsa madeg nata, adjedjoeloek Sénapati Ngalagèkoe, soedigbya prawirèng joeda, panetek panata Gami.

10. Mila joen oemadeg nata, kala daloe soepena apepanggih, lan kang rama kang woes soeroed, agetoen kang soepena, ingkang rama timbalané manis aroem,katingal ing djro soepena, amemoelang krama niti.

11. Hèh Poeger ta poetraningwang, lah reboeten negaranira aglis, sarta djoemenenga ratoe, ingsoen idini sira, lan maningé sira koeloep ingsoen toenggoe, adja maras atinira, sira djoemenenga adji.

12. Sénapati ing Ngalaga, éndjing mios sinéba para mantri,

wadya

wadya ing Bagelèn agoeng, anjèr anèng ngajoenan, ingkang raji waoe samya moenggèng ngajoen, djeng pangéran Mertasana, lan pangéran Singasari.

13. Toemenggoeng Gadjahpramada, pan poenika nijakané kang syargi, nanging kinèn atoet poengkoer, marang soenan Ngalaga, ing Bagelèn poenika boepatinipoen, awasta ki Tambakbaja, lan arja Soeradjajèki.

14. Toewin kyahi Mandalika, pan poenika babetjik ing Mentawis, pangran Pamenang nèng ngajoen, pangran Wiramenggala, lawan radèn Prawiratroena nèng ngajoen, pangéran Natakoesoema, lawan Natabrangta nangkil.

15. Djadjar lan Malangsoemirang, Wirasandi ing Boetoeh sampoen nangkil, Djawikrama djadjaripoen, Banjaksoepatra Ngroma, Kalapaking ing Pandjer djadjaré loenggoeh, demang Kaleng pandelegan, ngabèhi Rawa anangkil.

16. Wedi Kandoeroean séba, djeng soesoenan Ngalaga ngandikaris, mring arja Mandalika roem, nèn arja Mandalika, wong Mekas Madoera kang ambeg poeroen, tèmbak anèng Djagabaja, ikoe arsa ingsoen gitik.

17. Arja Mandalika nemban, inggih leres ing karsa dalem goesti, bèndjang poenapa poekoeloen, gitik tijang Madoera, sagendingé kawoela goesti pan poeroen, koela oedjané pijambak, arsa atanjing koewanin.

18. Atakera kang loedira, wong Madoera poendi gèné pinanggih, sanadyan gentija lawoeng, liroewa kang tjoeriga, pan kawola datan goemingsir saramboet, kangdjeng soenan ing ngalaga, anoelya ngandika malih.

19. Doek kènjangé kangdjeng rama, poenang liman titilaré tan kali, sira oetoesana goepoeh, ingsoen ingkang ngagema, Mandalika anoelya oetoesan goepoeh, tan adangoe sampoen prapta, woes katoer marang sang adji.

20. Kangdjeng soenan ing Ngalaga, sigra ngatag tengara ing ngadjoerit, sigra boedal kang wadya goeng, bandéra warna-warna, sagoeng ingkang tengara oemyang goemoeroeh, bandéra pating ga-

lebyar

lebyar, lir sekar sataman asri.

21. Kang dadi tjoetjoeking joeda, Soeradjaja lawan Tambakbajèki, pra mantri kang moenggèng ngajoen, kéring Gadjahpramada, Mandalika ing kanan sawadyanipoen, awoerahan tengaranja, srinata kang moenggèng woeri.

22. Tan kawarna lampahira, wong Madoera sampoen miarsa warti toewin Dandangwetjanèkoe, samya miarsa warta, wong Bagelèn arsa ngantep ing prang poepoeh, sigra anembang tengara, woes ajoen-ajoenan djoerit.

23. Gadjah pramada neradjang, sabalané anglamboeng saking woeri, wadya Bagelèn andoeloe, wong Sampang sami soera, tan antara bedil-binedil atjampoeh, wadya Madoera Mekasar, pasisir mantja nagari.

24. Anempoeh ing ngadilaga, wong ing Sampang lir bantèng tawan kanin, wadya Bagelèn atanggoeh, ramé oeleng-oelengan, wong Bagelèn panempoehé sanget liwoeng, tamboeh moengsoeh lawan rowang, aramé rok silih oengkin.

25. Gadjah Pramada anoendjang, kang katradjang wong pasisir kèh mati, arja Mandalika noebroek, anempoeh saking kanan, sabalané kadya bantèng tawan tatoe, tandangé kagila-gila, tan moendoer ing toembak keris.

50. DOERMA.

1. Wong Bagelèn pengamoeké kadya jeksa, galak amangsa djalmi, koka lan Madoera, moendoer samya kabranan, kang kari samya angisis, njabrang ing toja, pinèpèken kèh mati.

2. Wong Bagelèn kotboeta pengamoekira, wong Sampang woes anggendring, arja Mandalika, pengamoeké lir boeta, singa kang katradjang goesis, ki Mandalika, wong Sampang dèn toetoeti.

3. Ngoewoeh-oewoeh Dandangwetjana mandega, Dandangwetjana gendring, Mandalika ngoetjap, lanat atilar glanggang, lah adja loemajoe andjing, paja prawira, adjana ngoetjiwani.

4. Lah balija soen gadoné atinira, adja loemajoe andjing, pada soera mrata, pajo sira balija, Dandangwetjana anggendring pelajoenira, boender ngalondjong mimis.

5. Djeng soesoenan Ngalaga sawadyanira, remboeg samya angosir, arsa ngreboet poera, jata Dandangwetjana, ladjoe loemeboe ing poeri, soenan Ngalaga, ladjeng ngrampid ing poeri.

6. Wong Mentaram mirsa rawoeh goestinira, ladjeng toemoet abaris, wadya ing Madoera, kang késah ambebadjag, marang sadjaban negari, katah kang pedjah, ingamoek wong ing dèsi.

7. Doek semana ki toemenggoeng Mangkoedjoeda, boebar kalanin wengi, mantoek mring Pamenang, ing wantji sirep djalma, ting katjètjèr kang wadya lit, agoeréwalan, menawa dèn toetoeti.

8. Tan kawarna lampahé ki Mangkoedjoeda, oetjapen sriboepati djeng soenan Ngalaga, sampoen miarsa warta, wong Madoera boebar goesis, srinaranata, ladjeng loemebèng poeri.

9. Wong Mentaram kang samya ngili woes prapta, tetep ing wismanèki, miwah wong kaparak, sedaja samya prapta, tanapi kang para mantri, pepek sedaja, ngandika sriboepati.

10. Pra poenggawa wismanipoen doek ing koena, kang kéring meksih kéring, tengen meksih kanan, wadya Baglèn Mentaram, rijeg roemeksa nrepati, sabaja pedjan, mandoek kadoek ing ngoe

11. Doek semana radèn Prawirataroena, sampoen djinoendjoeng linggih, dateng srinalèndra, sarta ingalih nama, wasta pangran Mangkoeboemi, pan ingèstrènan, sagoeng wadya Mentawis.

12. Radèn Rangga pan sampoen djinoendjoeng lenggah, dateng srinarapati, pangran Tepasana, misoewoer wong Mentaram, para poenggawa ngèstrèni, kidjahi Kamal, sampoen djinoendjoeng linggih.

13. Sinoeng aran ki pangoeloe Adiningrat, misoewoer wong Mentawis, arja Mandalika sampoen djinoendjoeng lenggah, apan kinarja pepatih, marang sang nata, poenggawa angèstrèni.

14. Wong Bagelèn tetindihira poenika, pan woes djinoendjoeng linggih, kinarja wedana, waoe ki Soeradjaja, lan arja Tambakbadjèki, pan ingèstrènan, marang para dipati.

15. Dèrèng lami doek semana srinalèndra, djoemeneng ing Mentawis, pangran Mertasana, séda lan Singasekar, semana sampoen ngemasi, ari nalèndra, ngoengoen srinarapati.

16. Sasédané pangéran ing Singasekar, negari ing Mentawis, pinarag wawelak, gering soré soek pedjah, gering ésoek soré mati, langkoeng sangetnja, wewelak ing Mentawis.

17. Larang pangan lawan oedan salah mangsa, lan tinoeb ing gegering, laraning soedjalma, panas tis lawan roemah, pan sarwi dèn loed ing ngising, pan koerang mangan, akèh djalma ngemasi.

18. Wong kang mati sahenggon-enggoné ika, pan sami koerang boekti, langkoeng sangetira, geseng nagri Mentaram, sagoeng djalma kawlasasih, djalma kang pedjah, rinoeboeng dangdang poetih..

51. DANGDANGGOELA.

1. Ing Mentaram kelangkoeng prihatin, apan sanget goematining radja, tinoeb ing gagering gedé, djalma pating galoeroeh, langkoeng sanget ingkang gagering, datan kena tinambak, nagri ing Mentaroem, apan meksih nawanira, ing Mentaram sanget geseng ing negari, sigegen ing Mentaram.

2. Kawoewoesa kang agoeng prihatin, adipati Anom ing Mentaram, anèng Banjoemas sang anom, langkoeng brangta woelangoen, sasédané rama nrepati, katah kagagas drija, roesaké Mentaroem, tamboeh raosé ing nala, pan katoetoen kadang warga kotjar-katjir tan ana sedyèng drija.

3. Radja poetra tan angsal agoeling, lamoen sijang tan angsal adahar, menggah-menggah ing galijé, katah kerasèng kalboe, ing Mentaram woes bosah-basih, woewoeh tinilar séda, anèng Tegal-aroem, milané radja pinoetra, sakelangkoeng gènja waoe mati ragi, neneda mring Hyang Soeksma.

4. Para loerah andèr anèng ngarsi, samya matoer marang goestinira, anggèr djoemenenga radjèng, nanging sang radja soenoe, datan arsa madeg nerpati, pan arsa anglelana, waoe sang bina-

goes

goes, arsa kadji marang Mekah, djeng pangéran ngandika marang abdi, lah sira timbalana.

5. Adipati Mertalaja Tegil, ingkang kinèn sampoen nembah mesat, datan kawarna lampahé, ing Tegal sampoen rawoeh, doeta kalih semana panggih, toendoek lan Mertalaja, dinawoehken sampoen, timbalané djeng pangéran, Mertalajá ngandikan ing kangdjeng goesti, dèn inggal Mertalaja.

6. Goepoeh-goepoeh dipati ing Tegil, sigra boedal waoe sabalanja, datan kawarna lampahé, jata sampoen tjoemoendoek, ing ngarsané pangran Dipati, manembah ing soekoe sang, mangoesapi leboe, pangran Dipati ngandika, Mertalaja sira dèn kaparèng ngarsi, noewoen ki Mertalaja.

7. Djeng pangéran angandika aris, Mertalaja moelané soen oendang, mengko prapta ngarsaningong, ingsoen moendoet perahoe, kang prajoga soen karja agtis, lajar marang ing Mekah, Mertalaja matoer, goesti dinamel poenapa, moendoet prahoe kawoela dèrèng andoegi, angling radja pinoetra.

8. Ija ingsoen arsa moenggah kadji, ija marang Mekah karsaningwang, Mertalaja ing ngatoeré, doeh goesti sang binagoes, jèn kènginga koela atoeri, abdi dalem Mentaram, risak temahipoen, sinten ingkang ginèndolan, ing rat Djawi jèn dédé padoeka goesti, inggih ing tanah Djawa.

9. Jèn soewawi lawan kangdjeng goesti, pan padoeka madega nalèndra, wonten Tegal prajoginé, kawoela ingkang mangkoe, sasoekeré ing tanah Djawi, prakawis Troenadjaja, kawoela kang sagoeh, anggitika Troenadjaja, ing ngajoeda koela brak-abriké goesti, dangkané ing Madoera.

10. Sagendingé kawoela tan adjrih, mengsaha prang lawan Troenadjaja, soen agoehi gedakané, kedjera langit biroe, Mertalaja goesti nagoehi, poendi gèné kapanggya, lan Madoera poeroen, dèrèng oelap ing ngajoeda, Troenadjaja ingkang peksa nglelanangi, poendi gèné kapanggya.

11. Abdi dalem goesti wadya Tegil, jèn padoeka noenten madega nata,?tan malétja ing poepoeh,,kang soen sedja agenti keris,

poen Troenadjaja Sampang, nadyan dasé sèwoe, poen Mertalaja tan oelap, toempang poepoe lawan kantar bahoe goesti, lawan poen Troenadjaja.

12. Abdi dalem goesti wadya Tegil, jèn padoeka noenten madeg nata, djitoesena ing joedané, tan malétja ing poepoeh, kang soen sedja agenti keris, poen Troenadjaja Sampang, nadyan dasé sèwoe, poen Mertadjaja tan oelap, toempang poepoe lawan kantar bahoe goesti, lawan poen Troenadjaja.

13. Nadyan tangkepa saketi sisih, wong Madoera kelawan Mekasar, ing béndjing goesti djoerité, koela goesti kang sanggoep, lawan Troenadjaja adjoerit, soen sedja salaminja, tempoeha ing lawoeng, wadya Tegal lawan Sampang, Troenadjaja woewoeha sadjoeta malih, oeloen mangsa ginggangga.

14. Inggih goesti djoemenga adji, sinébaha ing wadya sedaja, para mantri boepatiné, padoeka poetra sepoeh, aprajoga goesti gentosi, djoemenenga nalèndra, ing tanah Djawèkoe, sinten ginèndolan katah, tanah Djawi lijané padoeka goesti, noenten goesti madega.

15. Jata mèsem pangéran Dipati, soen tarima sira Mertalaja, sakèh atoerira kabèh, nangingta karsaningsoen, meksa loenga ingsoen angadji, marang negara Mekah, ing sapoengkoer ingsoen, sapata wroeha ing bènidjang, ing Mentaram loewih karsaning hyang Widi, iéné soen nora wikan.

16. Lahta oewis moelia dèn aglis, atjaosa bahita prajoga, ki Mertalaja atoeré,koela daweg karoewoen, nadyan katah palwata goesti, datan lajak kagema, marang sang binagoes, jèn iéié oeloen pribadya, kang akarja tan patoet dipoen titihi, angling radja pinoetra.

17. Ija mangsa bodoha sirèki, amrih basoekiné lakoeningwang, kang kinèn toer sembah lèngsèr, datan kawarnèng ngenoe, Mertaleja woes praptèng Tegil, semana ingoendangan, kang karja perahoe, sampoen rinakit parèntah, pan kotjapa pangran Dipati Mentawis, langkoeng kawelasarsa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

18. Lamoen idaloe tan angsal agoeling, lamoen sijang tan angsal adahar, labeté meres galijé, sira sang radja soemoe, apan saré ing masdjid alit, kelawan panakawan, kekalih toet poengkoer, doek lagya asesaréjan, panakawan kekalih ingkang meteki, pangéran rem rem samar.

19. Apan wonten noegrahaning Widi, datang waoe sang radja pinoetra, teka mandjing ing djadjané, masdjid katon ngengoewoeng sirah gada datan kanèksi, pan padang anerawang, tan ana kadoeloe tjahja noering rat poemika, doek toemoeroen anèng loehoeré kang goeling, mantjoer pan kadya woelan.

20. Anèng loehoerira radèn mantri, awetara ana salandéjan, goemilang-gilang tjahjané, ébat sang radja soenoe, aningali sadjroning goeling,mring kang tjahja goemawang, kang manah koemepyoer, jata sang radja pinoetra, poenang tjahja ginajoeh-gajoeh tan keni, teka mandjing ing grana.

21. Byar awoengoe sira radèn mantri, poengoen-poengoen nèng masdjid Banjoemas, goemilang-gilang tjahjané, ngandika djroning kalboe, mangko rasa rasaning ngati, kajata nora bedah, nagri ing Mentaroem, negara ing tanah Djawa, woes kagegem raosé rahadèn mantri, gya mios radja poetra.

22. Animbali sagoengé kang abdi, aberkatan rinasoek sadaja, sakèhé wasijat kabèn, kang saking ing Mentaroem, ki Belabar sampoen tjinangking, pinarak ing dedampar, alelèmèk baboet, karsané pangran Dipatya, arsa ngadeg nalèndra paja samangkin, djoemeneng nèng Tojamas.

23. Ingkang abdi langkoeng troestèng galih, sareng mijat marang goestinira, boengah-boengah sedajané, déné sampoen angrasoek, baberkatan saking Mentawis, sampoen kagem sedaja, soeka kang wadya goeng, soesah prihatiné bala, samya ilang malah ageng ingkang galih, radja poetra ngandika.

24. Pirsakena sagoeng wadya mami, lamoen ingsoen arsa djoemeneng, paja ngèstokena kabèn, déné djoedjoeloekingsoen, djeng soesoenan Mangkoerat mami, Sénapati Ngalaga, Ngabdoelrahman ikoe, Sajidin Panata Gama, ingkang abdi geng alit sami ngèstrè-

ni

lamoen sijang tan
sang raija soemoe,
awan, kekalih toet
an kekalih ingkang me-

teng waoe sang raija
ijid katon ngengoewoeng
awang, tan ana kadoeloe
en anèng loehoeré kang

etara ana salandéjan,
a soenoe, aningali sa-
ang, kang manah koeme-
tjahja ginajoeh-gajoeh

poengoen-poengoen nèng
ané, ngandika djroning
a nora bedjah, nagri
es kagegem raosé raha-

katan rinasoek sadaja,
taroem, ki Belabar sam-
lelèmèk baboet, karsa-
paja samangkin, djoe-

galih, sareng mijat
né, déné sampoen angra-
kagem sedaja, soeka
samya ilang malah
a.
oen ingsoen arsa djoe-
edjoeloekingsoen, djeng
ga, Ngabdoelrahman
eng alit sami ngèstrè-

ni

ni, wadya marwata soeta.

25. Angandika waoe sriboepati, timbalana ja si Mertalaja, kang doeta toer sembah lèngsèr, datan kawarnèng ngenoe, sampoen prapta ing Tegalwangi, tjoendoek lan Mertalaja, dawoehaken woe-woes, hèh dipati Mertalaja, pekenira ngandikan marang nerpati, sang apraboe Mangkoerat.

26. Kagyat ing tyas ri sang adipati, goepoeh-goepoeh sira Mertalaja, ngoendangi wadya balagé, toewin pradjoeritipoen, tinanggenah amangoen poeri, sira dipati Tegal, galihnja asengkoeh, ki Mertalaja sijaga, samantriné soera raketé tan kari, toewin kaprabon nata.

27. Sigra-sigra dipati ing Tegil, sampoen boedjal kerig sabalanja, tan tjinatoer ing lampahé, ing Tojamas woes rawoeh, sampoen toendoek ngarsa nerpati, manembah ngaras pada, angoesapi leboe, srinaranata ngandika, Mertalaja sira dèn kaparèng ngarsi, toer sembah Mertalaja.

28. Ja moelané sira soen timbali, ingsoen woeroeng kadji marang Mekah, pan ingsoen woes madeg radjèng, gentèni rama praboe, karsaningsoen amangoen djoerit, woes kasedya ing drija, arsa males oekoem, ija marang Troenadjaja, Mertalaja oematoer sarja wotsari, anoewoen sèwoe rembag.

29. Jèn soewawi padoeka sang adji, djoemenenga goesti anèng Tegal, sinébaha sekatané, pra dipati goeng-agoeng, srinalèndra troesta ing galih, lah ija Mertalaja, sakarepirèkoe, srinaranata ngandika, Mandaraka ngandikan madjeng ing ngarsi, lah sira ingsoen doeta.

30. Lah mijanga nagara Betawi, katemoewa lan goermadoer djèndral, lah gawanen soerat kijé, sira moendoeta bantoe, mring goermadoer djèndral Betawi, dipati Mertalaja, soemamboeng oematoer, doemateng srinaranata, lah poenapa damelé dateng Betawi, sang nata angandika.

31. Ingsoen djaloek bantoe wong koempeni, ija marang si goermadoer djèndral, Mertalaja toer sembahé, anoewoen goesti noewoen, jèn kènginga amba atoeri, manahé poen Walanda, goesti

boten

boten poeroen, penedé lamis kéwala, ing batiné sajekti amengarahi, pan dinamel poenapa.

32. Aprakawis mengsah dalem goesti pan kawoela sagah njirnakena, Mekasar lan Madoerané, dèn kongsi adjoer moemoer, pan kawoela boten goemingsir, wantoené wong Walanda, katah béjanipoen, watak wantoené poenika, boten nembah sanès tékadé ngaoerip, kanti karem mring donja.

52.KINANTI.

1. Srinalèndra ngandikaroem, Mertalaja soen toetoeri, roengokna pitoetoeringwang, doek syarginé éjang dingin, kangdjeng soeltan ing Mentaram, iboe marak djroning poeri.

2. Marak marang éjangingsoen, éjang soeltan anedaki, éjang ratoe koelon nabda, poenapa srinarapati, dénéta toewan toemedak, nimbok mantoe dèn oedoeni.

3. Ejang soeltan ngandika roem, nimbok mantoe soen wartani, tan ngoedoeni nimbok anak, kang kinandoet soen oedoeni, kang anèng djroning wetengan, dadi ratoe kaja mami.

4. Pilih toemanding ing bésoek, boboté kelamoen djoerit, toer bala batjingan bèndjang, ing Djawa tan ana tanding, ikoe andikané soeltan, moelané ingsoen toeroeti.

5. Dipati Mertalajèkoe, toemoengkoel pan atoer bekti, sanget kaloehoeran sabda, noewoen-noewoen atoernèki, srinalèndra angandika, Mertalaja doek ing ngoeni.

6. Ingsoen amoendoet peranoe, woeroeng kadji mengko iki, saosena dipoen énggal, kamoedi malim djа kari, Mandaraka kang noengganga, soen doeta marang Betawi.

7. Mertalaja sigra noedoeh, wong*Tegal kang dadi malim, srinaranata ngandika, Joedakerti ingsoen toeding, lah agé sira miloea, kang minangka dadi kanti.

8. Ki Mandaraka tjinatoer, kalijé ki Joedakerti, woes mangkat saking Banjoemas,saréwangé datan kari, ing Tegal pan sampoen prapta, ladjeng noempak ing djeladri.

atiné sajekti amenga-

n kawoela sagah njirna-
ijoer moemoer, pan ka-
anda, katah béjanipoen,
s tékadé ngaoerip,

a soen toetoeri, roe-
ang dingin, kangdjeng
poeri.
oeltan anedaki, éjang
dénéta toewan toemedak,

k mantoe soen wartani,
soen oedoeni, kang
mami.
é kelamoen djoerit,
an ana tanding, ikoe
i.
pan atoer bekti, sa-
atoernèki, srinalèndra

ng kadji mengko iki,
kari, Mandaraka kang

al kang dadi malim,
toeding, lah agé sira

Joedakerti, woes mang-
i, ing Tegal pan sam-
i.

9. Sigegen kang anèng lahoet, kotjapa srinarapati, animbali abdinira, Permataka kang wewangi, prapta byantara nalèndra, ngandika srinarapati.

10. Permataka dèn agoepoeh, sira mèntara dèn aglis, soen oetoes marang ing Bonan, ija ing masigit Tjoeri, ja ikoe ing Noesa Brambang, sira ngalapa dèn aglis.

11. Kembang djajakoesoemèkoe, lamoen sira doeroeng oelih, kang sekar widjajamoelja, ajya sira bali-bali, nadyan djamboel oewanira, soen oepatani jèn moelih.

12. Nglampahi ajahan praboe, sanadyan prapta ing pati, woes lèngsèr sing ngarsa nata, lestari dènja loemaris, lampahira gegantjangan, sigegen ingkang loemaris.

13. Kotjapa waoe sang praboe, woes doedal marang ing Tegil, ki dipati Mertalaja, nenggih kang sampoen dingini, pradjoerité kantoen tebah, roemeksa marang nrepati.

14. Wong soera raket rong atoes, wadya Tegal dèn pilihi, loerahé sami sentana, wewoloe apekik-pekik, rong atoes panekarira, raré nom apekik-pekik,

15. Datan kawarna ing ngenoe, sang nata woes praptèng Tegil, pan goemerah ingkang wadya, ing ngaloen-aloen abaris, ki dipati Mertalaja, woes kasrah poeranira glis.

16. Wong pasisir kilèn rawoeh, sedaja samya anangkil, samekta pradjoeritira, sasoegoeh pan sami mintir, pan katah para boepatya, bèbèk ajam kebo sapi.

17. Ing Djakarta kang winoewoes, pan negari ing Betawi, woes katoer goernadoer djèndral, doeta sampoen dèn hoermati, rat peni pepek sedaja, langkoermating koempeni.

18. Moenja brangbrangan kang tamboer, salomprèt pating djalemprit, kang serat pinetoek samya, koempni angapit-apit, goernadoer Djakarta sigra, noewala dipoen tampèni.

19. Kang serat binoeka sampoen, djèndral troestèng djroning galih, serat kinoermatan samya, goemroedoeg kang bedil moeni, marijem moenja lir gelap, salomprèt baroeng amoeni.

20. Anampar amoendoet bantoe, mring abdiné wong koempni, kang abdi angarsa-arsa, salaminé nèng Betawi, dèrèng wonten kang

kang timbalan, Mandaraka lagi mangkin.

21. Kangdjeng soenan moendoet bantoe, ingsoen iki anjahosi, Hèldoewèlbrèh namanira, majoré ikoe kekalih, koemendamipoen sekawan, wewoloe kapitanèki.

22. Pan wewoloe litnanipoen, nembelas saréjanèki, kopral teloengpoeloeh sanga, pan kaleboe sékretaris, domas sarajadoenira, ikoe sedaja koempeni.

23. Koempni islam apan sèwoe, Krik Kadangkrang major Boegis, Kraèngnaba majorira, Ambon Mekasar lan Bali, sarta lan pakintoenira, boeloe bekti pèni-pèni.

24. Mandaraka kang tjinatoer, laminja anèng Betawi, ingoegoeng sasoekanira, koempeni sanget ngoermati, doek semana asijaga, saroepané wong koempeni.

25. Amral Hèldoewèlbrèh waoe, ing sabrang pradjoerit loewih, pan sampoen noempak ing palwa, sedaja anèng djeladri, sigegen ingkang alajar, kang dandang ngoepaja manis.

53. DANDANGGOELA.

1. Kawarnaha kang angloegas ragi, kang dinoeta marang Noeng-sa-Brangbang, ki Pernataka lakoené, prapta masigit watoe, tan anjipta kelamoen oerip, amoeng anjipta peijah, raosé ing kalboe, datan toeroe datan mangan, pitoeng dina anenedja ing Hyang Widi, moegi angsala karja.

2. Apan sampoen karsaning Hyang Widi, apan noedjoe ing malem djoemoengah, ing tengah daloe wajané, ana katingal mantjoer, tjahjanira ngebeki boemi, ing wit widjaja moelja, anoelya kepanggoeh, sekar widjaja dimoelja, pan sepasang anoelya pinetik aglis marang ki Pernataka.

3. Langkoeng boengan déning antoek kardi, Pernataka sigra lampahira, marang Tojamas djoedjoegé, ing Tojamas woes soewoeng, lampahira ladjoe mring Tegil, ing marga tan winarna, ing Tegal woes rawoeh, ladjeng toemamèng ngajoenan, sampoen katoer sekar widjaja di loewih, marang praboe Mangkoerat.

4.

4. Kawarnaha ing Demak nagari, paḍéḍésan Tempolong wastanja, Mertaḍjaja kekasihé, goenem lan arinipoen, kang anama ki Wiramantri, lah jaji paḍa loenga, marang Tegalaroem, noesoel pangéran Dipatya, ing wartané ing mangké maḍeg nerpati, anèng negara Tegal.

5. Ingkang raji alon anahoeri, lah poenapa anoesoel mring Tegal, pan ḍéḍé kang moektèkaké, jèn kakang arsa noesoel, ḍaweg kakang ḍateng Mentawis, pangéran Kapoegeran, kang wonten Mentaroem, kang moektèkaken mring ḍika, Mertaḍjaja ameksa marang kang raji, kedah noesoel mring Tegal.

6. Ingkang raji sigra anoeroeti, sigra mangkat saking nagri Demak, prapta ing Tegal lampané, laḍjeng marak sang praboe, jata kagyat srinarapati, moelat mring Mertaḍjaja, ngandika sang praboe, apata sira ḍinoeta, ing jaji mas Mertaḍjaja atoer bekti, kaḍjeng koela pribadya.

7. Arsa ngabdi ḍateng paḍoekaḍji, kaping kalih goesti atoer wikan, ngrijini karsa sang raḍjèng, mengsan ḍalem poekoeloen, koela petoek kelawan ḍjoerit, wonten negari Demak, wong Maḍoera mawoer, srinalèndra àngandika, Mertaḍjaja ngelara ḍjaḍjahan ḍingin, barenga lawan ingwang.

8. Ija Demak soen paringken bèndjing, lahta ija bésoek Mertaḍjaja, sok oega selamet tembé, gentija kang winoewoes, ingkang wonten ing Soerawèsti, sira ki Anggawangsa, pan sampoen angroengoe, lamoen pangéran Dipatya, anèng Tegal pan sampoen ḍjoemeneng aḍji, sénéba pra poenggawa.

9. Anggawangsa sampoen marak aglis, sedya noesoel marang kaḍangira, ḍoek maksih kaḍipatèné, soewita ing sang praboe, Anggaḍjaja namanirèki, ḍatan kawarnèng marga, ing Tegal woes rawoeh, waoeta sampoen kapanggya, lan kang raka ki Anggaḍjaja agipih, woes katoer ing sang nata.

10. Ngandika lon waoe sriboepati, Anggawangsa sok oega slameta, ing Soerabaja ing tembé, soen paringken ing bésoek, jèn selamet lampah poeniki, kelawan kakangira, si Anggaḍjajèkoe,

anoewoen

anoewoen ki Anggawangsa, srinalèndra doek sinéba ingkang abdi, andèr anèng wingkingan.

54.PANGKOER.

1. Enengena srinalèndra, Mandaraka waoe ingkang winarni, kang ana ing samodra goeng, apan sampoen andoengkap, ing moeha Tegal waoe sampoen rawoeh, sampoen tata laboeh djangkar, woes mentas sagoeng koempeni.

2. Ki Mandaraka woes mentas, apan sareng lan amral mentas sami, kelawan seldadoenipoen, aseloer sampoen mentas, Mandaraka andingini lampahipoen, woes katoer marang sang nata, jèn bala koempeni prapti.

3. Woes sowan ki Mandaraka, Joedakerti sareng marak sang adji, kekalih sareng oematoer, sarwi angaras pada, sri nalèndra angandika manis aroem, hèh bagéja Mandaraka, apata pada basoek

4. Ki Mandaraka atoernja, inggih noewoen berkah dalem sang adji, kang abdi ngoeni ingoetoes, kalih mawi noewala, sampoen dateng poen kaki toewan goernadoer, goepoeh sanget tampi soera asoeka-soeka nglangkoengi.

5. Dénè padoeka pratjaja, moendoet bantoe dateng wadya koe peni, lan malihipoen sang praboe, katénipoen katoera, gih poen kaki goernadoer djèndral poekoeloen, lawan ngatoeri reroeba, kondjoeka srinarapati.

6. Domas tjatjahé sedaja, gih poenika goesti koempni poe-tih, koempenislam inggih sedaja sèwoe, sedaja sèwoe domas, pan poenika goesti katoera poekoeloen, sénapatining ngajoeda, poen Amral pradjoerit sekti.

7. Majoré tijang Mekasar, Kraèngnaba dénè majoré Boegis, Krikkadangkrang wastanipoen, mèsem srinaranata, lah dèn kebat Amral timbalana goepoeh, sigra arja Mandaraka, kalijan ki Joe-dakerti.

8. Sira arja Mandaraka, sigra lèngsèr pan sarwi atoer bek-ti, saking poera sampoen metoe, lampahé goerawalan, animbali ing Amral sampoen toemoendoek, hèh Amral sira ngandikan, mring

goesti srinarapati.

9. Amral Hèldoewèlbrèh gepah, woes loemampah lan majoré kekalih, sekawan koemendanipoen, kérid mring Mandaraka, atanapi kapitan woloe kang toemoet, pengageng koempeni samya, Mandaraka kang angirid.

10. Jata waoe srinalèndra, sampoen mios sinéba para mantri, arsa manggihi tetamoe, kang saking Batawijah, Mandaraka laijeng marak ing sang praboe, Amral laijeng ingandikan, woes prapta ngarsa sang adji.

11. Samya angadeg sedaja, ngempit topi kalawan nakoer siti, sami gawok kang andoeloe, sang nata angandika, pagénéja ija si Walanda ikoe, nora séba marang ingwang, tatanira kaja andjing.

12. Jata arja Mandaraka, noelya matoer dateng srinarapati, inggih sampoen tatanipoen, inggin tijang Walanda, apan inggih wonten ing negarinipoen, mantoek-mantoek njopot kopyah, soekoenipoen dakoer siti.

13. Inggih tataning Walanda, langkoeng koermat moenggoeh jèn tijang Djawi, jata mèsem sang apraboe, noelya ki Mertalaja, amarani ing Amral kinèn aloenggoeh, Amral Hèldoewèlbrèh ika, sanget datan arsa linggin.

14. Ki Mertalaja anjandak, lah linggina ing kéné lanat kapir, apa sira nora weroeh, iki ratoe Mentaram, sira Amral Hèldoewèlbrèh datan poeroen, njananira dèn sikara, toer ikoe kinèn alinggih.

15. Kapitan awas toemingal, lamoen amral tinabok ing dipati, sigra amarani goepoeh, sarwi anginger pedang, Mertalaja asroe dènira amoewoes, apa sira arep medang, lah medanga soen tadani.

16. Srinalèndra langkoeng doeka, Mandaraka waoe kinèn anjapih, arja Mandaraka goepoeh, amral kang pinaranan, sampoen prapta amral anoelya rinangkoel, marang arja Mandaraka, amral Hèldoewèlbrèh angling.

17. Lah kaprijé Mandaraka, osdjarira doek ana ing Batawi, mengko tanpa adji ingsoen, soepaja soen gelema, jèn mengkana mengko ingsoen amit mantoek, déné sang radja Mentaram, koerang

pamriksanirèki

pamriksanirèki.

18. Ki Mandaraka angoetjap, marang amral sarwi angasih-asih djangan goesar amral itoe, pan gila orang Tegal, djangan toean amral poenja sakit kalboe, pan lanin kangdjeng soesoenan, njang goesar marang sirèki.

19. Jaitoe dipati Tegal, djangan toean terlaloe soesah ati, toean pratjaja mringsoen, djangan soesah ta amral, bésoek abis perkara lepas toemenggoeng, amral kalané miarsa, Mandaraka woswoesnèki.

20. Etja manahira Amral, amiarsa iéné dipoen toetoeri, ki Mandaraka poenikoe, sampoen lega kang manah, sira amral woes marak marang sang praboe, atoer tabé mring sang nata, menjek djoengkel ngasih-asih.

21. Amba ini pan dinoeta, sama abma toean djèndral Batawi, apan kasih tabénipoen, kapada kangdjeng soenan, banjak-banjak djèndral kasih tabénipoen, rat peni dija Djakarta, kang kaloear ati soetji.

22. Jata mantoek srinalèndra, matoer malih amral mring nara pati, njang pesen toean goernadoer, njang kapada amba, pati ïd idoepnja Welanda pan kaoendjoek, leboera dèn kadya kisma, koempeni tradak goemingsir.

23. Pesennja kakèkta djèndra, kapan koerang Wlanda dari Betawi, bilangnja toean goernadoer, Walanda di Djepara, boleh bawak semoea bersama oeloen, soeroe djaga sama toean, kapitan njang djaga lodji.

24. Matoer malin sira amral, njang seratoes bole tinggal disini, sakolwaka sang apraboe, kaloek ada parèntah, orang koempni soeroe djaga sama oeloen, njang toendjoek goesti sang nata, padoeka abena djoerit.

25. Apan satoe kapitannja, satoe lagi kalpèrès kang djagani kapitan Pil namanipoen, kapèrès Djoespral nama, ija itoe njang soeroeh djaga sang oeloen, itoe njang amba tinggal, ngandika srinarapati.

26. Dateng arja Mandaraka, lah metoea amral gawanen aglis,

sira

amral sarwi angasih-asih
ng Tegal, djangan toean
ngijeng soesoenan, njang

ean terlaloe soesah ati,
n ta amral, bésoek abis
é miarsa, Mandaraka woe-

né dipoen toetoeri, ki
anah, sira amral woes
ing sang nata, menjek

toean djèndral Batawi,
soenan, banjak-banjak
a Djakarta, kang kaloear

r malih amral mring nara
ng kapada amba, pati ida
a dèn kadya kisma, koem-

koerang Wlanda dari
anda di Djepara, boleh
ga sama toean, kapitan

seratoes bole tinggal
ada parèntah, orang
toendjoek goesti sang

gi kalpèrès kang djagani
ral nama, ija itoe njang
mba tinggal, ngandika

ea amral gawanen aglis,
sira

sira pondokena goepoeh, dèn roemek sasoegoennja, adja nganti koerang pangané ta ikoe, sakèhé wadya manira, dèn roemeksa mring koempni.

27. Woes djengkar srinaranata, angedaton woes loewaran kang nangkil, Mandaraka kang winoewoes, ingkang dadya embanan, mring koempeni angawroehana poenikoe, apan sampoen masanggrahan, sagoeng kang wadya koempni.

28. Tijang pasisir sedaja, samya soegoeh dateng wadya koempni, kebo sapi pan aseloer, beras berambang bawang, bèbèk ajam lenga maritja myang wedoes, asem kadjoe myang katoembar, anggili wadya pasisir.

29. Etja manahira amral, Mandaraka waoe kang njeratèni, kotjapa waoe sang praboe, éndjang mios sinéba, pra poenggawa samya andèr anèng ngadjoen, sira arja Mandaraka, moenggèng ngarsané sang adji.

30. Karsané praboe taroena, arsa djoendjoeng marang kang abdi-abdi, ki Mandaraka djinoendjoeng, waoe lelinggihira, pan kinarja pepatihira sang praboe, kya dipati Mandaraka, sedaja sami ngèstrèni.

31. Jata waoe Pernataka, woes djinoendjoeng marang srinarapati, Sindoerdja ing namanipoen, déné ki Adangkara, apan sampoen djinoendjoeng lelinggihipoen, toemenggoeng Wirawidigda, sedaja sami ngèstrèni.

32. Ki Joedakerti poenika, apan sampoen djinoendjoeng ingkang linggih, toemenggoeng Binarong ikoe, ki Sendi ingaranan, adipati Ngoerawan ingkang piloenggoeh, sentanané iboenira, pernah paman lan sang adji.

33. Pan sampoen djinoendjoeng lenggah, sinoeng aran doemateng sriboepati, radèn Angrangkoesoemèkoe, ngèstrènan pra poenggawa, woes misoewoer wadya pasisir poenikoe, lamoen abdinira lama, katah kang djinoendjoeng linggih.

34. Srinalèndra angandika, dateng radèn toemenggoeng Sindoerdjèki, sira mangkata dèn goepoeh, metoewa Kedoe sira, noelya amit doemateng waoe sang praboe, lèngsèr saking ngarsa nata,

sang

sang nata ngandika malih.

35. Lawan Madoeretna Batang, bésoek ésoek mangkata dipoen aglis, jata koendoer sang apraboe, loemebet datoelaja, tan kawarna loewaran kang pra toemenggoeng, éndjangé kang winoertjita, wong anom boedal toemoeli.

55.SINOM.

1. Sira radèn Sindoeredja, woes boedal saking ing Tegil, lawan radèn Madoeretna, saoepatjaranja asri, bandéra warni-warni sarageni moenggèng ngajoen, oemyang syaraning wadya, wong anoem bak enèng woeri, boesanané tinon lir sekar sataman.

2. Radèn arja Sindoeredja, ing Katitang dèn antjiki, sentana ing Parimana, samana katah kang prapti, langkoeng sesoegoennèki, toer sami bekta sesoegoeh, ing Kedoe doek semana, langkoeng roesoeh rina wengi, apan bégal-binégal samya ngrerebat.

3. Dasar awor larang pangan, solahé anggegilani, aramé kampak kinampak, sarèhé pan oedan maling, seler-sineler sami, najab sebrot sampoen lakoe, brandal sami woes goemyah, boeting njiting dèn karemi, apan toetoep-tinoetoep sami marepat.

4. Pan amoeng ki Wangsatjitra, ing Kedoe meksih koewawi, kèringan ing tangga désa, tan ana kang wani-wani, bawaleksananèki, dasar soegih anak poetoe, kiwa tengen ngajoeman, soejoed sedaja wong tjilik, Wangsatjitra kèringan ing pantja lima.

5. Dasar soegih radja brana, ebèr tegoeh lan wewangi, sira kyahi Wangsatjitra, amatah pawong kekalih, kang nama Kèntol Ledi, poenika djoedjoeloekipoen, kijahi Wangsatjitra, anaké lanang kekalih, ingkang nama ki Lemboe lawan ki Boewang.

6. Anenggih ki Wangsatjitra, anak poetoe dèn oendangi, sami kinèn soemektana, mentah mateng soegoennèki, sedaja woes tjoemawis, kinerig kang anak poetoe, woes mangkat Wangsatjitra, anak poetoe samya ngiring, pan aseloer djodang kelawan rampad

7. Kebo sapi lawan beras, bawang berambang terasi, kelapa kelawan lenga, oejah katoembar tan kari, bèbèk ajam tanapi, kang banjak kelawan wedoes, anggili kang babektan, Wangsatji-

. tra

ésoek mangkata dipoen
bet datoelaja, tan ka-
dijangé kang winoertji-

al saking ing Tegil,
sri, bandéra warni-warn
aning waiya, wong anoem
ar sataman.
ang dèn antjiki, senta-
i, langkoeng sesoegoen-
doe doek semana, lang-
négal samya ngrerebat.
anggegilani, aramé kam-
seler-sineler sami,
i woes goemyah, boeting
oep sami marepat.
Kedoe meksih koewawi,
wani-wani, bawaleksana-
ngen ngajoeman, soejoei
an ing pantja lima.
egoeh lan wewangi, sira
ih, kang nama Kèntol Le
angsatjitra, anaké la-
wan ki Boewang.
oetoe dèn oendangi, sam
nèki, sedaja woes tjoe-
angkat Wangsatjitra,
djodang kelawan rampad
rambang terasi, kelapa
, bèbèk ajam tanapi,
g babektan, Wangsatji-
. tra

tra moenggèng woeri, pan goemeran ingiring sahanakira.

8. Woes katoer raden Sindoerija, Wangsatjitra dèn timbali, asigra ki Wangsatjitra, praptèng ngarsa atoer bekti, raden arja ningali, aresep dènira doeloe, doemateng Wangsatjitra, kang soegoeh katoer toemoeli, ngandika roem raden arja Sindoerija.

9. Lah bagéja Wangsatjitra, kelangkoeng tarima mami, soegoehé dateng manira, lah kiraka dèn mariki, manira takon warti, aprakara ing Mentaroem, apa meksih Madoera, ingkang anèng ing Mentawis, Wangsatjitra oematoer sarja toer sembah.

10. Inggih prakawis Mentaram, ing mangké ingkang ngrenggani, djeng goesti pangran Dipatya, ing Poeger djoemeneng aiji, bala Madoera goesis, banda wala aprang poepoeh, lawan para boepatya, Mekasar Madoera ngisis, sampoen lorod moengsoeh dateng nagri Daha.

11. Raden arja Sindoerija, langkoeng lega djroning galih, woes atas pamijarsanja, déné nagri ing Mentawis, sapoenika woes radin, déné waoe atoeripoen, sira ki Wangsatjitra, raden arja Sindjoerijèki, sampoen karja srat atoeran dateng Tegal.

12. Serat katoer ing sang nata, woes binoeka ingkang toelis, atoer sembah poen sindoerija, katoera goesti sang aiji, prakawis ing Mentawis, mengsah dalem sampoen moendoer, raji dalem pangéran, Poeger kang gitik ngadjoerit, ing Mentaram raji dalem madeg nata.

13. Kaping kalih atoer wikan, ing Kedoe resah nglangkoengi, ing daloe kampak-kinampak, amoeng ki Wangsatjitrèki, wong Kedoe samya adjrih, déné soegih anak poetoe, tegoeh bawa leksana, soegih brana toer sinekti, anakipoen kekalih sami prawira.

14. Poen Lemboe lawan poen Boewang, poenika ingkang wewangi, sang nata troesta ing drija, kang serat woes dèn wangsoeli, kang doeta mesat aglis, datan kawarna ing ngenoe, tjaraka sesandéran, ing Kedoe pan sampoen prapti, poenang doeta woes toendoek lawan Sindoerija.

15

ARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Timbalan jalem kang jawah, joematèng Wangsatjitrèki, langkoeng troestané sang nata, kalih soenan amaringi, lorodan ingkang njamping, ki Wangsatjitra anoewoen, lan malih Wangsatjitra, kinarja wedana boemi, lan boemidja sarta ginanidjar ing nagri.

16. Ki toemenggoeng Mangkoejoeda, poenika ingkang wewangi, pitoengkasé srinalèndra, tan kalilan marang Tegil, bèndjang dipoen lilani, lamoen soenan sampoen rawoeh, anèng nagri Djapara, lawan anaké kekalih, sapoenika pinoendjoet marang sang nata.

17. Ki Lemboe lawan ki Boewang, kadi kondjema ing siti, toewin waoe Wangsatjitra, anekem moestakanèki, djasar ageng kang galih, mangkana pitoengkas praboe, toemenggoeng Mangkoejoeda, ngarènana patjak baris, djan Sindoerija lawan radèn Madoeretna.

18. Kalih samya ingandikan, moendoera ing Tegalwangi, warnanen ki Mangkoejoeda, gegamané woes andadi, karja kekandja kitir, lelajoe lan oemboel-oemboel, bandéra warna-warna, tigang èwoe goenging baris, tjinarita radèn arja Sindoeredja.

19. Woes boedal Ketitang lawan, Madoeretna datan kari, ki toemenggoeng Mangkoejoeda, sawadjanira woes tjawis, Mangkoejoeda karsèki, ngateraken Kaliwoengoe, jata oengkoer-oengkoeran, Sindoerija Mangkoejoedèki, djan Sindoerija woes prapta negara Tegal.

20. Toean amral doek semana, oemarak djateng sang adji, atoer pamit mring sang nata, amba brangkat doeloe goesti, ngandika sriboepati, ija baik amral itoe, lah sira dinginana, wong pasisir wétan sami, ija paja sira anglara djadjahan.

21. Kalamoen sira woes lajar, ingsoen anoesoel toemoeli, lah dipati Mandaraka, paman Angrangkoesoemèki, karo paja soen toeding, minangka seratinipoen, adja doh lan si amral, kang kinèn toer sembah pamit, sigra lèngsèr saking ngarsané nalèndra.

22. Rahadèn Angrangkoesoema, Mandaraka dadya srati, anenggih dateng Walanda, tamboer pinoekoel pan asri, kang soeling bareng moeni, salomprètira pan baroeng, woes noempak ing bahita, woes ambabar lajar asri, woes anradjang angin timoer palwa kebat.

23.
bijolah
pret ge
ngara,
poetjoe

1.
Wangsa
2.
sèwoe
3.
kelawa
4.
angant
5.
toewin
6.
mentas
ma.
7.
gan, w
lan bi
8.
béjan,
ja.
9.
samya,
10.
wina,
sadipa
11.
rira,
tan.

teng Wangsatjitrèki,
nan amaringi, lorodan
en, lan malih Wangsatji
sarta ginanijar ing nam
enika ingkang wewangi,
ang Tegil, bènijang
oeh, anèng nagri Djapa-
nioet marang sang nata.
kondjema ing siti,
anèki, dasar ageng kang
nggoeng Mangkoejoeda,
lawan radèn Madoeretna.
a ing Tegalwangi, war-
adi, karja kekanda ki-
a warna-warna, tigang
a Sindoeredja.
eretna datan kari, ki
oes tjawis, Mangkoejoe-
oengkoer-oengkoeran,
ja woes prapta negara

dateng sang adji,
at doeloe goesti, ngan-
h sira dinginana, wong
ra djadjahan.
n anoesoel toemoeli,
oemèki, karo pada soen
lan si amral, kang ki-
king ngarsané nalèndra.
aka dadya srati, aneng-
an asri, kang soeling
woes noempak ing bahita
angin timoer palwa ke-

23. Loemarap lampaning palwa, anèng ing tengah djalaïri, bijolah sampoen tinembang, wong Boegis nembang saroeni, salompret genti moeni, syarané oemyang goemoeroeh, pan sampoen atengara, marijem sinoelei moeni, ting djalegoer marijem moeni poetjoengan.

56. POETJOENG.

1. Tan kawarna toewan amral kang tjinatoer, negara Djepara, Wangsadipa kang boepati, woes miarsa jèn amrap prapta Djepara.
2. Adipati Mandaraka ngirid lakoe, lan Angrangkoesoema, sèwoe domas wong koempoi, woes oendjang ki ngabèhi Wangsadipa.
3. Ki ngabèhi Wangsadipa sigra metoek, toewin para poetra, kelawan kang para mantri, ki ngabèhi arsa soegoeh mesanggrahan.
4. Wong Djepara ting baleber saos soegoeh, sira Wangsadipa, anganti pinggir pasisir, andèr ingkang bandéra awarna-warna.
5. Anèng pinggir moehara barisnja agoeng, asri katingalan, toewin barising koempoi, pan anggameng sami ngoermati semana.
6. Tan antara toewan amral sampoen rawoeh, apan sampoen mentas, ki Mandaraka tan kari, lawan sira rahadèn Angrangkoesoema.
7. Pan sedaja koempeni mentas sedaroem, tamboeré brangbrangan, wong Boegis nembang saroeni, salomprèté soeling baroeng lan bijolah.
8. Moenggèng pinggir samodra asri goemoeroeh, sampoen tetabéjan, amral lan wangsadipèki, atanapi kang para hoepsir sedaja.
9. Woes atata ing koersi sami aloenggoeh, para hoepsir samya, tanapi para boepati, pan atarap ladjeng pra sami djaharan.
10. Ki ngabèhi Wangsadipa langkoeng soegoen, ladjeng andrawina, amral Hèldoewèlbrèh angling, atetanja mring ngabèhi Wangsadipa.
11. Lah dimana tempatnja moengsoeh jang agoeng, alon sahoerira, Wangsadipa angabèhi, orang moengsoeh sekarang lari mangétan.

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

12. Apan saja dahoeloe soedah oemagoet, apan temen saja, orang Prasman lawan Inggris, ada sini apan sinambi dagangan.

13. Apan itoe jang toeroet tetoeloeng mringsoen, moelanja woes gempang, orang Madoera da sini, pan adangoe toewan amral datan modjar.

14. Amiarsa Wangsadipa atoeripoen, mitjarèng djro nàla, wong Prasman kelawan Inggris, jèn katoera doemateng srinaranata.

15. Pesti gempal gandjaraningsoen ing bésoek, amral sigra ngoetjap, mring sagoeng para koempni, woes arijeg kang para hoepsir sadaja.

16. Toewan amral Hèldoewèlbrèh sigra moewoes, dateng Wangsadipa, orang Prasman bolé panggil, sama Inggris ki Wangsadipa asigra.

17. Doeta mèntar lampahé sampoen kepanggoeh, pinanggil woes mèntar, Prasman atanapi Inggris, noelya prapta waoe ngadjengané amral.

18. Toewan amral alon dènira amoewoes, Inggris lawan Prasman, atetoeloeng ing ngadjoerit, trima kasih dija sama toewan radja.

19. Apan doeloe kakek peparingnja praboe, oewang doewa leksa, prèntahnja srinarapati, dija soeroe koembali di nagrinira.

20. Orang Prasman sama Inggris samya moewoes, bahita pan teles, bawak dagangan koembali, toewan amral goepoeh dènira amodjar.

21. Djangan soesah saja jang kasih perahoe, ja satoe-satoenja, bawaken ikoe kombali, sigra lèngsèr wong Inggris kelawan Prasman.

22. Toewan amral kelangkoeng soeka ing kalboé, kang palwa sedaja, apan sami dèn oereki, ija ikoe pahékané wong Walanda.

23. Inggris Prasman pan sadaja datan weroeh, pan woes karsaning Hyang, marga tiwas saking lali, noelya noempak wong Inggris kelawan Prasman.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

et, apan temen saja,
an sinambi dagangan.
g mringsoen, moelanja
adangoe toewan amral

itjarèng djro nàla,
a joematèng srinaranata
g bésoek, amral sigra
es arijeg kang para

moewoes, jateng Wang-
Inggris ki Wangsadipa

anggoeh, pinanggil
elya prapta waoe nga-

es, Inggris lawan Pras-
asih dija sama toewan

raboe, oewang doewa lek-
koembali di nagrinira.
a moewoes, bahita pan
amral goepoeh dènira

perahoe, ja satoe-satoe-
r wong Inggris kelawan

ing kalboé, kang pàlwa
pahékané wong Walanda.
n weroeh, pan woes kar-
noelya noempak wong

24. Sampoen telas barang winot ing perahoe, sampoen lajar sigra, praptèng tenganing djalaidri, sami kèrem bahitanira sedaja,

25. Ting koerambang Inggris Prasman sampoen lampoes, katjeboer akènjang, sinarab mina djelaidri, pan sadaja tan ana gesang satoenggal.

26. Tan kawarna gentija ingkang winoewoes, djeng soenan Mangkoerat, kang djoemeneng Tegalwangi, pan sinéba sagoengé para poenggawa.

27. Ingkang moenggèng ngarsanira sang apraboe, radèn Sindoeredja, kelawan Mertalajèki, pan adjadjar kelawan ki Wiradigda.

28. Para mantri atap anjèr anèng ngajoen, miwah pra sentana, sedaja samya anangkil, ngandika roem kangdjeng soesoenan Mangkoerat.

29. Ingsoen karja oepatjara ing kapraboen, ja soen wèni aran djagsoera wong pinilih, Mertalaja toer sembah goesti soemangga.

30. Srinalèndra malebet ing dalem agoeng, kang séba boebaran, mantoek pondokira sami, tata-tata ing daloe bajé boedalan.

31. Pan sadaloe tan ana angsal atoeroe, lamoen srinalèndra boedalé pan mengko éndjing, atanapi wong tegal ramé goemerah.

32. Byar rahina wong pasisir pan goemoeroeh, kang tata rembatan, toewin tata tandoe djoli, atanapi kang pradjoerit sampoen aglar.

33. Wong koempni barisé gareng apatoet, kapitan lahénan samya moenggèng ngarsèng baris, sarédjané kopral ngapit kéring kanan.

34. Srinalèndra ngandika wetjana aroem, lah mara Sindoerija, boedalna baris pangarsi, dyan tinembang tengara angroning kamal.-

57. SINOM.

1. Sareng myarsa kang tengara, oreg sagoeng ingkang baris, kadya ombaking samodra, kerig wadya ing pasisir, kang loemampah ing ngarsi, radèn arja Sindoerijèkoe, sampoen loemampah ngarsa,

pangirijé pan srigading, apan asri panoembak soemamboeng woen

2. Waoe radèn Sindoeredja, moengging ngarsa songsong wilis ginarebeg ing santana, ing woeri dipoen samboengi, sira Wiraj dèki, asri kang wadya dinoeloe, sarageni ing ngarsa, pantes a kaweng poetih, bandérané gadoeng melati asinang.

3. Noelya dipati Ngoerawan, sinongsongan kertas wilis, ginarebeg ing kapedak, waos petak kawandèsi, binarong ki dipati, sawadyanira pan oemyoeng, wong grobogan kèh prapta, ki binarong songsong wilis, pan kinoebeng wong magersari akapang.

4. Sinamboengan wong kanoman, ingkang sami ngampil-ampil, sang dipati Mertalaja, angedangkrang dèn pajoengi, towok kanan lan kéring, tanapi wong ngapit ngajoen, ginarebeg sentana, tan pi wong mager sari, asri tinon wong satoes anoembak petak.

5. Anoelya kangdjeng soesoenan, respati nitin'toeranggi, sinongsongan kertas djenar, ginarebeg para mantri, sagoeng bal koempeni, kang roemeksa moenggèng poengkoer, tamboer moendja brangbrangan, asolprèt asroe melingi, para garwa ing woeri nitih djempana.

6. Ingkang roemeksa pra garwa, sagoeng wadya ing pasisir, gegaman mawarna-warna, jèn tinon lir goenoeng geni, jyangjyang pratangga pati, soerem giwangkara mendoeng, kasorot ing boesan datan kawarna ing margi, sampoen rawoeh sang nata nagri Ngasti na.

7. Adipati Nitijoeda, Pekalongan asrah poeri, woes ngedja- ton srinalèndra, goemoeroeh wadya geng alit, rereb kala sang adji, awetara pitoeng daloe, dipati Nitijoeda, ingandikan prap tèng ngarsi, srinalèndra aroem widjiling wetjana.

8. Hèh dipati Nitijoeda, ing Ngastina ingsoen petil, wong pitoeng atoes kéwala, ingsoen karja djoedipati, oematoer sang dipati, soemangga karsa sang praboe, antara pitoeng dina, sang nata noelya dawoehi, para garwa semana arsa tinilar.

9. Anèng negari Ngastina, lawan garwaning dipati, pasisir

samya

noembak soemamboeng woen
ing ngarsa songsong wilis
en samboengi, sira Wira
eni ing ngarsa, pantes a
ti asinang.

gsongan kertas wilis, gi-
dèsi, binarong ki dipati,
n kèn prapta, ki binarong
gersari akapang.

kang sami ngampil-ampil,
dèn pajoengi, towok kanan
n, ginarebeg sentana, tan
atoes anoembak petak.
respati nitin'toeranggi,
para mantri, sagoeng bal
ngkoer, tamboer moenja
para garwa ing woeri ni-

agoeng wadya ing pasisir,
goenoeng geni, jyangjyang
njoeng, kasorot ing boesan
oeh sang nata nagri Ngasti

asrah poeri, woes ngeja-
ng alit, rereb kala sang
Nitijoeda, ingandikan prap
ling wetjana.
stina ingsoen petil, wong
djoedipati, oematoer sang
antara pitoeng dina, sang
na arsa tinilar.
garwaning dipati, pasisir
samya

samya tinilar, kang roemeksa ki dipati, Pekalongan pan meksih, kantoen roemeksa ing poengkoer, jata kawarna ènijang, sang nata mios djenengi, woes tjoemaos banita awarna-warna.

10. Noelya mios srinalèndra, ladjeng tedak mring pasisir, sampoen noempak ing banita, goemoeroen anèng djeladri, sagoeng wadya pasisir, nèng lahoetan pan aseloer, jata srinaranata, noenggil palwaning koempeni, langkoeng asri palwa sami lelajaran

11. Sigegen ki Wangsadipa, woes sijaga ngati-ati, pasegahira tinata, toewin pasanggrahan dadi, sagoeng kang para mantri, ting baleber saos soegoen, amral sampoen sanéga, sakoempuiné dèn iridi, sampoen medal saking lodji ing Djepara.

12. Sagoeng kang para kapitan, Islam lan koempni sami, barisira woes tinata, koemendam samya ninding, baris pinggir djeladri, anggameng pan anglir mendoeng, toewin baris Djepara, bandérané warni-warni, toewan amral kalawan ki Wangsadipa.

13. Ngoermati pinggir samodra, jata waoe sriboepati, woes tedak saking banita, toewan amral mara aglis, toemeloeng djanganèki, anjandak antaran praboe, woes linenggahken rata, amral ngampingi ing kéring, pan goemroedoeg drèl moeni barondongan.

14. Marijem ambal-ambalan, kadya ngroeboehna kang langit, syaraning tamboer brangbrangan, soeling baroeng tamboer moeni, salomprèt ting djalemprit, kodokngorèkira ngoengkoeng, saroeni lan bijolah, tanpa roengyan gegoemyoeri, moenggèng woentat koempni saking banita.

15. Sang nata sampoen pinarak, moenggèng ing dedampar roekmi, siniwakèng pagelaran, aglar kang para dipati, kanan kéring kang baris, senadjata moeni goemroedoeg, marijem kadya gelap, eirèlipoen wanti-wanti, langkoeng soeka kang para abdi sadaja.

16. Toewan amral moenggèng ngarsa, sadjadjar kang para hoepsir, tarap kang para nijaka, pasoegoené ki ngabèhi, djodjang agoeng anggili, kang ambeng toempeng aseloer, sang nata sigra dahar, apan sareng para hoepsir, atanapi sagoeng para poenggawanja.

17. Abdi dalem pan warata, tanapi para koempni, sawoesnja

sang

pangiridé pan srigaḍing, apan asri panoembak soemamboeng woent
2. Waoe raden Sindoeredja, moengging ngarsa songsong wilis, ginarebeg ing santana, ing woeri dipoen samboengi, sira Wiradi dèki, asri kang wadya dinoeloe, sarageni ing ngarsa, pantes ak kaweng poetih, bandérané gadoeng melaṭi asinang.
3. Noelya dipati Ngoerawan, sinongsongan kertas wilis, ginarebeg ing kapeḍak, waos peṭak kawandèsi, binarong ki dipati, sawadyanira pan oemyoeng, wong grobogan kèn prapta, ki binarong songsong wilis, pan kinoebeng wong magersari akapang.
4. Sinamboengan wong kanoman, ingkang sami ngampil-ampil, sang dipati Mertalaja, angeḍangkrang dèn pajoengi, towok kanan lan kéring, tanapi wong ngapit ngajoen, ginarebeg sentana, tan pi wong mager sari, asri tinon wong satoes anoembak peṭak.
5. Anoelya kangdjeng soesoenan, respati nitin'toeranggi, sinongsongan kertas djenar, ginarebeg para mantri, sagoeng bal koempeni, kang roemeksa moenggèng poengkoer, tamboer moendja brangbrangan, asolprèt asroe melingi, para garwa ing woeri nitin djempana.
6. Ingkang roemeksa pra garwa, sagoeng wadya ing pasisir, gegaman mawarna-warna, jèn tinon lir goenoeng geni, jyangjyang pratangga pati, soerem giwangkara menḍoeng, kasorot ing boesan ḍatan kawarna ing margi, sampoen rawoeh sang nata nagri Ngasti na.
7. Adipati Nitijoeda, Pekalongan asrah poeri, woes ngeḍaton srinalèndra, goemoeroeh wadya geng alit, rereb kala sang adji, awetara pitoeng ḍaloe, dipati Nitijoeda, ingandikan prap tèng ngarsi, srinalèndra aroem widjiling wetjana.
8. Hèh dipati Nitijoeda, ing Ngastina ingsoen peṭil, wong pitoeng atoes kéwala, ingsoen karja djoeḍipati, oematoer sang dipati, soemangga karsa sang praboe, antara pitoeng dina, sang nata noelya ḍawoehi, para garwa semana arsa tinilar.
9. Anèng negari Ngastina, lawan garwaning dipati, pasisir

samya

samya ti
kantoen
mios dje
10.
sampoen
wadya pa
noenggil
11.
tinata,
ting ba
dèn iri
12.
risira
ladri,
dérané
13.
teḍak s
ganèki,
ngampi
14.
syarani
salompi
lan bi
pni sa
15.
mi, si
kang b
eirèli
16.
sir, t
agoeng
ḍahar,
wanja.
17.

samya tinilar, kang roemeksa ki dipati, Pekalongan pan meksih, kantoen roemeksa ing poengkoer, jata kawarna èndjang, sang nata mios djenengi, woes tjoemaos banita awarna-warna.

10. Noelya mios srinalèndra, ladjeng tedak mring pasisir, sampoen noempak ing banita, goemoeroen anèng djeladri, sagoeng wadya pasisir, nèng lahoetan pan aseloer, jata srinaranata, noenggil palwaning koempeni, langkoeng asri palwa sami lelajaran.

11. Sigegen ki Wangsadipa, woes sijaga ngati-ati, paseganira tinata, toewin pasanggrahan dadi, sagoeng kang para mantri, ting baleber saos soegoeh, amral sampoen sanéga, sakoempuné dèn iridi, sampoen medal saking lodji ing Djepara.

12. Sagoeng kang para kapitan, Islam lan koempni sami, barisira woes tinata, koemendam samya ninjihi, baris pinggir djeladri, anggameng pan anglir mendoeng, toewin baris Djepara, bandérané warni-warni, toewan amral kalawan ki Wangsadipa.

13. Ngoermati pinggir samodra, jata waoe sriboepati, woes tedak saking banita, toewan amral mara aglis, toemeloeng djanganèki, anjandak antaran praboe, woes linenggahken rata, amral ngampingi ing kéring, pan goemroedoeg drèl moeni barondongan.

14. Marijem ambal-ambalan, kadya ngroeboehna kang langit, syaraning tamboer brangbrangan, soeling baroeng tamboer moeni, salompret ting djalemprit, kodokngorèkira ngoengkoeng, saroeni lan bijolah, tanpa roengyan gegoemyoeri, moenggèng woentat koempni saking banita.

15. Sang nata sampoen pinarak, moenggèng ing dedampar roekmi, siniwakèng pagelaran, aglar kang para dipati, kanan kéring kang baris, sendjata moeni goemroedoeg, marijem kadya gelap, edrèlipoen wanti-wanti, langkoeng soeka kang para abdi sadaja.

16. Toewan amral moenggèng ngarsa, sadjadjar kang para hoepsir, tarap kang para nijaka, pasoegoené ki ngabèhi, djodjang agoeng anggili, kang ambeng toempeng aseloer, sang nata sigra dahar, apan sareng para hoepsir, atanapi sagoeng para poenggawanja.

17. Abdi dalem pan warata, tanapi para koempni, sawoesnja

sang nata jahar, ambeng binagi pra mantri, werata sami boekti, sesoegoehé ki toemenggoeng, ngandika srinalèndra, moengsoehira anèng ngendi, matoer nembah ki ngabèhi Wangsadipa.

18. Ing Djagatamoe akapang, koela gitik doek ing ngoeni, woes dadal mangétan samya, Dangdangwetjana anggendring, koempoel mring Soerawèsti, inggih ngétan oendoeripoen, dangoe nata sinéba, stèmbak anèng pasisir, pan aseloer geng alit amesanggrahan.

19. Srinalèndra angandika, marang sagoeng pra dipati, paja sira pirsakena, si Wangsadipa sahiki, ingsoen paringi kasih, toemenggoeng Mertapoerèkoe, sagoeng para poenggawa, sedaja sami ngèstrèni, Wangsadipa woes ingelih Mertapoera.

20. Toewan amral samajornja, hoepsir sami angèstrèni, kesaroe waoe lampahnja, Tempolong Mertadjajèki, prapta ladjeng anakil, moenggèng ngarsané sang praboe, tjingak sagoeng kang séba Mertadjaja praptanèki, ladjeng ngoedjoeng ing soekoe srinarana

21. Ngandika srinaradipa, bagéja Mertadjajèki, tekamoe ing ngarsaningwang, Mertadjaja atoer bekti, loedjeng berkat nerpati kaping kalih kang sinoewoen, kang abdi atoer wikan, mengsah dalem sampoen goesis, goesti ngétan lorodé wadya Mekasar.

22. Sampoen ngoengsi Soerabaja, Mekasar lawan pasisir, kopoel dateng Soerapringga, langkoeng troesta sriboepati, sang nata ngandikaris, marang ki Mertadjajèkoe, tampanana ing Demak lawan soen wèni kekasih, djoemenenga si toemenggoeng Soeranata

23. Sagoeng kang para boepatya, sedaja sami ngèstrèni, tanapi hoepsir sadaja, apan misoewoer wadyalit, Demak woes dadi sidji, ing ngoeni pinara woloe, toemenggoeng soeranata, asoedjoed kondjem ing siti, srinalèndra aroem widjiling wetjana.

24. Lah paja pijarsakena, Widjana soen djoendjoeng linggih ingsoen gandjar ing Santenan, lawan soen lih kang wewangi, toemenggoeng arannèki, Mangoenoneng kang djedjoeloek, ngèstrènan pra dipatya, toewan amral angèstrèni, srinalèndra énget kawidjilanira.

tri, werata sami boekti,
rinalèndra, moengsoehira
Wangsadipa.
gitik doek ing ngoeni,
jana anggendring, koem-
endoeripoen, dangoe nata
loer geng alit amesanggr

sagoeng pra dipati, paja
ingsoen paringi kasih,
ra poenggawa, sedaja sam
tapoera.
ir sami angèstrèni, kesa-
jèki, prapta laidjeng ana
jingak sagoeng kang séba
eng ing soekoe srinarana
ertadjajèki, tekamoe ing
, loedjeng berkat nerpat
atoer wikan, mengsah
rodé wadya Mekasar.
kasar lawan pasisir, koe
pesta sriboepati, sang
koe, tampanana ing Demak
i toemenggoeng Soeranata
daja sami ngèstrèni, ta-
dyalit, Demak woes dadi
ggoeng soeranata, asoe-
oem widjiling wetjana.
soen djoendjoeng linggih
en lih kang wewangi, toe
djedjoeloek, ngèstrènan
rinalèndra ènget kawi-

58. MIDJIL.

1. Tan kawarna kang djinoendjoeng linggih, woes boebar sang katong, pan ingiring sakèné wadyané, pra nijaka gegaman nèng ngarsi, lir prawata sari, jèn dinoeloe patoet.

2. Tan atebah amral lan sang adji, moenggèng kéring katong, pan kawoeri kapéring prenané, abergadan barising koempni, rempeg lampahnèki, brangbrangan kang tamboer.

3. Mandaraka datan kena tebih, lan amral woes golong, radèn Angrangkoesoema kantiné, woes kinarja kerta wedanèki, tan adangoe prapti Djepara woes rawoeh.

4. Ladjeng ngedjaton srinarapati, goemroeh poenang wong, toewan amral masoek pondokané, atanapi wadya mager sari, miwah pra dipati, kang mondoek akepoeng,

5. Ingkang wonten djawi kita sami, pasisir kang koelon, amelatar andèr gegamané, pan goemerah syaraning wadya lit, kang wadya koempni, tèmbak barisipoen.

6. Enengena waoe sriboepati, genti winiraos, Troenadjaja tjinatoer kandané, woes angradon awibawa moekti, malah djeneng adji, Kediri winangoen.

7. Pan sinéba wong pasisir sami, nanging meksih rijon, atanapi wong wétan soejoedé, sareng myarsa pangéran dipati, woes djoemeneng adji, baris nèng Djepantoen.

8. Troenadjaja woes amengkoe adji, sampoen ojod rondon, Dermajoeda nenggih pepatihé, wong Madoera kèh djinoendjoeng linggih, kinarja boepati, mantri agoeng-agoeng.

9. Dermajoeda semana woes nangkil, ngarsané sang katong, ingkang poetra radja Galèngsongé, pan pinoendoet mantoe woes sinoeng sih, nenggih kang wewangi, praboe Anom ikoe.

10. Sakelangkoeng sihira sang adji, marang praboe anom, Troenadjaja agedé tresnané, mila tresnanira anglangkoengi, dèné dadi kanti, pijandeling kéwoeh.

11. Dermajoeda oematoer wotsari, toerpeksi sang katong, mengsah dalem ageng gegamané, pan ing mangké pangéran Dipati, sampoen madeg adji Djepara gènipoen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

12. Pan ambekta kang bala koempni, Trenété lan Ambon, wong Mekasar lan Boegis rowangé, tijang Boentoe katah tijang Bali, pan awarni-warni, Sembawa tan kantoen.

13. Wong Ternété kelawan Sepèni, kalih Minangkabo, wong Loemajoe Mandar babetjiké, lan Trengganoe tanapi wong Keling, sami dèn soeroehi, ing Djepara koempoel.

14. Pengagengé nenggih wong Koempeni, kang angrèh paloegon, pan poenika amral djadjoeloeké, wong Mekasar pengagengé goesti, poen Naba pradjoerit, apan trahé ratoe.

15. Radja Goewa Mekasar sesiwi, digdajèng paloegon, tijang Boegis goesti tetinditiné, Krikmoedangkrang poenika pradjoerit, domas koempni Wlandi, Islampoen sèwoe.

16. Radja Galèngsong miarsa warti, warta katoer katong, apan teka koemembeng waspané, émoet kadangé sepoeh ing ngoeni, pan anèng Betawi, Krahèngnaba ikoe.

17. Pan tinoetoer poerwané karijin, sang radja Galèngsong, doek maksijé djenengé ramané, radja Goewa Mekasar anenggih, tilar poetra kalih, poenika kang djaloe.

18. Krahèngnaba kang sepoeh pribadi, Galèngsong kang anom, Kraèngnaba tan djoemeneng radjèng, moeng arinè goemanti soedara mi, sang Galèngsong ngoeni, prang bandawalèkoe.

19. Lan kang paman ramé ing ngadjoerit, Naba sanget kasor, pan kapisah kelawan arinè, Kraèng Naba pan ngoengsi Betawi, Galèngsong kang kari, meksih aprang poepoeh.

20. Lami-lami katèmper ing djoerit, sira sang Galèngsong, pan angrasa tiwas ing joedané, woes arembag ngoengsi mring Mentawis, minta toeloeng jekti, mring natèng Mentaroem.

21. Saking salahé Dermajoedèki, pininta sang Glèngsong, tan sinoengan merga katoer radjèng, marang waoe praboe ing Mentawis, mila dadi djoerit, sepata dja toetoet.

22. Pan rinasa-rasa ingkang galih, sang praboe Galèngsong, sanget midjil ing waoe waspané, Kraèngnaba kadangé sajekti, mangké nèng Betawi, pan kadangkoe sepoeh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Trenété lan Ambon,
Boentoe katah tijang
toen.
lih Minangkabo, wong
pe tanapi wong Keling,
.
i, kang angrèh paloegon,
kasar pengagengé goesti,

dajèng paloegon, tijang
ng poenika praijoerit,

warta katoer katong,
angé sepoeh ing ngoeni,

sang radja Galèngsong,
wa Mekasar anenggih,
.
, Galèngsong kang anom,
g arinè goemanti soedar
walèkoe.
rit, Naba sanget kasor,
pan ngoengsi Betawi,
poeh.
sira sang Galèngsong,
mbag ngoengsi mring
atèng Mentaroem.
inta sang Glèngsong,
ang waoe praboe ing
toetoet.
sang praboe Galèngsong,
aba kadangé sajekti,
h.

23. Waspa midjil sampoen dèn oesapi, pan sanget karaos, pan sinamoer anggantèn sang radjèng, waspa anires alantaran pipi, nanging tan ketawis, bisa njamoer lakoe.

24. Dermajoeda matoer èsmoe manis, mring sang praboe tiron, inggih goesti poen amral wartiné, pan kasoesra praijoerit linoewih, sabrang tanpa tanding, waskitèng prang poepoeh.

25. Troenadjaja angandika aris, doeroeng gawok ingong, jèn moengsoeha wong ngoembaran bahé, nadyan woewoeha saketi sisih, pira koewat nèki, jèn oembaran taroeng.

26. Enengena ingkang andon kawi, genti winiraos, srinalèndra Mangkoerat djagaté, woes alami marmané kang dasih, amios tinangkil, anèng taroeb agoeng.

27. Woes pinarak ing dedampar roekmi, pinatik retna byor, apan sarwi baboet lelèmèké, pra nijaka andèr anèng ngarsi, sagoeng pra hoepesir, kapéring nèng ngajoen.

28. Amral Hèldoewèlbrèn woes anangkil, nèng ngarsa sang katong, major djadjar lawan koemendamé, pra kapitan andèr anèng ngarsi, major Islam nangkil, djadjar prawiranoeng.

29. Wong koempni baris anèng kéring, atèmbak jèn tinon, pra poenggawa mantri nangkil kabèh, ting prangangah boepati pasisir, tinon angadjrihi, kasmaran kang doeloe.

59. ASMARADANA.

1. Pepek sedaja kang nangkil, sang nata aroem ngandika, marang amral Hèldoewèlbrèh, amral saja bolé kabar, Glèngsong poenja soedara, ija itoe kaloek soenggoe, kaloek amral ada soeka.

2. Ja bolèh panggil kemari, soeroe pigi di bang wétan, temoe sama soedarané, dèngen dija sama lijat, barisnja Troenadjaja, toewan amral sigra matoer, goesti kawoela soemangga.

3. Kraèngnaba dèn timbali, madjeng sarwi awotsekar, woes moenggèng ngarsa sang radjèng, srinalèndra angandika, hèh Kraèng soen atanja, sirèkoe doewé sadoeloer, soewita mring Troenadjaja.

CARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. Galèngsong aranirèki, sadoeloerira taroena, kang dinangoe lon atoeré, èstoe goesti kadang koela, poen Galèngsong taroena, kawoela ingkang asepoeh, sang nata alon ngandika.

5. Jèn mangkana Naba aglis, agéta sira loengaha, sira mangkata dèn agé, lah ija sira poeloeta, ijata kadangira, si Galèngsong sadoeloermoe, adja réwah atinira.

6. Lawan sira soen kantèni, si Marmagati miloea, ajya pisah salakoené, toer bisa basa limalas, lawan si Mertalaja, Mertapoera soen kon miloe, toer boepati karo pisan.

7. Ja si Mertapoera iki, kelawan si Mertalaja, gawaha djarbé soeroené, ngiringa si Marmagatya, kang kinèn atoer semban, lèngsèr saking ngarsa praboe, sareng dènja awotsekar.

8. Warnanen ingkang loemaris, waoeta sang Kraèngnaba, ki Marmagati rowangé, kelawan ki Mertalaja, miwah ki Mertapoera, kang doeta sekawanipoen, toer pada prawiranira.

14. Aran radèn ajoe Kletingkoening, Kleting-Biroe wastané kang toewa, kang sampoen dados garwané, kang anom pinaroenggoel nanging sangdyah dahat tan apti, pan pinelahoer pedjah, sanget loemoehipoen, soebrangta pedjan angarang, déné ingkang raka sampoen dados rabi, mring praboe Troenadjaja.

15. Salaminé nèng poetjaking woekir, para garwa langkoeng kawlasarsa, tan betah nora angombé, wadya wadya sentananipoen, katah ingkang minggat ing wengi, tan betah nora mangan, anèng poetjoek goenoeng, mila sami alorodan, wong Madoera andina pra sami prapti, noengkoel mring Tjakraningrat.

16. Samya ngatoeraken pati oerip, datan arsa nèng poetjak aldaka, kinepoeng baris ngisoré, wadya pasisir toegoer, ingkan wétan dipoen barisi, kilèn mantja negara, koempni lor goenoeng samana ki Troenadjaja, anèng ngarga ginoebel ing para rabi, poetri saking Mentaram.

17. Radèn ajoe tan pegat anangis, atanapi ingkang para garwa, kawlasasih salaminé, nèng ngarga tan anginoem, sijang dalo lara anangis, woes kawan dasa dina, radèn ajoe matoer, ing raka sarjya karoena, kadi paran ing polah tingkah poeniki, jèn awèt mangkénéja.

18. Sapa kelar nora nginoem warih, doengkap kongsi patang poeloeh dina, wong wadon pira koewaté, Troenadjaja amoewoes, antèkena riningsoen goesti, ja pirang bara bènidjang, wroen rasaning banjoe, sedyakena amertapa, mengko bengi soen oetoesan ngambil warih, sang retna alon ngoetjap.

19. Paran baja margané poeniki, ngambil banjoe ngisor tinoegoeran, wong sidji tan kena mrèdjèl, meridika wong koementoes, nora nganggo wawrat ngahoerip, apesa dadi nata, rat djagat winengkoe, ing mangké kadya poenapa, polah dika wong lantjang kadya poeniki, amoengsoen kadang toewa.

20. Nora wandé doeraka pinanggih, pahé dingin doek bedjah Mentaram, moengsoeh wong lija-lijané, paran ingkang tinemoe, moengsoeh ipé kangmas dipati, apeksa pan koemetak, wewéka tan kétoeng, kamoelantjang moengsoeh kadang, apan ambek kamoewani peksa loewih, sanggoep angentasana.

21. Doeroeng pira dangoe soring djoerit, wadya telas sapa ingadoewa, wong Djawa woes balik kabèh, kedjaba bisa maboer, awor mendoeng lan méga poetih, djamaking kang adjaman, doewé kadang sepoeh, jekti gagentining bapa, wong beneran doenoengé semban lan bekti, prajoga kadang toewa.

22. Saja sanget gènira anangis, radèn ajoe praboe Troenadjaja, kadya djinahit drijané, koemembeng waspanipoen, garwanira rinangkoel aglis, woewoesé angrerepa, mas mirah wong ajoe, soen reboeta lara wirang, dasihira poen Troenadjaja tan gingsir, marang sang minda sekar.

23. Mingseg-mingseg dyah ajoe sarjya ngling, jèn andika tan toemama ring wang, jekti ingsoen moedoen jéwé, mapag ing kakang praboe, nadyan silih tekèng bilahi, tan goemingsir ing tingkah, djandjing Jyang Agoeng, nanging wetara manira, datan koloe matènana marang mami, nadyan dateng andika.

24. Woes dilalah karsaning Jyang Widi, Troenadjaja mananira gampang, amarengi ing djangdjiné, anoet ing garwanipoen, pamoewoesé angasin-asin, doeh mirahé poen kakang, kang asih maringsoen, mas mirah andinginana, oemareka ing kakangira nerpati,

ngatoerna

ngatoerna pedjah gesang.

25. Lawan atoerena tobat mami, bésoek ésoek anoeli mangkata, poma jaji naking anggèr, ènggal noeli soen noesoel, ngatoeraken pati lan oerip. ing goesti srinalèndra, gentija winoewoes, pan ana wongira prapta, saking ngandjap moendi sratira dipati, woes prapta ngarsa tebah.

26. Sampoen katoer Troenadjaja aglis, ingandika dosta praptèng ngarsa, kang serat woes katoer agé, mring Troenadjaja praboe, pan binoeka sinoekmèng galih, pènget boekaning lajang, salam donganingsoen, Tjakraningrat pamanira, anak emas Troenadjaja sira iki, ingandikan sang nata.

27. Lah sébaha adja walang ati, doeka nata panggija poen paman, salahmoe katah kediké, ija ingsoen kang nanggoeng, lamoen ana doekaning ngadji, ingsoen kang nalangana, noewoen ing sang praboe, dèn pratjaja marang ingwang, jèn kagalih pikirmoe ingsoen atoeri, oebaja ingsoen mapag.

28. Troenadjaja soeka djroning ngati, amijarsa temboengé kang soerat, kelangkoeng asrep galijé, tan kawarna ing ngenoe, éndjing arsa mangkat toemoeli, garwanira kéwala, kang kinèn roemoehoen, sareng doetané kang paman, radèn ajoe woes tedjak saking ing woekir, tandoe titijanira.

29. Wadya Madoera samya djadjari, watang bénang wetara nem belas, tandoe tinèdèngan tjindé, kagyat ingkang wadya goeng, aningali tandoe loemaris, sedaja woes anarka, lamoen radèn ajoe arinira srinalèndra, kang toemedjak saking rengganirèng woekir, samya tinon kéwala.

30. Tan kawarna lampahirèng margi, radèn ajoe praptèng pasanggrahan, akatah kang ngiringaké, gya katoer ing sang praboe, sadatengé siniwèng dasih, seksana ingandikan, kang raji toemoendoek, soemoengkem padaning raka, radèn ajoe ngrarepa sarwi anangis, ngatoerken pedjan gesang.

31. Angandika djeng srinarapati, woes menenga babo ariningwang, anarima ing titané, jèn karsaning Jyang Agoeng, lelakoné wakira jaji, ingsoen takon ing sira, nèng ngendi lakimoe, déné

nora miloe prapta, jaji apa oedjoedé marang wak mami, radèn ajoe toer sembah.

32. Abdi dalem meksih anèng wingking, angentosi timbalan padoeka, dateng kawoela wijosé, ngatoeraken panoengkoel, abdi dalem srah pati oerip, sanget atoer patobat, ngandika sang praboe, lah ija ingsoen tarima, botjan gandèk sira timbalana aglis, adimas Troenadjaja.

33. Doeta mesat saking ngarsa adji, tan adangoe praptèng pondokira, dawoehaken timbalané, nenggih kangdjeng sang praboe, Tjakraningrat Soeranatèki, karo kinèn amapag, mring Troenadjajèkoe, sigra sijaga woes boedal, sana wadya datan kawarna ing margi, prapta padésan Ngantang.

34. Ladjeng samya djoedjoeg soring ngardi, Tjakraningrat gya oetoesan minggah, marang ing ngarga doetané, baris kandeg ing soekoe, kang dinoeta anoelya prapti, sapoetjaking ngaldaka, riseksana matoer, dateng radèn Troenadjaja, djengandika ngandikan dateng sang adji, jèn ngatoeran toemedak.

35. Woes soemekta boedal moedoen aglis, gegamané pada binong kokan, ginotong moenggèng ngarsané, wetara pitoeng poeloeh, wadyanira kang maksih ngiring, tan ana kedoewongan, prapta soring goenoeng, ingawé marang kang paman, Troenadjaja marénéja dipoen ahlis, ngaras pada kang paman.

26. Glis rinangkoel mring sang adipati, Tjakraningrat aris woewoesira, adoeh anakingsoen anggèr, sira séba ing ratoe, déning mentas kasoran djoerit, betjik mawi pratanda, njataning panoengkoel, katon katemenanira, sang dipati Tjakraningrat angedjèpi, ing wadya glis binanda.

27. Troenadjaja ing sadjroning ngati, tan soewala karsané kang paman, mangsa amrija alané, Tjakraningrat amoewoes, ija radèn adja koewatir, kepanggija poen bapa, doekané sang praboe, binonda tjindé poespita, Troenadjaja tinitihaken toeranggi, noelya binekta mangkat.

28. Kawoewoesa djeng srinarapati, ingkang anèng pesanggrahan Pajak, siniwèng wadyabalndèr, moenggèng ing taroeb agoeng,

pepek

pepek nangkil para dipati, pradjoerit sinatrija, koempeni goeng-agoeng, major koemendam kapitan, samya nangkil toewan amral moenggèng ngarsi, tan tebeh lan sang nata.

29. Angandika waoe sriboepati, marang selir kinèn njingkiena, dènajoe Troenadjajané, binektèng kebon poengkoer, kawarnaha sang adipati, Tjakraningrat woes prapta, pembarisan agoeng, kandeg angatoeri wikan, ing sang nata jèn Troenadjaja woes prapti, anèng djawi bebandan.

30. Soeka ing tyas sang srinarapati, sampoen oendang mring sagoeng poenggawa, woes angrakit sakatahé, pradjoerit ngoeroeng-oeroeng, anggegila kang lagi prapti, seksana ingandika, Tjakraningrat goepoeh, malebet ing pasanggrahan, Troenadjaja binekta nangis djron galih, kadoewoeng polahira.

31. Sapraptané ing ngarsa sang adji, Troenadjaja apan djinadjaran, merapit kiwa tengené, melatar baris agoeng, wong koempuni sedaja baris, gegila anèng marga, anggameng lir mendoeng, goemoeroeh tamboer Walanda, salomprèté abaroeng lawan saroeni, kang moenggang moenja ngangkang.

32. Troenadjaja lir binajang kari, anèng marga angles manahira, goemyoer-goemyoer tyas manané, ningali baris agoeng, tjiptanira woes tekèng pati, tan lijan kang tinitah, moeng polah kang woeroeng, sagoeng baris anggegila, lir katembèn sagoeng wadyané sang adji, moelat mring Troenadjaja.

33. Praptanira ing ngarsa woes linggih, Troenadjaja toemoeng koel mangrepa, tan kandeg tengara ramé, tigar moenja goemroedoeg, awor lawan kang tjara-bali, kang moenggang moenja ngangkang, marijem djoemegoer, tamboer bèri asahoeran, pan goemroedoeg sagoeng kang tengara sami, angles sang Troenadjaja.

34. Sriboepati noelya angandikaris, hèh bagéja adi Troenadjaja, dèn keparèng ngarsa kéné, Troenadjaja anoewoen, naradipa ngandika aris, ja adi Troenadjaja, pangoebajaningsoen, kabèh padja loewarana, ingsoen oega nora doewé oedjar kalih, ing mengko tampanana.

35. Ingsoen dingin apan woes predjanidji, lawan sira jèn redja ing lampah, sira djaba soen djeroné, rat Djawa ingsoen tan

wroeh

natrija, koempeni goeng-
angkil toewan amral
a.
g selir kinèn njingkide-
on poengkoer, kawarnana
pembarisan agoeng,
n Troenadjaja woes prap-

sampoen oendang mring
é, pradjoerit ngoeroeng
sana ingandika, Djakra-
n, Troenadjaja binekta

Troenadjaja apan djina-
ris agoeng, wong koem-
ggameng lir mendjoeng,
baroeng lawan sanoeni.

nèng marga angles mana-
gali baris agoeng, tjip-
tinitah, moeng polah
lir katembèn sagoeng
aja.
ih, Troenadjaja toemoeng
tigar moenja goemroe-
oenggang moenja ngang-
sahoeran, pan goemroe-
ang Troenadjaja.
nèh bagéja adi Troena-
jaja anoewoen, naradipa
ebajaningsoen, kabèh
oedjar kalih, ing meng-

dji, lawan sira jèn re-
rat Djawa ingsoen tan
wroeh

wroeh, darma bahé djoemeneng adji, sira kang doewènana, bang-bang ngaloem-aloem, ingsoen pasran marang sira, ija adi sakèhé prakara iki, mangsa bodowa sira.

36. Troenadjaja datan poeroen tampi, pangandika dalem kaping tiga, anoewoen bahé atoeré, pangran Lamongan moewoes, anamboengi sabda nrepati, nèh anak Troenadjaja, pagéné sirèkoe, teka para tampanana, ngendi ana satrija tjidra ing djanadji, kaja doedoe satrija.

37. Troenadjaja sandika noewoen sih, srinalèndra asroe angandika, pada seksènana kabèh, loewaré oedjaringsoen, adi Troenadjaja soen srahi, rat Djawa woes kalakyan, loewaré djaringsoen, nèhta adi Troenadjaja, kari sidji kang ingsoen doeroeng loewari, doek ingsoen anèng Pegal.

38. Apan ingsoen kang doewé poenagi, mengko adi sira loewarana, keris ki Belabar kijé, pan lawas tan soemaroeng, ija nora ingsoen saroengi, jèn nora soemaroenga, ija mring dadamoe, sigra kang para dipatya, Troenadjaja sinaosaken ngarsadji, naradipa toemedak.

39. Saking dampar sigra amarani, Troenadjaja ginotjo djadjanja, anroes marang walikaté, ingkang rah dres soememboer, jata ana kapedjek lami, wasta ki Antagopa, noetoeti anoedoek, grahita sagoeng dipatya, noelya sami noedoeki rinoedjot-roedjit, adjoer koewandanira.

40. Ngandika sroe sang srinarapati, nèh sakèhé pra poenggawaningwang, pada ngoentala atiné, sigra sami rineboet, ing sakèhé para dipati, atiné Troenadjaja, padoeman njakoekoe, moestakanira tinigas, sampoen katoer ing nata tan kena tebih, pinernah nèng dedampar.

41. Jata ana embanira sidji, gedé doewoer agagah prakosya, ki Setyagora wastané, kedan abéla lampoes, woes binanda katoer sang adji, dinangoe mring ngadjengan, nata ngandika roem, nèng ngendi éjang Kadjoran, Setyagora oematoer sampoen alami, késah mring sonja sirna.

ARD 10
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

42. Setyagora pan woes den patèni, pan kasaroe waoe praptanira, toemenggoeng Djajèngranané, lawan Anggadjajèkoe, sampoen katoer sasolahnèki, sang nata langkoeng troesta, ngandika sang praboe, ja liwat tarimaningwang, Djajèngrana Anggadjaja sira iki, paja kari ing karja.

43. Apan sira woes kari ing kardi, agé noeli sira anoesoela, noedoeka marang batangé, Troenadjaja poenikoe, toer sandika kekalih sami, sareng ngoenoes tjoeriga, kalih bareng njoedoek, mring batangé Troenadjaja, leboer loeloeh pan sampoen awor lan siti, adjoer koewandanira.

44. Koenarpané woes awor lan siti, tjinatjah-tjatjah mring Djajèngrana, lan ari Anggadjajané, karoné wedak maroes, soeka ing tyas srinarapati, koendoer amasanggrahan, moestaka tan kantoen, tjinangking déning pawongan, anèng ngarsa tan adoh lawan nerpati, binektèng mesanggrahan.

45. Arinira sang srinarapati, waoe radèn ajoe Troenadjaja, miarsa lara tangisé, doen lané kakang praboe, nora welas mring awak mami, déné woes atoer tobat, teka praptèng lampoes, kawoela dèn ilokena, radèn ajoe semana dipoen sakiti, awlas ingkang toemingal.

46. Datan kèndel sang ajoe anangis, sahyang arka woes nitih ngantjala, srinaranata oendangé, marang wong dalem agoeng, singa ingkang moenggah alinggih, paja sira kèsèda, marang endasipoen, Troenadjaja kang tinigas, para selir atanapi para tjèti, tan kena kaliwatan.

47. Tan kawarna solahirèng wengi, éndjing sang nata mios sinéba, dawoehaken timbalané, mring loerah para aroem, angoendangi sakèhing èstri, paja kinèn deploka, adjana kang kantoen, mring endasé Troenadjaja, para manggoeng pepingitan para selir, kabèh samya toemandang.

48. Dangoe dènja sinéba sang adji, angandika mring sagoeng poenggawa, paja pijarsakna kabèn, si Boewang lan si Lemboe, karo ingsoen karja boepati, wedana wong boemidja, wong boemi si Lemboe, aranira Mangkoedjoeda, ja toemenggoeng si Boewang soen djedjoeloeki, toemenggoeng Ranapradja.

49. Angandika mring rahadèn patih, Angrangkoesoema soen arsa boedal, oendangana wadya kabèh, mring Soerabaja Ngoedjoeng, toer sandika rahadèn patih, dipati Tjakraningrat, ing nata oematoer, ngatoerken djarahan Ngantang, ingkang warni brana warastra lan èstri, saos anèng ngasmara.

64. ASMARADANA.

1. Koendoer dènira tinangkil, sang nata amesanggrahan, ing daloe tan winiraos, éndjing anembang tengara, sagoeng para dipatya, woes medal gegamanipoen, kadya ombaking samodra.

2. Boedal pangarsaning baris, tengara moeni ping tiga, sigra boedal sang akatong, saking pesanggrahan Pajak, anglaroeg lampahira, pasisir kang anèng ngajoen, ing woeri mantja negara.

3. Sagoenging bala koempoeni, tan adoh lawan sang nata, tamboer goemoeroeh aramé, ki toemenggoeng Djajèngrana, loemakyèng ngarsa pisan, datan kawarna ing ngenoe, adangoe jèn kawoewoesa.

4. Praptèng Soerabaja éndjing, sang nata amesanggrahan, sawadya lir segara rob, éndjing praptèng Ngampèlgènta, ingkang doewé rareksan, wong Soerabaja woes rawoeh, nenggih pangéran Lamongan.

5. Sang nata ngandika aris, hèh Mangoendjaja soen doeta, mring Giripoera dèn agé, atoerena sembah ingwang, marang panditèng Ngarga, lan idiné kang soen djaloek, gèningsoen djoemèneng nata.

6. Lan keris wasijat Giri, pomata sira poendoeta, ki Kalamoenjeng wastané, Mangoendjaja nembah mèntar, lèngsèr saking ngajoenan, ing marga datan winoewoes, ing Giri poera gya prapta.

7. Woes katoer pangéran Giri, Mangoendjaja ingandikan, woes prapta atoer sembahé, kawoela noewoen dinoeta, dateng soenan Mangkoerat, gènipoen djoemeneng ratoe, angsala idi padoeka.

8. Ngandika sinoewoen Giri, kang nama soenan Mangkoerat, ingsoen takon sajektiné, ja ikoe toeroené sapa, arsa ngrèh tanah

nah Djawa, jèn anaké amral ikoe, tan arsa angidènana.

9. Lamoen widjil ing Mentawis, prajoga soen ngidènana, djoemoeroeng pan donganingong, djer ikoe kang doewé Djawa, jèn doedoe trah Mantaram, angidèni soen tan ajoen, Mangoendjaja matoer salah.

10. Kawoela datan oedani, widjilé soenan Mangkoerat, nanging ing loking wong akèh, déné prijaji Mentaram, katah ingkang soewita, nanging wartiné misoewoer, lamoen anaking wong sabrang.

11. Poen amral ingkang ngembani, djoemeneng nèng tanah Djawa, pangéran Giri lingnjalon, hèh Mangoendjaja moelia, ingsoen tan arsa séba, ki Kalamoenjeng pinoendoet, pakéwoeh rasaning drija.

12. Ki Mangoendjaja noelya mit, moendoen saking Giripoera, datan kawarna lampahé, praptèng nagri Soerabaja, marak sarwi toer sembah, poen Giripoera arengoe, pandita arsa abanggа.

13. Datan arsa angidèni, goesti datèng djenèng toean, doewoeng pinoendoet tan awèh, tan nedya séba padoeka, sang nata osik ing tyas, jèn woes karsaning Hyang Agoeng, nora kena sininggkiran.

14. Ngandika awor lan roentik, kinèn anembang tengara, ing Giri soen tindakané, sigra kang para dipatya, anata barisira, koempeni amoekoel tamboer, boedal ingkang wadya bala.

15. Soemahab kang bala sami, gienlak lampahing wadya, awarna-warna barisé, goemergoet sikeping joeda, tan kawarna ing marga, ing Garesik sampoen rawoen, sang nata amesanggrahan.

16. Warnanen pangéran Giri, sampoen ingatoeran wikan, jèn linoeroegan pradjané, déning soesoenan Mangkoerat, sigra pangéran ngarga, pinepek sentananipoen, myang ketib moedin sedaja.

17. Samya nedya aprang sabil, sentana ing Giripoera, woes samekta gegamané, kotjapa praboe Mangkoerat, éndjing nembang tengara, ing Giripoera kinepoeng, ing wadya tanpa wilangan.

18. Pasisir mantja negari, koempni barisé aglar, sareng pandeseké kabèh, soeraking bala sahoeran, ing Giri bineilan, nanging datan ana metoe, baris pendem djroning poera.

19. Kinaroetoeg saking djawi, wong Giri pan arsa medal, para sentana remboegé, jèn mempen dadi lésanan, woes soedija oemedal, awetara kalih atoes, wong Giri angamoek rampak.

20. Wong pasisir anadjahi, wong Giri lir singa lodra, arempeg anradjang kabèh, mawoer baris kang katradjang, sikeping prang sarsaran, koempni ngedirèl goemroedoeg, mimis tibané lir oedan.

21. Wadya Giri samya ngoengkih, noeroet koekoesing soendawa, wong pasisir akèh longé, sigra kang para dipatya, mangsah ngawaki joeda, tjampoening prang awor lésoes, tjaroek moengsoen lawan rowang.

22. Wasta radèn Singasari, sentana ing Ngampèldenta, ategoeh prawira prangé, wadya pasisir kèh pedjah, kamoek ing Singasekar, kalangkoeng doeka sang praboe, angatag sagoeng poenggawa.

23. Tanna bala koempni, kadar pira wong ing Ngarga, sira oeroegana ngakèh, amral ngangsanaken wadya, Boegis Ambon Mekasar, sareng dènira anempoeh, tetindihira Welanda.

24. Myang sagoeng para boepati, sawadya para prawira, samya ngantep ing joedané, wong Giripoera kèh pedjah, linamboeng mring wong Sampang, saking kanan sareng ngamoek, myang wadya ing Soerabaja.

25. Gègèré wong Giri ngisis, wong Soerabaja woes minggah, mawoer wadya Giri kabèn, dèné pradja kalebetan, sentana akèh pedjah, pangéran Giri kepanggoen, tjinekel ing pra dipatya.

26. Sira radèn Singasari, kelangkoeng bramantyanira, toemingal ing pamanané, binajang marang wong katah, soepé atilar watang, narik keris sigra ngamoek, kang katradjang katah pedjah.

27. Para prawira nadjahi, sinosog ing gandjoer watang, lir pandjang soetra malèsèd, lir sinosog ngalang-alang, giris ingkang toemingal, sedaja samya loemajoe, angoengsi marang sang nata.

247

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

CARD 10

san am

rangip

woesan
pedjah

bijant

Mentar
ken bo

laijen

Soerab
poenig

saha k

siniwe
angren

Korte inhoud Babad Mentaram

(Jav.Hss. Bat.Gen.van K.en W. No.118).

Zang 1, pag. 1, SINOM 24 verzen.

Sinoerat ing dina soma,

Njariosaken nalika kangdjeng Soeltan ing Mentawis oetoesan ambedah ing Madoera, saha bidalipoen wadya Mentawis.

Rawoehipoen para wadya Mentawis ing Madoera, toewin perangipoen wadya Mentawis mengsah wadya Madoera.

Zang 2, pag. 4, DOERMA 48 verzen.

Wong Madoera pradjoerité kèh Naradjang.

Taksih perangipoen wadya Mentawis mengsah Madoera, ing woesananipoen wadya Mentawis kalindih, adipati Soedjanadoera pedjah.

Bidalipoen para wadya saking Mentaram ingkang bajé ambijantoe dateng Madoera, saha rawoehipoen wonten ing Madoera.

Zang 3, pag. 8, Dandanggoela 57 verzen.

Jata waoe wadya ing Mentawis,

Bedahipoen negari Madoera toewin koendoeripoen para wadya Mentawis saking Madoera saha rawoehipoen ing Mentawis angatoeraken bojongan.

Siniwakanipoen kangdjeng Soeltan Mentawis (Soeltan Agoeng) ladjeng andawoenaken ambedah ing Soerabaja.

Lampahipoen para wadya Mentawis ingkang bajé dateng Soerabaja saha rerembaganipoen para dipatya ing Soerabaja sasampoenipoen mireng jèn kaloeroegan saking Mentawis.

Noengkoelipoen pangéran ing Soerabaja dateng Mentawis saha katoeripoen bobojongan saking Soerabaja.

Zang 4, pag.17,Sinom 23 verzen.

Kotjapa ing dina soma,

Njariosaken nalika djeng Soeltan ing Mentaram lenggah siniwaka, toewin para wadya ingkang sami nangkil, ladjeng angrembag adipati ing Pati déné boten sowan.

Balik

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Balikipoen dipati Pragola ing Pati, boten poeroen sowan dateng Mentaram.

Zang 5, pag. 20, Doerma 41 verzen.

Doek semana wadya goeng woes tinengaran,

Tindakipoen kangdjeng soeltan Mentaram saha wadya bajé anggebag ing Pati.

Zang 6, pag. 23, Pangkoer 26 verzen.

Sira radèn Kandoeroean,

Rerembaganipoen sang adipati ing Pati kalijan para poenggawanipoen.

Zang 7, pag. 26, Midjil 16 verzen.

Angandika risang adipati,

Pangandikanipoen sang adipati ing Pati dateng para garwa ingkang bajé katilar manglawan joeda.

Zang 8, pag.28, Gamboeh 25 verzen.

Kapedjak loerahipoen,

Bidalipoen sang adipati ing Pati toewin para wadya amapag para wadya ing Mentaram toewin pepanggijanipoen, baris Mentaram lan Pati.

Zang 9, pag. 30, Doerma 78 verzen.

Pan toemenggoeng Endranata pan toemingal.

Perangipoen Pati mengsah Mentaram.

Zang 10, pag.38, Pangkoer 14 verzen.

Kapedekan kadjineman,

Pengamoekipoen adipati Pragola ing Pati toewin kasamboetipoen ing ngadilaga.

i, boten poeroen sowan

n.

engaran,

ntaram saha wadya bajé

zen.

Pati kalijan para poeng-

1.

g Pati iateng para gar-

a.

1.

toewin para wadya ama-

anggijanipoen, baris

n.

oemingal.

n.

zen.

ng Pati toewin kasam-

Zang 11

Zang 11, pag. 39,Doerma 53 verzen.

Wong kaparak kèwoehan pambektanira,

Bidalipoen oetoesan Mentawis andjarah iateng Pati, saha perangipoen wadya Mentawis mengsah wadya Pati ingkang andjagi kita, ing woesananipoen wadya Pati kasoran.

Zang 12, pag. 44, Kinanti 26 verzen.

Ratoe Mas asroe amoewoen,

Lampahipoen para bojongan saking Pati iateng Mentaram.

Zang 13, pag. 46, Dandanggoela 53 verzen.

Tan kawarna gemahé kang nagri,

Siniwakanipoen soeltan ing Mentaroem angrembag Pangéran Pekik poetra ing Soerabaja, ing woesananipoen ladjeng katimbalan iateng Mentawis. Sarawoehipoen pangéran Pekik wonten ing Mentawis ladjeng kadjoepaken kalijan radi nata: Kangdjeng ratoe Wandansari.

Dawoehipoen sang nata ing Mentawis iateng pangéran Pekik kadjawoehan ambedjan ing Giripoera, toewin sidjaganipoen para wadya ingkang bajé angloeroeg iateng Giri.

Zang 14, pag. 54 Asmaradana 22 verzen.

Wadya bala Soerawèsti,

Rawoehipoen Pangéran Pekik ing Soerabaja ladjeng sami sidjaga ladjeng bidal iateng Giri toewin perangipoen wadya Soerabaja mengsah Giri, ing woesananipoen wadya Soerabaja ngisis.

Zang 15, pag. 56 Sinom 43 verzen.

Peparingira sang retna,

Andjariosaken nalika ratoe mas Wandansari amemoeroen para wadya Soerabaja soepados medal kakendelanipoen, poeroen kaaben prang malih.

Gentos ndjariosaken djeng Soeltan ing Mentawis oetoesan wadya iateng Betawi (Djakarta) anggebag Welandi, saha bidalipoen para wadya iateng Djakarta.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Zang 16, pag. 62, Pangkoer 44 verzen.

Walanda masang sendjata,

Perangipoen wadya Mentawis mengsah Welandi toewin rawoehipoen pangéran Poerbaja anoesoel perang dateng Betawi, toewin koendoeripoen pangéran Poerbaja dateng Mentawis.

Anjariosaken nalika Welandi katelasan mimis, ladjeng tèndja ingkang kinarja mimis.

Zang 17, pag. 67, Doerma 113 verzen.

Kawarnaha kangdjeng soeltan ing Ngalaga,

Siniwakanipoen djeng soeltan ing Mentawis, ladjeng rawoehipoen pangéran Poerbaja angatoeraken lelampahanipoen ing Djakarta, woesananipoen djeng Soeltan ladjeng oetoesan ngoendoeraken wadya ingkang wonten ing Djakarta.

Dawoehipoen djeng soeltan Mentawis dateng pangéran Silarong anindini baris ambedan ing Balambangan, saha bidalipoen wadya Mentawis dateng Balambangan.

Gentos njariosaken ing Balambangan, sareng mireng jèn dipoen loeroegi saking Mentawis, ladjeng oetoesan dateng Bali njoewoen bidjantoe.

Perangipoen Mentawis Mengsah Balambangan, ing woesananipoen Balambangan kasoran, ladjeng djinarahan toewin koendoeripoen wadya Mentawis saking Balambangan ambekta bebojongan.

Gentos njariosaken pangéran Pekik ingkang noedjoe perang wonten ing Giri, ing woesananipoen Giri bedah, sang pandita ladjeng katjepeng badé katoer dateng Mentaram.

Zang 18, pag. 78 Asmaradana 14 verzen.

Angles manané dipati,

Bidalipoen pangéran Pekik saking Giri dateng Soerabaja, ladjeng teroes dateng Mentaram saha katoeripoen bojongan saking Giri dateng sang nata ing Mentaram.

Zang 19

en.

Welandi toewin rawoe-
g dateng Betawi, toewin
Mentawis.
san mimis, laijeng
n.
alaga,
ntawis, laijeng rawoe-
lampahanipoen ing Dja-
ng oetoesan ngoendoe-
dateng pangéran Sila-
gan, saha bidalipoen
sareng mireng jèn
oetoesan dateng Bali
angan, ing woesanani-
ahan toewin koendoe-
ambekta bebojongan.
ngkang noedjoe perang
pedah, sang pandita
ntaram.
en.
ri dateng Soerabaja,
ripoen bojongan sa-

Zang 19

Zang 19 pag. 79, Midjil 39 verzen.

Kawarnaha kangdjeng sritoepati,

Njariosaken nalika kangdjeng Soeltan ing Mentawis anggegandjar para nijaka ingkang mentas andon ing prang saha anggènipoen oetoesan anggebag ing Ngoekoer toewin Soemedang, awit bangga ing ratoe.

Bidalipoen barisan saking Mantaram dateng Ngoekoer saha bedahipoen Ngoekoer toewin Soemdang.

Tindakipoen kangdjeng Soeltan saking Mentawis bajé dateng kedaton seganten kidoel.

Zang 20 pag.82 Kinanti 28 verzen.

Oepatjarané sang praboe,

Rawoenipoen djeng Soeltan Mentawis wonten ing seganten kidoel saha kepanggihipoen kalijan praboe Lara Kidoel toewin anggènipoen sami ngandikan.

Zang 21 pag. 85 Dandanggoela 44 verzen.

Pan warnanen ratna ting parelik,

Taksih ngandikanipoen kangdjeng Soeltan kalijan njahi rara Kidoel toewin koendoeripoen sang nata saking kedaton seganten kidoel, saha rawoenipoen ing Mentaram.

Lampanipoen toemenggoeng Wiragoena kaoetoes anglaboeh doewoeng kyahi Sangkelat dateng saganten kidoel.

Sedanipoen kangdjeng Soeltan Ngalaga ing Mentaram saha anggènipoen anjarèkaken.

Djoemenengipoen soeltan pangéran Mentawis anggetosi ingkang rama.

Zang 22 pag. 92 Sinom 32 verzen.

Kang tjahja goemilang-gilang,

Siniwakanipoen soeltan Mentawis andawoehaken idjasa kedaton ing doesoen Plèrèd saha idjipoen para wadya ingkang bajé namboet karja, toewin dawoehipoen sang nata dateng toemenggoeng Wiragoe-

na

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

na soepados aninḍini wadya anggebag pembalikipoen Belambangan, toewin bidalipoen wadya saking Mentawis ingkang angloeroeg dateng Balambangan.

Atoeripoen toemenggoeng Pasingsingan ḍoemateng pangéran Alit soepados baléla dateng ingkang raka sang nata. Sang pangéran anoeroeti.

Zang 23, pag. 95, Asmaradana 20 verzen.

Pasingsingan pan winarni,

Atoeripoen pangéran Poerbaja dateng djeng Soeltan Mentawis, angatoeraken lampah-lampanipoen toemenggoeng Pasingsingan anggènipoen amboedjoek ḍoemateng raji nata pangéran Alit, toewin dawoehipoen sang nata ḍoemateng pangéran Poerbaja.

Zang 24, pag. 97, Sinom 39 verzen.

Panembahan Poeroebaja,

Njariosaken para wadya ingkang sami ijasa kraton saha katjepengipoen toemenggoeng Pasingsingan, ladjeng dipoen pedjahi.

Sowanipoen pangéran Alit katimbalan ing sang nata ladjeng kaparingan sirahipoen toemenggoeng Pasingsingan.

Zang 25, pag. 102, Doerma 44 verzen.

Atoerira djeng pangéran Poeroebaja,

Balikipoen pangéran Alit amengsah ing raka nata toewin sédanipoen wonten ing tengahing ngadilaga.

Gentos njariosaken wadya ing Mentawis ingkang ngloeroeg dateng Balambangan saha perangipoen mengsah Balambangan toewin Bali, ing woesananipoen Balambangan kalindih.

Zang 26, pag. 106 Pangkoer 28 verzen.

Ki toemenggoeng Wiragoena,

Bidalipoen baris Mentawis angloeḍi wadya Balambangan ingkang sami ngoengsi dateng Bali toewin perangipoen wadya Mentaram mengsah Bali.

likipoen Belambangan,
ngkang angloeroeg ja-

joematang pangéran
sang nata.Sang pangéran

en.

djeng Soeltan Mentawis,
eng Pasingsingan anggè-
géran Alit, toewin ja-
erbaja.

jasa kraton saha katje-
ng dipoen pedjahi.
ng sang nata ladjeng
ingan.

raka nata toewin sé-

ingkang ngloeroeg
h Balambangan toewin
ih.

ya Balambangan ingkang
en wadya Mentaram

Zang 27, pag. 109, Kinanti 10 verzen.

Pra sentana samya ngroengoe,

Sakitipoen toemenggoeng Wiragoena wonten ing margi ngantos doemoegi sédanipoen, saha wangsoelipoen para wadya ingkang mentas ngloeroeg dateng Belambangan.

Zang 28, pag. 110, Dandanggoela 24 verzen.

Ki toemenggoeng Wiramantri moelih,

Dawoehipoen sang nata ing Mentawis doemateng Wangsatroena angoelati wanodya ingkang pantes kagarwa ing nata, saha bidalipoen Wangsatroena kalijan Oedakarti ngantos doemoegi ing Soerabaja ladjeng manggihi Mangoendjaja saha anggènipoen rerembagan, ing woesananipoen ladjeng angsal pawèstri ingkang pantes kagarwa nata nanging dèrèng diwasa, saha wangsoelipoen oetoesan waoe dateng Mentawis angatoeraken wanodya waoe. Ing sarèning dèrèng diwasa, ladjeng kagadoehaken dateng ki Wirarèdja.

Zang 29, pag. 114, Midjil 37 verzen.

Srinalèndra angandika manis,

Tindakipoen pangéran Dipati Mentawis kaoetoes ingkang rama amriksani poetri ing Tjarebon saha rawoehipoen ing Tjarebon, nanging djeng pangéran boten pinoedjoe ing galih pramila ladjeng koendoer. Koendoeripoen mampir ing Wirarèdjan, sareng soemerep sengkeranipoen sang nata ladjeng gandroeng.

Zang 30, pag. 117 Kinanti 42 verzen.

Sang adipati lon moewoes,

Tindakipoen pangéran Pekik dateng Wirarèdjan amoendoet sang ajoe, ladjeng dipoen panggihaken kalijan ingkang wajan pangéran Dipati.

Zang 31, pag. 121, Sinom 34 verzen.

Srinalèndra ing Mentaram,

Doekanipoen sang nata sareng mireng jèn sengkeranipoen

kapanggihake

ARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kapanggihaken lan ingkang poetra pangéran Dipati, pramila pangéran Pekik lajeng kapedjahan sapoetra wajahipoen. Ngabèhi Wirarèdja kakésahaken sahanak rajatipoen dateng Panaraga.

Soengkawanipoen pangéran Dipati anggalih sédanipoen ingkang éjang, pramila lajeng oetoesan angatoeri pangéran ing Kajoran, angrembag karsanipoen pangéran Dipati anggènipoen bajé memengsahan lan ingkang rama.

Zang 32, pag. 125, Danjanggoela 39 verzen.

Pangéran Kajoran ngandika aris,

Rerembaganipoen pangéran Dipati lan pangéran Kajoran, ing woesananipoen pangéran Kajoran lajeng angatoeraken mantoenipoen ingkang nami Troenadjaja, kènginga kanggé werana amengsah ing Mentawis.

Ngandikanipoen pangéran Dipati kalijan Troenadjaja saha bidalipoen Troenadjaja dateng Madoera angingiroep wadya.

Gentos njariosaken ing Demoeng wonten pladjengan saking Mekasar nami Radja Galèngsong sawadyanipoen, minggah ing Demoeng lajeng angrerajah.

Zang 33, pag. 131, Pangkoer 16 verzen.

Oreg wadya ing Mentaram,

Kempalipoen para wadya ing Mentaram ingkang badé anggebag dateng baris Mekasar ingkang wonten ing Demoeng.

Zang 34, pag. 133, Doerma 50 verzen.

Wong Mekasar woes samya bebiting ika,

Perangin wadya ing Mentawis mengsah wadya ing Mekasar ing woesananipoen wadya Mentawis kalindih.

Zang 35, pag. 138, Asmaradana 25 verzen.

Kelawan si Wiraboemi,

mirantosipoen

ngéran Dipati, pramila
apoetra wajahipoen.
ak rajatipoen dateng

i anggalih sédanipoen
esan angatoeri pangéran
pangéran Dipati anggè-
rama.

39 verzen.

s,
i lan pangéran Kadjoran,
ladjeng angatoeraken
ja, kènginga kanggé we-

kalijan Troenadjaja
Madoera angingiroep

wonten pladjengan sa-
sawadyanipoen, minggah

verzen.

taram ingkang badé ang-
wonten ing Demoeng.

erzen.
ng ika,
ngsah wadya ing Mekasar
lindih.

25 verzen.

mirantosipoen

Mirantosipoen para wadya ing Mentawis ingkang badé anoesoel prang dateng Demoeng, saha bidalipoen angampiri tijang Welandi ingkang wonten ing Djepara soepados toemoet ambantoe prang.

Zang 36, pag. 140, Pangkoer 41 verzen.

Rahadèn Prawiratroena,

Bidalipoen wadya Mentawis saking Djepara medal ing Soerabaja toewin lampahipoen oetoesan saking radèn Prawirataroena animbali Troenadjaja, déné boten poeroen sowan dateng Mentawis, nanging radèn Troenadjaja boten poeroen sowan asengadi sakit.

Bidalipoen wadya Mentawis saking Soerabaja saha rawoenipoen ing Demoeng.

Zang 37, pag. 145, Doerma 48 verzen.

Sigra nempoeh pradjoerité wong Mekasar,

Perangipoen wadya Mentawis mengsah wadya Mekasar, ing woesananipoen wadya Mentawis kalindih.

Zang 38, pag. 149, Sinom 42 verzen.

Baja woes karsaning Soeksma,

Taksih perangipoen wadya Mentaram mengsah tijang Mekasar nanging tansah kalindih saha moendoeripoen wadya Mentawis saking ing Demoeng.

Doekanipoen sang nata ing Mentawis sareng mireng jèn wadya ing Mentawis perangipoen wonten ing Demoeng asor, pramila ladjeng dawoeh doemateng pangéran Dipati soepados sijaga anindihana baris amapagaken prang, toewin bidalipoen para wadya saking Mentawis medal ing Djepara.

Zang 39, pag. 154, Dandanggoela 25 verzen.

Ki ngabèhi Wangsadipa nenggih,

Njariosaken para adipati ingkang badé ngloeroeg dateng Soerabaja sami kempal wonten ing Djepara saha anggènipoen sami rerembagan.

Gentos

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Gentos njariosaken radèn Troenadjaja sampoen ambedjan ing Soerabaja saha sampoen saéka kapti kalijan praboe Galengsong. Radèn Troenadjaja boten ènget pradjanidjéjanipoen kalijan pangéran Dipati ing Mentawis, karsanipoen djoemeneng ratoe pijambak wonten ing Soerabaja, djedjoeloek praboe Madoeretna.

Ngandikanipoen pangéran Dipati nalika wonten ing Djepara kalijan ingkang éjang pangéran Poerbaja.

Zang 39 pag. 158, Pangkoer 38 verzen.

Wadya geng ramé goemerah,

Bidalipoen wadya Mentawis saking Djepara saha rerembaganipoen praboe Troenadjaja kalijan praboe ing Mekasar toewin perangipoen wadya Mentaram mengsah tijang Mekasar lan tijang Madoera perangipoen wadya Mentaram kalindih.

Zang 40 pag. 163, Doerma 16 verzen.

Sang apraboe Galèngsong awas toemingal,

Taksih perangipoen Mentawis mengsah Mekasar lan Madoera ing woesananipoen wadya Mentaram kalindih.

Zang 41 pag. 164 Kinanti 19 verzen.

Pangéran Dipati Mentaroem,

Moendoeripoen pangéran Dipati saking Soerabaja saha wadya koendoer dateng Mentawis saha sowanipoen dateng ingkang rama djeng soeltan.

Zang 42 pag. 166 Pangkoer 14 verzen.

Jata ingkang kawoewoesa,

Njariosaken praboe Troenadjaja oetoesan para wadya angoesir lampahipoen wadya ing Mentawis saha andjedjarahi padoesoenan, namoeng tijang Demak ladjeng sijaga badé amapagaken tijang Madoera ingkang tansan andjedjaran.

Zang 43 pag.168 Doerma 38 verzen.

Wong Mekasar ting ijalimprak pengamoeknja,

Perangipoen wadya Madoera mengsah Demak, ing woesananipoen wadya Madoera moendoer ing prang, wangsoel dateng Soerabaja.

Praboe Troenadjaja ladjeng angintoen bantoe saking Soerabaja, teroes ngepang kita Djepara saha perangipoen, ing woesananipoen wadya Madoera kalindih.

Lampahipoen oetoesan saking Soerabaja angloeroeg dateng Mentawis, saha pambalikipoen pangéran Kadjoran, boten kersa kabawah Mentawis.

Zang 44 pag. 171 Pangkoer 28 verzen.

Sanéga para prawira,

Perangipoen wadya Mentawis mengsah wadya Kadjoran. Kadjoran bedah, sang panembahan ladjeng moendoer dateng Soerabaja amanggihi ingkang poetra Praboe Troenadjaja.

Sidsanipoen wadya Madoera badé angloeroeg dateng Mentawis, saha bidalipoen saking Soerabaja.

Zang 45 pag. 174 Doerma 30 verzen.

Pra boepati Mentaram samya aséba,

Perangipoen wadya Mentaram mengsah wadya Madoera, ing woesananipoen wadya Mentaram kalindih.

Lolosipoen djeng Soeltan saking Mentaram, awit sampoen woeninga jèn Mentaram badé bedjah.

Zang 46 pag. 177 Asmaradana 24 verzen.

Sigegen ingkang winarni,

Bedahipoen Mentaram saha katoeripoen djarahan saking Mentaram dateng praboe Troenadjaja.

Zang 47 pag. 180 Maskoemambang 18 verzen.

Sampoen boedjal waoeta srinarapati,

Tindakipoen sang nata Mentawis teroes mangilèn saha njariosaken wonten ing doesoen Karanganjar dipoen bégal ing doerdjana.

Zang 48 pag. 181 Asmaradana 35 verzen.

Sang nata ngandika aris,

Gerahipoen sang nata Mentawis saha pawelingipoen doematèng pangéran Dipatya toewin sédanipoen wonten ing lalaran Banjoemas teroes kasarèkaken wonten ing Pegalaroem.

Zang 49 pag. 184 Pangkoer 25 verzen.

Sigegen ingkang kotjapa,

Anjariosaken pangéran Poeger poetra Mentawis, apatjak baris wonten ing, Djenar saha djoemenèng nata, lajèng asijaga ing ngajoeda teroes bidal amapagaken mengsah Madoera toewin perangipoen.

Zang 50 pag. 187 Doerma 18 verzen.

Wong Bagelèn pengamoeké kadya jeksa,

Taksih perangipoen tijang Bagelèn wadyanipoen pangéran Poeger mengsah tijang Madoera lan Mekasar, ing woesanipoen tijang Madoera kalindih, pangéran Poeger lajèng angedaton ing Mentawis.

Zang 51 pag.189 Dandanggoela 32 verzen.

Ing Mentaram kelangkoeng prinatin,

Anjarioskaen djeng pangéran Dipatya wonten ing Banjoemas sami kaatoeran djoemeng nata, nanging tansah lenggana, lajèng oetoesan animbali Dipati Mertalaja ing Tegil.

Rerembaganipoen dipati Mertalaja kalijan pangéran Dipati, angrembag anggènipoen badé tindak dateng Mekah, ing woesananipoen boten kedadosan tindak Mekah, saha ngandikanipoen djeng pangéran jèn dateng Mandaraka jèn badé kaoetoes bekta serat dateng Betawi katoertoewan Goernadoer djèndral anjoewoen bantoe tijang Welandi kanggé mengsah poen Troenadjaja.

Zang 52 pag. 194 Kinanti 25 verzen.

Srinalèndra ngandikaroem,

Tindakipoen

n.

awelingipoen ioematèng
ing lalaḍan Banjoemas

ḍentawis, apatjak baris
ḍijèng asijaga ing nga-
èra toewin perangi-

yanipoen pangéran
ing woesanipoen
aḍijèng angeḍaton

n.

onten ing Banjoemas
ah lenggana, laḍjeng
il.
jan pangéran Dipati,
ekah, ing woesanani-
andikanipoen ḍjeng
etoes bekta serat ḍa-
anjoewoen bantoe
jaja.

Tindakipoen

Tindakipoen pangéran Dipatya saking Banjoemas ḍateng Tegal saha bidalipoen Mandaraka ḍateng Betawi.

Gentos njariosaken ingkang wonten Djakarta, sasampoenipoen tampi seratipoen pangéran Dipatya, para Welandi laḍjeng sami mepak waḍya bala.

Zang 53 pag.196 Dandanggoela 10 verzen.

Kawarnaha kang angloegas ragi,

Anjariosaken aḍipati ing Demak saha para poenggawa saking sanes negari sareng pangéran Dipati ḍjoemeneng nata katah ingkang sami sowan asoewita, saha panganḍikanipoen pangéran Dipatya ḍateng saḍaja ingkang nembé soewita.

Zang 54 pag. 198 Pangkoer 35 verzen.

Enengena srinalèndra,

Ḍatengipoen Welandi saking Djakerta wonten ing Tegal saha sowanipoen ḍateng pangéran Dipatya, toewin anggènipoen sami ngandikan.

Zang 55 pag. 202 Sinom 23 verzen.

Sira raḍèn Sindoeredja.

Bidalipoen raḍèn Sindoeredja saking Tegil saha rawoehipoen ing Kedoe, toewin bidalipoen waḍya Welandi saking Tegil ḍateng Djepara.

Zang 56 pag. 205 Poetjoeng 34 verzen.

Tan kawarna toewan amral kang tjinatoer,

Rerembaganipoen toean amral kalijan Wangsaḍipa ing Djepara saha anggènipoen ngésahaken tijang Prasman toewin Inggris saking tanah Djawi kalajan lampan ingkang aloes.

Zang 57 pag.207 Sinom 24 verzen.

Sareng myarsa kang tengara,

Bidalipoen sinoewoen Mangkoerat (pangéran Dipatya) saking

Tegal

Tegal djateng Djepara kairing para wadya, saha rawoehipoen ing Djepara toewin pakoermatanipoen nalika rawoeh ing Djepara.

Zang 58 pag. 211 Midjil 29 verzen.

Tan kawarna kang djinoendjoeng linggih,

Anjariosaken praboe Troenadjaja anggènipoen djoemeneng adji angedjaton ing Kediri, toewin njariosaken praboe Galèngsong saking Mekasar, mantoenipoen Troenadjaja, sami aperembagan menggah kawontenanipoen para menggah ingkang bajé djateng, inggih poenika sinoewoen Mangkoerat.

Zang 59 pag.213 Asmaradana 101 verzen.

Pepek sedaja kang nangkil,

Lampahipoen Kraèngnaba kaoetoes sinoewoen Mangkoerat amanggihi ingkang raji radja Galèngsong,- Radja Galèngsong poenika sadèrèkipoen Kraèngnaba-, toewin anggènipoen sami reremba gan Radja Galèngsong lan Kraèngnaba.

Wangsoelipoen Kraèngnaba saking Kediri saha sowanipoen djateng praboe Mangkoerat.

Doekanipoen dipati Tegil, awit atoeripoen djateng praboe Mangkoerat boten kadahar, pramila ladjeng boten poeroen sowan ngantos doemoegi dipoen sédani.

Bidalipoen para wadya saking Djepara bajé angloeroegi Troenadjaja.

Zang 60 pag. 223 Pangkoer 39 verzen.

Enengena srinalèndra,

Rawoehipoen bala koempeni wonten ing Soerabaja toewin perangipoen menggah tijang Madoera, ing woesanipoen tijang Madoera kasoran.

Zang 61 pag. 227 Midjil 24 verzen.

Kang pangarsa woes praptèng djeladri,

Sowanipoen wadya Welandi djateng praboe Mangkoerat saha njariosaken

saha rawoehipoen ing

woeh ing Djepara.

ih,

ènipoen ijoemeneng aiji

praboe Galèngsong saking

perembagan menggah ka-

ateng, inggih poenika

n.

ewoen Mangkoerat amang-

a Galèngsong poenika

oen sami rerembagan Ra-

ri saha sowanipoen da-

ipoen dateng praboe

boten poeroen sowan

bajé angloeroegi Troe-

Soerabaja toewin pe-

sananipoen tijang Madoe-

e Mangkoerat saha nja-

riosaken

riosaken nalika praboe Mangkoerat anggènipoen andjoendjoeng lenggahipoen para sentana toewin wadyanipoen.

Zang 62 pag. 230 Doerma 46 verzen.

Kawarnaha sira praboe Troenadjaja,

Njariosaken praboe Troenadjaja anggènipoen sami mepak wadya toewin rawoehipoen praboe Mangkoerat.

Perangipoen wadya saking Kediri mengsah wadyanipoen praboe Mangkoerat, ing woesananipoen wadya saking Kediri kasoran, Troenadjaja ladjeng lolos medal boetoelan,.lampanipoen ngidoel ngétan.

Zang 63 pag. 234 Dandanggoela 49 verzen.

Doek semana sinéba sang adji,

Tindakipoen praboe Mangkoerat saking Kediri ladjeng masanggrahan wonten ing doesoen Pajak.

Gentos njariosaken praboe Troenadjaja ingkang lolos, angoengsi wonten ing redi Ngantang, saha anggènipoen sami ngandikan kalijan ingkang garwa sang poetri.

Katjepengipoen praboe Troenadjaja saha anggènipoen anjijasat sadaja wadya kadawoenan njoedoeki saha neda atinipoen lan serani-poen kadawoehan deplok.

Zang 64 pag. 243 Asmaradana 27 verzen.

Koendoer dènira tinangkil,

Tindakipoen praboe Mangkoerat saking Pajak dateng Soerabaja, saha anggènipoen nimbali pandita ing Giri, nanging sang pandita mopo. Sang praboe kelangkoeng doeka, ladjeng kadawoehan ngloeroegi.

CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



CARD 10

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA